

الإسلام - نبذة موجزة عن الإسلام
(مشتملة على الأدلة) (الجمعية)

Islam

Islam

Tsanangudzo pfupi pamusoro peIslam sekuuya kwayakaita muQur'an rinoera neSunnah yehuporofita.

Ibhuku rakakosha rine tsananguro pfupi pamusoro pechitendero cheIslam, richitsanangura nheyo dzacho dzinonyanya kukosha, nedzidziso dzacho, uye nekunaka kwacho kubva kumanyuko aro epakutanga, anova Qur'an Dzvene neSunnah yaMuporofita. Uye bhuku iri rakanangana nevanhu vose vanosungirwa kuzvidavirira, kubva kumaMuslim nevasiri maMuslim, mumिताuro yavo, munguva dzose nenzvimbo dzose, zvisinei nekusiyana kwemamiriro ezvinhu nezvinoitika.

(Gwaro rinosanganisira humbowo kubva muQur'an rinoera nemuSunnah yaMuporofita)

1- Islam ndiro shoko raAllah kuanhu vose, uye ndiro shoko rinobva kuna Allah risingaperi, rekupedzisira pamashoko anobva kuna Allah:

Islam ndiro shoko raAllah kuanhu vese. Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا كَافَّةً لِّلنَّاسِ بَشِيرًا وَنَذِيرًا وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ}

{Uye hatina kukutuma kunze kwekuti uve mupi wemashoko akanaka uye muyambiri kune vanhu vese, asi vanhu vazhinji havazivi.} [Saba:28]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{قُلْ يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنِّي رَسُولُ اللَّهِ إِلَيْكُمْ جَمِيعًا}

{Iti: “ Imi vanhu! Zvirokwazvo ini ndiri Mutumwa waAllah kwamuri mose”} [Al-A'raaf:158]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{يَا أَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَاءَكُمْ الرَّسُولُ بِالْحَقِّ مِنْ رَبِّكُمْ فَآمِنُوا خَيْرًا لَكُمْ وَإِنْ تَكْفُرُوا فَإِنَّ لِلَّهِ مَا فِي السَّمُوتِ وَالْأَرْضِ وَكَانَ اللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمًا}

{O imi vanhu! Zvirokwazvo, kwauya kwamuri Mutumwa nechokwadi kubva kuna Tenzi venyu. Naizvozvo tendai, zviri nani kwamuri. Uye kana mukaramba kutenda, zvirokwazvo, zvose zviri kudenga nepasi ndezvaAllah. Uye Allah ndivo Muzivi wezvose, vane huchenjeri.} [An-Nisaa:170].

Islam ndiro shoko raAllah risingaperi, uye ndiro shoko rekupedzisira pamashoko anobva kuna Musiki. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{مَا كَانَ مُحَمَّدٌ أَبَا أَحَدٍ مِنْ رِجَالِكُمْ وَلَكِنْ رَسُولَ اللَّهِ وَخَاتَمَ النَّبِيِّينَ وَكَانَ اللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا}

{Muhammad haasi baba veumwe wevarume venyu, asi Mutumwa waAllah uye wekupedzisira wevaporofita. Uye Allah ndivo muzivi wezvinhu zvese.} "[Al-Ahzaab:40]."

2- Uye Islam hachisi chitendero cherudzi kana dzinza rakati bedzi, asi ndicho chitendero chaAllah kuvanhu vose:

Uye Islam hachisi chitendero cherudzi kana dzinza rakati bedzi, asi ndicho chitendero chaAllah kuvanhu vose, uye murairo wekutanga muQuran

Huru ndiwo mashoko aAllah vari kumusoro-soro, anoti:

{يَا أَيُّهَا النَّاسُ اعْبُدُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ وَالَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ}

{O Imi vanhu, namatai Tenzi venyu, avo vakakusikai imi pamwe neavo vaivepo musati mavepo, zvimwe mungave vanotya (vatsvene).} [Al-Baqarah:21]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيرًا وَنِسَاءً}

{Imi vanhu, Ityai Tenzi venyu, avo vakakusikai imi kubva kumweya mumwechete, uye vakasika kubva maari mudzimai wake, uuye vakaburitsa kubva kune vaviri ava vaviri varume vazhinji nevakadzi.} [An-Nisaa:1]. Ibn Umar, Allah ngavafare naye pamwe nababa vake, akati, Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari, vakapa mharidzo kuvanhu pazuva rekutorwa kweMakkah (nemaMuslim) vakati:

«يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنَّ اللَّهَ قَدْ أَذْهَبَ عَنْكُمُ غِيَّةَ الْجَاهِلِيَّةِ وَتَعَاطَمَهَا بِآبَائِهَا فَالْآنَ رَجُلَانِ: بَرٌّ نَقِيٌّ كَرِيمٌ عَلَى اللَّهِ وَفَاجِرٌ شَقِيٌّ هَيْنٌ عَلَى اللَّهِ وَالنَّاسِ بَنُو آدَمَ وَخَلَقَ اللَّهُ آدَمَ مِنْ تُرَابٍ قَالَ اللَّهُ: {يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنَّا خَلَقْنَاكُمْ مِنْ ذَكَرٍ وَأُنْثَى وَجَعَلْنَاكُمْ شُعُوبًا وَقَبَائِلَ لِتَعَارَفُوا} ۚ إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِنْدَ اللَّهِ أَتْقَاكُمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ خَبِيرٌ {الحجرات: 13}»

«O Imi vanhu, zvirokwazvo Allah vakabvisa kwamuri kuzvikudza kweNguva yeKusaziva nekudada kwayo nemadzitateguru. Saka vanhu mapoka maviri: munhu akarurama, anotya Mwari

uye anoremekedzwa pamberi paAllah; uye munhu akaipa, anoshunguridzika uye haakoshi pamberi paAllah. Uye vanhu vese vana vaAdam, uye Allah vakasika Adam kubva muvhu. Allah vakati: {O Imi vanhu, zvirokwazvo takakusikai imi kubva kumurume nemukadzi, uye tikakuitai marudzi nemadzinza kuti muzivane. Zvirokwazvo, anoremekedzwa zvikuru pakati penyu pamberi paAllah ndiye anotya Mwari zvakanyanya. Zvirokwazvo, Allah ndivo Muzivi wezvese, vanoziwa zvakananzika zvose.} [Al-Hujurat:13]» Yakarondedzerwa naAt-Tirmidhi (3270). Uye hauwane mumirairo yeQur'an rinoera kana mumirairo yeMutumwa anoremekedzwa (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) mutemo unotarudza dzinza kana boka revanhu zvichienderana nerudzi rwavo, dzinza ravo, kana kuve kwavo murume kana mukadzi.

3- Islam ndiro shoko rehuMwari rakauya richizadzisa mashoko emaporofita nevatumwa vakapfuura, (rugare nemakomborero ngazvive kwavari), kumarudzi avo.

Islam ndiro shoko rehuMwari rakauya richizadzikisa mashoko emaporofita nevatumwa vakapfuura, (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare), kumarudzi avo. Allah (Mwari) vari kumusoro-soro vakati:

﴿ إِنَّا أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ كَمَا أَوْحَيْنَا إِلَى نُوحٍ وَاللَّيْسَ مِنْ بَعْدِهِ وَأَوْحَيْنَا إِلَى إِبْرَاهِيمَ وَإِسْمَاعِيلَ وَإِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَآلَ سَبَاطٍ وَعِيسَى وَأَيُّوبَ وَيُوسُفَ وَهَارُونَ وَسُلَيْمَانَ وَءَاثَيْنَا دَاوُدَ زَبُورًا ﴾

{☉ Zvirokwazvo, Isu takazarura kwauri semazaruriro atakaita kuna Nuh (Nowa) nemaporofita vemushure make, uye takazarura kuna Abrahamu, naIsmael, naIsaka, naYakub, nemadzinza, naIsa (Jesu), naAyub, naYunus, naHarun, naSulaiman; uye takapa Dawud Zabur.} [An-Nisaa:163]. Uye chitendero ichi, chinova icho Allah vakazarurira kuMutumwa Muhammad, Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare, ndicho chitendero icho Allah vakaisa semutemo kumaporofita akapfuura uye vakavaraira nacho. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿ شَرَعَ لَكُمْ مِنَ الدِّينِ مَا وَصَّى بِهِ نُوحًا وَالَّذِي أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ وَمَا وَصَّيْنَا بِهِ إِبْرَاهِيمَ وَمُوسَى وَعِيسَى أَنْ أَقِيمُوا الدِّينَ وَلَا تَتَفَرَّقُوا فِيهِ كَبُرَ عَلَى الْمُشْرِكِينَ مَا تَدْعُوهُمْ إِلَيْهِ اللَّهُ يَجْتَبِي إِلَيْهِ مَنْ يَشَاءُ وَيَهْدِي إِلَيْهِ مَنْ يُنِيبُ ﴾

{Vakave (Allah) vanotsidza kwauri chitendero (cheIslam) chavakaraira Nuh, uye neicho chatakadzikisa kwauri (iwe Muhammad), uye izvo zvatakaraira Abrahamu naMusa (Mozisi) na’Isa (Jesu), (zvekuti): “Chengetedzai chitendero uye musave munopatsanurana machiri (kuva mapoka akasiyana siyana).” Zvakaremera avo vanosanganisa Allah nevamwe anamwari izvo zvamunovakoka kwazviri. Allah vanozvisarudzira uyo wavanoda, uye vanotungamirira kwavari uyo anotendeuka (achikumbira ruregerero).} [Ash-

Shuuraa:13]. Uye izvi zvavakazarura naAllah kuMutumwa Muhammad, Allah ngavavakomborere uye nekuvapa rugare, zvinotsigira mabhuku matsvene akaatangira se Torah neInjil asati ashandurwa,. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَالَّذِي أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ مِنَ الْكِتَابِ هُوَ الْحَقُّ مُصَدِّقًا لِمَا بَيْنَ يَدَيْهِ إِنَّ اللَّهَ بِعِبَادِهِ لَخَبِيرٌ بَصِيرٌ﴾

{Uye izvo zvatakazarura kwauri kubva muGwaro ndizvo zvechokwadi, zvichitsinhira magwaro akauya kare. Zvirokwazvo, Allah vanoziya uye vanoona zvose zviri muvaranda vavo.} [Faatwir:31].

4- Maporofita, rugare ngarwuve pavari, chitendero chavo chimwe chete asi mitemo yavo yakasiyana:

Chitendero chemaporofita (rugare ngaruve kwavari) chimwechete asi mitemo yavo yakasiyana. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَأَنْزَلْنَا إِلَيْكَ الْكِتَابَ بِالْحَقِّ مُصَدِّقًا لِمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ الْكِتَابِ وَمُهَيْمِنًا عَلَيْهِ فَاحْكُم بَيْنَهُم بِمَا أَنْزَلَ اللَّهُ وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَاءَهُمْ عَمَّا جَاءَكَ مِنَ الْحَقِّ لِكُلِّ جَعَلْنَا مِنْكُمْ شِرْعَةً وَمِنْهَاجًا وَلَوْ شَاءَ اللَّهُ لَجَعَلَكُمْ أُمَّةً وَاحِدَةً وَلَكِنْ لِيَبْلُوَكُمْ فِي مَا آتَاكُمْ فَاسْتَبِقُوا الْخَيْرَاتِ إِلَى اللَّهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيعًا فَيُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ﴾

{Uye takadzikisa kwauri (Iwe Muhammad) Gwaro (Quran iri) nechokwadi, richisimbisa magwaro akaritangira, uye riri shoko rekupedzisira pamusoro pawo. Saka tonga pakati pavo neizvo zvakadzikisa naAllah, uye usatevedzera zvishuwo

zvavo uchisiya izvo zvakauya kwauri zvechokwadi. Kune umwe neumwe pakati penyu takaisa mutemo negwara rakajeka. Uye dai Allah vaidai, vangadai vakakuitai boka rimwechete, asi (vakaita izvi) kuti vakuyedzei mune izvo zvavakakupai. Saka kurumidzanai mukuita mabasa akanaka. Kuna Allah ndiko kwekudzokera kwenyu mose, saka vachakuzivisai pamusoro peizvo zvamaitirana makakatanwa mazviri.} [Al-Maaidah:48]. Uye Mutumwa, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«أَنَا أَوْلَى النَّاسِ بِعِيسَى ابْنِ مَرْيَمَ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ وَالْأَنْبِيَاءِ إِخْوَةٌ لِعَلَّتِ أُمَّهَاتُهُمْ شَتَّى وَدِينُهُمْ وَاحِدٌ»

«Ini ndini munhu wepedyo kupfuura vanhu vose kuna Isa mwanakomana wa Maryam panyika nekuhupenyu huchauya, uye vaporofita ihama dzababa vamwechete, vanaamai vavo vakasiyana, uye chitendero chavo chimwechete.» Yakarondedzerwa naBukhari (3443).

5- Islam inokoka - sekukoka kwakaita vaporofita vose: Nuh (Nowa), Ibrāhīm (Abrahamu), Mūsa (Mozisi), Sulaymān (Soromoni), Dawūd (Dhavhidha), na'Īsa (Jesu), maropafadzo nerugare ngazvive pavari- kukutenda kuti Tenzi ndivo Allah Musiki, Mupi weraramo, vanopa hupenyu nerufu, Muridzi wehumambo hwose, uye

ndivo vanoronga nekugadzirisa nyaya dzose, uye ndivo vane tsitsi nengoni.

Islam inoparidza—sekuparidza kwakaita vaporofita vose: Nuh (Nowa), Ibrāhīm (Abrahamu), Mūsa (Mozisi), Sulaymān (Soromoni), Dawūd (Dhavhidha), na’Īsa (Jesu), maropafadzo nerugare ngazvive pavari—mukutenda kuti Tenzi ndivo Allah (Mwari) Musiki, Mupi weraramo, vanopa hupenyu nerufu, Muridzi wehumambo hwose; uye ndivo vanoronga nekugadzirisa nyaya dzose, uye ndivo vane tsitsi nengoni. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا النَّاسُ اذْكُرُوا اللَّهَ عَلَيْكُمْ هَلْ مِنْ خَلْقٍ غَيْرِ اللَّهِ يَرْزُقُكُمْ مِنْ السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ فَأَنْتُمْ تُفَكِّرُونَ﴾

{Imi vanhu, yeukai makomborero aAllah pamuri. Pane mumwe musiki here kunze kwaAllah anokupai makomborero kubva kudenga nepasi? Hapana mwari kunze kwavo (ivo voga ndivo vakakodzera kunamatwa pachokwadi). Saka munotsaudziswa sei?} [Faatwir:3]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ مَنْ يَرْزُقُكُمْ مِنَ السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ أَمِنْ يَمْلِكُ السَّمْعَ وَالْأَبْصَارَ وَمَنْ يُخْرِجُ الْحَيَّ مِنَ الْمَيِّتِ وَيُخْرِجُ الْمَيِّتَ مِنَ الْحَيِّ وَمَنْ يُدَبِّرُ الْأَمْرَ فَسَيَقُولُونَ اللَّهُ فَقُلْ أَفَلَا تَتَّقُونَ﴾

{Taura (iwe Muhammad) kuti: “Ndiani anokupai makomborero kubva kudenga nepasi? Kana kuti ndiani muridzi wekunzwa nekuona? Uye ndiani anoburitsa mupenyu kubva kumufi uye achiburitsa

mufi kubva kumupenyu? Uye ndiani anoronga zvinhu zvese?” Vachataura kuti: “Allah.” Saka taura kuti: “Ko hamutyi here?”} [Yunus:31]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿أَمَّنْ يَبْدُوَ الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُ وَمَنْ يَرْزُقُكُمْ مِنَ السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ أَئِلَهٌ مَعَ اللَّهِ قُلْ هَاتُوا بُرْهَانَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ﴾

{Ndiani akasika zvisikwa kekutanga, uye achazvisika zvekare (mushure mekuparadzwa kwazvo), uye ndiani anokupai makomborero kubva kudenga nepasi? Pane mumwe mwari pamwechete naAllah here? Taura (iwe Muhammad) kuti: “Uyai nehuchapupu hwenyu kana muchitaura chokwadi.”} [An-Naml:64].

Uye maporofita nevatumwa vose (rugare ngarwuve kwavari) vakatumwa kuzodana vanhu kuti vanamate Allah vari vega, Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِي كُلِّ أُمَّةٍ رَسُولًا أَنِ اعْبُدُوا اللَّهَ وَاجْتَنِبُوا الطُّغُوتَ فَمِنْهُمْ مَنْ هَدَى اللَّهُ وَمِنْهُمْ مَنْ حَقَّتْ عَلَيْهِ الضَّلَالَةُ فَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَانظُرُوا كَيْفَ كَانَ عِقَابُ الْمُكَذِّبِينَ﴾

{Uye zvirokwazvo takatumira kurudzi rwese mutumwa achiti: "Namatai Allah, mova munosiya vanamwari venhema." ﷺ Saka pakati pavo pane avo vakatungamirwa naAllah, uye pakati pavo pane avo vakakodzerwa nekurasika. ﷻ Saka fambai panyika muone kuti mhedzisiro yeavo vairamba chokwadi yakanga yakamira sei.} [An-Nahl:36]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَمَا أَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ مِنْ رَسُولٍ إِلَّا نُوحِي إِلَيْهِ أَنَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنَا فَاعْبُدُونِ}

{Uye hatina kutumira mutumwa usati wavapo kunze kwekuti takamudzikisira shoko rekuti: “Zvirokwazvo, hapana ane kodzero yekunamatwa kunze kwangu, saka ndinamatei.”} [Al-Anbiyaa:25]. Naizvozvo, Allah vakazivisa nezvaNowa, rugare ngaruve paari, kuti akati:

{يَا قَوْمِ اعْبُدُوا اللَّهَ مَا لَكُمْ مِنْ إِلَهٍ غَيْرُهُ إِنِّي أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ}

{Imi vanhu vangu, namatai Allah, hamuna mumwe mwari kunze kwavo. Zvirokwazvo, ndinokutyirai murango wezuva guru.} [Al-A'raaf:59]. Uye Shamwari yepedyo (yaAllah) Abrahamu, rugare ngaruve paari - sezvakaziviswa naAllah pamusoro pake - akati:

{وَابْرَاهِيمَ إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِ اعْبُدُوا اللَّهَ وَاتَّقُوهُ ذَلِكُمْ خَيْرٌ لَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ}

{Uye rangarira Ibrahîm apo akati kuvanhu vake: “Namatai Allah uye mumutye. Izvozvo zviri nani kwamuri kana muchiziva.”} [Al-Ankabut:16]. Uye Salih, rugare ngaruve paari, akati - sezvakataurwa naAllah nezvake kuti:

{قَالَ يَا قَوْمِ اعْبُدُوا اللَّهَ مَا لَكُمْ مِنْ إِلَهٍ غَيْرُهُ ۖ قَدْ جَاءَتْكُمْ بَيِّنَةٌ مِنْ رَبِّكُمْ ۚ هَذِهِ نَاقَةُ اللَّهِ لَكُمْ آيَةٌ ۚ فَذَرُوهَا تَأْكُلْ فِي أَرْضِ اللَّهِ ۚ وَلَا تَمْسُوهَا بِسُوءٍ فَيَأْخُذَكُمْ عَذَابُ أَلِيمٍ}

{Akati: Imi vanhu vangu, namatai Allah, hamuna mumwe Mwari kunze kwavo. Zvirokwazvo humbowo huri pachena hwakasvika kwamuri kubva kuna Tenzi venyu. Iyi ingamera yaAllah sechiratidzo kwamuri. Nokudaro, isiyei idye

munyika yaAllah, uye musaiitira zvakaipa, kuti murege kuzobatwa nemurango unorwadza.} [Al-A'raaf:73]. Uye Shuaib, rugare ngarwuve naye, -sezvakaziviswa naAllah nezvake - akati:

{يَا قَوْمِ اعْبُدُوا اللَّهَ مَا لَكُمْ مِنْ إِلَهٍ غَيْرُهُ ۖ قَدْ جَاءَكُمْ بَيِّنَةٌ مِنْ رَبِّكُمْ ۖ فَأَوْفُوا
الْكَيْلَ وَالْمِيزَانَ وَلَا تَبْخَسُوا النَّاسَ أَشْيَاءَهُمْ وَلَا تُفْسِدُوا فِي الْأَرْضِ بَعْدَ
إِصْلَاحِهَا ۚ ذَلِكُمْ خَيْرٌ لَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ}

{Imi vanhu vangu, namatai Allah, hamuna mumwe Mwari kunze kwavo. Zvirokwazvo humbowo huri pachena hwakasvika kwamuri kubva kuna Tenzi venyu. Nokudaro zadzisai chiyero nechikero, uye musabiridzire vanhu pazvinhu zvavo, uye musaite huori panyika mushure mekugadziriswa kwayo. Izvozvo ndizvo zvakanaka kwamuri kana muri vatendi.} [Al-A'raaf:85].

Uye kekutanga Allah pavakataura kuna Musa (Mozisi) (rugare ngaruve kwaari), vakataura kwaari kuti:

{وَأَنَا أَخَذْتُكَ فَاسْتَمِعْ لِمَا يُوحَىٰ (13) إِنِّي أَنَا اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنَا فَاعْبُدْنِي وَأَقِمِ
الصَّلَاةَ لِذِكْرِي (14)}

{Uye Ini Ndini ndakusarudza, naizvozvo teerera kune zvinozarurwa 13}

{Zvirokwazvo ndini Allah, hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwangu, saka ndinamate uye oita munamato kuti undirangarire 14} [Twaahaa:13-14]. Uye Allah vakataura vachirondedzera pamusoro paMusa (Mozisi)

(rugare ngarwuve kwaari) kuti akatsvaga dziviriro kuna Allah, akati:

{إِنِّي عُدْتُ بِرَبِّي وَرَبِّكُمْ مِّنْ كُلِّ مُتَكَبِّرٍ لَا يُؤْمِنُ بِيَوْمِ الْحِسَابِ}

{Zvirokwazvo ini ndinokumbira kudzivirirwa naTenzi wangu uye Tenzi wenyu kubva kune wese anozvikudza asingatendi muZuva reKutongwa.} [Ghaafir:27]. Uye Allah vakataura vachizivisa pamusoro paMesiya, rugare ngaruve kwavari, kuti akati:

{إِنَّ اللَّهَ رَبِّي وَرَبُّكُمْ فَأَعْبُدُوهُ هَذَا صِرَاطٌ مُسْتَقِيمٌ}

{Zvirokwazvo Allah ndiTenzi vangu uye Tenzi venyu, saka vanamatei. Iyi inzira yakatwasuka.} [Aal-Imraan:51]. Uye Allah vane simba nehukuru vakataura vachizivisa pamusoro paMesiya, rugare ngaruve kwaari, -zvakare- kuti akati:

{يُنَبِّئُ إِسْرَءِيلَ أَعْبُدُوا اللَّهَ رَبِّي وَرَبَّكُمْ إِنَّهُ مَن يُشْرِكْ بِاللَّهِ فَقَدْ حَرَّمَ اللَّهُ عَلَيْهِ الْجَنَّةَ وَمَأْوَاهُ النَّارُ وَمَا لِلظَّالِمِينَ مِنْ أَنْصَارٍ}

{Imi vana vaIsraeri, namatai Allah, Tenzi vangu naTenzi venyu. Zvirokwazvo, uyo anobatanidza Allah nezvimwe zvinhu mukuvanamata, Allah vakamurambidza Jannah (Paradhiso), uye moto uchave nzvimbo yake yokugara. Uye vanoita zvakaipa havana vabatsiri.} [Al-Ma'idah:72].

MuTaurat nemuInjil makatsinhirwa kunamata Allah vari vega. MuDheuteronomio makataurwa mashoko aMusa (rugare ngaruve kwaari) ekuti: (Inzwa iwe Isiraeri, Tenzi Mwari wedu ndiTenzi mumwechete) Uye kutsinhirwa kwehumwechete

kwakauya muVhangeri raMako apo Mesiya, rugare ngaruve pavari, akati: "(Zvirokwazvo murairo wekutanga ndeuyu: Inzwa iwe Israeri, Tenzi Mwari wedu ndiTenzi vamwechete)."

Uye Allah vane simba nehukuru vakajekesa kuti maporofita vose vakatumwa nebasa iri guru rinove: kudana kuhumwechete hwaAllah. Allah vekumusoro-soro vakati:

(وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِي كُلِّ أُمَّةٍ رَسُولًا أَنِ اعْبُدُوا اللَّهَ وَاجْتَنِبُوا الطُّغُوتَ فَمِنْهُمْ مَّنْ هَدَى اللَّهُ وَمِنْهُمْ مَّنْ حَقَّتْ عَلَيْهِ الضَّلَالَةُ)

{Uye zvirokwazvo takatumira kurudzi rweze mutumwa, achiti: "Namatai Allah, mova munosiya vanamwari venhema."} Saka pakati pavo pane avo vakatungamirwa naAllah, uye pakati pavo pane avo vakakodzerwa nekurasika.} [An-Nahl:36]. Allah vari kumusoro-soro vakati: {Taura (iwe Muhammad) kuti: "Munoona here avo vamunodana (kuva vanamwari venyu) kunze kwaAllah }? Ndiratidzei zvavakasika panyika. Kana kuti vane mugove kumatenga here? Ndiunzirei Gwaro riri mumashure meiri, kana chero ruzivo rwakasaririra, kana muchitaura chokwadi."} [Al-Ahqaaf:4] Sheikh As-Sa'di (Allah ngavamunzwire tsitsi) akati: (Saka zvinozivikanwa kuti kupokana kwevanhu vanosanganisa anamwari mukusanganisa kwavo hakuna kuvakirwa pahumbowo kana uchapupu, asi zvirokwazvo vakavimba nekufungidzira kwenhema, nemaonero

asina maturo; nepfungwa dzakashata izvo zvinoratidzwa kwauri kushata kwazvo nekuongorora mamiriro avo, nekutevera ruzivo rwavo nezviito zvavo, uye nekutarisa mamiriro eavo vavakapedzera hupenyu hwavo vachivanamata, kuti zvakaunza batsiro kwavari here (kureva izvi zvinonamatwa kunze kwaAllah) pane chimwechete zvacho panyika pano kana kuHupenyu Hunotevera?) Taysir Al-Karim Al-Mannan: 779.

6- Allah vanorumbidzwa vekumusoro-soro ndivo Musiki uye ndivo vakakodzera kunamatwa vari vega, uye hapana mumwe anofanirwa kunamatwa pamwechete navo.

Allah ndivo vakakodzera kunamatwa vari vega, uye hapana mumwe anofanirwa kunamatwa pamwechete navo. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا النَّاسُ اعْبُدُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ وَالَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ﴾ (21) الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ الْأَرْضَ فِرَاشًا وَالسَّمَاءَ بِنَاءً وَأَنْزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَخْرَجَ بِهِ مِنْ الثَّمَرَاتِ رِزْقًا لَكُمْ فَلَا تَجْعَلُوا لِلَّهِ أَنْدَادًا وَأَنْتُمْ تَعْلَمُونَ﴾ (22)

{Imi vanhu, namatai Tenzi venyu, avo vakakusikai imi pamwe neavo vaivepo musati mavepo, zvimwe mungave vanotya.} 21

Avo vakakusikirai nyika ive nzvimbo yenyu yekuzororera, uye nedenga rive chivakwa, uye vanonaisa mvura kubva kudenga, uye kubva mairi vakaita kuti michero ibereke sekudya kwenyu; saka

musabatanidza Allah nevamwe anamwari mukunamata, imi muchiziva (kuti ndivo voga vanokodzera kunamatwa). 22} [Al-Baqarah:21-22]. Saka avo vakatisika pamwe nezvizvarwa zvakauya tisati tavepo, uye vakatisikira nyika senzvimbo yedu yekuzororera, uye vakatinayisira mvura kubva kudenga, uye kubva mairi (mvura) vakaita kuti michero ibereke sekudya kwedu; ndivo vakakodzera kunamatwa vari vega. Uye ivo vekumusorosoro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا النَّاسُ أذْكُرُوا اللَّهَ عَلَيْكُمْ هَلْ مِنْ خَلْقٍ غَيْرِ اللَّهِ يَرْزُقُكُمْ مِنَ السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ فَآئِنِّي تُؤْفَكُونَ﴾

{Imi vanhu, rangarirai makomborero aAllah pamuri. Pane mumwe musiki here kunze kwaAllah anokupai makomborero kubva kudenga nepasi? Hapana anokodzera kunamatwa kunze kwavo. Saka munotsaudziswa sei?} [Fatir:3]. Saka avo vanosika, uye vanopa chouviro, ndivo vakakodzera kunamatwa vari vega, uye Allah vari kumusorosoro vakati:

﴿ذَلِكُمْ اللَّهُ رَبُّكُمْ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ خَلَقَ كُلَّ شَيْءٍ فَأَعْبُدُوهُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ وَكِيلٌ﴾

{Avo Ndivo Allah, Tenzi venyu; hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwavo, Musiki wezvinhu zvese, saka vanamatai; uye ndivo Mutariri wezvinhu zvese.} [Al-An'aam:102].

Uye chose chinonamatwa kunze kwaAllah hachikodzeri kunamatwa, nokuti hachina zvachinazvo kunyangwe zvakaenzana netsanga

kumatenga kana panyika, uye hachisi chinhu chinobata naAllah mune chero chinhu, kana mubatsiri, kana mutsigiri waAllah. Saka chingadanwa sei pamwechete naAllah kana kuitwa mubatsiri wavo? Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ أَدْعُوا الَّذِينَ زَعَمْتُمْ مِّنْ دُونِ اللَّهِ لَا يَمْلِكُونَ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ فِي السَّمُوتِ وَلَا فِي الْأَرْضِ وَمَا لَهُمَا فِيهِمَا مِنْ شِرْكٍ وَمَا لَهُ مِنْهُمْ مِّنْ ظَهِيرٍ﴾

{Taura (iwe Muhammad) kuti: “Danai avo vamunofungidzira (kuva vanamwari venyu) kunze kwaAllah. Havana kana chavanacho chakaenzana nehuremu hwekanhu kadiki kumatenga kana pasi, uye havana mugove mazviri (kumatenga nepanyika), uye (Allah) havana kana mubatsiri anobva kwavari.”} [Saba:22].

Uye Allah vanorumbidzwa vekumusoro-soro, ndivo vakasika zvisikwa izvi uye vakazviita kuti zvivepo kubva pasina, uye kuvepo kwazvo kunoratidza kuvepo kwavo, nehutenzi hwavo, nehumwari hwavo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَمِنَ آيَاتِهِ أَنْ خَلَقَكُمْ مِّنْ تُرَابٍ ثُمَّ إِذَا أَنْتُمْ بَشَرٌ تَنْتَشِرُونَ﴾ (20) ﴿وَمِنَ آيَاتِهِ أَنْ خَلَقَ لَكُمْ مِنْ أَنْفُسِكُمْ أَزْوَاجًا لِتَسْكُنُوا إِلَيْهَا وَجَعَلَ بَيْنَكُمْ مَوَدَّةً وَرَحْمَةً إِنَّ فِي ذَلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ﴾ (21) ﴿وَمِنَ آيَاتِهِ خَلْقَ السَّمُوتِ وَالْأَرْضِ وَخَلْقَ السِّنِّتِ وَالْوَنَكِ إِنَّ فِي ذَلِكَ لَآيَاتٍ لِّلْعَلَمِينَ﴾ (22) ﴿وَمِنَ آيَاتِهِ مَنْأَمُكُمْ بِالنَّهَارِ وَالتَّيَاوُمِ مِنْ فَضْلِهِ إِنَّ فِي ذَلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَسْمَعُونَ﴾ (23) ﴿وَمِنَ آيَاتِهِ يُرِيكُمُ الْبَرْقَ خَوْفًا وَطَمَعًا وَيُنَزِّلُ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَيُخْرِجُ بِهِ الْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا إِنَّ فِي ذَلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَعْقِلُونَ﴾ (24) ﴿وَمِنَ آيَاتِهِ أَنْ تَقُومَ السَّمَاءُ وَالْأَرْضُ بِأَمْرَةٍ ثُمَّ إِذَا عَاكِمْ دَعْوَةٌ مِنَ الْأَرْضِ إِذَا أَنْتُمْ تَخْرُجُونَ﴾ (25) ﴿وَلَهُ مَنْ فِي السَّمُوتِ وَالْأَرْضِ كُلٌّ لَهُ قُبُورٌ﴾ (26) ﴿وَهُوَ الَّذِي يَبْدَأُ الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُ وَهُوَ أَهْوَنُ عَلَيْهِ﴾ {

{Uye chimwe chezviratidzo zvavo ndechekuti vakakusikai kubva kuivhu, zvino mave vanhu vanopararira. 20}

{Uye pakati pezviratidzo zvavo pane kuti vakakusikirai vakadzi kubva mamuri pachenyu, kuti muwane rugare kwavari, uye vakaisa pakati penyu rudo netsitsi. Zvirokwazvo, mune izvi mune zviratidzo kuvanhu vanofungisisa. 21}

{Uye zvimwe zvezviratidzo zvavo: kusikwa kwematenga nenyika, nekusiya kwemitauro yenyu nemavara enyu. Zvirokwazvo, mune izvozvo mune zviratidzo kune avo vane ruzivo. 22}

"Uye pakati pezviratidzo zvavo pane kurara kwenyu husiku nemasikati, uye nekutsvaga kwenyu zvimwe zvezvipa zvavo. Zvirokwazvo, mazviri mune zviratidzo kune vanhu vanoteerera. 23"

{Uye chimwe chezviratidzo zvavo ndechekuti vanokuratidzai mheni, kuti mutye uye muve netariro, uye vanodzikisa mvura kubva kudenga, zvadaro vopa hupenyu nayo kunyika mushure mekufa kwayo. Zvirokwazvo, mazviri mune zviratidzo kune vanhu vanonzwisisa. 24}

{Uye chimwe chezviratidzo zvavo ndechekuti denga nenyika zvinomira nemurairo wavo. Kuzoti kana vakakudaizai nekudaizwa kumwe chete kubva panyika, ipapo muchabuda (kubva mumakuva muchienda kunotongwa). 25}

{Uye ndivo muridzi wezvese zviri kumatenga nepanyika; zvese zvinovateerera. 26}

{Uye ndivo vakasika zvisikwa kekutanga, uye vachazvisika zvekare (mushure mekuparadzwa kwazvo), uye izvi zviri nyore kwavari} [Ar-Rum: 20 - 27].

Uye Nimrodhi akaramba kuvapo kwaTenzi vake, saka Abrahamu, rugare ngaruve paari, akati kwaari sezvakaziviswa naAllah pamusoro pake:

﴿قَالَ إِبْرَاهِيمُ فَإِنَّ اللَّهَ يَأْتِي بِالسَّمَسِ مِنَ الْمَشْرِقِ فَأَتِ بِهَا مِنَ الْمَغْرِبِ فَبُهِتَ الَّذِي كَفَرَ وَاللَّهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّالِمِينَ﴾

{Abrahamu akati: “Zvirokwazvo, Allah vanounza zuva kubva kumabvazuva, saka iwe uya naro kubva kumadokero.” Uyo asingatendi akabva apererwa. Uye Allah havatungamiriri vanhu vanoita zvakaipa.} [Al-Baqarah: 258]. Uye saizvozvowo Abrahamu, rugare ngaruve paari, akapa humbowo kuvanhu vake kuti Allah ndivo vakamutungamirira, uye vakamupa chokudya nechokunwa, uye kana arwara ndivo vanomuporesa, uye ndivo vanomupa rufu nekumumutsa, nokudaro akataura sezvakataura Allah pamusoro pake kuti:

﴿الَّذِي خَلَقَنِي فَهُوَ يَهْدِينِ﴾ (78) ﴿وَالَّذِي هُوَ يُطْعِمُنِي وَيَسْقِينِ﴾ (79) ﴿وَإِذَا مَرَضْتُ﴾
﴿فَهُوَ يَشْفِينِ﴾ (80) ﴿وَالَّذِي يُمِيتُنِي ثُمَّ يُحْيِينِ﴾ (81) {

{Avo vakandisika, uye ndivo vanonditungamira 78}

{Uye ndivo vanondipa kudya, uye vanondipa zvekunwa {79}}

{Uye pandinorwara, ndivo vanondiporesa {80}}

Uye vachandiita kuti ndife, uye vachandiita kuti ndive mupenyu zvekare {81} [Ash-Shu'araa: 78 - 81] Uye Allah vakataura vachirondedzera pamusoro paMusa (Mozisi) (rugare ngaruve kwaari) kuti akaita nharo naFarawo achiti kwaari: Zvirokwazvo Tenzi vake ndivo:

{الَّذِي أَعْطَىٰ كُلَّ شَيْءٍ خَلْقَهُ ثُمَّ هَدَىٰ}

{Ndivo vakapa chinhu chose kusikwa kwacho, uye vakachitungamira.} [Twahaa: 50].

Uye Allah vakaisa zvese zviri mumatenga nepasi pasi pemunhu, uye vakamukomberedza nemakomborero; kuti anamate Allah uye arege kuramba kutenda mavari. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{أَلَمْ تَرَوْا أَنَّ اللَّهَ سَخَّرَ لَكُم مَّا فِي السَّمُوتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ وَأَسْبَغَ عَلَيْكُمْ نِعَمَهُ ظَهَرَ وَبَاطِنًا وَمِنَ النَّاسِ مَن يُجْدِلُ فِي اللَّهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ وَلَا هُدًى وَلَا كِتَابٍ مُّنِيرٍ }

Ko hamuoni here kuti Allah vakakuisirai pasi penyu zvose zviri kumatenga nezvose zviri panyika, uye vakakudururirai makomborero avo ari pachena neakavanzika? Uye kubva muvanhu pane vanoita nharo maererano naAllah vasina ruzivo, kana nhungamiro, kana gwaro rinojekesa. [Luqman:20]. Uye sekuita kwakaita Allah kuti zvese zviri kumatenga nepasi pano zvishandire munhu, vakamusika ndokumugadzirira nezvese zvaanoda

pakunzwa, kuona, nemoyo, kuti adzidze ruzivo runomubatsira uye runomutungamirira kuna Tenzi vake neMusiki wake. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَاللَّهُ أَخْرَجَكُمْ مِنْ بُطُونِ أُمَّهَاتِكُمْ لَا تَعْلَمُونَ شَيْئًا وَجَعَلَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْأَبْصَرَ
وَالْأَفْئِدَةَ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ﴾

{Uye Allah ndivo vakakubudisai kubva mumatumbu evanaamai venyu musingazivi chinhu, uye vakakupai kunzwa, nekuona, nemoyo kuti pamwe mungatende.} [An-Nahl:78].

Saka Allah, vanorumbidzwa, varikumusoro-soro, ndivo vakasika nyika dzose idzi, uye vakasika munhu vakamugadzirira nezvose zvaanoda zvinoti nhengo dzemuviri nesimba, ndokubva vamupa zvose zvinomubatsira pakuita basa rekunamata Allah nekuvaka nyika, uye vakarerutsa kwaari zvose zviri mumatenga nenyika.

Uye Allah vakashandisa kusika kwavo zvisikwa zvikuru izvi sehumbowo hwehutenzi hwavo izvo zvinoratidza kuti ndivo chete vanofanira kunamatwa. Naizvozvo, Allah vanorumbidzwa vari kumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ مَنْ يَرْزُقُكُمْ مِنَ السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ أَمَّنْ يَمْلِكُ السَّمْعَ وَالْأَبْصَرَ وَمَنْ يُخْرِجُ
الْحَيَّ مِنَ الْمَيِّتِ وَيُخْرِجُ الْمَيِّتَ مِنَ الْحَيِّ وَمَنْ يُدَبِّرُ الْأَمْرَ فَسَيَقُولُونَ اللَّهُ فَقُلْ أَفَلَا
تَتَّقُونَ﴾

{Taura (iwe Muhammad) kuti: “Ndiani anokupai makomborero kubva kudenga nepasi? Kana kuti ndiani muridzi wekunzwa nekuona? Uye ndiani

anoburitsa mupenyu kubva kumufi uye achiburitsa mufi kubva kumupenyu? Uye ndiani anoronga zvinhu zvese?” Vachataura kuti: “Allah.” Saka taura kuti: “Ko hamutyi here?”} [Yunus:31]. Uye Allah vechokwadi vanorumbidzwa vakati:

{قُلْ أَرَأَيْتُمْ مَا تَدْعُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ أَرُونِي مَاذَا خَلَقُوا مِنَ الْأَرْضِ أَمْ لَهُمْ شِرْكٌ فِي السَّمَوَاتِ أَتُنُونِي بِكُتُبٍ مِّن قَبْلِ هَذَا أَوْ أَنزَلَ مِنِّي لَكُم مِّن قَبْلِهِ لِقَاءَ إِسْمَاعِيلَ إِسْحَاقَ وَيُحْيَىٰ نَافِلًا أَرَأَيْتُمْ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ}

{Taura (iwe Muhammad) kuti: “Munoona here avo vamunodaiddza kunze kwaAllah? Ndiratidzei chavakasika panyika, kana kuti vane mugove kumatenga? Huyai kwandiri neGwaro rakatangira iri, kana chidimbu cheruzivo chakasara, kana muri pachokwadi.”} “[Al-Ahqaaf: 4].” Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{خَلَقَ السَّمَاوَاتِ بِغَيْرِ عَمَدٍ تَرَوْنَهَا وَآلَفَىٰ فِي الْأَرْضِ رَوَاسِيَ أَنْ تَمِيدَ بِكُمْ وَبَثَّ فِيهَا مِنْ كُلِّ دَابَّةٍ وَأَنزَلْنَا مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَنبَتْنَا فِيهَا مِنْ كُلِّ زَوْجٍ كَرِيمٍ. هَذَا خَلْقُ اللَّهِ فَأَرُونِي مَاذَا خَلَقَ الَّذِينَ مِنْ دُونِهِ بَلِ الظَّالِمُونَ فِي ضَلَالٍ مُّبِينٍ}

{Vakasika matenga asina mbiru dzamunoona, uye vakaisa panyika makomo akasimba kuitira kuti isakuzunungusai, uye vakaparadzira mairi zvisikwa zvese zvinofamba, uye takanaisa mvura kubva kudenga tikaita kuti mairi mumere marudzi ose ezvinomera zvakanaka. Uku ndiko kusika kwaAllah, saka ndiratidzei izvo zvakasikwa neavo vari kunze kwavo. Asi vaiti vezvakaipa vari mukurasika kuri pachena.} [Luqman:10 11]. Uye Allah vechokwadi vanorumbidzwa vakati:

{أَمْ خُلِقُوا مِنْ غَيْرِ شَيْءٍ أَمْ هُمُ الْخَالِقُونَ (35) أَمْ خُلِقُوا السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ بَلْ لَا يُوقِنُونَ (36) أَمْ عِنْدَهُمْ خَزَائِنُ رَيْكَ أَمْ هُمُ الْمُصْطَفُونَ (37) }

{Kana kuti vakasikwa pasina musiki, kana kuti ivo ndivo vasiki?} 35

Kana kuti vakasika matenga nenyika here? Asi havana chokwadi chekutenda. {36}

{Kana kuti vane matura aTenzi vako here? Kana kuti ndivo vadvanyiriri vanoita zvavanoda nemutemo? 37} [At-Tur:35 37]. Sheikh As-Sa'di akati: (Uye uhu humbowo hwavanopikiswa navo nenzira inovasiya vasina maitiro kunze kwekubvuma chokwadi kana kubuda munzira inorayirwa nepfungwa (dzakarurama) nechitendero (chchokwadi).) Tafsir yaIbn Sa'di: peji 816.

7- Allah ndivo Musiki wezvinhu zvese zviri pasi pose zvatinooona nezvatisingaoni, uye zvose zvisiri ivo zvimwe zvezvisikwa zvavo, uye Allah vakasika matenga nenyika mumazuva matanhatu.

Allah vanorumbidzwa, ndivo Musiki wezvose zviri munyika, zvatinooona nezvatisingaone, uye zvose zvisiri ivo zvisikwa zvavo. Allah vekumusoro-soro vakati:

{قُلْ مَنْ رَبُّ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ قُلِ اللَّهُ قُلْ أَفَاتَّخَذْتُمْ مِنْ دُونِهِ أَوْلِيَاءَ لَا يَمْلِكُونَ أَنْفُسَهُمْ نَفْعًا وَلَا ضَرًّا قُلْ هَلْ يَسْتَوِي الْأَعْمَىٰ وَالْبَصِيرُ أَمْ هَلْ تَسْتَوِي الظُّلُمَاتُ وَالنُّورُ أَمْ جَعَلُوا لِلَّهِ شُرَكَاءَ خَلَقُوا كَخَلْقِهِ فَتَشَبَّهُ الْخَلْقُ عَلَيْهِمْ قُلِ اللَّهُ خَلَقَ كُلَّ شَيْءٍ وَهُوَ الْوَّحْدُ الْقَهَّارُ }

{Taura (iwe Muhammad) kuti: “Ndiani Tenzi vematenga nenyika?” Taura kuti: “NdiAllah.” Taura kuti: “Saka makatora here kunze kwavo vadziviriri vasina kana chavanacho chekuzviunzira batsiro kana njodzi?” Taura kuti: “Ko bofu neanoona zvakaenzana here? Kana kuti rima nechiedza zvakaenzana here? Kana kuti vakaitira Allah vabatsiri vakasika zvakafanana nekusika kwavo, zvekuti kusika kwacho kwakafanana kwavari?” Taura kuti: “Allah ndivo Musiki wezvinhu zvole, uye ivo ndivo Mumwechete, Mukundi wazvole.”}

[Ar-Ra'd:16]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَيَخْلُقُ مَا لَا تَعْلَمُونَ}

{Uye vanosika zvamusingazivi} [An-Nahl:8].

Uye Allah vakasika matenga nepasi mumazuva matanhatu. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{هُوَ الَّذِي خَلَقَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ فِي سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوَىٰ عَلَى الْعَرْشِ يَعْلَمُ مَا يَلِجُ فِي الْأَرْضِ وَمَا يَخْرُجُ مِنْهَا وَمَا يَنْزِلُ مِنَ السَّمَاءِ وَمَا يَعْرُجُ فِيهَا وَهُوَ مَعَكُمْ أَيْنَ مَا كُنْتُمْ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ}

{Ndivo avo vakasika matenga nenyika mumazuva matanhatu, uye vakaenda pamusoro peChigaro cheHumambo. Vanoziva zvinopinda munyika nezvinobuda kubva mairi, nezvinodzika kubva kudenga nezvinokwira kwariri. Uye vari pamwe nemi kwese kwamunenge muri. Uye Allah vanoona zvese zvamunoita.} [Al-Hadid:4]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَلَقَدْ خَلَقْنَا السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا فِي سِتَّةِ أَيَّامٍ وَمَا مَسَّنَا مِنْ لُغُوبٍ}

{Uye zvirokwazvo takasika matenga nenyika nezviri pakati pazvo mumazuva matanhatu, uye hatina kubatwa nekuneta} [Qaf:38].

8- Uye Allah vanorumbidzwa vekumusoro-soro havana mubatsiri muhumambo hwavo, kana mukusika kwavo, kana mukufambisa kwavo kwezvinhu, kana mukunamatwa kwavo.

Uye Allah vanorumbidzwa uye vari kumusoro-soro, ndivo muridzi wehumambo, havana mubatsiri mukusika kwavo, kana muhumambo hwavo, kana mukufambisa kwavo kwezvinhu. Allah (Mwari) vari kumusoro-soro vakataura kuti:

﴿قُلْ أَرَأَيْتُمْ مَا تَدْعُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ أَرُونِي مَاذَا خَلَقُوا مِنَ الْأَرْضِ أَمْ لَهُمْ شِرْكٌ فِي السَّمَوَاتِ أَنْتُونِي بِكِتَابٍ مِنْ قَبْلِ هَذَا أَوْ أَثَرَةٍ مِنْ عِلْمٍ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ﴾

"{Taura (iwe Muhammad) kuti: "Munoona here izvo zvamunodana kunze kwaAllah? Ndiratidzei kuti chii chavakasika panyika, kana kuti vane mugove kumatenga here? Huyai kwandiri negwaro rakauya pamberi peiri, kana zvisaririra zveruzivo, kana muri pachokwadi."}" [Al-Ahqaaf:4]. Sheikh As-Sa'di (Allah ngavamunzwire tsitsi) akati: (Kureva kuti: {Taura (iwe Muhammad)}) kune avo vanosanganisa Allah nezvidhori nevamwe vanamwari vasina simba rekuunza batsiro kana kukuvadza, uye vasina simba rekukonzera rufu, kana kupa hupenyu, kana kumutsa vakafa. Taura

kwavari - uchijekesa kusava nesimba kwezvidhori zvavo uye kuti hazvina kodzero yekunamatwa kana nepadiki zvapo: {Ndiratidzei kuti chii chavasika panyika, kana kuti vane mugove here kumatenga?} Ko vakasika chimwe chinhu here muzvisikwa zvevatenga nepanyika? Ko vakasika makomo here? Ko vakaita kuti nzizi dzierere here? Ko vakaparadzira mhuka here? Ko vakamera miti here? Ko pakava nerubatsiro runobva kwavari here mukusika chero chinhu pazvinhu izvozvo? Hapana kana chimwechete pane izvozvo zvavakaita, uye vanozvibvuma ivo pachavo tisingatombotauri nezvevamwe. Saka uhu humbowo hwakajeka hwenjere hunoratidza kuti chero ani zvake asiri Allah, kunamatwa kwake hakuna maturo.)

Zvadaro vakataura nezvekushaikwa kwehumbowo hwezvinyorwa, vakati: {Uyai kwandiri neBhuku pamberi peiri} Bhuku rinodaidza kukubatanidza Allah nevamwe {kana zvisaririra zveruzivo} rwakagarwa nhaka kubva kuvatumwa runoraira izvozvo. Zvinozivikanwa kuti ivavo vanokundikana kuunza humbowo kubva kune chero wevatumwa hunoratidza izvozvo, asi tine chokwadi chizere uye kugutsikana kuti vatumwa vese vakadaidza kuhumwechete hwaTenzi vavo, vakarambidza kuvabatanidza nevamwe, uye ndirwo ruzivo rukuru rwavakasiya kuvanhu. Tafsir yaIbn Sa'di: peji 779.

Uye Allah vanorumbidzwa vekumusoro-soro ndivo muridzi wehumambo, havana mubatsiri muhumambo hwavo. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿قُلِ اللَّهُمَّ مَلِكُ الْمَلِكِ تُؤْتِي الْمَلِكَ مَن تَشَاءُ وَتَنزِعُ الْمَلِكَ مِمَّن تَشَاءُ وَتُعِزُّ مَن تَشَاءُ وَتُذِلُّ مَن تَشَاءُ بِيَدِكَ الْخَيْرُ إِنَّكَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ﴾

{Taura (iwe Muhammad) kuti: "Imi Allah, Muridzi wehumambo, munopa humambo kune uyo wamunoda, uye munobvisa humambo kubva kune uyo wamunoda, uye munokudza uyo wamunoda, uye munoderedza uyo wamunoda. Muruoko rwenyu mune zvakanaka. Zvirokwazvo, mune masimba pamusoro pezvinhu zvese."} [Aal-Imraan:26]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakataura vachijekesa kuti humambo hwakakwana ndehwavo pazuva rekumutswa:

﴿يَوْمَ هُمْ بَارُزُونَ لَا يَخْفَىٰ عَلَى اللَّهِ مِنْهُمْ شَيْءٌ لِّمَنِ الْمُلْكُ الْيَوْمَ لِلَّهِ الْوَاحِدِ الْقَهَّارِ﴾

{Zuva ravachabuda pachena, hapana chipi zvacho kubva kwavari chichavanzika kuna Allah. Hushe ndehwaani nhasi? Ndehwa Allah Mumwechete, Mukundi wezvose.} [Ghafir:16].

Uye Allah vanorumbidzwa uye vekumusoro-soro havana mubatsiri muhumambo hwavo, kana mukusika kwavo, kana mukufambisa kwavo kwezvinhu, kana mukunamatwa kwavo. Allah vari kumusoro-soro vakataura kuti:

﴿وَقُلِ الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي لَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا وَلَمْ يَكُن لَّهُ شَرِيكٌ فِي الْمُلْكِ وَلَمْ يَكُن لَّهُ وَلِيٌّ مِّنَ الدُّنْيَا وَكَثِيرٌ مِّنْ تَكْبِيرًا﴾

{Uye Iti: Kurumbidzwa kwese ndekwaAllah, avo vasina mwana, uye havana mubatsiri muhushe, uye havana mudziviriri nekuda kwekushaya simba. Uye vakudzei nekukudza kukuru} [Al-Isra:111]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿الَّذِي لَهُ مُلْكُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَلَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا وَلَمْ يَكُنْ لَهُ شَرِيكٌ فِي الْمُلْكِ وَخَلَقَ كُلَّ شَيْءٍ فَقَدَرَهُ تَقْدِيرًا﴾

{Avo ndivo muridzi wehushe hwematenga nenyika, uye havana mwana, uye havana mubatsiri muhushe, uye vakasika chinhu chose, vachiera chiyero chacho chakafanira.} [Al-Furqaan:2]. Saka ndivo Muridzi, uye zvose zvisiri ivo ndezvavo, vanorumbidzwa. Uye ndivo Musiki, uye zvose zvisiri ivo zvisikwa zvavo. Uye ndivo vanoronga nekufambisa zvinhu zvose. Uye avo vane chinzvimbo chakadai, ndivo vanofanirwa kunamatwa. Uye kunamatwa kwechimwe chinhu kunze kwavo kushomeka kwenjere uye ishirk inoparadza hupenyu hwepasi pano nehwemangwana. Allah vari kumusoro-soro vakataura kuti:

﴿وَقَالُوا كُونُوا هُودًا أَوْ نَصَارَى تَهْتَدُوا قُلْ بَلْ مِلَّةَ إِبْرَاهِيمَ حَنِيفًا وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِينَ﴾

{Uye vakati: “Ivayi maJuda kana maKristu, kuti mutungamirirwe.” Iti: “Kwete, asi (tinotevera) nzira yaIbrahim, aive pachitendero chechokwadi, uye aive asiri mumwe weavo vanosanganisa Allah

nevamwe anamwari.”} [Al-Baqarah:135]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَمَنْ أَحْسَنُ دِينًا مِمَّنْ أَسْلَمَ وَجْهَهُ لِلَّهِ وَهُوَ مُحْسِنٌ وَاتَّبَعَ مِلَّةَ إِبْرَاهِيمَ حَنِيفًا وَاتَّخَذَ اللَّهُ إِبْرَاهِيمَ خَلِيلًا﴾

{Uye ndiani ane chitendero chakanaka kudarika uyo anozvipira chiso chake (hupenyu hwake)kuna Allah, uye ari muiti wezvakanaka, uye achitevera nzira yalbrahim yechokwadi? Uye Allah vakatora Ibrahim seshamwari yepedyo.} [An-Nisaa:125]. Uye Allah vanorumbidzwa vakatsanangura chokwadi kuti ani naani anotevera nzira isiri yalbrahim Al-Khalil (rugare ngaruve kwaari), zvirokwazvo anenge azviita benzi. Allah vekumusoro-soro vakati: {Uye ndiani anofuratira chitendero chalbrahîm kunze kweyiye anozvipusisa. Uye zvirokwazvo, Isu takamusarudza panyika, uye zvirokwazvo kuhupenyu hwemangwana, achange ari pakati pevakarurama.} [Al-Baqarah:130].

9- Uye Allah (Mwari) vanorumbidzwa havana kubereka uye havana kuberekwa, uye havana akaenzana navo kana akafanana navo.

Uye Allah vanorumbidzwa havana kubereka uye havana kuberekwa uye hakuna akaenzana navo kana akafanana navo. Allah vechokwadi vanorumbidzwa uye vari kumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ (1) اللَّهُ الصَّمَدُ (2) لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ (3) وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ (4)﴾

{Iti: Ndiye Allah, Mumwechete }1}

Allah ndivo vanodiwa nezvisikwa zvose (asi ivo hapana chavanoda) {2}

{Havana kubereka uye havana kuberekwa. 3}

{Uye hakuna akafanana navo kana kuenzaniswa navo. 4} [Al-Ikhlaas:1-4]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿رَبُّ السَّمُوتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا فَاعْبُدْهُ وَاصْطَبِرْ لِعِبَادَتِهِ هَلْ تَعْلَمُ لَهُ سَمِيًّا﴾

{Tenzi vematenga nenyika nezvose zviri pakati pazvo, saka vanamate, uye tsungirira mukuvanamata. Pane waunoziva here akafanana navo?} [Maryam:65]. Uye Mwari weChokwadi, ane mbiri huru, akati:

﴿فَاطِرُ السَّمُوتِ وَالْأَرْضِ جَعَلَ لَكُمْ مِنْ أَنْفُسِكُمْ أَزْوَاجًا وَمِنَ الْأَنْعَامِ أَزْوَاجًا يَذُرُّكُمْ فِيهَا لَيْسَ كَمِثْلِهِ شَيْءٌ وَهُوَ السَّمِيعُ الْبَصِيرُ﴾

{Allah ndiye Musiki wematenga nepasi, akakusikirai vakadzi kubva kwamuri pachenyu (kuti muwane zororo nerugare muwanano), uye vakakusikirai mhuka (dzakaita semombe, mbudzi, nedzimwe) dziri hadzi nedzirume, kuburikidza neizvi (wanano nekuberekana), anokuparadzirai pasi, hapana chinhu chakafanana naAllah, uye vanonzwa zvose, uye vanoona zvose...} [Ash-Shura:11].

10- Uye Allah, vanorumbidzwa vari kumusoro-soro, havapindi muchinhu chero

chipi zvacho kana kutora muviri wechinhu chero chipi zvacho chezvisikwa zvavo:

Uye Allah vanorumbidzwa uye varikumusoro-soro, havapindi muchinhu chero chipi zvacho uye havatore muviri chero wechii zvacho pane zvavakasika, uye havabatani nechinhu chero chipi zvacho. Izvi zviri pamusana pekuti Allah ndive Musiki uye zvimwe zvese kunze kwavo zvisikwa. Uye ndivo vasingaperi uye zvimwe zvese kunze kwake zvichaguma nekuparara, uye zvinhu zvese ndezvavo uye ndivo muridzi wazvo. Saka Allah havapindi muchinhu chero chipi zvacho pane zvavakasika uye hapana chinhu pane zvavakasika chinopinda mavari. Uye Allah, vakarumbidzwa uye varikumusoro-soro, vakuru kudarika zvinhu zvese uye vakurusa kudarika zvinhu zvese. Allah vekumusoro-soro, vachishora avo vaiti Allah (Mwari) vakapinda muna Mesiyavakati:

﴿لَقَدْ كَفَرَ الَّذِينَ قَالُوا إِنَّ اللَّهَ هُوَ الْمَسِيحُ ابْنُ مَرْيَمَ قُلْ فَمَنْ يَمْلِكُ مِنَ اللَّهِ شَيْئًا إِنْ أَرَادَ أَنْ يُهْلِكَ الْمَسِيحَ ابْنَ مَرْيَمَ وَأُمَّهُ وَفِي الْآرْضِ جَمِيعًا وَاللَّهُ مَلِكُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا يَخْلُقُ مَا يَشَاءُ وَاللَّهُ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ﴾

{Zvirokwazvo, vakapanduka (vakaita kufr) avo vanoti: "Allah ndiye Masih (Jesu), mwanakomana waMariya". Iti, ndiani angadzivisa Allah kana vakada kuparadza Masi (Jesu), mwanakomana waMariya, uye vanhu vose pasi pawo, Umambo hwese kumatenga nepasi nezvese zviri pakati pachu ndehwaAllah, vanosika zvavanoda, uye Allah

vane simba pamusoro pezvinhu zvese...} [Al-Ma'idah:17]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَلِلَّهِ الْمَشْرِقُ وَالْمَغْرِبُ فَأَيْنَمَا تُولُوا فَتَمَّ وَجْهُ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ وَسِعَ عِلِيمَ ﴿115﴾
﴿وَقَالُوا اتَّخَذَ اللَّهُ وَلَدًا سُبْحَنَهُ بَلْ لَهُ مَا فِي السَّمُوتِ وَالْأَرْضِ كُلُّ لَهٌ فَنُنُونَ ﴿116﴾
بَدِيعَ السَّمُوتِ وَالْأَرْضِ وَإِذَا قَضَىٰ أَمْرًا فَإِنَّمَا يَقُولُ لَهُ كُنْ فَيَكُونُ ﴿117﴾﴾

{Kumabvazuva nekumadokero zvese ndezvaAllah, kwese kwamunotendeukira kunenge kuina Allah. Zvirokwazvo, havana magumo, vane ruzivo rweze.....}

{Vanoti, 'Allah vakatora mwanakomana.' Allah vakakwirira zvikuru kupfuura mashoko akadaro! Kwete, asi zvinhu zvose zviri kumatenga nepanyika ndezvaAllah, uye zvisikwa zvose zvinoteerera uye zvinozviisa pasi pechido nemurairo wavo." 116}

{Allah ndivo Musiki akatanga matenga nenyika pasina chakambofanana nazvo. Kana vachida kuti chinhu chiitike, vanongochirayira vachiti, 'Iva,' uye pakarepo chinobva chava sezvavada [Al-Baqarah:115-117]. Uye Allah vekumusorosoro vakati:

﴿وَقَالُوا اتَّخَذَ الرَّحْمَنُ وَلَدًا ﴿88﴾ لَقَدْ جِئْتُمْ شَيْئًا إِدًّا ﴿89﴾ تَكَادُ السَّمُوتُ يَتَفَطَّرْنَ مِنْهُ وَتَنْشَقُّ الْأَرْضُ وَتَخِرُّ الْجِبَالُ هَدًّا ﴿90﴾ أَنْ دَعَوْا لِلرَّحْمَنِ وَلَدًا ﴿91﴾ وَمَا يَنْبَغِي لِلرَّحْمَنِ أَنْ يَتَّخِذَ وَلَدًا ﴿92﴾ إِنْ كُلُّ مَنْ فِي السَّمُوتِ وَالْأَرْضِ إِلَّا آتِي الرَّحْمَنِ عَبْدًا ﴿93﴾ لَقَدْ أَحْصَاهُمْ وَعَدَّهُمْ عَدًّا ﴿94﴾ وَكُلُّهُمْ آتِيهِ يَوْمَ الْقِيَمَةِ فَرْدًا ﴿95﴾﴾

{Uye vanoti: "(Allah) vane Ngoni zhinji vane mwanakomana....}

{Zvirokwazvo, mauya nechinhu chakashata kwazvo 89}

{Apo matenga atove pedyo pedyo nekubvaruka, nenyika yavakutsemuka, uye makomo avakuda kutowondomoka kuti ave anoparara. 90}

{Nekuti vanonemera mwana kuna Ar-Rahman (vane ngoni zhinji). 91}

{Uye hazvikodzeri kune vane ngoni zhinji kuti vave nemwana. 92}

{Hapana ari mumatenga nepasi kunze kwekuti achauya kune vane tsitsi zhinji semuranda. 93}

Zvirokwazvo, (Allah) vanoziwa mumwe nemumwe pakati pavo, zvakare (Allah) vave vanonyatsovaverengera verengo (yakazara). 94}

{Uye vese vachauya kwavari pazuva reQiyamah mumwe nemumwe ari ega. 95} [Maryam :88-95].

Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ لَا تَأْخُذُهُ سِنَّةٌ وَلَا نَوْمٌ لَهُ مَا فِي السَّمَوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ مَنْ ذَا الَّذِي يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلَّا بِإِذْنِهِ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِّنْ عِلْمِهِ إِلَّا بِمَا شَاءَ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ وَلَا يَئُودُهُ حِفْظُهُمَا وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيمُ﴾

{Allah, hapana ane kodzero yekunamatwa kunze kwavo, vane hupenyu husingagume uye muchengetedzi wezvese, havabatwe nekutsumwaira kana kurara. Ndivo muridzi wezvese zviri kumatenga uye nezvese zviri pasi. Ndiyani uyo angaita murevereri kuna ivo kunze nekuda kwavo, Vanoziwa zviri kuitira kwavari (zvisikwa zvavo) pano pasi, uye zvichaiktika

kwavari mune remangwana, uye havakwanise kuziva (kuunganidza) chipi zvacho kubva muruzivo rwavo kunze kweizvo zvavada. Chigaro chavo chakakura kudarika matenga nepasi rose, uye kuzvichengetedza hazvivaremere. Uye ndivo vekumusoro-soro, vahombe zvikuru...} [Al-Baqarah:255]. Saka uyo ane mamiriro akadai, uye aya ari mamiriro ezvisikwa zvake, angagara sei mune chimwe chezvisikwa zvavo? Kana kumutora semwanakomana wavo? Kana kumuita mwari pamwe chete navo?

11- Allah (Mwari) vanorumbidzwa vekumusoro-soro vane tsitsi nengoni kuvaranda vavo, ndokusaka vakatuma vatumwa uye vakaburutsa magwaro.

Uye Allah vanorumbidzwa uye vekumusoro-soro ndivo vane tsitsi, vane ngoni kuvaranda vavo. Saka kubva mutsitsi dzavo kuvaranda vavo, vakavatumira maporofita uye vakavadzikisira Mabhuku Matsvene; kuti vavaburitse murima rekusatenda nekusanganisa Mwari nezvimwe kuenda kuchiedza chekutenda muna Mwari mumwechete nenhungamiro. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿هُوَ الَّذِي يُنَزِّلُ عَلَى عَبْدِهِ آيَاتٍ بَيِّنَاتٍ لِّيُخْرِجَكُم مِّنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ وَإِنَّ اللَّهَ بِكُمْ لَرَءُوفٌ رَّحِيمٌ﴾

{Ndivo vanodzikisa kune muranda wavo (Muhammad) zviratidzo zviri pachena kuti

vakuburitsei kubva murima muchienda kuchiedza, Uye Allah vane chido nemi, uye netsitsi...} [Al-Hadid:9].

Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا رَحْمَةً لِّلْعَالَمِينَ}

{Uye hatina kukutumira kunze kwekuti uye tsitsi (nyasha) kunyika yose...} [Al-Ambiya:107]. Uye Allah vakaraira Muporofita wavo kuti audze varanda kuti ivo ndivo Muregereri, Vane tsitsi. Saka Allah vekumusoro-soro vakati:

{﴿ نَبِّئْ عِبَادِي أَنِّي أَنَا الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ﴾}

{Udza varanda vangu kuti, zvirokwazvo Ini ndiri Muregereri zvikuru, ane tsitsi zhinji...} [Al-Hijr:49]. Uye kubva mutsitsi dzavo nengoni dzavo, ndivo vanobvisa matambudziko uye vanodzikisa zvakanaka pavaranda vavo. Allah vekumusoro-soro vakati:

{﴿ وَإِن يَمَسُّكَ اللَّهُ بِضُرٍّ فَلَا كَاشِفَ لَهُ إِلَّا هُوَ وَإِن يُرِدْكَ بِخَيْرٍ فَلَا رَادَّ لِفَضْلِهِ يُصِيبُ بِهِ مَن يَشَاءُ مِّنْ عِبَادَةٍ وَهُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ﴾}

{Uye kana Allah vakakubata nemarwadzo hakuna anokwanisa kumabvisa kunze kwavo, uye kana vakakushuvirai zvakanaka, hakuna anokwanisa kudzivirira chido chavo icho chavanenge vaita kuti chisvike kuna ani naani wevaranda vavo wavanenge vashuvira. Uye ndivo vane ruregerero rwose, nengoni dzose ...} [Yunus:107].

**12- Allah ndivo Ishe vane ngoni, ndivo voga
vachatonga zvisikwa pazuva rekutongwa
pavachavamutsa vese kubva mumakuva
avo, vachapa mubairo kumunhu wese pane
zvaakaita zvingava zvakanaka kana
zvakaipa. Saka uyo anoita mabasa akanaka
ari mutendi achawana mufaro usingaperi,
uye uyo asingatendi achiita zvakaipa
achawana murango mukuru muhupenyu
hunotevera.**

Allah ndivo Ishe vane ngoni, ndivo vega
vachazotonga zvisikwa pazuva rekutongwa
pavachavamutsa vese kubva mumakuva avo, apo
vachapa munhu wese mubairo zvichienderana
nezvaakaita, zvingava zvakanaka kana zvakaipa.
Saka uyo anoita mabasa akanaka ari mutendi,
achawana mufaro usingaperi, uye uyo asingatendi
achiita mabasa akaipa, achawana murango mukuru
pazuva rekutongwa. Saka kubva mukukwana
kweruramisiro yaAllah, uchenjeri hwavo, netsitsi
dzavo kuzvisikwa zvavo, vakaita kuti nyika ino ive
nzvimbo yekuita mabasa, uye vakaita imwe
nzvimbo yechipiri inozova nemuripo, kutongwa,
nemubairo; kuitira kuti uyo anoita zvakanaka
awane mubairo wezvakanaka zvake, uye uyo anoita
zvakaipa, mudzvanyiriri, nemutadzi vawane
murango wekutadza nekudzvanyirira kwavo. Uye

nekuti vamwe vanhu vanogona kuona nyaya iyi seisingabviri, Allah vakaisa humbowo hwakawanda hunoratidza kuti kumutswa kwevakafa ichokwadi chisina kupokana nacho. Allah, vekumusoro-soro vakati:

﴿وَمِنْ آيَاتِهِ أَنْكَ تَرَى الْأَرْضَ خُشْعَةً فَإِذَا أَنْزَلْنَا عَلَيْهَا الْمَاءَ اهْتَزَّتْ وَرَبَتْ إِنَّ الَّذِي أَحْيَاهَا لَمُحْيِي الْمَوْتِ إِنَّهُ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ﴾

{Uye kubva muzviratidzo zvavo, ndezvekuti munooni nyika isina chainacho, asi kana tichinge tatumira mvura kwairi inodzorwa kuhupenyu nekukura (kwezvinhu). Zvirokwazvo, avo vanoipa hupenyu, muzvokwadi vanokwanisa kupa hupenyu kune vakafa (pazuva rekutongwa), Zvirokwazvo, vanokwanisa kuita zvinhu zvose. } [Fussilat:39].

Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنْ كُنْتُمْ فِي رَيْبٍ مِّنَ الْبَعْثِ فَإِنَّا خَلَقْنَاكُمْ مِّن نُّرَابٍ ثُمَّ مِّنْ نُطْفَةٍ ثُمَّ مِّنْ عَلَقَةٍ ثُمَّ مِّنْ مُّضْغَةٍ مُّخْلَقَةٍ وَغَيْرِ مُخْلَقَةٍ لُّبِّينَ لَكُمْ وَنُقِرُّ فِي الْأَرْحَامِ مَا نَشَاءُ إِلَى أَجَلٍ مُّسَمًّى ثُمَّ نُخْرِجُكُمْ طِفْلًا ثُمَّ لِتَبْلُغُوا أَشُدَّكُمْ وَمِنْكُمْ مَّنْ يُتَوَفَّى وَمِنْكُمْ مَّنْ يُرَدُّ إِلَى أَرْدَلِ الْعُمُرِ لِكَيْلَا يَعْلَمَ مِنْ بَعْدِ عِلْمٍ شَيْئًا وَتَرَى الْأَرْضَ هَامِدَةً فَإِذَا أَنْزَلْنَا عَلَيْهَا الْمَاءَ اهْتَزَّتْ وَرَبَتْ وَأُنْبِتَتْ مِنْ كُلِّ رَوْحٍ بِهِيجُ﴾

{Imi vanhu! Kana musingabvumi zvekuti muchamutswa (pazuva rekutongwa) zvirokwazvo takakusikai kubva kivu (Adam), uye kubva kumbeu yemunhurume nemukadzi (Nutfah), uye kubva kuchigodo cheropa, uye kubva kuchidimbu chenyama, chimwe chakaumbika uye chimwe chisina kuumbika, kuti tizvijekese kwamuri, Uye tinoita kuti uyo watinoda arambe ari mudumbu (maamai vake) kwenguva yakatarwa (mwedzi

mipfumbamwe). Uye pakati penyu pane uyo anofa achiri mudiki, uye pakati penyu pane uyo anodzoserwa kuzera rehucheche, kusvikira pakuti anokanganwa zvose zvaaiziva. Uye unoona nyika (ivhu) yakaoma, asi tikaita kuti mvura ive inonaya pairo, inodzoswa kuhupenyu, uye yokura, uye yobuditsa mbeu yese yakanaka...} [Al-Hajj:5]. Nokudaro Allah vakataura muvhes iyi humbowo hutatu hunobva mupfungwa hunoratidza kumutswa kwevakafa, hunova uhwu:

1- Kuti zvirokwazvo munhu, Allah vakamusika kekutanga kubva muvhu, uye avo vakamusika kubva muvhu vane masimba ekumudzorera kuhupenyu apo anenge ava ivhu.

2- Kuti uyo akasika munhu kubva padonhwe rembeu anokwanisa kudzorera munhu kuhupenyu mushure pekufa kwake.

3- Kuti uyo anomutsa nyika nemvura pashure pokufa kwayo anokwanisa kumutsa vanhu pashure pokufa kwavo, uye mundima iyi mune humbowo hukuru hwekushamisa kweQur'an. Saka ndima iyi yakaunganidza sei – uye haina kureba – humbowo hutatu hwenjere hunoshamisa panyaya huru.

Uye Mwari vekumusoro-soro vakati:

﴿يَوْمَ نَطْوِي السَّمَاءَ كَطَيِّ السِّجِلِّ لِلْكُتُبِ كَمَا بَدَأْنَا أَوَّلَ خَلْقٍ نُعِيدُهُ وَعَدًا عَلَيْنَا إِنَّا كُنَّا فَاعِلِينَ﴾

{Uye (rangarirai) zuva iro tichapeta denga semapetero anoitwa mabhuku. Sematangiro

atakaita chisikwa chekutanga tichazvidzokorodza. Ichi chivimbiso chechokwadi kwatiri. Zvirokwazvo, tichazviita...} [Al-Ambiyaa:104]. Uye Mwari vekumusoro-soro vakati:

﴿وَضَرَبَ لَنَا مَثَلًا وَنَسِيَ خَلْقَهُ قَالَ مَنْ يُحْيِي الْعِظَامَ وَهِيَ رَمِيمٌ ﴿78﴾ قُلْ يُحْيِيهَا الَّذِي أَنْشَأَهَا أَوَّلَ مَرَّةٍ وَهُوَ بِكُلِّ خَلْقٍ عَلِيمٌ {

{Anotipa muenzaniso achikanganwa kusikwa kwake. Anoti, 'Ndiani angamutsazve mapfupa aya kana aora zvachose?' 78}

{Iti (Iwe Muhammad): "Achapihwa hupenyu (mapfupa) neavo vakaasika pakutanga! Uye vane ruzivo pamusoro pezvisikwa zvose...} [Ya-Sin:78 - 79]. Uye Mwari vekumusoro-soro vakati:

﴿ءَأَنْتُمْ أَشَدُّ خَلْقًا أَمِ السَّمَاءُ بَنَاهَا ﴿27﴾ رَفَعَ سَمَكَهَا فَسَوَّلَهَا ﴿28﴾ وَأَعْطَشَ لَيْلَهَا وَأَخْرَجَ ضُحَاهَا ﴿29﴾ وَالْأَرْضَ بَعْدَ ذَلِكَ دَحَلَهَا ﴿30﴾ أَخْرَجَ مِنْهَا مَاءَهَا وَمَرْعَاهَا ﴿31﴾ وَالْجِبَالَ أَرْسَلَهَا ﴿32﴾ {

{Ko imi munonetsa kusika here, kana kuti denga ravakavaka ...27}

{Vakasimudza denga rayo ndokurienzanisa ...28}

{Husiku hwaro vakahufukidza nerima, uye vakaburitsamo chiedza ... 29}

{Uye mushure mezvo ndokubva vatambanudza nyika... 30}

{Vakaunza kubvamo mvura nemafuro ...31}

{Uye nemakomo, vakaaaisa zvakasimba... 32} [An-Naziat:27-32]. Saka ivo vechokwadi vakajekesa kuti kusikwa kwemunhu hakuna kuoma

kudarika kusikwa kwedenga nenyika nezvese zviri mazviri, saka uyo anokwanisa kusika matenga nenyika haangatadzi kudzorera (kusika) munhu kechipiri.

13- Allah vanorumbidzwa vekumusoro-soro vakasika Adhamu kubva muvhu ndokuita kuti vana vake vawande shure kwake, saka vanhu vese pamavambo avo vakaenzana, uye hapana rudzi rwuri nani pane rumwe rudzi, kana dzinza riri nani pane rimwe dzinza, kunze kwepakutya Mwari.

Allah vanorumbidzwa vari kumusoro-soro vakasika Adhamu kubva muvhu uye vakaita kuti zvizvarwa zvake zviwande mushure make. Saka vanhu vese pakusikwa kwavo vakaenzana, uye hapana hukuru hwerudzi rumwe pamusoro perumwe, kana hwedzinza rimwe pamusoro perimwe, kunze kwekutya Allah. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنَّا خَلَقْنَاكُمْ مِنْ ذَكَرٍ وَأُنْثَىٰ وَجَعَلْنَاكُمْ شُعُوبًا وَقَبَائِلَ لِتَعَارَفُوا إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِنْدَ اللَّهِ أَتْقَاكُمْ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ خَبِيرٌ ۝﴾

{ Imi vanhu! Takakusikai kubva kumunhurume nemunhukadzi, uye tikakuitai marudzi nemhuri dzakasiyana-siyana kuti mugozivana. Zvirokwazvo, uyo anoremekedzeka pakati penyu pamberi paAllah ndeuyo anovatya zvakanyanya pakati

penyu. Zvirokwazvo, Allah ndivo vanoziva zvose...}
[Al-Hujurat:13] Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَاللَّهُ خَلَقَكُمْ مِنْ تُرَابٍ ثُمَّ مِنْ نُطْفَةٍ ثُمَّ جَعَلَكُمْ أَرْوَاجًا وَمَا تَحْمِلُ مِنْ أُنْثَى وَلَا تَضَعُ إِلَّا بِعِلْمِهِ وَمَا يُعَمَّرُ مِنْ مُعَمَّرٍ وَلَا يَنْقُصُ مِنْ عُمرَةٍ إِلَّا فِي كِتَابٍ إِنَّ ذَلِكَ عَلَى اللَّهِ يَسِيرٌ﴾

{Uye Allah vakakusikai kubva muvhu, uye kubva mumvura yemurume nemukadzi yakasangana (nutfah), uye vakakuisai muhuviri (murume nemukadzi). Hapana mukadzi anozvitakura kana kuzvara mwana kusiya kwekuti ivo vanenge vachizviziva. Hapana kana munhu anowedzerwa (pamakore) kana kudimburiwa hupenyu hwake kunze kwekuti zvinenge zvakanyorwa mugwaro, Zvirokwazvo, izvozvo pamberi pavo Allah zvinhu zviri nyore...} [Faati:11]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿هُوَ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ تُرَابٍ ثُمَّ مِنْ نُطْفَةٍ ثُمَّ مِنْ عَلَقَةٍ ثُمَّ يُخْرِجُكُمْ طِفْلًا ثُمَّ لِتَبْلُغُوا أَشُدَّكُمْ ثُمَّ لِتَكُونُوا شُيُوخًا وَمِنْكُمْ مَنْ يَتَوَفَّى مِنْ قَبْلٍ وَلِتَبْلُغُوا أَجَلًا مُّسَمًّى وَلَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ﴾

{Ndivo (Allah) vakakusikai kubva muvhu, pedzezvo kubva kumbeu yababa naamai dzakasanganiswa (Nutfah), pedzezvo kubva pagoda reropa, pedzezvo vakakuunzai panyika muri vacheche, pedzezvo vanokuitai kuti musvike zera rehujaya, uye mushure meizvozvo kukwegura (kuchembera), kunyange vamwe venyu vachifa mumashure, uye kuti mova munosvika nguva yakatarwa, uye kuti mungave munonzwisisa...}

[Ghafir:67]. Uye Allah vekumusoro-soro vakataura vachijekesa kuti ndivo vakasika Mesiya nemurairo wechisiko sekusika kwavakaita Adhamu kubva muguruva nemurairo wechisiko. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿إِنَّ مَثَلَ عِيسَىٰ عِنْدَ اللَّهِ كَمَثَلِ آدَمَ خَلَقَهُ مِنْ تُرَابٍ ثُمَّ قَالَ لَهُ كُنْ فَيَكُونُ﴾

{Zvirokwazvo, muenzaniso waJesu kuna Allah (Mwari) wakaita semuenzaniso waAdhamu. Vakamusika kubva muvhu, ndokubva vati kwaari: "Iva," ndokubva ava.} [Aal Imran:59]. Ndakambotaura mundima nhamba (2) kuti Muporofita, rugare ngaruve kwaari, akajekesa kuti vanhu vakaenzana uye hapana ane hukuru pamusoro pomumwe kunze kwekutya Mwari.

14- Uye mwana wese anozvarwa ari mumamiriro echisikirwo.

Uye mwana wese anozvarwa ari pachisikirwo chakachena Mwarivekumusoro-soro vakati:

﴿فَأَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ حَنِيفًا فِطْرَتَ اللَّهِ الَّتِي فَطَرَ النَّاسَ عَلَيْهَا لَا تَبْدِيلَ لِخَلْقِ اللَّهِ ذَلِكَ الدِّينُ الْقَيِّمُ وَلَكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ﴾

{Saka ruramisa chiso chako kuchitendero wakatwasanuka, chisikirwo chaAllah icho chavakasikira vanhu pachiri. Hakuna kushandurwa pakusika kwaAllah. Ichochi ndicho chitendero chakatwasanuka, asi ruzhinji rwevanhu haruzivi.} [Ar-Rum: 30]. Uye Hanifiyyah ndicho chitendero chaIbrahim shamwari yaAllah(Al-Khalil), rugare ngaruve kwaari. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿ثُمَّ أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ أَنْ اتَّبِعْ مِلَّةَ إِبْرَاهِيمَ حَنِيفًا وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِينَ﴾

{Zvadaro, Isu takazarura kwaUri (iwe Muhammad), (zvekuti): “Tevera nzira yaIbrahim (ari pachitendero chechokwadi), uye aive asiri mumwe weavo vanosanganisa Allah nevamwe vanamwari.”} [An-Nahl:123]. Uye Mutumwa waAllah (Allah ndavamuropafadze uye vamupe rugare), akati:

«مَا مِنْ مَوْلُودٍ إِلَّا يُولَدُ عَلَى الْفِطْرَةِ فَأَبَوَاهُ يُهَوِّدَانِهِ أَوْ يُنَصِّرَانِهِ أَوْ يُمَجِّسَانِهِ كَمَا تُنْتَجُ الْبَهِيمَةُ بَهِيمَةً جَمْعَاءَ هَلْ تُحْسِنُونَ فِيهَا مِنْ جَذَاءٍ»

«Hapana mwana anozvarwa kunze kwekunge azvarwa ari pafitrah (hunhu hwekusikwa naAllah hwekugamuchira chokwadi, asi vabereki vake vanomuita muJudha, kana muKristu, kana muMajia, sezvinongoita mhuka inobereka mhuka yakakwana (isina hurema), munoona chero chakachekwa pairi here?» Abu Hurairah, Allah ngaafadzwe naye, akaba ati:

﴿فَطَرَتِ اللَّهُ النَّاسَ فِطْرًا عَلَىهَا لَا تَبْدِيلَ لَخَلْقِ اللَّهِ ذَلِكَ الدِّينُ الْقَيِّمُ وَلَكِنْ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ﴾

{Ichi ndicho chisikirwo chaAllah icho chavakasika vanhu nacho. Hakuna kushandurwa mukusika kwaAllah, Ichocho ndicho chitendero chakarurama, asi vanhu vazhinji havazivi.} [Ar-Rum: 30] Sahih al-Bukhari 4775. Uye Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero zvaAllah ngazvive pavari) vakati:

«أَلَا إِنَّ رَبِّي أَمَرَنِي أَنْ أَعْلَمَكُمْ مَا جَهِلْتُمْ مِمَّا عَلَّمَنِي يَوْمِي هَذَا كُلُّ مَالٍ نَحَلُّهُ عَبْدًا خَلَالٌ وَإِنِّي خَلَقْتُ عِبَادِي خُنَفَاءَ كُلُّهُمْ وَإِنَّهُمْ السَّيَاطِينُ فَاجْنَأَلَتْهُمْ عَنْ دِينِهِمْ وَحَرَمْتُ عَلَيْهِمْ مَا أَحَلَّلْتُ لَهُمْ وَأَمَرْتُهُمْ أَنْ يُشْرِكُوا بِي مَا لَمْ أَنْزِلْ بِهِ سُلْطَانًا»

«Tarirai, zvirokwarzvo Ishe vangu vakandirayira kuti ndikudzidzisei zvamusingazivi kubva pane zvavandidzidzisa nhasi uno: Pfuma yose yandakapa muranda inotenderwa. Uye zvirokwarzvo ndakasika varanda vangu vose vari pachokwadi, uye zvirokwarzvo madhiyabhorosi akauya kwavari ndokuvatsausa kubva kuchitendero chavo, ndokuvarambidza zvandakanga ndavabvumidza kuti vazviite, uye ndokuvarayira kuti vandisanganise nezvimwe zvinhu zvandisina kuburitsira humbowo.» Yakarondedzerwa naMuslim 2865.

15- Uye hapana munhu anozvarwa aine chivi kana kugara nhaka yechivi chomumwe:

Hapana munhu anozvarwa ari mutadzi kana kugara nhaka yechivi chemumwe munhu, uye Allah vekumusoro-soro vakatiudza kuti apo Adhamu, rugare ngaruve kwaari, paakatyora murairo waMwari uye iye nemukadzi wake Evha vakadya (muchero) wemuti, akazvidemba, akatendeuka, ndokukumbira ruregerero kubva kuna Allah. Saka Allah akamufemera kuti ataure mashoko akanaka, uye akaataura. Naizvozvo Allah vakagamuchira kutendeuka kwavo. Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَقُلْنَا يَا آدَمُ اسْكُنْ أَنْتَ وَزَوْجُكَ الْجَنَّةَ وَكُلَا مِنْهَا رَغَدًا حَيْثُ شِئْتُمَا وَلَا تَقْرَبَا هَذِهِ الشَّجَرَةَ فَتَكُونَا مِنَ الظَّالِمِينَ ﴿35﴾ فَأَزَلَّهُمَا الشَّيْطَانُ عَنْهَا فَأَخْرَجَهُمَا مِمَّا كَانَا فِيهِ وَقُلْنَا اهْبِطُوا بَعْضُكُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ وَلَكُمْ فِي الْأَرْضِ مُسْتَقَرٌّ وَمَتَاعٌ إِلَى حِينٍ ﴿36﴾ فَتَلَقَّى آدَمُ مِنْ رَبِّهِ كَلِمَاتٍ فَتَابَ عَلَيْهِ إِنَّهُ هُوَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ ﴿37﴾ قُلْنَا اهْبِطُوا مِنْهَا جَمِيعًا فَإِمَّا يَأْتِيَنَّكُمْ مِنِّي هُدًى فَمَنْ تَبَعَ هُدَايَ فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿38﴾}

{Uye tikati, "Iwe Adhamu! Iva unogara nemukadzi wako muparadhiso, uye mova munodya mose (michero) makasununguka muine mufaro imomo, zvole zvemo nemadiro enyu, asi musava munosvika pedyo nemuti uyu, uye mukadaro muchava vatadzi ... 35}

{Uye Dhiyabhorosi akaita kuti mutsauke mugwara vari imomo (muParadhiso), akakonzera kubuda kwavo kubva mavakange vari. Takati: "Dzikai pasi, mose, muneruvengo pakati penyu. Nyika ichava nzvimbo yenyu yekugara uye yekufara kwekanguvana ... 36}

{Nokudaro Adhamu akagamuchira mashoko kubva kuna Tenzi vake, uye Tenzi vake vakamuregerera (vakatambira kureurura kwake). Zvirokwazvo, ndivo vega (Allah) vane ruregerero rukuru, vane tsitsi dzose (nenyasha zhinji) ... 37}

{Takati: "Dzikai pasi mose kubva munzvimbo ino (Paradhiso). Zvino kana nhungamiro ikauya kwamuri ichibva kwandiri, ani naani anotevera nhungamiro yangu haazovi nekutya, uye havazosuwi."... 38} [Al-Baqarah:35-38]. Uye sezvo Allah vakagashira kutendeuka kwaAdhamu

(runyararo ngaruve kwaari), haana kuzoramba akatakura chitadzo, naizvozvo vana vake havagari nhaka yechitadzo chakadzimwa nekutendeuka. Nheyo huru muIslam ndeyekuti munhu haatakuri mutoro wezvivi zvemumwe. Allah vekumusoro-soro vakatti:

{وَلَا تَكْسِبُ كُلُّ نَفْسٍ إِلَّا عَلَيْهَا ۚ وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَى ۚ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُم مَّرْجِعُكُمْ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ }

{Munhu wese anongotakura mhedzisiro yezvaanoita iye pachake, uye hapana anotakura mutoro wezvivi zvemumwe. Mushure mezvo, mose muchadzokera kuna Tenzi wenyu, uye vachakuudzai chokwadi pamusoro pezvinhu zvamaipokana nazvo.....} [Al-An'am:164].

Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{مَنْ أَهْتَدَىٰ فَأِنَّمَا يَهْتَدِي لِنَفْسِهِ ۖ وَمَنْ ضَلَّٰ فَأِنَّمَا يَضِلُّ عَلَيْهَا ۚ وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ۚ وَمَا كُنَّا مُعَذِّبِينَ حَتَّىٰ تَبْعَثَ رَسُولًا }

{Wese anozvitungamirira, zvirokwazvo anozvitungamirira kuti abatsirike iye pachezvake, Uye wese anorasika, zvirokwazvo anozvirasisa iye pachake. Hapana munhu anotakura zvivi zvemumwe, Uye hatirangi vanhu kusvikira tatumira mutumwa...} [Al-Isra:15]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ۚ وَإِن تَدْعُ مُثْقَلَةٌ إِلَىٰ جِمْلَتِهَا لَا يُحْمَلْ مِنْهُ شَيْءٌ وَلَوْ كَانَ ذَا قُرْبَىٰ ۚ إِنَّمَا تُنذِرُ الَّذِينَ يَخْشَوْنَ رَبَّهُم بِالْغَيْبِ وَأَقَامُوا الصَّلَاةَ ۚ وَمَن تَزَكَّىٰ فَإِنَّمَا يَتَزَكَّىٰ لِنَفْسِهِ ۚ وَإِلَى اللَّهِ الْمَصِيرُ }

{Uye hapana kana munhu achatakura mutoro wemumwe. Uye kana ane mutoro wezvivi akakumbira kuti abatsirwe kuitakura, hapana angamutakurire, kunyange ari hama yake yepedyo. Zvirokwazvo, unokwanisa (iwe Muhammad) kuyambira avo vanotya Tenzi wavo vasingaoneki uye vanoita munamato, uye uyo anozvichenura (kubva kuzvitadzo), anenge achizvichenura nekuzvibatsira pachake. Uye zvirokwazvo kuna Allah ndiko kwatichadzokera ...} [Faatwir:18].

16- Uye chinangwa chekusikwa kwevanhu ndeichi: kunamata Allah voga:

Uye chinangwa chekusika vanhu ndeichi: kunamata Allah voga. Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَمَا خَلَقْتُ الْجِنَّ وَالْإِنْسَ إِلَّا لِيَعْبُدُونِ}

{Uye handina kusika maJinn nevanhu kunze kwekuti vandinamate} [Adh-Dhaariyaat:56].

17- Islam yakakudza munhu— murumenemukadzi—uye yakamupa kodzero dzake dzose. Inoitawo kuti munhu wese ave nemuturo wezvisarudzo zvake, mabasa ake, nezviito zvake, uye inomuita kuti azvidavirire pane chero chinhu

chaanoita chinokuvadza iye pachake kana kukuvadza vamwe.

Islam yakakudza munhu—murume nemukadzi. Allah vekumusoro-soro vakasika munhu kuti ave mumiriri wavo(muchengeti uye anotarisisira) panyika. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَإِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلِكَةِ إِنِّي جَاعِلٌ فِي الْأَرْضِ خَلِيفَةً﴾

{Uye (rangarira) apo Tenzi vako vakataura kungirozi dzavo vachiti: "Zvirokwazvo, ndichava ndinoisa mumiriri panyika ...} [Al-Baqarah:30].

Uye rukudzo urwu runosanganisira vana vese vaAdhamu. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَلَقَدْ كَرَّمْنَا بَنِي آدَمَ وَحَمَلْنَاهُمْ فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ وَرَزَقْنَاهُمْ مِنَ الطَّيِّبَاتِ وَفَضَّلْنَاهُمْ عَلَى كَثِيرٍ مِمَّنْ خَلَقْنَا تَفْضِيلًا﴾

{Uye zvirokwazvo takaremekedza vana vaAdhamu, uye tinovatakura panyika nemugungwa, uye tinovapa zvinhu zvakanaka, uye takavaisa pamusoro pezhinji zvatakasika...} [Al-Isra:70]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿لَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنْسَانَ فِي أَحْسَنِ تَقْوِيمٍ﴾

{Chokwadi takasika munhu aine chimiro chakanaka ...} [At-Tin:4].

Uye Allah vakarambidza munhu kuti azviite muteveri anozvininipisa kune chinonamatwa, kana chinoteverwa, kana chinoteererwa kunze kwaAllah. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَمِنَ النَّاسِ مَن يَتَّخِذُ مِن دُونِ اللَّهِ أَندَادًا يُحِبُّونَهُمْ كَحُبِّ اللَّهِ وَالَّذِينَ ءَامَنُوا أَشَدُّ حُبًّا لِلَّهِ وَلَوْ يَرَى الَّذِينَ ظَلَمُوا إِذْ يَرْوْنَ الْعَذَابَ أَنَّ الْقُوَّةَ لِلَّهِ جَمِيعًا وَأَنَّ اللَّهَ شَدِيدُ الْعَذَابِ . إِذْ تَبَرَأَ الَّذِينَ اتَّبَعُوا مِنَ الَّذِينَ اتَّبَعُوا مِن اللَّهِ عَنَّا وَرَأَوْا الْعَذَابَ وَتَقَطَّعَتْ بِهِمُ الْأَسْبَابُ﴾

{Uye pakati pevanhu pane avo vanotora vamwe kunze kwaAllah sevamwe vakaenzana navo, vachivada sekuda kwavanoita Allah. Asi avo vanotenda vane rudo rwakanyanya kuna Allah. Uye dai avo vanoita zvisakarurama vaikwanisa kuona pavanenge vachiona murango, kuti simba rese nderaAllah, uye kuti Allah vane murango wakaomarara. Apo avo vaiteverwa vachazviparadzanisa kubva kune avo vaivatevera, uye vachaona murango, uye hukama hwese pakati pavo huchadambuka.} [Al-Baqarah: 165 166]. Uye Allah vekumusoro-soro vakataura vachitsanangura mamiriro evateveri nevanoteverwa munhema pazuva rekutongwa:

﴿قَالَ الَّذِينَ اسْتَكْبَرُوا لِلَّذِينَ اسْتَضَعِفُوا أَنَحْنُ صَدَدْنَاكُمْ عَنِ الْهُدَىٰ بَعْدَ إِذْ جَاءَكُمْ بِلَ كُنْتُمْ مُجْرِمِينَ {32}﴾ وَقَالَ الَّذِينَ اسْتَضَعِفُوا لِلَّذِينَ اسْتَكْبَرُوا بَلْ مَكْرُ اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ إِذْ تَأْمُرُونَنَا أَنْ نَكْفُرَ بِاللَّهِ وَنَجْعَلَ لَهُ أَندَادًا وَأَسْرُوا الدَّامَةَ لَمَّا رَأَوْا الْعَذَابَ وَجَعَلْنَا أَلَا غَلًّا فِي أَغْنَاقِ الَّذِينَ كَفَرُوا هَلْ يَجْزُونَ إِلَّا مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ {33}

{Avo vakazvitutumadza vakataura kune avo vaive vasina simba vachiti: “Asi isu ndisu here takakudzivisai kubva kunhungamiro mushure mekunge yasvika kwamuri? Kwete, asi kuti maive vatadzi.” 32}

{Uye avo vakange vasina masimba vachataura kune avo vaizvitutumadza vachiti: "Kwete, asi kwaiva kuronga kwenyu kwehusiku nemasikati, apo makatiraira kusatenda muna Allah uye kuti timuise pamwechete nevamwe anamwari," Uye vachaviga kudemba kwavo (nekusateerera kwavo Mwari panyika) apo vachaona marwadzo. Uye tichasunga ngetani dzesimbi pamitsipa yevaya vakanga vasingatendi. Ko vacharipwa nechimwe chinhu here kunze kwezvavaiita?. 33} [Saba:32 - 33].

Uye mukukwana kweruenzaniso rwaAllah vanorumbidzwa uye vekumusoro-soro, pazuva rekutongwa, ndechekuti vacharemedza vaparidzi nevatungamiri vanorasisa vanhu nezvivi zvavo pamwe chete nezvivi zveavo vavanorasisa vasina ruzivo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿لِيَحْمِلُوا أَوْزَارَهُمْ كَامِلَةً يَوْمَ الْقِيَمَةِ وَمِنْ أَوْرَارِ الَّذِينَ يُضِلُّونَهُمْ بِغَيْرِ عِلْمٍ أَلَا سَاءَ مَا يَزُرُونَ﴾

{Vachatakura mutoro wavo zvizere musi wekutongwa, uye nemutoro weavo vavakarasisavasina ruzivo. Zvirokwazvo, uipi ndeizvo zvavachatakura ...} [An-Nahl:25].

Uye Islam yakavimbisa munhu kodzero dzake dzakakwana panyika pano uye muhupenyu hunotevera, uye kodzero huru pane dzose dzakavimbiswa neIslam uye ikadzitsanangura

kuvanhu ndeidzi: kodzero yaAllah pamusoro pevanhu nekodzero yevanhu kuna Allah.

فَعَنْ مُعَاذٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: أَنَا رَدِيفُ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَقَالَ: «يَا مُعَاذُ» قُلْتُ: لَبَّيْكَ وَسَعْدَيْكَ ثُمَّ قَالَ مِثْلَهُ ثَلَاثًا: «هَلْ تَدْرِي مَا حَقُّ اللَّهِ عَلَى الْعِبَادِ» قُلْتُ: لَا قَالَ: «حَقُّ اللَّهِ عَلَى الْعِبَادِ أَنْ يَعْبُدُوهُ وَلَا يُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا» ثُمَّ سَارَ سَاعَةً فَقَالَ: «يَا مُعَاذُ» قُلْتُ: لَبَّيْكَ وَسَعْدَيْكَ قَالَ: "هَلْ تَدْرِي مَا حَقُّ الْعِبَادِ عَلَى اللَّهِ إِذَا فَعَلُوا ذَلِكَ: أَنْ لَا يُعَذِّبَهُمْ»

Mu'adh, Allah ngavafadzwe naye, akati: Ndaiva ndakatasva mhuka kumashure kweMuporofita (Allah ngavavakomborere nekumupa rugare), vakabva vati: «Iwe Mu'adh!» Ini Ndikati: "Ndiri pano ndiri kuteererai." Vakabva vataura zvakafanana neizvozvo katatu, vakazoti: «Unoziva here kuti kodzero yaAllah pavaranda vavo ndeipi?» Ndikati: "Kwete." Vakati: «Kodzero yaAllah pavaranda vavo ndeyekuti vavanamate uye vasamusanganise nechimwe chinhu zvacho pakunamata (Shirk).» Vakabva vaenderera mberi nerwendo kwenguva, vakazobva vati: «Iwe Mu'adh!» Ndikati: "Ndiri pano ndiri kuteererai." Vakati: "Unoziva here kuti kodzero yevaranda kuna Allah kana vakaita izvozvo ndeipi? Ndeyekuti havazovarangi.» Sahih al-Bukhari (6840).

Uye chitendero cheIslam chakachengetedzera munhu chitendero chake chechokwadi, vana zvake, nepfuma yake, uye nechiremera chake. Muporofita rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive pavari vakati:

«فَإِنَّ اللَّهَ حَرَّمَ عَلَيْكُمْ دِمَاءَكُمْ وَأَمْوَالَكُمْ وَأَعْرَاضَكُمْ كَحُرْمَةِ يَوْمِكُمْ هَذَا فِي شَهْرِكُمْ هَذَا فِي بَلَدِكُمْ هَذَا»

«Zvirokwazvo Allah varambidza kwamuri kudeura ropa renyu, nepfuma hwenyu, nechiremera chenyu, sezvakaita hutsvene wezuva renyu rino, mumwedzi wenyu uno, muguta renyu rino» Sahih al-Bukhari . (6501) Uye zvirokwazvo Mutumwa (rugare rwaMwari ngaruve kwaari) vakazivisa chibvumirano chikuru ichi paHajj yekuonekana, iyo yakapindwa nemaSwahaabah vanopfuura zviuru zana , uye vakadzokorora zvinoreva izvi nekuzvitsinhira paZuva reChibayiro muHajj yekuonekana.

Uye chitendero cheIslam chakaita kuti munhu azvidavirire pamusoro pesarudzo dzake dzese, mabasa ake nemaitiro ake. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَكُلَّ إِنْسَانٍ أَلْزَمْنَاهُ طَبْعَهُ فِي عُقُبَةٍ وَنُخْرِجُ لَهُ يَوْمَ الْقِيَمَةِ كِتَابًا يَلْقَاهُ مَنشُورًا أَوْ مُرْتَبَطًا كَفَىٰ بِنَفْسِكَ الْيَوْمَ عَلَيْكَ حَسِيبًا ۝﴾

{Uye takava tinosungirira mabasa emunhu wese pahuro yake, uye musi wekutongwa tichava tinoburitsa kwaari gwaro raachaona rakavhurwa. (Zvichanzi kwaari): "Verenga gwaro rako. Pachezvako wakakwana pakuzvibvunzurudza zuva nhasi...} [Al-Israa:13]. Zvinoreva kuti chero basa rakaitwa nemunhu, ringava rakanaka kana rakaipa, Allah (Mwari) vanorisungirira paari haripfuuri kuenda kune mumwe munhu, saka haatongerwi

mabasa emumwe munhu, uye mumwe munhu haatongerwi mabasa ake. Uye Allah vekumusoro-soro vakataura kuti:

﴿يَا أَيُّهَا الْإِنْسَانُ إِنَّكَ كَادِحٌ إِلَىٰ رَبِّكَ كَدْحًا فَمُلَاقِيهِ﴾

{Iwe munhu! Zvirokwazvo uchadzokera kuna Tenzi vako nemabasa ako (akanaka neakaipa) kudzokera kwechokwadi, uye uchasangana nawo (mabasa awaiita), ...} [Al-Inshiqaq:6]. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿مَنْ عَمِلَ صَالِحًا فَلِنَفْسِهِ وَمَنْ أَسَاءَ فَعَلَيْهَا وَمَا رَبُّكَ بِظَلَمٍ لِلْعَبِيدِ﴾

{Uyo anoita basa rakanaka, anenge azviitira iye pachake; uye uyo anoita zvakaipa, zvinenge zvakanangana naye. Uye Tenzi vako havasi mudzvinyiriri kuvaranda vavo...} [Fussilat:46]

Islam inoita kuti munhu ave nemutoro wechero chiito chinokuvadza iye pachake kana kukuvadza vamwe. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَمَنْ يَكْسِبْ إِثْمًا فَإِنَّمَا يَكْسِبُهُ عَلَىٰ نَفْسِهِ وَكَانَ اللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمًا﴾

{Uye ani naani anoita chivi, zvirokwazvo anenge azviitira iye pachake. Uye Allah ndivo Muzivi wezvose, vakachenjera kwazvo...} [An-Nisaa:111]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿مِنْ أَجْلِ ذَٰلِكَ كَتَبْنَا عَلَىٰ بَنِي إِسْرَءِيلَ أَنَّهُ مَن قَتَلَ نَفْسًا بِغَيْرِ نَفْسٍ أَوْ فَسَادٍ فِي الْأَرْضِ فَكَأَنَّمَا قَتَلَ النَّاسَ جَمِيعًا وَمَنْ أَحْيَاهَا فَكَأَنَّمَا أَحْيَا النَّاسَ جَمِيعًا﴾

{Nokuda kwaizvozvo, takava tinoraira vana valzirairi kuti munhu anenge auraya munhu kunze kwekuti murango wehumhondi, kana kukonzeresa zvakaipa munyika, zvinoita sokunge auraya vanhu

vese, uye uyo anoponesa munhu kuti ararama, zvinoita sekunge araramisa vanhu vose. [Al-Maaidah:32]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«لَا تُقْتَلُ نَفْسٌ ظُلْمًا إِلَّا كَانَتْ عَلَى ابْنِ آدَمَ الْأَوَّلِ كِفْلٌ مِنْ دَمِهَا لِأَنَّهُ كَانَ أَوَّلَ مَنْ سَنَّ الْقَتْلَ»

«Hakuna munhu anourayiwa zvisiri pamutemo kunze kwekuti mwanakomana wekutanga waAdamu anotakura chikamu chemhosva yeroparake, nokuti ndiye akatanga tsika yekuuraya.» Sahih Muslim (5150).

18- Islam yakaita kuti murume nemukadzi vave vakaenzana panyaya dzemabasa, dzekuve nemutoro, kupiwa mubairo nekurangwa.

Islam yakaita kuti varume nevakadzi vave vakaenzana panyaya dzemabasa, dzekuve nemutoro, kupiwa mubairo nekurangwa. Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَمَنْ يَعْمَلْ مِنَ الصَّالِحَاتِ مِنْ ذَكَرٍ أَوْ أَنْثَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَأُولَٰئِكَ يَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ وَلَا يُظْلَمُونَ نَقِيرًا}

{Uye uyo anoita mabasa akanaka, angava murume kana mukadzi uye iye ari mutendi (muhumwechete hwaAllah), vanhu vakadaro vachapinda kuParadhisu, uye havambodzvinzirirwe zvachose...} [An-Nisaa:124]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿ مَنْ عَمِلَ صَالِحًا مِّنْ ذَكَرٍ أَوْ أَنشَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَنُحْيِيَنَّهٗ حَيَوةً طَيِّبَةً وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ أَجْرَهُم بِأَحْسَنِ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴾

{ Ani naani anoita basa rakanaka, angave murume kana mukadzi, uye ari mutendi, zvirokwazvo tichamupa hupenyu hwakanaka; uye zvirokwazvo tichavapa mubairo wavo zvinoenderana nezvakanakisisa zvezvavaiita } [An-Nahl:97]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿ مَنْ عَمِلَ سَيِّئَةً فَلَا يُجْزَىٰ إِلَّا مِثْلَهَا وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَأُولَٰئِكَ يَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ يُرْزَقُونَ فِيهَا بِغَيْرِ حِسَابٍ ﴾

{Uyo anenge aita basa rakaipa, haapuhwe mumwe mubairo kunze kwewakafanana nezvaanenge aita, uye uyo anenge aita basa rakanaka, angave murume kana mukadzi uye ari mutendi wechokwadi, ivavo vachapinda muParadhiso umo mavachapihwa raramo isina magumo... } [Ghaafir:40]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿ إِنَّ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْقَنَاتِ وَالْقَنَاتِ وَالصَّادِقِينَ وَالصَّادِقَاتِ وَالصَّابِرِينَ وَالصَّابِرَاتِ وَالْخَاشِعِينَ وَالْخَاشِعَاتِ وَالْمُتَصَدِّقِينَ وَالْمُتَصَدِّقَاتِ وَالصَّائِمِينَ وَالصَّائِمَاتِ وَالْحَافِظِينَ فُرُوجَهُمْ وَالْحَافِظَاتِ وَالذَّاكِرِينَ اللَّهَ كَثِيرًا وَالذَّاكِرَاتِ أَعَدَّ اللَّهُ لَهُمْ مَغْفِرَةً وَأَجْرًا عَظِيمًا ﴾

{Zvirokwazvo, varume nevakadzi vechiMuslim, varume nevakadzi vanotenda, varume nevakadzi vanoteerera (Allah), varume nevakadzi vari pachokwadi, varume nevakadzi vanotsungirira, varume nevakadzi vanozvidzikisira (pamberi paTenzi wavo Allah), varume nevakadzi vanopa

zvipo, varume nevakadzi vanotsanya, varume nevakadzi vanochengetedza nhengo dzavo dzakavanzika (kubva kuhupombwe), varume nevakadzi vanorangerira Allah zvakanyanya, Allah vakavagadzirira ruregerero uye mubairo mukuru (Paradhiso) ...} [Al-Ahzaab:35].

**19- Chitendero cheIslam chakapa
ruremekedzo kumukadzi uye chakaona
vakadzi sevakaenzana nevarume, uye
chakasungira murume kuriritira kana
achikwanisa. Naizvozvo zvinosungirwa
kuna baba kuriritira mwanasikana wavo,
kumwana kuriritira amai vake kana abva
zera uye achikwanisa, uye kumurume
kuriritira mudzimai wake.**

Islam inoona vakadzi sevakaenzana nevarume. Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«إن النساء شقائق الرجال»

«Zvirokwazvo, vakadzi vakaenzana nevarume»
Yakarondedzerwa naAt-Tirmidhi 113.

Uye sechikamu cheruremekedzo rwechitendero cheIslam kuvakadzi, chakaita kuti zvive zvinosungirwa kumwana kuriritira amai vake kana achikwanisa. Mutumwa waAllah, rugare ngaruve kwaari, vakati:

«يَدُ الْمُعْطِي الْعُلْيَا أَمَّكَ وَأَبَاكَ وَأُخْتَكَ وَأَخَاكَ ثُمَّ أَدْنَاكَ أَدْنَاكَ»

«Ruoko rwemupi ndirwo rwepamusoro-soro; ipa amai vako, nababa vako, nehanzvadzi yako, namukoma wako, kozoti hama dzepedyo zvichienderana nekuve pedyo kwavo newe» Yakarondedzerwa naImam Ahmad Tsananguro yechinzvimbo chevabereki ichauya, kana Mwari achida, mundima nhamba (29).

Uye mukupa ruremekedzo kumudzimai muIslam, yakasungira murume kuti ariritire mudzimai wake kana achikwanisa. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿لِيُنْفِقَ ذُو سَعَةٍ مِّن سَعَتِهِ وَمَن قَدِرَ عَلَيْهِ رِزْقُهُ فَلْيُنْفِقْ مِمَّا آتَاهُ اللَّهُ لَا يُكَلِّفُ اللَّهُ نَفْسًا إِلَّا مَا آتَاهَا سَيَجْعَلُ اللَّهُ بَعْدَ عُسْرٍ يُسْرًا﴾

{Mupfumi ngaachengete zvichienderana nekuwana kwake, uye uyo anowana zvishoma ngaachengete nezvaakapihwa naAllah. Allah havaise mutoro pamunhu kudarika izvo zvavakamupa. Allah vachaunza rugare mushure mematambudziko...} [At-Talaaq:7].

وَسَأَلَ النَّبِيُّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ رَجُلًا: مَا حَقُّ الْمَرْأَةِ عَلَى الرَّوْجِ؟ قَالَ: «تُطْعِمُهَا إِذَا طَعِمْتَ وَتَكْسُوهَا إِذَا اكْتَسَيْتَ وَلَا تُضْرِبُ الْوَجْهَ وَلَا تُفَجِّحُ»

Mumwe murume akabvunza Muporofita, rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwavari kuti: Ndeipi kodzero yemukadzi pamurume wake? Akati: «Unomupa chikafu paunodya, uye unomupa zvipfeko paunozvipa zvipfeko, uye usamurova kumeso, uye usamutuka» Yakarondedzerwa

naImam Ahmad, Uye Mutumwa waAllah (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vachitsanangura dzimwe kodzero dzevakadzi kuvarume vavo vakati:

«وَلَهُنَّ عَلَيْكُمْ رِزْقُهُنَّ وَكِسْوَتُهُنَّ بِالْمَعْرُوفِ»

«Uye vane kodzero pamusoro penyu yekuwana zvokudya zvavo nenhumbi dzavo nenzira yakanaka» Sahih Muslim. Uye Muporofita, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«كَفَى بِالْمَرْءِ إِثْمًا أَنْ يُضَيِّعَ مَنْ يَثُوثُ»

«Zvinokwana kuva chitadzo kumunhu kuti aregeredze (kuriritira) avo vaanofanira kuriritira» Yakarondedzerwa naImam Ahmad Uye Al-Khattabi akati: (Mashoko ake ekuti: "uyo waanoriritira" anoreva uyo waanosungirwa kupa zvinodiwa pakurarama, uye zvinoreva sokunge ati kune anopa ruyamuro: 'Usapa ruyamuro nezvinhu zvisingazokusiya une zvinodiwa pakuriritira mhuri yako uchitsvaga mubairo nazvo; nokuti izvozvo zvinoshanduka kuva chitadzo kana iwe ukavaregedza').

Uye chimwe chikamu chekupa ruremekedzo kwelIslam kumukadzi ndechekuti yakaita kuti kuriritirwa kwemwanasikana kuve mutoro pana baba vake. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَالْوَالِدَتُ يُرْضَعْنَ حَوْلَ لَيْنِ كَامِلَيْنِ لِمَنْ أَرَادَ أَنْ يُنَمِّ الرِّضَاعَةَ وَعَلَى الْمَوْلُودِ لَهُ رِزْقُهُنَّ وَكِسْوَتُهُنَّ بِالْمَعْرُوفِ﴾

{Uye vanaamai ngavayamwise vana vavo kwemakore maviri akazara, kune avo vanoda kupedzisa nguva yekuyamwisa; uye baba vemwana vanofanira kuvapa chikafu chavo nezvipfeko zvavo zvakanaka.} [Al-Baqarah:233]. Saka Allah vakajekesa kuti ibasa rababa anozvarirwa mwana kudyisa mwana wake nekumupfekedza nenzira yakanaka. Uye pane shoko ravo Ivo vekumusoro-soro rekuti:

{ فَإِنْ أَرْضَعْنَ لَكُمْ فَآوْهُنَّ أَجُورَهُنَّ }

{Uye kana vakayamwisa vana venyu, vapei mugove wavo ...} [At-Talaaq:6]. Naizvozvo Allah vakaita kuti mubhadharo wekuyamwisa mwana uve wakasungira kuna baba; izvo zvinoratidza kuti kuriritirwa kwemwana kuri kuna baba, uye mwana anosanganisira mukomana nemusikana. Uye muHadith inotevera mune humbowo hwekuti zvinosungirwa kuti baba variritire mudzimai nevana vake. Aisha, Allah ngavafadzwe naye, akati: Hind akati kuna Muporofita, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari: “Zvirokwazvo Abu Sufyan murume anonyima, saka ndinofanira kutora kubva papfuma yake.” Ivo vakati:

«خُذِي مَا يَكْفِيكَ وَوَلَدَكَ بِالْمَعْرُوفِ»

«Tora zvinokukwanira iwe nevana vako nenzira yakanaka» Yakarondedzerwa naAl-Bukhari. Uye Muporofita anoremekedzwa akatsanangura

kunaka kwekuchengeta vanasikana nehanzvadzi. Naizvozvo, Mutumwa waAllah (rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwavari) vakati:

«مَنْ عَالَ ابْنَتَيْنِ أَوْ ثَلَاثَ بَنَاتٍ أَوْ أُخْتَيْنِ أَوْ ثَلَاثَ أَخَوَاتٍ حَتَّى يَبِينَ أَوْ يَمُوتَ عَنْهُنَّ كُنْتُ أَنَا وَهُوَ كَهَاتَيْنِ. وَأَشَارَ بِأَصْبُعَيْهِ السَّبَّابَةِ وَالْوُسْطَى»

"«Uyo anochengeta vanasikana vaviri kana vanasikana vatatu, kana hanzvadzi mbiri kana hanzvadzi nhatu, kudzamara vazvimirira kana kuti afa achivasiya, ini naiye tichava seizvi. Uye akanongedza neminwe yake miviri, munwe wekunongedza newepakati.»" As-Silsilah As-Sahihah 296.

**20- Uye rufu harusi kuparara
kwekusingaperi asi ndiko kutama kubva
panzvimbo yemabasa kuenda kunzvimbo
yemubairo. Uye rufu runobata muviri
nemweya. Uye rufu rwemweya ndiko
kupatsanurana kwawo nemuviri,
wozodzoka kwauri mushure mekumutswa
pazuva rekumutswa. Uye mweya
hautamiswi mushure merufu kuenda kune
mumwe muviri, uye hauumbwi patsva
mune mumwe muviri.**

Kufa hakusi kuparara kwekusingaperi. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ يَتَوَفَّاكُم مَّلَكُ الْمَوْتِ الَّذِي وُكِّلَ بِكُمْ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُمْ تُرْجَعُونَ﴾

{☉} Iti (iwe Muhammad): "Ngirozi yerufu, iyo yamakatarirwa, ichatora mweya yenyu. Zvadarwo, muchadzoserwa kuna Tenzi venyu."} [As-Sajdah:11]. Uye rufu runobata muviri nemweya. Uye rufu rwemweya kuparadzana kwawo nemuviri, wozodzokera kwauri mushure mekumutswa pazuva rekutongwa. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿اللَّهُ يَتَوَفَّى الْأَنفُسَ حِينَ مَوْتِهَا وَالَّتِي لَمْ تُمُتْ فِي مَنَامِهَا فَيُمْسِكُ الَّتِي قَضَىٰ عَلَيْهَا الْمَوْتَ وَيُرْسِلَ الْأُخْرَىٰ إِلَىٰ أَجَلٍ مُّسَمًّى إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ﴾

{NdiAllah vanatora mweya yevanhu panguva yerufu rwavo, uye vanotorawo mweya yavo pavanenge vakarara, (Allah) vanochengeta mweya yeavo vavakarongera (vavakatarira) rufu, uye vanosiya vamwe vose kusvikira panguva yakatarwa.Zvirokwazvo, mune izvi mune zviratidzo kuvanhu vanofunga zvakananyanya ...} [Az-Zumar:42]. Uye Mutumwa waAllah maropafadzo nemakomborero aAllah ngazvive pavari vakati:

﴿إِنَّ الرُّوحَ إِذَا قُبِضَ تَبِعَهُ الْبَصَرُ﴾

«Zvirokwazvo, kana mweya watorwa, maziso anoutevera.» Yakarondedzerwa naMuslim 920, Uye mushure merufu munhu anotama kubva kunzvimbo yemabasa kuenda kunzvimbo yemubairo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿إِلَيْهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيعًا وَعَدَ اللَّهُ حَقًّا إِنَّهُ يَبْدُوَ الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُ لِيَجْزِيَ الَّذِينَ ءَامَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ بِالْقِسْطِ وَالَّذِينَ كَفَرُوا لَهُمْ شَرَابٌ مِّنْ حَمِيمٍ وَعَذَابٌ أَلِيمٌ بِمَا كَانُوا يَكْفُرُونَ﴾

{Kwavari ivo ndiko kwamuchadzokera mose. Chivimbiso chaAllah ndechechokwadi. Zvirokwazvo, ndivo vakasika zvisikwa kekutanga, uye vachazvisika zvekare kuti vazopa mubairo neruramisiro kune avo vakatenda uye vanoita mabasa akanaka. Uye avo vasingatendi, vachawana chinwiwa chemvura inopisa zvikuru nechirango chinorwadza maererano nekusatenda kwavo.}

[Yunus:4].

Uye mweya hautamiri kune mumwe muviri mushure merufu, uye hauende kune imwe mhuka. Naizvozvo kutenda kuti mweya unoenda pane imwe mhuka hakuna humbowo kubva kupfungwa dzakanaka kana zvinobatika. Uye hapana humbowo hwakabva kumaporofita (rugare ngaruve pamusoro pavo) hunotsigira kutenda uku.

21- Chitendero cheIslam chinokurudzira kutenda munheyo huru dzekutenda, idzo dzinoti kutenda muna Allah, mungirozi dzavo, nekutenda mumabhuku ehuMwari akafanana neTorah, Vhangeri uye neZabur – asati ashandurwa – pamwe neQur'an, nekutenda muvaporofita vose nevatumwa vose, rugare ngaruve kwavari, uye kuti utende kune wekupedzisira wavo anova Muhammad mutumwa waAllah, ndiye wekupedzisira wemaporofita nevatumwa,

**nekutenda muzuva rekupedzisira. Uye
tinoziva kuti kana hupenyu hwepanyika
pano ndihwo hwaiva hwekupedzisira;
hupenyu nekuvapo zvingadai zviri zvisina
maturo zvachose, uye nekutenda mune
zvakatarwa naAllah (Qadar).**

Islam inodaidza (vanhu kuti) vatende munheyo huru dzekutenda, idzo maPorofita ose neVatumwa, (rugare ngarwuve kwavari), vakadaidzira kwadziri, dzinoti:

Yekutanga: Kutenda muna Allah saTenzi, Musiki, Mupi weRaramo, neMurongi wezvakasikwa izvi, uye kuti ndivo vega vakakodzera kunamatwa, uye kuti kunamatwa kwezvese zvisiri ivo, kunamata kwacho ndekwenhema, uye chose chinonamatwa kunze kwavo ndechenhema, saka kunamata hakukodzeri kunze kwekuna ivo, uye kunamata hakusi kwechokwadi kunze kwekuna ivo. Uye tsananguro yehumbowo hwenyaya iyi yakatsanangurwa kare mundima nhamba (8).

Uye Allah vanorumbidzwa, uye vekumusoro-soro vakataura nheyo huru idzi mundima zhinji dzakasiyana siyana muQur'an Huru. Pakati padzo pane shoko ravo rinoti:

﴿عَٰمَنَ الرَّسُولُ بِمَا أُنزِلَ إِلَيْهِ مِنْ رَبِّهِ وَالْمُؤْمِنُونَ كُلٌّ ءَامَنَ بِاللَّهِ وَمَلَكِهِ وَكُتُبِهِ
وَرُسُلِهِ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِنْ رُسُلِهِ وَقَالُوا سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ
الْمَصِيرُ﴾

{Mutumwa akatenda mune izvo zvakadzikiswa kwaari kubva kuna Tenzi vake, uye nevatendi (vakatenda). Mumwe nemumwe wavo akatenda muna Allah, nemungirozi dzavo, nemumabhuku avo, uye nemuvatumwa vavo. Hatisiyanisi pakati peumwe neumwe wevatumwa vavo. Uye vakati: ‘Tanzwa uye tateerera. Tinokumbira ruregerero rwenyu, Tenzi vedu, uye kwamuri ndiko kumagumo.’} [Al-Baqarah:285]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿لَيْسَ الْبِرَّ أَنْ تُوَلُّوا وُجُوهَكُمْ قِبَلَ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ وَلَكِنَّ الْبِرَّ مَنْ ءَامَنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَالْمَلَائِكَةِ وَالْكِتَابِ وَالنَّبِيِّينَ وَءَاتَى الْمَالَ عَلَى حُبِّهِ ذَوِي الْقُرْبَىٰ وَالْيَتَامَىٰ وَالْمَسْكِينِ وَأَبْنَ السَّبِيلِ وَالسَّائِلِينَ وَفِي الرِّقَابِ وَأَقَامَ الصَّلَاةَ وَءَاتَى الزَّكَاةَ وَالْمُوفُونَ بِعَهْدِهِمْ إِذَا عَاهَدُوا وَالصَّابِرِينَ فِي الْبَأْسَاءِ وَالضَّرَّاءِ وَحِينَ الْبَأْسِ أُولَئِكَ الَّذِينَ صَدَقُوا وَأُولَئِكَ هُمُ الْمُتَّقُونَ﴾

{Hakusi kururuma kana kunatsa (Al-birr) kuti munotendeutsa zviso zvenyu kutarisa kudivi rekumabvazuva kana kumadokero (pakunamata), asi chinonzi kururama (Al-birr) ndeuyo anotenda muna Allah, muzuva rekupedzisira, mungirozi, mumabhuku, mumaporofita, uye anopa hupfumi zvisinei nemadiro hwaanouita, kuhama dzepedyo, kunherera, uye kune varombo, kuvafambi venzira, uye kune avo vanokumbira rubatsiro, uye kusunungura nhapwa, uye kuita munamoto (Swalah), uye achipa zvipo kuvarombo (Zakaah), uye avo vanozadzikisa chibvumirano mushure mekubvumirana, uye avo vanotsungirira munguva yematambudziko, nemumarwadzo, uye munguva

yehondo. Ivavo ndivo vanhu vari pachokwadi, uye ivavo ndivo vatsvene...} [Al-Baqarah:177]. Uye Allah vekumusoro-soro vakadaidzira vanhu kuti vave vanotenda munheyo idzi, uye vakajekesa kuti uyo anoramba kutenda madziri zvirokwazvo anenge akarasika zvakanyanya. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا ءَامِنُوا بِاللّٰهِ وَرَسُولِهِ ؕ وَالْكِتَابِ الَّذِي نَزَّلَ عَلٰى رَسُولِهِ ؕ وَالْكِتَابِ الَّذِي اُنْزِلَ مِنْ قَبْلُ وَمَنْ يَكْفُرْ بِاللّٰهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلٰلًا بَعِيْدًا﴾

{ Imi makatenda, tendai muna Allah nemuna Mutumwa wavo, uye nemuBhuku iro ravakadzikisa kuna Mutumwa wavo, uye nemuBhuku iro ravakadzikisa kare. Uye ani naani anoramba kutenda muna Allah, nemungirozi dzavo, nemumabhuku avo, nemuvatumwa vavo, uye nezuva rekupedzisira, zvirokwazvo anenge akarasika, kurasika kuri kure .} [An-Nisaa :136]. Uye munhaurwa kubva kuna Umar bin al-Khattab, Allah (Mwari) ngavafare naye, akati:

﴿بَيْنَمَا نَحْنُ عِنْدَ رَسُولِ اللّٰهِ صَلَّى اللّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ذَاتَ يَوْمٍ اِذْ طَلَعَ عَلَيْنَا رَجُلٌ شَدِيْدٌ بَيَاضُ الثِّيَابِ شَدِيْدُ سَوَادِ الشَّعْرِ لَا يُرَى عَلَيْهِ اَثَرُ السَّفَرِ وَلَا يَعْرِفُهُ مِنَّا أَحَدٌ حَتّٰى جَلَسَ اِلَى النَّبِيِّ صَلَّى اللّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَاسْتَدْرَكَتْنِيْ اِلَى رُكْبَتَيْهِ وَوَضَعَ كَفَّيْهِ عَلٰى فَخْذَيْهِ وَقَالَ: يَا مُحَمَّدُ اَخْبِرْنِيْ عَنِ الْاِسْلَامِ فَقَالَ رَسُولُ اللّٰهِ صَلَّى اللّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: «الْاِسْلَامُ اَنْ تَشْهَدَ اَنْ لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ وَاَنْ مُحَمَّدًا رَّسُوْلُ اللّٰهِ صَلَّى اللّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَتُقِيْمَ الصَّلَاةَ وَتُوْتِيَ الزَّكَاةَ وَتَصُوْمَ رَمَضَانَ وَتَحَجَّ الْبَيْتِ اِنْ اسْتَطَعْتَ اِلَيْهِ سَبِيْلًا» قَالَ: صَدَقْتَ قَالَ: فَعَجَبْنَا لَهٗ يَسْأَلُهٗ وَيُصَدِّقُهٗ قَالَ: فَاَخْبِرْنِيْ عَنِ الْاِيْمَانِ قَالَ: «اَنْ تُؤْمِنَ بِاللّٰهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَتُؤْمِنَ بِالْقَدْرِ خَيْرِهٖ

وَشَرَّهٗ» قَالَ: صَدَّقْتُ قَالَ: فَأَخْبِرْنِي عَنِ الْإِحْسَانِ قَالَ: «أَنْ تَعْبُدَ اللَّهَ كَأَنَّكَ تَرَاهُ فَإِنْ لَمْ تَكُنْ تَرَاهُ فَإِنَّهُ يَرَاكَ»

(Patakange tiri naMutumwa waAllah (Allah ngavamukomborere nekumupa rugare) rimwe zuva, pakabva pauya kwatiri murume, aive akapfeka nguwo chena kwazvo, aine vhudzi dema kwazvo, pasingaonekwe paari zviratidzo zverwendo, uye pasina kana mumwe pakati pedu aimuziva, kusvikira agara pasi pedyo neMuporofita (Allah ngavamukomborere nekumupa rugare) ndokubatanidza mabvi ake pamabvi avo, ndokuisa zvanza zvake pazvidya zvake, ndokuti: "Iwe Muhammad! Ndiudze nezveIslam." Zvino Mutumwa waAllah (Allah ngavamukomborere nekuvapa rugare) vakati: «Islam ndiko: kupupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah uye kuti Muhammad Mutumwa waAllah (Allah ngavamukomborere nekumupa rugare), uye kuti uite munamoto (Swalaah), uye kuti upe chipo kuvarombo (Zakaah), uye kuti utsanye (mumwedzi we) Ramadhan, uye kuti ushanyire Imba yaAllah (Haji) kana uine zvikwanisiro.» Akati: "Wataura chokwadi." Akati: Zvino takashamiswa naye, kuti anomubvunza uye obva atsinhira kupindura kwake. Akati: "Chindiudza nezvekutenda?" Akati: «Kuva utende muna Allah, nengirozi dzavo, nemabhuku avo, nevatumwa vavo, nezuva rekupedzisira, uye kuti utende mukutara kwaAllah (Qadar) zvakanaka zvacho nezvakaipa zvacho.»

Akati: "Wataura chokwadi." Akati: "Chindiudza nezveIhsan?" Akati: «Kuti unamate Allah sekunge uri kuvaona, nokuti kana usingavaone, zvirokwasvo vanokuona.») Sahih Muslim 8. Saka muHadith iyi Jibril (rugare ngaruve kwaari) akauya kuna Mutumwa Muhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari) uye akavabvunza nezvematanho echitendero ayo anoti: Islam, kutenda, nekunatsa pamabasa. Mutumwa Muhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari) vakamupindura, mushure mezvo Mutumwa Muhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari) vakaudza vatevedzeri vavo (Allah ngavafadzwe navo) kuti uyu ndiJibril (rugare ngaruve kwaari) akange auya kwavari kuzovadzidzisa chitendero chavo. Naizvozvo iyi ndiyo Islam, shoko rehuMwari rakaunzwa naJibril (rugare ngaruve kwaari) uye rikasvitswa kuvanhu neMutumwa Muhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari), uye rakachengetedzwa nevatevedzeri vavo (Allah ngavafadzwe navo) vakarisvitsa kuvanhu mushure mavo.

Chechipiri: Kutenda mungirozi, idzo dzinova zvisikwa zvisingaonekwi zvakasikwa naAllah nechimiro chadzo, ndokudzipa mabasa makuru, uye akakosha. Uye pakati pemabasa adzo makuru kudarika ose kusvitsa mharidzo dzhumwari kuvatumwa nevaporofita, rugare ngaruve kwavari.

Uye ngirozi huru kudarika dzose ndiJibril, rugare ngaruve kwaari. Uye zvinoratidza kudzika kwaJibril, rugare ngaruve kwaari, nezaruriro kuvatumwa, rugare nemaropafadzo ngazvive kwavari, kutura kwavo ivo vekumusoro-soro kuti:

﴿يُنَزِّلُ الْمَلَائِكَةَ بِالرُّوحِ مِنْ أَمْرِهِ عَلَىٰ مَنْ يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ أَنْ أَنْذِرُوا أَنَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنَا فَاتَّقُونِ﴾

{Vanotumidzira ngirozi neRuh (Mashoko avo) nemurawo wavo kune wavada kubva kune varanda vavo (vachiti): "Yambirai (vanhu) kuti: Hapana ane kodzero yekunamatwa kunze kwangu, saka ndityei (nekusaita mabasa akaipa)...} [An-Nahl:2]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَإِنَّا لَنَنْزِيلُ رَبِّ الْعَالَمِينَ﴾ (192) ﴿نَزَلَ بِهِ الرُّوحُ الْأَمِينُ﴾ (193) ﴿عَلَىٰ قَلْبِكَ لِتَكُونَ مِنَ الْمُنْذِرِينَ﴾ (194) ﴿بِلِسَانٍ عَرَبِيٍّ مُبِينٍ﴾ (195) ﴿وَإِنَّهُ لَفِي زُبْرِ الْأَوَّلِينَ﴾ (196) {

{Uye zvirokwazvo iro rakadzikiswa naTenzi wezvisikwa zvese 192}

{Akadzika naro (Quran), Mweya wakatendeka (Jibril)193}

{Mumoyo mako (Iwe Muhammad rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) kuti ugoa muyambiri ...}

{Mururimi rwechiArab rwakajeka ...195}

{Uye zvirokwazvo, rakataurwa (Quran) mumagwaro (Torah ne Vhangeri) evanhu vekutanga ... 196} [Ash-Shu'araa:192-196].

Chechitatu: Kutenda mumaBhuku aAllah seTorah neInjil neZabur – asati ashandurwa – neQur'an, Allah Vekumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا ءَامِنُوا بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ ءَلَكْتُبِ الَّذِي نَزَّلَ عَلَى رَسُولِهِ ءَلَكْتُبِ الَّذِي أَنزَلَ مِن قَبْلُ وَمَن يَكْفُرْ بِاللَّهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ ءَلْيَوْمِ ءَآخِرِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَالًا بَعِيدًا﴾

{ Imi makatenda, tendai muna Allah nemutumwa wavo, nebhuku iro ravakadzikisa kumutumwa wavo, uye nebhuku iro ravakadzikisa kubva kare. Uye ani naani anoramba kutenda muna Allah, nemungirozi dzavo, nemumabhuku avo, nemuvatumwa vavo, uye nezuva rekupedzisira, zvirokwazvo anenge arasika kurasika kuri kure...} [An-Nisaa:136]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿نَزَّلَ عَلَيْكَ ءَلَكْتُبَ ءَلْحَقِّ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ ءَأَنزَلَ ءَلتَّوْرَةَ ءَوَٱلْإِنجِيلَ﴾ (3) ﴿مِن قَبْلُ هُدًى لِّلنَّاسِ ءَأَنزَلَ ءَلْفُرْقَٰنًۭا ۚ إِنَّ ءَلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِآيَاتِ ٱللَّهِ لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيدٌ ءَوَٱللَّهُ عَزِيزٌ ذُو ٱنتِقَامٍ﴾ (4)

{Vakadzikisa kwauri Gwaro nechokwadi, richitsigira izvo zvakaritangira, uye vakadzikisa Torah neInjil ... 3}

{Kare, sehungamiri kuvanhu, uye vakadzikisa chipatsanuro (chezvakanaka nezvakaipa). Zvirokwazvo, avo vasina kutenda mundima dzaAllah vachava nemurango chakaomarara. Uye Allah ndivo vane masimba ose, vane kutsiva. 4} [Aal-Imraan:3-4]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{ ءَامَنَ الرَّسُولُ بِمَا أُنْزِلَ إِلَيْهِ مِنْ رَبِّهِ وَالْمُؤْمِنُونَ كُلُّ ءَامِنٍ بِاللَّهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِنْ رُسُلِهِ وَقَالُوا سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ }

{Mutumwa akatenda mune izvo zvakadzikiswa kwaari kubva kuna Tenzi vake, uye nevatendi (vakatenda). Mumwe nemumwe wavo akatenda muna Allah, nemungirozi dzavo, nemumabhuku avo, uye nemuvatumwa vavo. Hatisiyanisi pakati peumwe neumwe wevatumwa vavo. Uye vakati: “Tanzwa uye tateerera. Tinokumbira ruregerero rwenyu, Tenzi vedu, uye kwamuri ndiko kune magumo.”} [Al-Baqarah:285]. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{ قُلْ ءَامَنَّا بِاللَّهِ وَمَا أُنْزِلَ عَلَيْنَا وَمَا أُنْزِلَ عَلَىٰ إِبْرَاهِيمَ وَإِسْمَاعِيلَ وَإِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَالْأَسْبَاطِ وَمَا أُوتِيَ مُوسَىٰ وَعِيسَىٰ وَالنَّبِيُّونَ مِنْ رَبِّهِمْ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِنْهُمْ وَنَحْنُ لَهُ مُسْلِمُونَ ٩٥ }

{Iti: “Tinotenda muna Allah uye mune izvo zvakadzikiswa kwatiri, uye izvo zvakadzikiswa kuna Abrahamu, naIshumaîri, naIsaka, naJakobho uye kumadzinza, uye kune izvo zvakapiwa Mosesi na Jesu, uye vaporofita vose kubva kuna Tenzi wavo. Hatisiyanisi pakati paani naani zvake wavo, uye isu takazvipira kwavari.” 95} [Al Imran:84]

Chechina: Kutenda muvaporofita nevatumwa vose, rugare ngarwuve pavari: naizvozvo, zvinosungirwa kutenda muvaporofita nevatumwa vose, rugare ngarwuve pavari, nekutenda kuti vose vatumwa vanobva kuna Allah vachisvitsa kumarudzi avo mharidzo dzaAllah, chitendero

chavo nemitemo yavo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿قُولُوا آمَنَّا بِاللَّهِ وَمَا أُنْزِلَ إِلَيْنَا وَمَا أُنْزِلَ إِلَىٰ إِبْرَاهِيمَ وَإِسْمَاعِيلَ وَإِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَالْأَسْبَاطِ وَمَا أُوتِيَ مُوسَىٰ وَعِيسَىٰ وَمَا أُوتِيَ النَّبِيُّونَ مِنْ رَبِّهِمْ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِنْهُمْ وَنَحْنُ لَهُ مُسْلِمُونَ﴾

{Itiyi: “Tinotenda muna Allah uye mune izvo zvakadzikiswa kwatiri, uye izvo zvakadzikiswa kuna Abrahamu, naIshumaîri, naIsaka, naJakobho uye kumadzinza, uye izvo zvakapiwa Mosesi na Jesu, uye izvo zvakapiwa vaporofita kubva kuna Tenzi wavo. Hatisiyanisi pakati paani nani zvake wavo, uye isu takazvipira kwavari.”...} [Al-Baqarah:136]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿آمَنَ الرَّسُولُ بِمَا أُنْزِلَ إِلَيْهِ مِنْ رَبِّهِ وَالْمُؤْمِنُونَ كُلٌّ آمَنَ بِاللَّهِ وَمَلَكُوتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِنْ رُسُلِهِ وَقَالُوا سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ﴾

{Mutumwa akatenda mune izvo zvakadzikiswa kwaari kubva kuna Tenzi vake, uye nevatendi (vakatenda). Mumwe nemumwe wavo akatenda muna Allah nemungirozi dzavo, nemumabhuku avo, uye nemuvatumba vavo. Hatisiyanisi pakati peumwe neumwe wevatumba vavo. Uye vakati: “Tanzwa uye tateerera. Tinokumbira ruregerero rwenyu, Tenzi vedu, uye kwamuri ndiko kune magumo.”} [Al-Baqarah:285]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ آمَنَّا بِاللَّهِ وَمَا أُنْزِلَ عَلَيْنَا وَمَا أُنْزِلَ عَلَىٰ إِبْرَاهِيمَ وَإِسْمَاعِيلَ وَإِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَالْأَسْبَاطِ وَمَا أُوتِيَ مُوسَىٰ وَعِيسَىٰ وَالنَّبِيُّونَ مِنْ رَبِّهِمْ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِنْهُمْ وَنَحْنُ لَهُ مُسْلِمُونَ﴾

{Iti: "Tinotenda muna Allah uye mune izvo zvakadzikiswa kwatiri, uye izvo zvakadzikiswa kuna Abrahamu, naIshumaîri, naIsaka, naJakobho uye kumadzinza, uye kune izvo zvakapiwa Mosesi na Jesu, uye vaporofita vose kubva kuna Tenzi wavo. Hatisiyanisi pakati paani naani zvake wavo, uye isu takazvipira kwavari." } [Aal-Imraan:84].

Uye kuti atende mune wekupedzisira wavo, uye ndiye Muhammad Mutumwa waAllah, wekupedzisira pavaporofita nevatumwa (makomborero nerugare rwaAllah ngazvive pavari). Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَإِذْ أَخَذَ اللَّهُ مِيثَاقَ النَّبِيِّينَ لَمَا آتَيْنَاكُمْ مِنْ كِتَابٍ وَحِكْمَةٍ ثُمَّ جَاءَكُمْ رَسُولٌ مُصَدِّقٌ لِمَا مَعَكُمْ لَتُؤْمِنُنَّ بِهِ وَلَتَنْصُرُنَّهُ قَالَ أَأَقْرَرْتُمْ وَأَخَذْتُمْ عَلَىٰ ذَٰلِكُمْ إِصْرِي قَالُوا أَقْرَرْنَا قَالَ فَاشْهَدُوا وَأَنَا مَعَكُمْ مِنَ الشَّاهِدِينَ﴾

{Uye (rangarirai) apo Allah vakatora chitsidzo kubva kumaporofita (vachiti): "Zvirokwazvo pamusoro pezvandakakupai kubva muGwaro nehungwaru, mushure mezvo Mutumwa akauya kwamuri achitsinhira izvo zvamuinazvo, munofanira kutenda maari uye nekumubatsira." Vakati: "Munobvuma here, uye magamuchira chitsidzo changu pane izvi here?" Vakati: "Tinobvuma." Vakati: "Saka ivai zvapupu, uye neni ndiri pamwe chete nemi muzvapupu."} [Aal Imran:81]

Nokudaro chitendero CheIslam chinosingira kutenda mumaporofita vese nemuvatumwa vose

zvavo, uye chinosingira kutenda kune wekupedzisira wavo, anova Mutumwa Muhammad (rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwaari). Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ يَا هَلْ أَكْتَبِ لَسْتُمْ عَلَى شَيْءٍ حَتَّى تُقِيمُوا التَّوْرَةَ وَالْإِنْجِيلَ وَمَا أُنْزِلَ إِلَيْكُمْ مِنْ رَبِّكُمْ﴾

{Iti (Iwe Muhammad): Imi vanhu vegwaro (maJudha nemaKristu!), Hapana chamuinacho (pakutungamirwa mugwara) kusvikira matevedzera zviri muTorah neInjil (Vhangeri), uye neizvo zvinodzikiswa pasi kwamuri kubva kuna Tenzi venyu (Quran) ...} [Al-Ma'idah:68]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ يَا هَلْ أَكْتَبِ تَعَالَوْ إِلَى كَلِمَةٍ سَوَاءٍ بَيْنَنَا وَبَيْنَكُمْ أَلَّا نَعْبُدَ إِلَّا اللَّهَ وَلَا نُشْرِكَ بِهِ شَيْئًا وَلَا يَتَّخِذَ بَعْضُنَا بَعْضًا أَرْبَابًا مِنْ دُونِ اللَّهِ فَإِنْ تَوَلَّوْا فَقُولُوا اشْهَدُوا بِأَنَّا مُسْلِمُونَ﴾

{Iti (Iwe Muhammad), imi vanhu veGwaro, huyai kumashoko akafanana pakati pedu nemi, kuti tisanamate vamwe kunze kwaAllah, uye kuti tisavasanganise pakunamata nechimwe chinhu, uye kuti hapana anofanira kutora mumwe saTenzi vake achisiya Allah. Kana vakafuratira (kuramba) taurai kuti: Pupurai kuti tiri maMuslim (vanoteerera Allah). [Al Imran:64].

Uye ani naani anoramba kutenda mumuporofita mumwe chete, anenge aramba kutenda mumaporofita nevatumwa vose, rugare ngaruve pavari. Naizvozvo, Allah vakataura vachizivisa

nezvemutongo wavo pamusoro pevanhu vaNuh, rugare ngaruve paari vakati:

{كَذَّبَتْ قَوْمُ نُوحٍ الْمُرْسَلِينَ}

{Vanhu vaNuh vakaramba vatumwa} [Ash-Shu'araa:105]. Zvinozivikanwa kuti Nuh, rugare ngaruve kwaari, haana kutangirwa nemutumwa, asi kunyange zvakadaro apo vanhu vake vakamuramba, kuramba kwavo uku kwavakamuita kwaiva kuramba maporofita ese nevatumwa; nekuti shoko ravo rimwechete uye chinangwa chavo chimwechete.

Chechishanu: Kutenda muZuva reKupedzisira, rinova Zuva reKutongwa. Uye kumagumo kwehupenyu hwepasi pano, Allah vacharaira Ngirozi Israfil, rugare ngaruve kwaari, achabva aridza hwamanda, uye vese vachanenge vachidiwa naAllah (kuti izvi zviitike kwavari) vachafenda vobva vafa. Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَنُفِخَ فِي الصُّورِ فَصَعِقَ مَنْ فِي السَّمَوَاتِ وَمَنْ فِي الْأَرْضِ إِلَّا مَنْ شَاءَ اللَّهُ ثُمَّ نُفِخَ فِيهِ أُخْرَىٰ فَإِذَا هُمْ قِيَامٌ يَنْظُرُونَ}

{Uye hwamanda icharidzwa, avo vose vari kumatenga nevari panyika vachafa, kunze kweavo Allah vanenge vada. Zvadaro icharidzwa zvakare, ipapo vachamira vakatarisa.} [Az-Zumar:68]. Uye kana vese vari kumatenga nevari panyika vaparara kunze kweavo Allah (vanoda, zvirokwazvo Allah vachapeta matenga nenyika sekutaura kwavo ivo vekumusoro-soro kuti:

﴿يَوْمَ تَطْوِي السَّمَاءَ كَطَيِّ السِّجْلِ لِلْكَتُبِ كَمَا بَدَأْنَا أَوَّلَ خَلْقٍ تُعِيدُهُ وَعَدًا عَلَيْنَا إِنَّا كُنَّا فَاعِلِينَ﴾

{Zuva ratichapeta denga sekupetwa kwegwaro rezvinyorwa, sematangirowa atakaita chisikwa chekutanga tichachidzokorodza. Ichi chivimbiso chiri kwatiri. Zvirokwazvo, isu tichazviita.} [Al-Anbiya:104]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَمَا قَدَرُوا اللَّهَ حَقَّ قَدْرِهِ وَالْأَرْضُ جَمِيعًا قَبْضَتُهُ يَوْمَ الْقِيَمَةِ وَالسَّمُوتُ مَطْوِيَّتٌ بِيَمِينِهِ سُبْحَنَهُ وَتَعَالَى عَمَّا يُشْرِكُونَ﴾

{Uye havana kupu Allah kodzero yavo yakakwana. Uye pazuva rekutongwa pasi rose richabatwa muruoko rwavo, uye matenga akapetwa ari muruoko rwavo rwerudyi. Kurumbidzwa ngakuve kwavari, uye vari pamusoro pezvavanovasanganisa nazvo...} [Az-Zumar:67]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

﴿يَطْوِي اللَّهُ عَزَّ وَجَلَّ السَّمَاوَاتِ يَوْمَ الْقِيَمَةِ ثُمَّ يَأْخُذُھُنَّ بِيَدِهِ الثُّمُنَى ثُمَّ يَقُولُ: أَنَا الْمَلِكُ أَتَيْنَ الْجَبَّارُونَ؟ أَتَيْنَ الْمُتَكَبِّرُونَ. ثُمَّ يَطْوِي الْأَرْضِينَ بِشِمَالِهِ ثُمَّ يَقُولُ: أَنَا الْمَلِكُ أَتَيْنَ الْجَبَّارُونَ؟ أَتَيْنَ الْمُتَكَبِّرُونَ؟﴾

«Allah (Samasimba neHukuru) vachapeta matenga pazuva rekutongwa, voatora neruoko rwavo rwerudyi, vobva vati: ‘Ini Ndini Mambo, vari kupi vadvanyiriri? vari kupi vanozvikudza?’ Vozopeta pasi rose muruoko rwavo rweruboshwe, vobva vati: ‘Ini ndini Mambo. Vari kupi vadvanyiriri? Vari kupi vanozvikudza?’» Yakarondedzerwa naMuslim.

Zvadaro Allah vacharaira ngirozi, yobva yaridza hwamanda zvakare, ivo (vanhu) vanobva vamuka vomira vachitarisa. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{ثُمَّ نُنَجِّ فِيهِ أُخْرَىٰ فَإِذَا هُمْ قِيَامٌ يَنْظُرُونَ}

{ Zvadaro panofuridzwa hwamanda zvakare, pakarepo vachabva vamira vachitarisa } [Az-Zumar:68]. Kana Allah vamutsa zvisikwa, vachavaunganidza kuti vatongwe. Allah vekumusoro-soro vakati:

{يَوْمَ تَشْقُقُ الْأَرْضُ عَنْهُمْ سِرَاعًا ذَلِكَ حَشْرٌ عَلَيْنَا يَسِيرٌ}

{Pazuva iro nyika ichatsemuka kubva pavari, vachabuda vachikurumidza. Uku ndiko kuchava kuunganidzwa kuri nyore kwatiri.} [Qaf:44]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{يَوْمَ هُمْ بَارِزُونَ لَا يَخْفَىٰ عَلَى اللَّهِ مِنْهُمْ شَيْءٌ لِّمَنِ الْمُلْكُ الْيَوْمَ لِلَّهِ الْوَاحِدِ الْقَهَّارِ}

{Zuva ravachabuda pachena, hapana chero chinhu kubva kwavari chinovanzika kuna Allah. Hushe ndehwaani nhasi? NdehwaAllah, Mumwechete, Mukundi wezvose.} [Ghafir:16]. Uye pazuva iri Allah vachatonga vanhu vese, uye vachatsiva kune wese akadzvinyirirwa kubva kune akamudzvinyirira, uye munhu wese achapiwa mubairo zvichienderana nezvaakaita. Allah vekumusoro-soro vakati:

{الْيَوْمَ تُجْزَىٰ كُلُّ نَفْسٍ بِمَا كَسَبَتْ لَا ظُلْمَ الْيَوْمَ إِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ}

{Nhasi munhu wose achapihwa mubairo kana murango maererano nezvaakaita. Hapana kudzvinyirirwa pazuva ranhasi. Zvirokwazvo, Allah vanokurumidza pakutonga.} [Ghafir:17]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿إِنَّ اللَّهَ لَا يَظْلِمُ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ وَإِنْ تَكَ حَسَنَةً يَّضْعِفْهَا وَيُؤْتِ مِنْ لَدُنْهُ أَجْرًا عَظِيمًا﴾

{Zvirokwazvo, Allah havadzvinyiriri kunyangwe nehuremu hwekanhu kadiki diki, asi kana chiri chakanaka (chakaitwa) vanochipeta kaviri, uye vanopa kubva kwavari mubairo mukuru ...} [An-Nisaa:40]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati: {Saka uyo anoita zvakanaka zvakaenzana nehuremu hwechinhu chidiki-diki, achazviona (7)}

﴿وَمَنْ يَعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ شَرًّا يَرَهُ﴾ (8)

{Uye uyo anoita zvakaipa zvine huremu hwekatsanga, achazviona. 8} [Al-Zalzalah:7 - 8]. Uye Mwari vekumusoro-soro vakati:

﴿وَنَصْعُ الْمَوَازِينَ الْقِسْطَ لِيَوْمِ الْقِيَمَةِ فَلَا تُظْلَمُ نَفْسٌ شَيْئًا وَإِنْ كَانَ مِثْقَالَ حَبَّةٍ مِنْ حَرْدَلٍ آتَيْنَا بِهَا وَكَفَى بِنَا حَاسِبِينَ﴾

{Uye tichaisa zvikero zvakarurama pazuva rekutongwa, saka hapana munhu achazodzvinyirirwa kana napadiki pose. Uye kunyangwe chiri chehuremu hwetsanga yemasitadhi, tichauya nacho. Tisu tinokwanisa kutonga.} [Maporofita:47].

Uye mushure mekumutswa kuvakafa nekubvunzwa pachazova nekupiwa kwemubairo kana murango, saka uyo akaita zvakanaka

achawana mufaro unogara zvachose usingaperi, uye uyo akaita zvakaipa nekusatenda achawana murango. Allah Vekumusoro-soro vakati:

{الْمَلِكُ يَوْمَئِذٍ يَحْكُمُ بَيْنَهُمْ فَأَلْذِينَ ءَامَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ فِي جَنَّاتِ النَّعِيمِ
{56} وَالَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا فَلَوْلِكَ لَهُمْ عَذَابٌ مُهِينٌ {57}}

{ Zuva iro hutongi huchava huri hwaAllah. Vachatonga pakati pavo. Saka avo vakatenda (muIslam) nekuita mabasa akanaka, vachapinda mumapindu emufaro (Paradhiso) ...}

{Uye avo vasina kutenda uye vakaramba zviratidzo zvedu, avo ndivo vane murango unodzokisira.} 57 [Al-Hajj:56-57]. Uye tinoziva kuti dai hupenyu huno hwepasi pano hwaiva ndiwo magumo; hupenyu nekuvapo zvaizova zvisina maturo zvachose. Allah vekumusoro-soro vakati :

{أَفَحَسِبْتُمْ أَنَّمَا خَلَقْنَاكُمْ عَبَثًا وَأَنَّكُمْ إِلَيْنَا لَا تُرْجَعُونَ }

{Saka munofunga here kuti takakusikai sedambe zvisina maturo, uye kuti kwatiri hamuzodzorwi here?} [Al-Mu‘minuun:115].

Chetanhatu: Kutenda mukutara nezvakatemerwa naAllah, zvinoreva kuti zvinosungirwa kutenda kuti Allah vanoziva zvese zvakaitika kare, nezviri kuitika, nezvichauya mune ramangwana munyika ino, uye kuti Allah vakanyora zvese izvozvo vasati vasika matenga nepasi. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَ عِنْدَهُ مَفَاتِيحُ الْغَيْبِ لَا يَعْلَمُهَا إِلَّا هُوَ وَيَعْلَمُ مَا فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ وَمَا تَسْقُطُ مِنْ وَرَقَةٍ إِلَّا يَعْلَمُهَا وَلَا حَبَّةٌ فِي ظِلْمَةٍ إِلَّا يَعْلَمُهَا وَلَا رَطْبٌ وَلَا يَابِسٌ إِلَّا فِي كِتَابٍ مُبِينٍ ﴾

{Uye kwavari ndiko kune svumbunuro dzezvose zvakavandika. Hapana kana ani anoziva nezvadzo kusara kwavo . Uye vanoziva zviri panyika uye nezviri mumvura. Uye hapana kana shizha rinodonha kusara kwekuti vanenge vachizviziva, Uye hapana kana mhodzi inenge iri murima nenyika kana zvimwe zvidyarwa zvinyoro kana zvakaoma, kunze kwekuti zvakanyorwa mubhuku riri pachena ...} [Al-An'aam:59]. Uye kuti zvirokwazvo Allah (Mwari) vanoziva zvinhu zvose zvizere. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿اللَّهُ الَّذِي خَلَقَ سَبْعَ سَمَوَاتٍ وَمِنَ الْأَرْضِ مِثْلَهُنَّ يَتَنَزَّلُ الْأَمْرُ بَيْنَهُنَّ لَعَلَّكُمْ أَنْ اللَّهَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ وَأَنَّ اللَّهَ قَدْ أَحَاطَ بِكُلِّ شَيْءٍ عِلْمًا﴾

{Allah ndivo vakasika matenga manomwe, nenyika dzakafanana nawo. Murairo unodzika pakati pazvo, kuti muzive kuti Allah vane simba pamusoro pezvinhu zvese, uye kuti zvirokwazvo Allah vakakomberedza zvinhu zvese neruzivo.} [At-Talaaq:12]. Uye kuti hapana chinhu chinoitika muchadenga chino kunze kwekuti Allah vakachida, vakachitendera, vakachisika, uye vakarerutsa zvikonzero zvacho. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿الَّذِي لَهُ مُلْكُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَلَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا وَلَمْ يَكُنْ لَهُ شَرِيكٌ فِي الْمُلْكِ وَخَلَقَ كُلَّ شَيْءٍ فَقَدَرَهُ تَقْدِيرًا﴾

{Avo vane humambo hwematenga nepasi, uye havana kutora mwana, uye havana mubatsiri muhumambo hwavo, uye vakasika chinhu chose, vakachiera nechiyero chacho chakafanira.} [Al-Furqaan:2]. Uye mune izvi vane huchenjeri hwakadzama husinganzwiswi nevanhu. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿حِكْمَةٌ بُلْغَةً فَمَا تُغْنِ النَّذْرُ﴾

{Huchenjeri hwakakwana, asi yambiro hadzibatsiri...} [Al-Qamar:5]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَهُوَ الَّذِي يَبْدَأُ الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُ وَهُوَ أَهْوَنُ عَلَيْهِ وَلَهُ الْمَثَلُ الْأَعْلَىٰ فِي السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَهُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ﴾

{Uye ndivo vakasika zvisikwa kwekutanga, uye vachazvisika zvakare (mushure mekuparara), uye izvi zviri nyore kwavari. Ndivo vane mucherechedzo hwepamusoro kumatenga nenyika, uye ndivo Samasimba, vane hungwaru hwese...} [Ar-Rum:27]. Uye Allah vekumusoro-soro vakazvitsanangura nehuchenjeri uye akazvitumidza zita rekuti Muchenjeri. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿شَهِدَ اللَّهُ أَنَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ وَالْمَلَائِكَةُ وَأُولُوا الْعِلْمِ قَائِمًا بِالْقِسْطِ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ﴾

{Allah vanopupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwavo, uye ngirozi, neavo vane ruzivo vanopupurawo. Allah vanochengeta zvisikwa zvavo mukururama. Hapana

chakakodzera kunamatwa kunze kwavo, samasimba, vazere nehungwaru} [Aal 'Imraan: 18]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati vachizivisa nezvaJesu, rugare ngaruve naye, kuti achataura naMwari pazuva rekutongwa achiti:

﴿إِنْ تُعَذِّبُهُمْ فَإِنَّهُمْ عَبْدُكَ وَإِنْ تُعْفِرَ لَهُمْ فَإِنَّكَ أَنْتَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ﴾

{ "Kana mukavatongera marwadzo, zvirokwazvo varanda venyu; uye mukavaregerera, zvirokwazvo ndimi chete mune masimba ose nehungwaru hwese..." [Al-Ma'idah:118]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati kuna Mozisi, rugare ngaruve kwaari, pavakamudana ari parutivi peGomo reTur:

﴿يُمُوسَىٰ إِنَّهُ أَنَا اللَّهُ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ﴾

{Iwe Mozisi, zvirokwazvo ini Ndini Allah Samasimba vane Hungwaru...} [An-Naml: 9].

Uye Allah vakarondedzera kuti Qur'an rinokudzwa rizere nehuchenjeri. Nokudaro Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿الرَّ كِتَبٌ أَحْكَمَتْ ءَايَتُهُ ثُمَّ فُصِّلَتْ مِنْ لَدُنْ حَكِيمٍ خَبِيرٍ﴾

{Alif, Laam, Raa. (Iri) Gwaro rakanatsurudzwa ndima dzaro, dzikazotsanangurwa zvizere neavo vane huchenjeri hwese, vanoziva zvose.} [Hud:1]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿ذَلِكَ مِمَّا أَوْحَىٰ إِلَيْكَ رَبُّكَ مِنَ الْحِكْمَةِ ۚ وَلَا تَجْعَلْ مَعَ اللَّهِ إِلَهًا ءَاخَرَ فَتُنْفَلَىٰ ۚ فِي جَهَنَّمَ مَلُومًا مَدْحُورًا﴾

{Izvozvo ndizvo zvimwe zvezvinhu zvezvawakaziviswa naTenzi wako kubva

muhuchenjeri, uye usaite umwe mwari pamwechete naAllah, zvikasadaro uchakandwa muGehena uchizvidzwa uye wadzingwa ...} [Al-Isra:39].

22- Uye maporofita – rugare ngarwuve kwavari – vakachengetedzwa mune izvo zvavanosvitsa kubva kuna Allah, uye vakachengetedzwa kubva kune zvese zvinopesana nepfungwa dzakanaka kana zvinorambwa nehunhu hwakanaka. Uye maporofita ndivo vakapihwa basa rekusvitsa mirairo yaAllah kuvaranda vavo, uye vaporofita havana chero chinhu chemaitiro ehuTenzi kana huMwari pavari; asi ivo vanhuwo zvavo sevamwe vanhu vese, avo Allah Varikumusoro-soro vanotumira shoko ravo kwavari.

Uye maporofita vakachengetedzwa kubva mukukanganisa, rugare ngaruve kwavari, mune zvavanosvitsa kubva kuna Allah, nekuti Allah vanosarudza vakanakisisa kubva muzvisikwa zvavo kuti vasvitse mharidzo dzavo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿اللَّهُ يَصْطَفِي مِنَ الْمَلَائِكَةِ رُسُلًا وَمِنَ النَّاسِ إِنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ بَصِيرٌ﴾

{Allah vanosarudza vatumba kubva kungirozi uye kubva kuvanhu. Zvirokwazvo, Allah vanonzwa

zvose, uye vanoona zvose...} [Al-Hajj:75]. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿إِنَّ اللَّهَ أَصْطَفَىٰ ءَادَمَ وَنُوحًا وَآلَ إِبْرَاهِيمَ وَآلَ عِمْرَانَ عَلَى الْعَالَمِينَ﴾

{Zvirokwazvo, Allah vakasarudza Adamu, Nowa, mhuri yaAbraham, uye nemhuri yaImraan pamusoro pezvisikwa zvose...} [Aal-Imraan:33].

Uye vekumusoro-soro vakati:

﴿قَالَ يُمُوسَىٰ إِنِّي أَصْطَفَيْتُكَ عَلَى النَّاسِ بِرِسَالَتِي وَبِكَلِمِي فَخُذْ مَا آتَيْنَاكَ وَكُن مِّنَ الشَّاكِرِينَ﴾

{Vakati: “Iwe Musa! Zvirokwazvo Ini ndakakusarudza pamusoro pevanhu nemashoko angu uye nekutaura kwangu. Saka tora izvo zvandakakupa uye uve pakati pevanotenda.”} [Al-A'raaf:144]. Uye vatumwa, rugare nemaropafadzo ngazvive pavari, vanoziva kuti zvinodzika pavari izaruriro yehumwari uye vanoona ngirozi dzichidzika nezaruriro. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿عَلِمَ الْغَيْبُ فَلَا يُظْهِرُ عَلَىٰ غَيْبِهِ أَحَدًا﴾ (26) ﴿إِلَّا مَن أَرَادَ مِن رَّسُولٍ فَإِنَّهُ يَسْأَلُكُم مِّن بَيْن يَدَيْهِ وَمِن خَلْفِهِ رَصَدًا﴾ (27) ﴿لِّيَعْلَمَ أَن قَدْ أَبْلَغُوا رَسُولَهُم وَأَحَاطَ بِمَا لَدَيْهِمْ وَأَحْصَىٰ كُلَّ شَيْءٍ عَدَدًا﴾ (28)

{Ivo Ndivo muzivi wezvakananzika, saka hapana kana munhu wavanozivisa zvakananzika zvavo.} 26

{Kunze kwekune uyo wavanozarudza pakati pevatumwa, zvirokwazvo, vanomuitira varindi pamberi pake uye shure kwake ...}

{Kuti (zvionekwe pachena) kuti maporofita vasvitsa mashoko aTenzi wavo, uye Ivo (Allah)}

vanoziva zvose zvavanazvo, uye Ivo (Allah) vanoziwa huwandu wezvinhu zvese...} [Al-Jinn:26-28]. Uye Allah vakavaraira kuti vasvitse mashoko avo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا الرُّسُلُ نَبِّغْ مَا أُنْزِلَ إِلَيْكَ مِنْ رَبِّكَ وَإِنْ لَمْ تَفْعَلْ فَمَا بَلَغْتَ رِسَالَتَهُ وَاللَّهُ يَعْصِمُكَ مِنَ النَّاسِ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْكَافِرِينَ﴾

{Iwe Mutumwa (Muhammad)! Svitsva shoko rakatumirwa kwauri kubva Tenzi wako, Uye kana ukasadaro, unenge usina kusvitsa shoko ravo (ivo Allah). Uye Allah vachakuchengetedza kubva kuvanhu vose. Zvirokwazvo, Allah havatungamiriri vanhu vasingatendi....} [Al-Ma'idah:67]. Uye vekumusoro-soro vakati:

﴿رُسُلًا مُبَشِّرِينَ وَمُنْذِرِينَ لِئَلَّا يَكُونَ لِلنَّاسِ عَلَى اللَّهِ حُجَّةٌ بَعْدَ الرُّسُلِ وَكَانَ اللَّهُ غَزِيرًا حَكِيمًا﴾

{Vatumwa ndivo vatakuri vemashoko akanaka, uye vayambiri kuvanhu kuti vasava nemashoko ekupokana naAllah mushure mekuuya kwevatumwa. Uye Allah ndivo vane simba rose, nehuchenjeri hwose} [An-Nissa:165].

Uye vatumwa – makomborero aAllah nerugare ngazvive pavari – vanotya Allah kutya kukuru kwazvo uye vanovatya, saka havawedzeri pamashoko avo kana kuderedza kubva maari. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَلَوْ تَقَوَّلَ عَلَيْنَا بَعْضُ الْأَقَاوِيلِ (44) لَأَخَذْنَا مِنْهُ بِالْيَمِينِ (45) ثُمَّ لَقَطَعْنَا مِنْهُ الْوَتِينَ (46) فَمَا مِنْكُمْ مِنْ أَحَدٍ عَنْهُ حَاجِزِينَ (47)﴾

{Uye dai (Muhammad) akataura mamwe mashoko enhema pamusoro pedu... 44}

{Zvirokwazvo taimubata neruoko rwake rwerudyi ...45}

{Uye tomudambura tsinga dzake dzeupenyu...46}

{Uye hapana mumwechete wenyu aikwanisa kutitadzisa kumuuraya... 47} [Al-Haaqqa:44-47].

Ibn Kathir, Allah ngavamunzwire tsitsi, akati: (Allah vekumusoro-soro vanoti: {Uye dai aitaure nhema pamusoro pedu} kureva kuti: Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) dai aive murevi wenhema pamusoro pedu sezvavanofungidzira, akawedzera mumharidzo kana kubvisa mairi, kana kutaura chimwe chinhu chinobva kwaari achichiti chinobva kwatiri - asi hazvina kudaro - dai takakurumidza kumupa murango, uye nekuda kwaizvozvo vakati: {Chokwadi, taizomubata neruoko rwerudyi} zvinonzi: zvinoreva kuti dai takamuranga neruoko rwerudyi; nekuti ndirwo rwune simba rakanyanya pakuranga, uye zvinonzi: dai takamubata neruoko rwake rwerudyi.) Allah varikumusoro-soro vakati:

﴿وَإِذْ قَالَ اللَّهُ لِعِيسَى ابْنِ مَرْيَمَ ءَأَنْتَ قُلْتُ لِلنَّاسِ اتَّخِذُونِي وَأُمِّي إِلَهَيْنِ مِنْ دُونِ اللَّهِ قَالَ سُبْحَانَكَ مَا يَكُونُ لِي أَنْ أَقُولَ مَا لَيْسَ لِي بِحَقٍّ إِنْ كُنْتُ قُلْتُهُ فَقَدْ عَلِمْتَهُ تَعْلَمَ مَا فِي نَفْسِي وَلَا أَعْلَمُ مَا فِي نَفْسِكَ إِنَّكَ أَنْتَ عَلمُ الْغُيُوبِ . مَا قُلْتُ لَهُمْ إِلَّا مَا أَمَرْتَنِي بِهِ أَنْ أَعْبُدُوا اللَّهَ رَبِّي وَرَبَّكُمْ وَكُنْتُ عَلَيْهِمْ شَهِيدًا مِمَّا دُمْتُ فِيهِمْ فَلَمَّا تَوَفَّيْتَنِي كُنْتُ أَنْتَ الْغَاقِبُ عَلَيْهِمْ وَأَنْتَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ﴾

{Uye (rangarirai) apo Allah vachiti (pazuva rekutongwa): "Iwe Jesu, mwana waMariya! Ndiwe here wakataura kuanhu uchiti: Namatai ini naamai vangu savana mwari maviri kusiya Allah?", Achave anopindura achiti: "Rukudzo rose ngaruve kwamuri! Hazvaibvira kwandiri kuti nditaure zvandisina kodzero nazvo (yekuzvitaure). Dai ndakataura zvakadaro, zvechokwadi mungadai makazviziva. Munoziva zviri mandiri kunyangwe ndisingazivi zviri mamuri. Zvirokwazvo imi ndimi chete munoziva zvakavandika." "Handina kubvira ndavaudza kunze kweizvo imi (Allah) makave munondikomekedza kuti ndive ndinovaudza kuti: 'Namatai Allah, Tenzi vangu uye Tenzi venyu.' Uye ndakanga ndiri kupupura kwavari apo pandakange ndiri mavari. Asi pamakanditora, ndimi chete maiona zvose kubva mavari. Uye munooona zvose (muri mupupuri wezvose)." [Al-Ma'idah:116-117].

Chimwe chezvipo zvikuru zvaAllah kumaporofita nevatumwa vavo (rugare ngaruve pamusoro pavo) ndechekuti vanovasimbisa mukuzivisa nekusvitsa mashoko avo. Allah vekumusoro-soro vakati:

{قَالَ إِنِّي أَشْهَدُ اللَّهَ وَأَشْهَدُوا أَنِّي بَرِيءٌ مِمَّا تُشْرِكُونَ (54) مِنْ دُونِهِ فَكِيدُونِي جَمِيعًا ثُمَّ لَا تُنْظِرُونَ (55) إِنِّي تَوَكَّلْتُ عَلَى اللَّهِ رَبِّي وَرَبِّكُمْ مَا مِنْ دَابَّةٍ إِلَّا هُوَ آخِذٌ بِنَاصِيَتِهَا إِنَّ رَبِّي عَلَى صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ}

{Iye akati: "Ndinodana Allah kuti vave mufakazi, uye ndimi imi vafakazi kuti handina chokuita nazvo

izvo zvamunosanganisa nazvo Allah mukuvanamata. Kusiya ivo. Nokudaro rongai kupokana neni, mose zvenyu, uye musandipe zororo...}

{Zvirokwazvo, ini ndakavimba naAllah, Tenzi wangu uye Tenzi wenyu. Hakuna chisikwa chinofamba kunze kwekuti chiri mumaoko avo. Zvirokwazvo, Tenzi wangu vari panzira yakatwasuka.} [Hud 54-56]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَإِنْ كَادُوا لَيَفْتِنُوكَ عَنِ الَّذِي أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ لِتَفْتَرِيَ عَلَيْنَا غَيْرَةً وَإِذَا لَا تَأْخُذُوكَ خَلِيلًا﴾ (73) ﴿وَلَوْلَا أَنْ تَبَيَّنَّاكَ لَفَدَّ جِدَّتْ تَرْكُنُ إِلَيْهِمْ شَيْئًا قَلِيلًا﴾ (74) ﴿إِذَا لَا أَذَقْنَاكَ ضِعْفَ الْحَيَاةِ وَضِعْفَ الْمَمَاتِ ثُمَّ لَا تَجِدُ لَكَ عَلَيْنَا نَصِيرًا﴾ (75)

{Zvirokwazvo, vakange vave pedyo kukuedza kubva kune zvatakadzikisa kwauri (iwe Muhammad - rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari), kuti uve unogadzira uchipokana nesu zvimwe zvakasiyana nazvo, uye naizvozvo vangadai zvirokwazvo vakakutora seshamwari ...73}

{Uye dai tisina kukusimbisa, ungadai wakarerekera kwavari zvishoma...}

{Kudai zvaive zvakadaro, zvirokwazvo taizokuravisa (murango) wakatpetwa kaviri muhupenyu, uye wakatpetwa kaviri pakufa. Zvadaro waishaya mubatsiri pakupokana nesu... 75} [Al-Isra:73-75]. Uye mavhesi aya pamwechete neapfuura, zvinopupura uye humbowo hwekuti

Qur'an ishoko rakadzikiswa naTenzi wezvisikwa zvose; nekuti dai raibva kuna Mutumwa Muhammad (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari), haangadai akasanganisira mariri mashoko akadai akanangana naye.

Uye Allah vekumusoro-soro vanodzivirira vatumwa vavo kubva kuvanhu. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا الرَّسُولُ بَلِّغْ مَا أُنْزِلَ إِلَيْكَ مِنْ رَبِّكَ وَإِنْ لَمْ تَفْعَلْ فَمَا بَلَّغْتَ رِسَالَتَهُ وَاللَّهُ يَعْصِمُكَ مِنَ النَّاسِ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْكَافِرِينَ﴾

{Iwe Mutumwa! Svitsa shoko rakatumirwa kwauri kubva kuna Tenzi vako. Uye kana ukasadaro, unenge usina kusvitsa shoko ravo (ivo Allah). Uye Allah vachakuchengetedza kubva kuvanhu. Zvirokwazvo, Allah havatungamiri vanhu vasingatendi....} [Al-Ma'idah:67]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَأَنذِرْ عَلَيْهِمْ نَبَأَ نُوحٍ إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِ يَفْقَهُمْ إِنْ كَانَ كَبُرَ عَلَيْكُمْ مَقَامِي وَتَذِكْرِي بَيِّتِ اللَّهِ فَعَلَى اللَّهِ تَوَكَّلْتُ فَأَجْمِعُوا أَمْرَكُمْ وَشُرَكَاءَكُمْ ثُمَّ لَا يَكُنْ أَمْرُكُمْ عَلَيْكُمْ غُمَّةً ثُمَّ اقْضُوا إِلَيَّ وَلَا تُنظِرُون﴾

{Uye Verenga kwavari nhau dzaNowa (Nuh). Rangarirai apo akataura kuvanhu vake achiti: "Imi vanhu vangu! Kana kugara kwangu nemi, uye yeuchidzo yangu kwamuri yezviratidzo zvaAllah yakakuomerai, nokudaro ndinoisa vimbo yangu muna Allah. Nokudaro pananai hurongwa hwenyu imimi nevabatsiri venyu, uye musaita kuti hurongwa hwenyu huve nekusagutsikana

kwamuri. Nokudaro ndipei mutongo wenyu uye musave munondipa zororo...} [Yunus:71]. Uye Allah vekumusoro-soro vakataura vachizivisa nezvemashoko aMusa, rugare ngaruve kwaari vachiti: {Vakati: "Ishe wedu, zvirokwazvo tinotya kuti (Farawo) angatikurumidzira kutiitira zvakaipa kana kuti angapfuura mwero." - Vakati: "Musatya, zvirokwazvo ndinemi mose, ndinonzwa uye ndinoona."} [Twaahaa:45-46]. Naizvozvo Allah Samasimba vakajekesa kuti vanochengetedza vatumwa vavo, rugare ngaruve kwavari, kubva kuvavengi vavo saka havavasvikire nezvakaipa. Uye Allah, vane chokwadi, vari kumusoro-soro vakazivisa kuti vanochengetedza zvakazarurwa zvavo, kuitira kuti pasawedzerwe chero chinhu mazviri kana kubviswa chero chinhu pazviri. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا الذِّكْرَ وَإِنَّا لَهُ لَحَافِظُونَ﴾

{Zvirokwazvo, tisu takadzikisa Dhikr (Quran), uye zvirokwazvo, tisu ticharichengetedza (kubva mukuchinjwa)....} [Al-Hijr:9].

Maporofita – rugare ngarwuve kwavari – vakachengetedzwa kubva kune zvese zvinopesana nepfungwa dzakanaka kana hunhu. Allah Varikumusoro-soro vakataura vachirumbidza Muporofita wavo Muhammad vachiti:

﴿وَإِنَّكَ لَعَلَىٰ خُلُقٍ عَظِيمٍ﴾

{Uye zvirokwazvo, ndiwe une tsika dzepamusoro-soro ...} [Al-Qalam :4]. Uye vakati nezvake zvakare:

﴿وَمَا صَاحِبُكُمْ بِمَجْنُونٍ﴾

{Uye (imi vanhu) mumwe wenyu haapengi...} [At-Takwir:22]. Izvi ndezvekuti vagone kuita basa rekuparidza shoko nenzira yakanakisisa, uye maporofita, rugare ngaruve kwavari, ndivo vakapiwa basa rekuzivisa mirairo yaAllah) kuvaranda vavo. Havana chero hunhu hweulshe kana hwehuMwari, asi, vanhuwo zvavo vakafanana nevamwe vanhu vose. Allah vanoazarura kwavari mashoko avo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿قَالَتْ لَهُمْ رُسُلُهُمْ إِنْ نَحْنُ إِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ وَلَكِنَّ اللَّهَ يَمُنُّ عَلَىٰ مَنْ يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ ۖ وَمَا كَانَ لَنَا أَنْ نَأْتِيَكُمْ بِسُلْطَانٍ إِلَّا بِإِذْنِ اللَّهِ وَعَلَىٰ اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُونَ﴾

{Vatumwa vavo vakataura kuti: "Zvirokwazvo, tiri vanhu vakafanana nemi, asi Allah vanopa nyasha dzavo kuna ani naani wavanoda kuvaranda vavo. Hazvisi kwatiri kuti tikuunzirei humboo kunze kwekuda kwaAllah. Uye regai vatendi vavimbe naAllah" ...} [Ibrahim:11]. Uye Allah vekumusoro-soro vakataura vachirayira Mutumwa wavo Muhammad, Allah ngavavakomborere uye nekuvapa rugare, kuti vataure kuvanhu vavo vachiti:

﴿قُلْ إِنَّمَا أَنَا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يُوحَىٰ إِلَيَّ أَنَّمَا إِلَهُكُمُ إِلَهٌ وَجِدْتُ فَمَنْ كَانَ يَرْجُوا لِقَاءَ رَبِّهِ فَلْيَعْمَلْ عَمَلًا صَالِحًا وَلَا يُشْرِكْ بِعِبَادَةِ رَبِّهِ أَحَدًا﴾

{Iti: “Chokwadi ini ndingori munhu semi, zvinozarurwa kwandiri kuti chokwadi Mwari wenyu ndiye Mwari mumwe chete. Saka ani naani anotarisira kusangana naTenzi vake, ngaaite mabasa akanaka, uye ngaasabatanidze ani zvake mukunamata Tenzi vake.”} [Al-Kahf:110].

23- Uye Islam inokurudzira kunamata Allah (Mwari) vari voga, kuburikidza nenheyo huru dzekunamata dzinoti: munamato (Swalaah), unova kumira, kukotama, kupfugama, kurangarira Allah, kuvarumbidza, uye kunyengetera. Unonamatwa nemunhu kashanu pazuva. Mauri kusi yana kwevanhu kunopera. Naizvozvo, mupfumi nemurombo, mutungamiri neanotongwa vanova mumutsara mumwe chete pamunamato. NeZakah, inova chidimbu chidiki chemari - zvichienderana nemitemo nezviyero zvakatemerwa naAllah - inosungirwa papfuma yevapfumi ichipihwa kuvarombo nevamwe, kamwechete pagore. Nekutsanya, kunova: kuzvidzora pane zvinotyora kutsanya masikati emwedzi weRamadhan. Kunokudziridza kusimba

**kwechido nemoyo murefu. NeHajj, inova:
kushanyira imba yaAllah iri kuMakkah
inoera kamwe chete muhupenyu kune uyo
anokwanisa. Uye paHajj iyi vese vanova
vakaenzana mukutendeukira kuMusiki,
vanorumbidzwa, uye misiyano
nekuzvibatanidza nemapoka zvinopera
mairi.**

Islam inodana vanhu kuti vave vanonamata Allah kuburikidza nemabasa ekunamata makuru nemamwewo mabasa ekunamata. Uye mabasa ekunamata makuru aya akarairwa naAllah kumaporofita nevatumwa vose, runyararo nemaropafadzo ngazvive pavari. Uye mabasa makuru ekunamata anoti:

Chekutanga: Munamato wakasungirwa naAllah kumaMuslim sekuusungira kwavakaita kune mamwe maporofita nevatumwa vose, rugare nemaropafadzo ngazvive pavari. Uye Allah vakaraira muporofita wavo, shamwari yavo yepedyo Abraham, rugare ngaruve paari, kuti achenese Imba yavo kune avo vanoitenderera, nevanonamata, vanokotama nevanopfugama (imomo). Allah vanorumbidzwa vakati:

﴿وَإِذْ جَعَلْنَا الْبَيْتَ مَثَابَةً لِّلنَّاسِ وَأَمْنًا وَاتَّخِذُوا مِن مَّقَامِ إِبْرَٰهِيمَ مُصَلًّٰى وَعَهْدَنَا إِلَىٰ
إِبْرَٰهِيمَ وَإِسْمَاعِيلَ أَنَّ طَهَّرَآ بَيْتِي لِلطَّآئِفِينَ وَالْعَاكِفِينَ وَالرُّكَّعِ السُّجُودِ﴾

{Uye (rangerirai) apo takaita Imba (Ka'bah) kuti ive nzvimbo yekuzororera yevanhu nenzvimbo ine runyararo. Uye torai nzvimbo yekumira yaAbrahamu senzvimbo yekunamatira. Uye takaraira Abrahamu naIshumairi (tichiti): "Chenesai Imba (Ka'bah) yangu kune avo vanotenderera (kuita Tawaf), neavo vanogara imomo (kuita I'tikaf), neavo vanokotama vachiisa zviso zvavo pasi (pakunamata)."} [Al-Baqarah:125]. Uye Allah vakasungira munamato kuna Musa (Mozisi) mukudana kwokutanga kuna Musa, rugare ngarwuve pavari. Allah varikumusoro-soro vakati:

﴿إِنِّي أَنَا رَبُّكَ فَاخْلَعْ نَعْلَيْكَ إِنَّكَ بِالْوَادِ الْمُقَدَّسِ طُوًى﴾ (12) ﴿وَأَنَا أَخَذْتُكَ فَاسْتَمِعْ لِمَا يُوحَىٰ﴾ (13) ﴿إِنِّي أَنَا اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا أَنَا فَاعْبُدْنِي وَأَقِمِ الصَّلَاةَ لِذِكْرِي﴾ (14) {

{"Zvirokwazvo, Ndini Tenzi vako, naizvozvo kurura shangu dzako, zvirokwazvo uri mumupata unoyera weTuwa "...12}

{Uye ini ndakusarudza, saka teerera kune zviri kuzarurwa13}

{"Zvirokwazvo, ndini Allah! Hakuna mumwe mwari anofanira kunamatwa kunze kwangu, naizvozvo iva unondinamata, uye iva unoita munamato (Swalah) senzira yekundiyeuka".....14} [Taha:12-14]. Uye Al-Masih Isa, rugare ngaruve paari, akazivisa kuti Allah vakamuraira kuita Swalah neZakah. Saka vakati sekuzivisa kwakaita Allah Vekumusoro-soro:

{ وَجَعَلَنِي مُبَارَكًا أَيْنَ مَا كُنْتُ وَأَوْصَانِي بِالصَّلَاةِ وَالزَّكَاةِ مَا دُمْتُ حَيًّا }

{Uye vakandiita akaropafadzwa kwese kwandinenge ndiri, uye vakandiraira kuita Swalaah nekupa Zakaah chero bedzi ndiri mupenyu...} [Maryam:31]. Uye Swalaah muIslam kumira, nekukotama, nekugwadama, nekurangarira Allah, nekumurumbidza, nekukumbira (kuita du'a). Inonamatwa nemunhu kashanu zuva nezuva. Allah vekumusorosoro vakati:

{ خُفِظُوا عَلَى الصَّلَوَاتِ وَالصَّلَاةِ الْوُسْطَىٰ وَقُومُوا لِلَّهِ قَنَّينَ }

{Chengetedzai zvakanaka minamoto, kanyanya munamoto hwepakati(Swalah yeAsr), uyezve ivai munomira pamberi paAllah makazvininipisa, uye nemoyo wese...} [Al-Baqarah:238]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati: {Ita munamoto (Swalaah) kubva pakudzikira kwezuva kusvika parima rehusiku, uye nekuverengwa kweQur'aan paFajr (nguva yemambakwedza). Zvirokwazvo, kuverengwa kweQur'aan paFajr kunopupurirwa.} [Al-Isra:78]. Uye Muporofita, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

{فَأَمَّا الرُّكُوعُ فَعُظِّمُوا فِيهِ الرَّبَّ عَزَّ وَجَلَّ وَأَمَّا السُّجُودُ فَاجْتَهِدُوا فِي الدُّعَاءِ فَقَمِّنْ أَنْ يُسْتَجَابَ لَكُمْ}

(Kana muri muruku, kudzai Ishe Samasimba uye Mukuru ipapo, uye kana muri musujud, shingairai mukunyengetera (mukuita du'a), nokuti zvakakodzera kuti mupindurwe.) Sahih Muslim.

Chechipiri: Zakaah yakasungirwa naAllah kumaMuslim sekusungirwa kwayakaitwa naAllah kumaporofita nevatumwa vakapfuura, rugare nemaropafadzo ngazvive pavari. Uye (Zakaah) chikamu chishoma kubva pahupfumi - zvichienderana nezviga nezviyero zvakatarwa naAllah- inosungirwa papfuma yevapfumi, inopihwa kuvarombo nevamwewo kamwechete pagore. Allah varikumusoro-soro vakati:

﴿ خُذْ مِنْ أَمْوَالِهِمْ صَدَقَةً تُطَهِّرُهُمْ وَتُزَكِّيهِمْ بِهَا وَصَلِّ عَلَيْهِمْ إِنَّ صَلَاتَكَ سَكَنٌ لَهُمْ وَاللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴾

{Torai kubva mupfuma yavo chipo (swadaqah) kuti uvachenese uye uvanatse nacho, uye uvanamatire. Zvirokwazvo minamoto yako runyararo kwavari. Uye Allah vanonzwa zvose, vanoziwa zvose.} [At-Tawbah:103]. Uye apo Muporofita, Allah ngavamuropafadze nekumupa rugare, akatuma Mu'adh, Mwari ngavafadzwe naye, kuYemen, vakati kwaari:

«إِنَّكَ تَأْتِي قَوْمًا أَهْلَ كِتَابٍ فَأَدْعُهُمْ إِلَى شَهَادَةٍ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَنِّي رَسُولُ اللَّهِ فَإِنْ هُمْ أَطَاعُوكَ لِذَلِكَ فَأَعْلِمُهُمْ أَنَّ اللَّهَ عَزَّ وَجَلَّ افْتَرَضَ عَلَيْهِمْ خَمْسَ صَلَوَاتٍ فِي كُلِّ يَوْمٍ وَلَيْلَةٍ فَإِنْ أَطَاعُوا لِذَلِكَ فَأَعْلِمُهُمْ أَنَّ اللَّهَ عَزَّ وَجَلَّ افْتَرَضَ عَلَيْهِمْ صَدَقَةً فِي أَمْوَالِهِمْ تُؤْخَذُ مِنْ أَغْنِيَانِهِمْ وَتُرَدُّ فِي فُقَرَائِهِمْ فَإِنْ هُمْ أَطَاعُوكَ لِذَلِكَ فَإِيَّاكَ وَكَرَائِمَ أَمْوَالِهِمْ وَاتَّقِ دَعْوَةَ الْمَظْلُومِ فَإِنَّهَا لَيْسَ بَيْنَهَا وَبَيْنَ اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حِجَابٌ»

«Uri kuenda kuvanhu veBhuku, saka vakoke kuti vapupure kuti hakuna akakonzera kunamatwa kunze kwaAllah uye kuti ini ndiri Mutumwa waAllah. Kana vakakuteerera pane izvozvo,

vazivise kuti Allah, Samasimba, vakuru, vakavasungira minamoto mishanu pazuva nehusiku hwega hwega. Kana vakateerera pane izvozvo, vazivise kuti Allah vane simba nehukuru, vakavasungira kupa zvipo kubva mupfuma yavo, unotorwa kubva kuvapfumi vavo opihwa kuvarombo vavo. Kana vakakuteerera pane izvozvo, zvino chenjera kutora pfuma yavo yakanakisisa, uye itya munyengetero weanodzvinzirira, nokuti hakuna chinoudzvirira pakati pawo naAllah, Samasimba vane hukuru.» Yakarondedzerwa naAt-Tirmidhi 625.

Chechitatu: Kutsanya kwakasungirwa naAllah vekumusoro-soro kumaMuslim sekukusungira kwavakaita ivo Allah vekumusoro-soro kumaporofita nevatumwa vakapfuura, rugare nemaropafadzo ngazvive pavari. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا كُتِبَ عَلَيْكُمُ الصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى الَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ﴾

{ Imi Vatendi! Kutsanya kwakamanikidzirwa kwamuri sekumanikidzirwa kwakanga kwakaitwa kune vaivapo imi musati mavepo, kuti zvimwe mungatyeye Allah...} [Al-Baqarah:183]. Ndiko: kuzvidzora kubva pane zvinoputsa kutsanya masikati emumwedzi weRamadan, uye kutsanya kunodzidzisa mweya kusimba kwechido

nekutsungirira. Muporofita, rugare
nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«يَقُولُ اللَّهُ عَزَّ وَجَلَّ: الصَّوْمُ لِي وَأَنَا أَجْزِي بِهِ يَدْعُ شَهْوَتَهُ وَأَكْلَهُ وَشَرْبَهُ مِنْ أَجْلِي
وَالصَّوْمُ جُنَّةٌ وَلِلصَّائِمِ فَرْحَتَانِ: فَرْحَةٌ حِينَ يُفْطِرُ وَفَرْحَةٌ حِينَ يَلْقَى رَبَّهُ»

«Allah Samasimba vanoti: Kutsanya ndekwangu
uye ndini ndinopa mubairo pazviri, munhu anosiya
chido chake, chikafu chake nechinwiwa chake
nekuda kwangu, uye kutsanya inhovo (dziviriro),
uye anotsanya anowana mifaro miviri: mufaro
paanogura kutsanya kwake uye mufaro
paanosangana naTenzi vake.» Sahih al-Bukhari
7492.

Chechina: Hajj yakasungirwa naAllah
kumaMuslim sekusungira kwavakaiita
kumaporofita nevatumwa vakapfuura, rugare
nemaropafadzo ngazvive pavari. Uye Allah
vakaraira Muporofita wavo Abraham shamwari
yavo, rugare ngaruve paari, kuti adanidzire Hajj.
Allah Vekumusoro-soro vakati:

{وَأَذِّنْ فِي النَّاسِ بِالْحَجِّ يَأْتُوكَ رِجَالًا وَعَلَى كُلِّ ضَامِرٍ يَأْتِينَ مِنْ كُلِّ فَجٍّ عَمِيقٍ }

{Uye zivisa vanhu nezveHajj (kushanyira Ka'bah
kuMakkah) vachauya kwauri vachifamba netsoka,
uye vachauya nengamera dzakatetepa, vachibva
nenzira dzose dzemumakomo dziri kure (kuti vaita
hajj)....} [Hajj:27]. Uye Allah vakamuraira kuti
achenese Imba Yekare kuitira vanhu vanouta
kuHajj. Naizvozvo, Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَإِذْ بَوَّأْنَا لِإِبْرَاهِيمَ مَكَانَ الْبَيْتِ أَنْ لَا تُشْرِكْ بِي شَيْئًا وَطَهَّرَ بَيْتِيَ لِلطَّائِفِينَ
وَالْقَائِمِينَ وَالرُّكَّعِ السُّجُودِ }

{Uye (rangarirai) patakaratidza Abraham nzvimbo yekuvaka Imba (Ka'bah) yekunamatira tichiti: "Musasanganise zvimwe zvinhu neni mukunamata, uye chenurai Imba yangu (Ka'bah) kune avo vanoitenderera (Tawwaf), uye kune avo vanonamatiramo, uye avo vanokotama (kuita ruku'), uye avo nevanopfugama (kuita sajdah)...."} [Al-Hajj:26].

Uye Hajj: kuenda kuImba yaAllah kuMakkah inoremekedzwa kunoita mabasa anozivikanwa kamwe chete muhupenyu kune uyo anokwanisa uye ane simba. Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَلِلَّهِ عَلَى النَّاسِ حِجُّ الْبَيْتِ مَنِ اسْتَطَاعَ إِلَيْهِ سَبِيلًا وَمَنْ كَفَرَ فَإِنَّ اللَّهَ غَنِيٌّ عَنِ
الْعَالَمِينَ }

{Uye vanhu vakasungirwa naAllah kuita Hajj kuimba yavo, kune ani naani anokwanisa kuenda ikoko. Uye uyo anoramba (kutenda muhajj), zvirokwazvo, Allah havana chavanoda kubva kuzvisikwa zvose.} [Al Imran:97]. Uye muHajj, vashanyi vechiMuslim vanoungana panzvimbo imwe chete vachizvipira pakunamata kwavo kuMusiki vanorumbidzwa. Uye vashanyi vese vanoita tsika dzeHajj nenzira yakafanana inoita kuti misiyano yenharaunda, tsika, nemararamiro ive inonyangarika.

**24- Uye chimwe chezvinhu zvikuru
 zvinosiyanisa zviito zvekunamata
 muchitendero cheIslam ndechekuti
 maitirwo azvo, nguva dzazvo, nezvisungo
 zvazvo zvakaiswa pamutemo naAllah,
 vanorumbidzwa vekumusoro-soro. Uye
 zvakasvitswa neMutumwa wavo, rugare
 nemaropafadzo aAllah zviwe paari, uye
 vanhu havana kupindira mazviri
 nekuwedzera kana kuderedza kusvika
 nanhasi. Uye zviito zvekunamata zvikuru
 izvi zvese zvakadaidzirwa kwazviri
 nemaporofita vese, rugare ngaruve pavari.**

Uye chimwe chezvinhu zvikuru zvinosiyanisa
 zviito zvekunamata muIslam ndechokuti nzira
 dzazvo, nguva dzazvo, nemitemo yazvo
 zvakatemerwa naAllah (Mwari), Vanorumbidzwa
 uye vekumusoro-soro, uye zvakasvitswa
 neMutumwa wavo, rugare nemaropafadzo aAllah
 ngazvive kwaari, uye vanhu havana kupindira
 mazviri nekuwedzera kana kuderedza kusvika
 nanhasi. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿الْيَوْمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ وَأَتْمَمْتُ عَلَيْكُمْ نِعْمَتِي وَرَضِيتُ لَكُمُ الْإِسْلَامَ دِينًا﴾

{Zuva ranhasi, ndave ndinozadzikisa chitendero
 chenyu kwamuri, uye ndave ndinokusarudzirai

Islam sechitendero chenyu...} [Al-Ma'idah:3]. Uye Allah vanorumbidzwa vakati:

{فَاسْتَمْسِكْ بِالَّذِي أُوحِيَ إِلَيْكَ عَلَى صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ}

{Naizvozvo batisisa (Muhammad) izvo zvirikudzikiswa kwauri. Zvirokwazvo, uri panzira yakaswatuka...} [Az-Zukhruf:43]. Uye Allah vekumusoro-soro vakataura maererano nezvemunamato vachiti:

{فَإِذَا قَضَيْتُمُ الصَّلَاةَ فَادْكُرُوا اللَّهَ قِيَمًا وَقُعُودًا وَعَلَىٰ جُنُوبِكُمْ فَإِذَا اطْمَأْنَنْتُمْ فَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ إِنَّ الصَّلَاةَ كَانَتْ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ كِتَابًا مَوْفُورًا}

{Kana mapedza munamato (Swalaah), rangarirai Allah makamira, makagara uye nepamativi enyu. Zvino kana mava pakuchengetedzeka, itai munamato (Swalaah). Zvirokwazvo, munamato (Swalaah) kune vatendi yakasungirwa panguva dzakatarwa.} [An-Nisaa:103]. Uye vekumusoro-soro vakataura nezvevanogamuchira Zakat vachiti:

{إِنَّمَا الصَّدَقَتُ لِلْفُقَرَاءِ وَالْمَسْكِينِ وَالْعَمِلِينَ عَلَيْهَا وَالْمُؤَلَّفَةِ قُلُوبُهُمْ وَفِي الرِّقَابِ وَالْغُرَمِينَ وَفِي سَبِيلِ اللَّهِ وَآئِنِ السَّبِيلِ فَرِيضَةً مِّنَ اللَّهِ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ}

{ Zvirokwazvo zvipo ndezevarombo, nevanoshaiwa, nevanopihwa basa rekuzviunganidza, neavo vari kuyanani swa moyo yavo, nemukusungunura varanda, nevane zvikwereti, nemunzira yaAllah, pamwe nemufambi ari parwendo; chisungo chinobva kuna Allah. Uye Allah ndivo Muzivi wazvose, vane huchenjeri

hwose.} [At-Tawbah:60]. Uye vekumusoro-soro vakataura nezvekutsanya vachiti:

﴿ شَهْرُ رَمَضَانَ الَّذِي أُنْزِلَ فِيهِ الْقُرْآنُ هُدًى لِّلنَّاسِ وَبَيِّنَاتٍ مِّنَ الْهُدَىٰ وَالْفُرْقَانِ ۚ فَمَن شَهِدَ مِنْكُمُ الشَّهْرَ فَلْيَصُمْهُ ۖ وَمَن كَانَ مَرِيضًا أَوْ عَلَىٰ سَفَرٍ فَعِدَّةٌ مِّنْ أَيَّامٍ أُخَرَ ۗ يُرِيدُ اللَّهُ بِكُمُ الْيُسْرَ وَلَا يُرِيدُ بِكُمُ الْعُسْرَ وَلِتُكْمِلُوا الْعِدَّةَ وَلِتُكَبِّرُوا اللَّهَ عَلَىٰ مَا هَدَاكُم وَلِعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴾

Mwedzi weRamadhan ndiwo mwedzi wakadzikiswa Quran segwara revanhu, uye humbowo huri pachena hwegwara, uye musiyano (wepakati pezvakanaka nezvakaipa). Nokudaro, ani naani wenyu anoona mwedzi (weRamadhan) uchigara anofanira kutsanya mwedzi iwowo. Uye ani naani anenge achirwara kana kuti ari parwendo, ngaatsanye mazuva akafanana (neayo aanenge asina kutsanya anofanira kutsiviwa) nemamwe mazuva. Allah vanokushuvirai zviri nyore, uye havadi kuti zvinhu zvikuomerezi imi. (Vanoda kuti imi) mupedzise (mazuva) akafanana, uye kuti muve munorumbidza Allah nekukuratidza gwara, zvimwe mungave kutenda kwavari....} [Al-Baqarah:185]. Uye vekumusoro-soro vakataura nezveHajj vachiti:

﴿ الْحَجُّ أَشْهُرٌ مَّعْلُومَاتٌ فَمَن فَرَضَ فِيهِنَّ الْحَجَّ فَلَا رَفَثَ وَلَا فُسُوقَ وَلَا جِدَالَ فِي الْحَجِّ ۚ وَمَا تَفْعَلُوا مِنْ خَيْرٍ يَعْلَمْهُ اللَّهُ ۗ وَتَزَوَّدُوا فَإِنَّ خَيْرَ الزَّادِ التَّقْوَىٰ وَاتَّقُونِ ۚ يُؤْتِي أَلَأَبَسَ ۚ﴾

{Hajj iri mumwedzi inonyatsozivikanwa (mwedzi wegumi nemwedzi wegumi, nemwedzi wegumi neumwechete nemazuva gumi ekutanga mumwedzi wegumi nemiviri maererano nekutenda

yeIslam.) (Zvichireva kuti mwedzi miviri nemazuva gumi), Nokudaro, ani naani anotanga kuita Hajj mumwedzi iyoyo, haafanire kuita bonde (nemukadzi wake,), kana kuita chitadzo, kana kukavadzana zvisina maturo panguva yeHajj, uye chakanaka chose chamunoita, (zivai kuti) Allah vanochiziva, uye fambai nembuva yeparwendo, asi mbuva yakanakisa kutya Allah. Nokudaro ityai ini, imi vane nzwisiso (njere) } [Al-Baqarah:197]. Uye zviito zvese izvi zvikuru zvekunamata zvakadaidzirwa nemaporofita vese, rugare ngaruve kwavari.

25- Mutumwa weIslam ndiMuhammad mwanakomana waAbdullah wemudzinza aIshumairi mwanakomana waAbraham, rugare ngaruve kwavari. Akaberekerwa kuMakkah mugore ra571 CE uye akatumwa (seMuporofita) imomo muMakkah, uye akazotamira kuMadinah. Haana kubatana nevanhu vake muzvinhu zvekunamata zvidhori, asi aibatana navo mumabasa akanaka. Aive nehunhu hwepamusoro asati atumwa, uye vanhu vake vaimuti Al-Amin (Akatendeka). Allah vakamutuma paakasvitsa makore makumi mana, uye Allah (vakamutsigira nezviratidzo

(zvishamiso) zvikuru, chikuru chazvo
iQur'an inoera, chinova chiratidzo chikuru
pane zviratidzo zvemaaporofita ese, uye
ndicho chiratidzo chakasara pazviratidzo
zvemaporofita nanhasi. Uye Allah
pavakazadzisa chitendero kwaari,
Mutumwa, rugare nemaropafadzo aAllah
ngazvive kwaari, akachisvitsa zvizere,
akashaya aine makore makumi matanhatu
nematatu, ndokuvigwa muGuta
raMuporofita (Madinah), rugare
nemaropafadzo aAllah ngazvive kwaari.
Uye Mutumwa Muhammad, rugare
nemaropafadzo aAllah ngazvive kwaari,
ndiye wekupedzisira wemaporofita
nevatumwa. Allah vakamutuma negwara
rechokwadi nechitendero chechokwadi
kuti aburitse vanhu murima rekunamata
zvidhori, kusatenda, nekusaziva, kuenda
kuchiedza chekutenda muna Allah
mumwechete nekutenda, uye Allah

vakapupura kwaari kuti vakamutuma semudani kwavari nemvumo yavo.

Mutumwa wechitendero cheIslam ndiMuhammad mwanakomana waAbdullah, akabva mudzinza raIshumairi mwanakomana waAbrahamu (rugare ngarwuve pavari). Vakazvarirwa kuMakkah mugore ra571 A.D., vakapiwa hutumwa imomo uye vakatamira kuMadinah an-Nabawiyah. Vanhu vedunhu ravo vaivadeedza kuti al-Amīn (munhu wekutendeka), uye vaisabatsirana nevanhu vedunhu ravo mumaitiro ekunamata zvifananidzo asi vaibatsirana navo mumabasa anokudzwa. Vaive nehunhu hwakanakisisa vasati vapiwa hutumwa hwavo. Ishe wavo vakamurondedzera semunhu ane hunhu hwakanakisisa, uye Allah vekumusoro-soro vakataura nezvavo vachiti:

﴿وَأَنَّكَ لَٰعَلَىٰ خُلُقٍ عَظِيمٍ﴾

{Uye zvirokwazvo, (Iwe Muhammad) ndiwe une tsika dzepamusoro-soro...} [Al-Qalam :4]. Uye Allah vakamutuma (seMuporofita) paakasvitsa makore makumi mana, uye Allah vakamutsigira nezviratidzo (zvishamiso) zvikuru uye chikuru chazvo iQuran rinokudzwa. Mutumwa wavo (Allah), rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwavari, vakati:

«مَّا مِنَ الْأَنْبِيَاءِ نَبِيٍّ إِلَّا أُعْطِيَ مَا مِثْلُهُ آمَنَ عَلَيْهِ الْبَشَرُ وَإِنَّمَا كَانَ الَّذِي أُوتِيتُ وَحْيًا أَوْحَاهُ اللَّهُ إِلَيَّ فَأَرْجُو أَنْ أَكُونَ أَكْثَرُ هُمْ تَابِعًا يَوْمَ الْقِيَامَةِ»

«Hakuna muporofita pakati pavaporofita asina kupiwa zviratidzo zvakaite kuti vanhu vatende, asi izvo zvandakapiwa ini izaruriro yakazarurwa naAllah kwandiri, saka ndinotarisa kuti ndichava uyo ane vateveri vakawanda kupfuura vamwe vose pazuva rekutongwa.» Sahih al-Bukhari. Uye Qur'an rinoera chizaruro chaAllah kuna Mutumwa wavo (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare). Allah (Mwari) vakataura pamusoro paro vachiti:

{ذَلِكَ الْكِتَابُ لَا رَيْبَ فِيهِ هُدًى لِّلْمُتَّقِينَ }

{Iri ndiro gwaro (Quran) risina kupokana mariri, nhungamiro yeavo vanotya Allah...} [Al-Baqarah:2]. Uye Allah vekumusoro-soro vakataura maererano nezvaro vachiti:

{أَفَلَا يَتَذَكَّرُونَ الْآفْرَاءَ وَلَوْ كَانَ مِنْ عِنْدِ غَيْرِ اللَّهِ لَوَجَدُوا فِيهِ اخْتِلَافًا كَثِيرًا }

{Ko havafungisisi pamusoro peQur'aan here? Uye dai raibva kune vamwe kunze kwaAllah, vangadai vakawana mariri kupokana kuzhinji...} [An-Nisaa:82]. Uye Allah vakaudza majinn nevanhu kuti vauye nechinhwa chakafanana neQur'an. Allah vekumusoro-soro vakati:

{قُلْ لِّئِنْ أَجْتَمَعَتِ الْإِنْسُ وَالْجِنُّ عَلَى أَنْ يَأْتُوا بِمِثْلِ هَٰذَا الْقُرْآنِ لَا يَأْتُونَ بِمِثْلِهِ وَلَوْ كَانَ بَعْضُهُمْ لِبَعْضٍ ظَهِيرًا }

{Iti: " Kuyangwe vanhu nemajinn vakaungana kuti vagadzire zvakaifanana neQuran iri, havagadzire zvakaifanana nari, kuyangwe vamwe vavo vakavabatsira ..."} [Al-Israa:88]. Uye Allah vakavaomesera kuti vauye nezvitsauko gumi

zvakanana naro. Allah vekumusoro-soro vakataura kuti:

﴿أَمْ يَقُولُونَ افْتَرَيْنَاهُ قُلْ فَأْتُوا بِعَشْرِ سُوْرٍ مِّثْلِهِ مُفْتَرِيْنَ وَادْعُوا مَنِ اسْتَعْظَمْتُمْ مِنْ دُونِ اللَّهِ اِنْ كُنْتُمْ صَادِقِيْنَ﴾

{Kana kuti vanoti: “Akarigadzira (iye pachake).” Iti: “Huyai nemaSurah (zvitsauko) gumi zvakanana nayo akagadzirwa (enhema), uye danai ani naani wamunokwanisa kunze kwaAllah, kana muri pachokwadi.”} [Hud:13]. Zvekare Allah vakavati vaunze chitsauko chimwe chete chakanana naro. Allah vekumusoro-soro vakati: { Uye kana muine kupokana pane zvatakaburutsa kumuranda wedu, uyai nechitsauko chakanana nacho uye mudane zvapupu zvenyu kunze kwaAllah, kana muchitaura chokwadi. } [Al-Baqarah:23].

Uye Quran huru ndicho chishamiso chega chasara pazvishamiso zvemaporofita kusvika nhasi. Uye apo Allah) vakazadzisa chitendero kuMutumwa, rugare nemaropafadzo ngazvive kwavari, vakachisvitsa zvizere, Mutumwa, rugare nemaropafadzo ngazvive kwaari, akafa aine makore makumi matanhatu nematatu ekuberekwa ndokuvigwa muguta reMuporofita.

Uye Mutumwa Muhammad, Mwari ngavamuropafadze nekumupa rugare, ndivo wekupedzisira wemaporofita nevatumwa. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿ مَا كَانَ مُحَمَّدٌ أَبَا أَحَدٍ مِّن رِّجَالِكُمْ وَلَكِن رَّسُولَ اللَّهِ وَخَاتَمَ النَّبِيِّينَ وَكَانَ اللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا ﴾

{ Muhammad haasi baba veumwe wevarume venyu, asi kuti Mutumwa waAllah uye wekupedzisira wemaporofita. Uye Allah ndivo muzivi wezvinhu zvese. } [Al-Ahzab:40]. Kuna Abu Hurayrah, Allah (Mwari) ngavafadzwe naye, kwakabva nhurwa yekuti Mutumwa waAllah, rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive paari, vakati:

«إِنَّ مَثَلِي وَمَثَلَ الْأَنْبِيَاءِ مِنْ قَبْلِي كَمَثَلِ رَجُلٍ بَنَى بَيْتًا فَأَحْسَنَهُ وَأَجْمَلَهُ إِلَّا مَوْضِعَ لَبَنَةٍ مِنْ زَاوِيَةٍ فَجَعَلَ النَّاسُ يَطُوفُونَ بِهِ وَيَعْبُدُونَ لَهُ وَيَقُولُونَ هَلَا وَضِعَتْ هَذِهِ اللَّبَنَةُ؟ قَالَ: فَأَنَا اللَّبَنَةُ وَأَنَا خَاتَمَ النَّبِيِّينَ»

«Zvirokwazvo, mufananidzo wangu nemufananidzo wemaporofita vakanditangira wakaita semurume akavaka imba, akainakisa uye akaiita kuti ive inoyevedza, kunze kwenzvimbo yechidhinja chimwechete pakona yayo. Vanhu vakatanga kuitenderera vachiyemura, uye vachiti: Sei chidhinja ichi chisina kuiswa? Akati: Saka Ini ndini chidhinja chacho, uye ndini wekupedzisira wemaporofita.» Sahih al-Bukhari. Uye muVhangeri, Mesiya (rugare ngaruve paari) akataura achipa mashoko anofadza pamusoro peMutumwa Muhammad, Allah (Mwari) ngavavakomborere uye nekuvapa rugarevachiti: "(Dombo rakarambwa nevavaki ndiro rakazova musoro wekona, hamuna kumborava here mumagwaro: Jesu akati kwavari

izvi zvakabva kuna Ishe uye zvinoshamisa pameso edu). Uye muBhuku reTorah riripo nhasi, munowanikwa mashoko aAllah akataurwa kuna Mosesi - rugare ngaruve kwaari - anoti: (Ndichavamutsira muporofita anobva pakati pehama dzavo akafanana nowe, uye ndichaisa mashoko angu mumuromo make, zvino achataura kwavari zvose zvandinomurayira nazvo)."

Allah vakatume Mutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) nenhungamiro pamwe nechitendero chechokwadi. Uye Allah vakamupupurira kuti ari pachokwadi, uye kuti vakamutuma kuti adane kwavari nemvumo yavo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿لَٰكِنَ ٱللَّهُ يَشْهَدُ بِمَا أَنزَلَ إِلَيْكَ أَنزَلَهُ بِعِلْمِهِۦ ٱلْمَلَكَةُ يَشْهَدُونَ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ شَٰهِدًا﴾

{Asi Allah vanopupura kune izvo zvavakadzikisa kwauri (Iwe Muhammad); vakazvidzikisa neruzivo rwavo, uye ngirozi dzinopupurawo. Uye Allah vakakwana semupupuri...} [An-Nisaa:166]. Uye Allah Vekumusoro-soro vakati:

﴿هُوَ ٱلَّذِي أَرْسَلَ رَسُولَهُۥ بِٱلْهُدَىٰ وَدِينِ ٱلْحَقِّ لِيُظْهِرَهُۥ عَلَى ٱلدِّينِ كُلِّهِۦ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ شَٰهِدًا﴾

{Ivo Ndivo vakatuma Mutumwa wavo (Muhammad - rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) nenhungamiro uye nechitendero chechokwadi (Islam), kuti chigokunda zvitendero zvese, uye Allah vakakwana semufakazi.} [Al-

Fath:28]. Allah vakavatuma nenhungamiro kuti vaburitse vanhu kubva murima rekunamata zvifananidzo, kusatenda, nekusaziva vachienda kuchiedza chehumwechete hwaAllah nekutenda. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿يَهْدِي بِهِ اللَّهُ مَنِ اتَّبَعَ رِضْوَانَهُ سُبُلَ السَّلَامِ وَيُخْرِجُهُم مِّنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ بِإِذْنِهِ وَيَهْدِيهِمْ إِلَى صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ﴾

{Kuburikidza nayo (Quran), Allah vanotungamirira avo vanotevera rufaro rwavo kunzira dzerugare, uye vanovaburitsa kubva murima kuenda kuchiedza nemvumo yavo, uye vanovatungamirira kugwara rakatwasuka.} [Al-Ma'idah:16]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿الرَّ كُتِبَ أَنزَلْنَاهُ إِلَيْكَ لِتُخْرِجَ النَّاسَ مِّنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ بِإِذْنِ رَبِّهِمْ إِلَى صِرَاطٍ الْعَزِيزِ الْحَمِيدِ﴾

{Alif - Laam - Raa (Aya mashoko ndemamwe ezvishamiso zviri muQur'an, uye hapana anoziva zvaanoreva kunze kwaAllah). (Iri i) Bhuku ratadzikisa kwauri (iwe Muhammad) kuti uve unobuditsa vanhu kubva murima (kusatenda) uchivaisa muchiedza (Islam) nemvumo yaTenzi vavo, munzira yemukuru wezvose, muridzi wezvose...} [Ibrahim:1].

**26- Uye mutemo weIslam wakaunzwa
naMutumwa Muhammad, rugare
nemaropafadzo aAllah ngazvive kwaari,
ndiwo wekupedzisira pamharidzo dzaAllah**

nemitemo yaAllah. Uye ndiwo mutemo wakakwana, uye mauri mune kunaka kwechitendero chevanhu nehupenyu hwavo hwepanyika. Uye unochengetedza zvikuru: zvitendero zvevanhu, ropa ravo, hupfumi hwavo, njere dzavo, nevana vavo. Uye unotsiva mutemo wese wakapfuura sekutsiva kwaiita mitemo yekare ichitsiva mimwe mitemo.

Mitemo yeIslam yakaunzwa naMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) ndivo mashoko aMwari nemitemo yavo yekupedzisira. Uye Allah vakaita kuti chitendero chive chakanyatsokwana neshoko iri, uye nyasha dzakazadzikiswa pavanhu nekutumwa kwaMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare). Allah vari kumusoro-soro vakati:

(الْيَوْمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ وَأَتِمَمْتُ عَلَيْكُمْ نِعْمَتِي وَرَضِيتُ لَكُمُ الْإِسْلَامَ دِينًا)

{Zuva ranhasi ndave ndinozadzikisa chitendero chenyu kwamuri, uye ndakuzadzisirai nyasha dzangu, uye ndakusarudzirai Islam sechitendero chenyu} [Al-Ma'idah:3].

Uye mitemo yeIslam ndiyo mitemo yakakwana, uye mairi mune kunaka kwechitendero chevanhu pamwe nehupenyu hwavo hwepasi rino; nekuti yakaunganidza zvese zviri mumitemo yakauya kare

ikaikwanisa nekuizadzikisa. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿ إِنَّ هَذَا الْقُرْآنَ يَهْدِي لِلَّتِي هِيَ أَقْوَمُ وَيُبَشِّرُ الْمُؤْمِنِينَ الَّذِينَ يَعْمَلُونَ الصَّالِحَاتِ أَنَّ لَهُمْ أَجْرًا كَبِيرًا ﴾

{ Zvirokwazvo, Qur'aan iyi inotungamirira kune izvo zvakarurama kwazvo, uye inopa mashoko anofadza kuvatendi avo vanoita mabasa akanaka kuti vachawana mubairo mukuru. } [Al-Isra:9]. Uye mutemo weIslam wakabvisira vanhu mitoro inorema yaive mumarudzi akapfuura. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿ الَّذِينَ يَتَّبِعُونَ الرَّسُولَ النَّبِيَّ الْأُمِّيَّ الَّذِي يَدْعُوهُمْ إِلَى مَحْتَدٍ مَكْتُوبٍ عِنْدَهُمْ فِي التَّوْرَةِ وَالْإِنْجِيلِ يَأْمُرُهُمْ بِالْمَعْرُوفِ وَيَنْهَاهُمْ عَنِ الْمُنْكَرِ وَيُحِلُّ لَهُمُ الطَّيِّبَاتِ وَيُحَرِّمُ عَلَيْهِمُ الْخَبَائِثَ وَيَضَعُ عَنْهُمْ إِصْرَهُمْ وَالْأَغْلَالَ الَّتِي كَانَتْ عَلَيْهِمْ فَإِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا بِهِ وَعَزَّرُوهُ وَنَصَرُوهُ وَاتَّبَعُوا النُّورَ الَّذِي أُنْزِلَ مَعَهُ ۙ أُولَٰئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ﴾

{Avo vanotevera Mutumwa, Muporofita asina kudzidza, uyo wavanowana akanyorwa nezvake kwavari muTorah nemuInjil; anovarayira kuita zvakarurama uye achivarambidza zvakaipa, anovabvumidza zvinhu zvakanaka uye achivarambidza zvinhu zvakasviba, uye anovabvisa mitoro yavo nezvisungu zvaive pavari. Naizvozvo, avo vakatenda maari, vakamuremekedza, vakamubatsira uye vakatevera chiedza chakadzikiswa pamwe naye, ivavo ndivo vakabudirira.} [Al-A'raaf:157].

Uye mitemo yeIslam inotsiva mitemo yese yakauya kare. Allah varikumusoro-soro vakati:

﴿وَأَنزَلْنَا إِلَيْكَ الْكِتَابَ بِالْحَقِّ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ الْكِتَابِ وَمُهَيِّمًا عَلَيْهِ فَاحْكُم بَيْنَهُم بِمَا أَنزَلَ اللَّهُ وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَاءَهُمْ عَمَّا جَاءَكَ مِنَ الْحَقِّ لِكُلِّ جَعَلْنَا مِنْكُمْ شِرْعَةً وَمَنْهَاجًا وَلَوْ شَاءَ اللَّهُ لَجَعَلَكُمْ أُمَّةً وَاحِدَةً وَلَكِنْ لِّيَبْلُوَكُمْ فِي مَا آتَاكُمْ فَاسْتَبِقُوا الْخَيْرَاتِ إِلَى اللَّهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيعًا فَيُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ﴾

{Uye takava tinodzika kwauri (Muhammad) Gwaro (Quran iri) muhuchokwadi richisimbisa magwaro akauya mushure maro, uye richitonga pamusoro pawo (magwaro ekare). Saka tonga pakati pavo kuburikidza nezvakadzika naAllah usatevedzere zvido zvavo uchisiya chokwadi chakauya kwauri. Kune mumwe nemumwe takava tinomunyorera mutemo uye nenzira yakanaka. Dai Allah vaida, vaikuitai vanhu vamwe, asi (hatina kudaro ne) kuti tikuedzei mune izvo takakupai. Saka mhanyidzanai mukuita mabasa akanaka, kuna Allah ndiko kwamuchadzokera mose; uye vachava vanokuudzai izvo pamusoro pazvo maipokana...} [Al-Ma'idah:48]. Saka Qur'an Tsvene, iyo inosanganisira mutemo, yakauya ichitsinhira mabhuku aAllah akaitangira, ichiva mutongi paari, uye ichiatsiva.

27- Uye Allah vanorumbidzwa uye varikumusoro-soro, havagamuchire chimwe chitendero kunze kwechitendero cheIslam, icho chakauya neMutumwa Muhammad (rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwaari). Uye ani naani anotora

chimwe chitendero kunze kweIslam, hachizombogamuchirwi kubva kwaari.

Allah Vanorumbidzwa uye vekumusoro-soro havagamuchiri mushure mekutumwa kwaMuhammad (rugare nemakomborero zvaAllah ngazive kwavari) chimwe chitendero chisiri cheIslam chakaunzwa naMutumwa Muhammad (rugare nemakomborero zvaAllah ngazive kwavari). Uye ani naani anotsvaga chitendero chisiri cheIslam hachimbofi chakagamuchirwa kubva kwaari. Allah Vekumusoro-soro vakati:

﴿وَمَنْ يَبْتَغِ غَيْرَ الْإِسْلَامِ دِينًا فَلَنْ يُقْبَلَ مِنْهُ وَهُوَ فِي الْآخِرَةِ مِنَ الْخَاسِرِينَ﴾

{Uye uyo munhu anotsvaga chimwe chitendero chisiri cheIslam, hachifi chakatambirwa kubva kwaari, uye muhupenyu hwemangwana achave pakati peavo vakarasikirwa...} [Al Imran:85]. Uyea Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿إِنَّ الدِّينَ عِنْدَ اللَّهِ الْإِسْلَامُ وَمَا اخْتَلَفَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ إِلَّا مِنْ بَعْدِ مَا جَاءَهُمُ
الْعِلْمُ بَغْيًا بَيْنَهُمْ وَمَنْ يَكْفُرْ بِآيَاتِ اللَّهِ فَإِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ﴾

{Zvirokwazvo, chitendero (chechokwadi) kuna Allah chitendero cheIslam. Uye avo vakapihwa Gwaro havana kupokana kunze kwemushure mekunge ruzivo rwasvika kwavari, nekuda kweruvengo pakati pavo. Uye uyo anoramba kutenda muzviratidzo zvaAllah, zvirokwazvo Allah vanokurumidza mukutonga.} [Āli-‘Imrān:19]. Uye chitendero cheIslam ichi ndicho chitendero

chaAbraham, shamwari yepedyo (yaAllah), rugare ngaruve kwaari. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَمَنْ يَرْغَبُ عَنْ مِلَّةِ إِبْرَاهِيمَ إِلَّا مَنْ سَفِهَ نَفْسَهُ وَلَقَدْ اصْطَفَيْنَاهُ فِي الدُّنْيَا وَإِنَّهُ فِي الْآخِرَةِ لَمِنَ الصَّالِحِينَ﴾

{Uye ndiani anofuratira chitendero chaAbrahamu kunze kweuyo anozviita benzi? Uye zvirokwazvo, Isu takamusarudza pasi rino, uye zvirokwazvo iye muhupenyu hwemangwana anenge ari pakati pevakarurama (vaiita zvakanaka).} [Al-Baqarah:130]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَمَنْ أَحْسَنُ دِينًا مِمَّنْ أَسْلَمَ وَجْهَهُ لِلَّهِ وَهُوَ مُحْسِنٌ وَاتَّبَعَ مِلَّةَ إِبْرَاهِيمَ حَنِيفًا وَاتَّخَذَ اللَّهُ إِبْرَاهِيمَ خَلِيلًا﴾

{Uye Ndiani ane chitendero chakanaka kudarika uyo anozvipira chiso chake (hupenyu hwake) kuna Allah, uye anoita mabasa, Uye vanotevera chitendero chaAbraham, chitendero chekunamatà Allah voga . Uye Allah vakaita Abrahamu shamwari yavo yepedyo! ...} [An-Nisaa:125]. Uye Allah vakaraira Mutumwa Muhammad, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, kuti vataure kuti:

﴿قُلْ إِنِّي هَدَانِي رَبِّي إِلَى صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ دِينًا قِيَمًا مِلَّةَ إِبْرَاهِيمَ حَنِيفًا وَمَا كَانَ مِنَ الْأُمَشْرِكِينَ﴾

{Iti: “Zvirokwazvo, Tenzi wangu vakanditungamirira kunzira yakatwasuka, chitendero chakarurama, inzira yaAbraham akazvipira pachitendero chechokwadi; uye anga

asiri mumwe weavo vanosanganisa Allah nevamwe anamwari...”} [Al-An'am:161].

28- Qur'an rinoera, ibhuku rakazarurwa naAllah kuna Mutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare), uye ishoko raTenzi wezvisikwa zvese. Allah vakaudza vanhu nemajinn kuti vauye nerimwe Qur'an rakangofanana neravo, kana chitsauko (Surah) chimwechete chakafanana nechitsauko chemuQur'an uye zvavakataura izvi zvichiriko nanhasi (asi hapana akakwanisa kuunza bhuku rakafanana neQur'an). Qur'an rinoera rinopindura mibvunzo yakawanda yakakosha inovhiringidza mamiriyoni evanhu. Uyezve Qur'an rinoera rakachengetedzwa kusvika nanhasi mururimi rwechiArabhu rwarakadzikiswa narwo. Hapana kana vara rimwechete rakabviswa mariri, uye rakadhindwa rikatekeshera. Ibhuku guru rinoshamisa, rakakodzera kuverengwa kana kuverenga dudziro yezvarinoreva. Zvakare, Sunnah yaMutumwa Muhammad (Allah

ngavavakomborere nekuvapa rugare)
nedzidziso dzavo, nenhoroondo yehupenyu
hwake, zvakachengetedzwa uye
zvinopfuudzwa mberi zvichipihwa vanhu
vanotevera kuburikidza nevarondedzeri
vakavimbika vanopana ruzivo nguva
dzakasiyana siyana. Izvi zvakadhindwa
nemutauro wechiArabhu waitaurwa
naMutumwa (Allah ngavavakomborere
nekuvapa rugare), uyezve zvakashandurwa
mumitauro mizhinji. MuQur'an rinoera
neSunnah yaMutumwa (Allah
ngavavakomborere nekuvapa rugare)
ndimo mega munotorwa mitemo nemirairo
yeIslam. Saka Islam haitorwi kubva pane
zviito zvevanhu vano zviti vanoitevera; asi
inotorwa kubva muchizarurirwo chitsvene
(Wahyi): Qur'an rinoera neSunnah
yeHuporofita.

Korani Tsvene ndiro bhuku rakazarurwa
naAllah kuMutumwa wechiArabhu, Muhammad,
Allah ngavavaropafadze nekuvapa rugare,
mumutauro wechiArabhu. Uye ishoko raIshe
wezvisikwa zvose. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَإِنِّهٖ لَتَنْزِيلُ رَبِّ الْعَلَمِينَ ﴿192﴾ نَزَلَ بِهِ الرُّوحُ الْأَمِينُ ﴿193﴾ عَلَى قَلْبِكَ لِتَكُونَ مِنَ الْمُنْذِرِينَ ﴿194﴾ بِلِسَانٍ عَرَبِيٍّ مُبِينٍ ﴿195﴾﴾

{Uye zvirokwazvo iro rakadzikiswa naTenzi vezvisikwa zvese 192...}

{Iro rakauya nemweya unovimbika (Jibril - Gabrieli). 193 ... }

{Mumoyo mako (Muhammad - rugare ngaruve kwaari) kuti ugo va muyambiri ...194}

{Mururimi rwechiArabhu rwuri pachena....195}
[Ash-Shu'araa:192-195]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَإِنَّكَ لَتُلْقَى الْفُرَّانَ مِنْ لَدُنْ حَكِيمٍ عَلِيمٍ﴾

{Uye iwe (Muhammad) uri kudzidziswa Quran kubva kune uyo ane hungwaru hwose, ane ruzivo zvikuru...} [An-Naml:6]. Uye Qur'an iri chizarurirwo chinobva kuna Allah uye rinotsinhira zvakaritangira pamabhuku aAllah. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَمَا كَانَ هَٰذَا الْفُرَّانَ أَنْ يُفْتَرَىٰ مِنْ دُونِ اللَّهِ وَلَكِنْ تَصْدِيقَ الَّذِي بَيْنَ يَدَيْهِ وَتَفْصِيلَ الْكِتَابِ لَا رَيْبَ فِيهِ مِنْ رَبِّ الْعَالَمِينَ﴾

{Uye iri Quran harisi rokuti ringagadzirwe nani zvake kunze kwaAllah, asi rinozadzisa izvo zvakauya mushure maro (Torah neInjil -) [Yunus:37]. Uye Qur'an rinoera rinogadzirisa nyaya dzakawanda idzo maJuda nemaKirisito vakapokana madziri muchitendero chavo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿إِنَّ هَٰذَا الْفُرَّانَ يَقُصُّ عَلَىٰ بَنِي إِسْرَءِيلَ أَكْثَرَ الَّذِي هُمْ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ﴾

{Zvirokwazvo, Quran iri rinotaura kuvana velzirairi maererano nezve zvinhu zvakawanda zvavanopesana mazviri...} [An-naml :76]. Uye Qur'an huru rinosanganisira humbowo nezviratidzo zvinopa humbowo hwakakwana kuvanhu vese mukuziva chokwadi chine chekuita naAllah anorumbidzwa uye vekumusoro-soro, nechitendero chavo, nemuripo wavo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَلَقَدْ ضَرَبْنَا لِلنَّاسِ فِي هَذَا الْقُرْآنِ مِنْ كُلِّ مَثَلٍ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ﴾

{Uye zvirokwazvo, takava tinoisira vanhu mhando yese yeenzaniso muQur'an iri kuti vave vanorangerira. [Az-Zumar:27]. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَنَزَّلْنَا عَلَيْكَ الْكِتَابَ تِبْيَانًا لِكُلِّ شَيْءٍ وَهُدًى وَرَحْمَةً وَبُشْرَى لِلْمُسْلِمِينَ﴾

{Uye takadzikisa kwauri Gwaro richitsanangura chinhu chose, uye riri nhungamiro, nyasha nemashoko akanaka kune maMuslim.} [An-Nahl:89].

Uye Qur'an Tsvene rinopindura mibvunzo mizhinji yakakosha inovhiringidza mamiriyoni evanhu, nokuti Qur'an Tsvene rinojekesa kuti Allah vakasika sei matenga nepasi. (Allah) vekumusoro-soro vakati:

﴿أَوَلَمْ يَرِ الَّذِينَ كَفَرُوا أَنَّ السَّمُوتِ وَالْأَرْضَ كَانَتَا رَتْقًا فَفَتَقْنَاهُمَا وَجَعَلْنَا مِنَ الْمَاءِ كُلَّ شَيْءٍ حَيٍّ أَفَلَا يُؤْمِنُونَ﴾

{Avo vasingatendi havaone here kuti denga nepasi zvakange zvakabatana kuva chinhu

chimwechete tikazvipatsanura? Uye takagadzira kubva mumvura chinhu chese chinorarama, havangatendi zvino here?...} [Al-Ambiyaa - Vaporofita:30]. Uye kuti Allah vakasika sei munhu. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِن كُنْتُمْ فِي رَيْبٍ مِّنَ الْآلِثَةِ فَاِنَّا خَلَقْنَاهُ مِن تُرَابٍ ثُمَّ مِن نُّطْفَةٍ ثُمَّ مِنْ عَلَقَةٍ ثُمَّ مِنْ مُّضْغَةٍ مُّخَلَّقَةٍ وَغَيْرِ مُخَلَّقَةٍ لِّنُبَيِّنَ لَكُمْ وَنُقَرُّ فِي الْأَرْحَامِ مَا نَشَاءُ إِلَىٰ أَجَلٍ مُّسَمًّى ثُمَّ نُخْرِجُكُمْ طِفْلًا ثُمَّ لِتَبْلُغُوا أَشُدَّكُمْ وَمِنْكُمْ مَّن يُتَوَفَّىٰ وَمِنْكُمْ مَّن يَرْدُ إِلَىٰ أَرْذَلِ الْعُمُرِ لِكَيْلَا يَعْلَمَ مِن بَعْدِ عِلْمٍ شَيْئًا وَتَرَىٰ الْأَرْضَ هَامِئَةً فَإِذَا أَنزَلْنَا عَلَيْهَا الْمَاءَ اهْتَزَّتْ وَرَبَتْ وَأَنْبَتَتْ مِن كُلِّ رَوْحٍ بِهِيجٌ﴾

{Imi vanhu! Kana muchikahadzika nezvekumutswa kwevakafa, zvirokwazvo takakusikai kubva muivhu, uye kubva kudonhwe (rehurume), uye kubva kuchigodo cheropa, uye kubva kuchidimbu chenyama chakaumbwa nechisina kuumbwa zvizere, kuitira kuti tikujekeserei (simba redu kwamuri). Uye tinoita kuti watinoda arambe ari mudumbu (maamai vake) kwenguva yakatarwa, uye tinokuburitsai muri vacheche, uye tinokukudzai kuti musvike pazera rekusimba kwenyu kuzere. Uye pakati penyu pane i vai vanotorwa mweya yavo (vanofa vachiri vadiki), uye pakati penyu pane vanodzorerwa kuzera rehuchembere hwekushaya simba, kuitira kuti asave nechaanoziva mushure mekunge ambove neruzivo. Uye unoona nyika yakafa (yakaoma), asi kana tikanayisa mvura pairi, inodzoswa kuhupenyu, uye yokura, yobereka mhando dzose dzezvirimwa dzinoyevedza.} [Al-

Hajj:5]. Uye magumo ake achava api, uye mubairo weanoita zvakanaka neanoita zvakaipa ndeupi mushure mehupenyu huno? Uye humbowo hwenyaya iyi hwakatotaurwa mundima nhamba (20), saka kuvapo uku kwakauya netsaona here, kana kuti kwakasikirwa chinangwa chinokudzwa? Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿أَوَلَمْ يَنْظُرُوا فِي مَلَكُوتِ السَّمٰوٰتِ وَآلِ الْاَرْضِ وَمَا خَلَقَ اللّٰهُ مِنْ شَيْءٍ وَّأَنْ عَسَىٰ اَنْ يَكُوْنَ قَدْ اَقْتَرَبَ اَجَلُهُمْ فَبِاَيِّ حَدِيثٍ بَعْدَهُ يُؤْمِنُوْنَ﴾

{Havana kutarisa here muhumambo hwematenga nenyika nezvose zvakasikwa naAllah, uye kuti pamwe nguva yavo yaswedera? Saka ishoko ripi ravachatenda mariri mushure meizvi?} [Al-A'raf:185]. Uye vekumusoro-soro vakati:

﴿اَفَحَسِبْتُمْ اَنْمَّا خَلَقْنٰكُمْ عَبَثًا وَّاَنْكُمْ اِلَيْنَا لَا تُرْجَعُوْنَ﴾

{Saka munofunga here kuti takakusikai sedambe zvisina maturo, uye kuti kwatiri hamuzodzorwi?...} [Al-Mu'minuun:115].

Uye Qur'an rinoera rakachengetedzwa kusvika nanhasi mururimi rwarakadzikiswa narwo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿اِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا الذِّكْرَ وَاِنَّا لَهٗ لَحٰفِظُوْنَ﴾

{Zvirokwazvo, tisu takadzikisa Dhikr (Quran), uye zvirokwazvo, tisu ticharichengetedza (kubva mukuchinjwa)...} [Al-Hijr:9]. Hapana kana vara rimwe chete rakabviswa mariri, uye hazvibviri kuti muve nekupesana, kushomeka, kana kushandurwa mariri. Allah vekumusoro-soro vakati:

{أَفَلَا يَتَذَكَّرُونَ الْفُرْعَانَ وَلَوْ كَانَ مِنْ عِنْدِ غَيْرِ اللَّهِ لَوَجَدُوا فِيهِ اخْتِلَافًا كَثِيرًا}

{Saka havafungisisi nezveQur'aan here? Uye dai raibva kune mumwe kunze kwaAllah, muzvokwadi, vangadai vakawana mariri kupokana kuzhinji.} [An-Nisaa:82]. Iri bhuku rakadhindwa uye rakaburitswa, uye ibhuku guru rinoshamisa rakakodzera kuverengwa, kana kuteererwa, kana kuverenga dudziro yezvarinoreva. Saizvozvowo, Sunnah yaMutumwa Muhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari), dzidziso dzake, nenhoroondo yeupenyu hwake zvakachengetedzwa uye zvakapfuudzwa zvichitevedza nhevedzano yevatauri vakavimbika, uye zvakadhindwa mumutauro wechiArab waitaurwa neMutumwa (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) uye yakashandurwa ichiiswa mumitauro yakawanda. Uye Quran Tsvene pamwe neSunnah yeMutumwa (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavar) ndizvo chete zvinyorwa zvinotorwa mitemo nemirairo yeIslam kubva mazviri. Saka Islam haitorwi kubva muzviito zvevanhu vanozviti maMuslim; asi inotorwa kubva kune zvakazarurwa zvaAllah zvisingakanganisi: Qur'an Huru pamwe neSunnah yeHuporofita. Ivo Vekumusoro-soro vakataura maererano neQuran vachiti:

{إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا بِالذِّكْرِ لَمَّا جَاءَهُمْ وَإِنَّهُ لَكِتَابٌ عَزِيزٌ - لَا يَأْتِيهِ الْبَطْلُ مِنْ بَيْنِ يَدَيْهِ وَلَا مِنْ خَلْفَةٍ تَنْزِيلٍ مِنْ حَكِيمٍ حَمِيدٍ}

{Zvirokwazvo, avo vaisatenda murangaridzo (Quran) mushure mekunge yauya kwavari (vachawana mutongo). Uye zvirokwazvo, iGwaro rinoremekedzwa. Manyepo haakwanise kuuya kwariri kubva kumberi, kana kumashure kwaro; rakatumirwa nevane hungwaru hwose, vanekodzero yekurumbidzwa...} [Fussilat:41 42]. Uye vekumusoro-soro vakataura maererano neSunnah yeMuporofita uye kuti izaruriro inobva kuna Allah vachiti:

﴿وَمَا آتَاكُمُ الرَّسُولُ فَخُذُوهُ وَمَا نَهَاكُمْ عَنْهُ فَانْتَهُوا وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ شَدِيدُ الْعِقَابِ﴾

{Uye chose chamunopiwa naMutumwa chibatisisei, uye izvo zvaanokurambidzai, siyai. Uye ityai Allah, zvirokwazvo, Allah vanoranga zvakaoma...} [Al-Hashr:7].

29- Uye Islam inorayira kuitira vabereki zvakanaka kunyangwe kana vasiri maMuslim, uye nekuchengeta vana zvakanaka.

Chitendero cheIslam chinorayira kuitira zvakanaka vabereki. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَقَضَىٰ رَبُّكَ أَلَّا تَعْبُدُوا إِلَّا إِيَّاهُ وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا إِمَّا يَبْلُغَنَّ عِنْدَكَ الْكِبَرَ أَحَدُهُمَا أَوْ كِلَاهُمَا فَلَا تَقُلْ لَهُمَا أَفٍّ وَلَا تَنْهَرْهُمَا وَقُلْ لَهُمَا قَوْلًا كَرِيمًا﴾

{Uye Tenzi vako vakakomekedza kuti musanamate umwe mwari kunze kwavo. Uye

moitira vabereki venyu zvakanaka. Kana mumwechete wavo, kana kuti vose vachembera (iwe uri mupenyu), usava unovataurira mashoko akaipa kana kuvatuka, asi iva unotaura navo mashoko ane ruremekedzo ...} [Al-Israa:23]. Uye Allah vVekumusoro-soro vakati:

﴿وَوَصَّيْنَا الْإِنْسَانَ بِوَلَدَيْهِ حَمَلَتْهُ أُمُّهُ وَهَذَا عَلَىٰ وَهْنٍ وَفِصْلُهُ فِي عَامَيْنِ أَنِ اشْكُرْ لِي وَلِوَلَدِكَ إِلَيَّ الْمَصِيرُ﴾

{Uye takarayira munhu (kuitira zvakanaka) vabereki vake; amai vake vakamutakura mukutambudzika pamusoro pekutambudzika, uye kurumurwa kwake kuri mumakore maviri, (tichiti): Tendai ini, pamwe nevabereki vako; kwandiri ndiko kwekudzokera.} [Luqman:14]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَوَصَّيْنَا الْإِنْسَانَ بِوَلَدَيْهِ إِحْسَانًا حَمَلَتْهُ أُمُّهُ كُرْهًا وَوَضَعَتْهُ كُرْهًا وَحَمَلُهُ وَفِصْلُهُ ثَلَاثُونَ شَهْرًا حَتَّىٰ إِذَا بَلَغَ أَشُدَّهُ وَبَلَغَ أَرْبَعِينَ سَنَةً قَالَ رَبِّ أَوْزِعْنِي أَنِ اشْكُرَ نِعْمَتَكَ الَّتِي أَنْعَمْتَ عَلَيَّ وَعَلَىٰ وَلَدِي وَأَنِ أَعْمَلَ صَالِحًا تَرْضَاهُ وَأَصْلِحْ لِي فِي دُرِّيَّتِي إِنَّي تُبْتُ إِلَيْكَ وَإِنِّي مِنَ الْمُسْلِمِينَ﴾

{Uye takakomekedza munhu kuti ave anoremekedza vabereki vake, nekuva nemoyo munyoro kwavari. Amai vake vakamutakura mumatambudziko uye vakamubereka vachitambudzika. Uye kumutakura nekumuyamwisa kwakatora mwedzi makumi katatu. Kusvikira apo paanenge anesimba rakakwana, uye asvitsa makore makumi mana, obva ati: "Tenzi vangu! Ndipeiwo simba kuti

ndikwanise kutenda makomborero amakandipa neyabereki vangu. Uye kuti ndikwanise kuita mabasa akanaka ayo amunofarira, uye mhuri yangu muiita yakanaka. Chokwadi, ndatarisa kwamuri ndichikumbara ruregerero rwenyu, uye chokwadi ndiri mumwe nevatendi (maMuslim)" ...} [Al-Ahqaf:15].

وَعَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ: جَاءَ رَجُلٌ إِلَى رَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَقَالَ: يَا رَسُولَ اللَّهِ مَنْ أَحَقُّ النَّاسِ بِحَسَنِ صَحَابَتِي؟ قَالَ: «أُمُّكَ» قَالَ: ثُمَّ مَنْ؟ قَالَ: «تُتْمُ أُمِّكَ» قَالَ: ثُمَّ مَنْ؟ قَالَ: «تُتْمُ أُمِّكَ» قَالَ: ثُمَّ مَنْ؟ قَالَ: «تُتْمُ أُمِّكَ»

Nhaurwa yakabva kuna Abu Hurairah, Allah ngaafadzwe naye, yakati: Mumwe murume akauya kuMutumwa waAllah, rugare nemaropafadzo ngazvive pavari, akati: Imi Mutumwa waAllah, ndiani pavanhu anonyanya kukodzera kuti ndigare naye zvakanaka? Akati: «Amai vako» Akati: Kozotevera ani? Akati: «Kozotevera amai vako» Akati: Kozotevera ani? Akati: «Kozotevera amai vako» Akati: Kozotevera ndiani? Akati: «Kozotevera baba vako» Sahih Muslim.

Uye murairo uyu wekuchengeta nekuremekedza vabereki unosungirwa kunyangwe vari vaMuslim kana vasiri vaMuslim.

فَعَنْ أَسْمَاءَ بِنْتِ أَبِي بَكْرٍ قَالَتْ: (قَدِمْتُ أُمِّي وَهِيَ مُشْرِكَةٌ فِي عَهْدِ قُرَيْشٍ وَمَدْيَنَ إِذْ عَاهَدُوا النَّبِيَّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ مَعَ ابْنِهَا فَاسْتَفْتَيْتُ النَّبِيَّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَقُلْتُ: إِنَّ أُمِّي قَدِمَتْ وَهِيَ رَاغِبَةٌ، أَفَأَصِلُهَا؟ قَالَ: «نَعَمْ صِلِي أُمَّكَ»

Nhaurwa yakabva kuna Asma bint Abi Bakr yakati: (Amai vangu vakauya kwandiri vasiri mutendi

panguva yechibvumirano cherunyararo pakati peQuraysh neMutumwa waAllah, rugare nemaropafadzo zvaAllah ngazvive kwavari, pamwe chete nomwanakomana wavo. Saka ndakabvunza Muporofita, rugare nemaropafadzo zvaAllah ngazvive kwavari, ndikati: "Zvirokwazvo amai vangu vauya uye vari kutarisira rubatsiro, ndochengetedza hukama navo here?" Akati: «Hongu, chengetedza hukama naamai vako» Sahih al-Bukhari. Asi kunyange kana vabereki vakaedza nekushanda nesimba kuti mwana ashanduke kubva muIslam kuenda mukusatenda, Islam inomurayira - mumamiriro ezvinhu aya - kusavateerera, uye kuramba ari mutendi muna Allah, nekuvabata zvakanaka, nekugara navo nenzira yakanaka. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَإِنْ جُهِدَاكَ عَلَىٰ أَنْ تُشْرِكَ بِي مَا لَيْسَ لَكَ بِهِ عِلْمٌ فَلَا تُطِعْهُمَا وَصَاحِبُهُمَا فِي الدُّنْيَا مَعْرُوفًا وَاتَّبِعْ سَبِيلَ مَنْ أَنَابَ إِلَيَّ ثُمَّ إِلَيَّ مَرْجِعُكُمْ فَأُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ﴾

{Asi kana vakakumanikidza kusanganisa zvimwe zvinamatwa neni izvo zvisina ruzivo nazvo, usave unovateedzera, asi gara navo mune zvakanaka panyika, zvakare wotevedzera nzira yeuyo anokumbira ruregerero rwangu murukudzo. Uye kwandiri muchadzokera, love ndinokuudzai izvo zvamaiita...} [Luqman:15].

Islam hairambidzi muMuslim kuitira zvakanaka uye kuva nemoyo munyoro kuhama dzake dzisiri vaMuslim (vanamati vezvimwe zvitendero), kana

kune vamwe vasiri hama, chero bedzi vasiri kurwisana naye. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿ لَا يَنْهَكُمُ اللَّهُ عَنِ الَّذِينَ لَمْ يُقْتُلُواكُمْ فِي الدِّينِ وَلَمْ يُخْرِجُواكُم مِّن دِيَارِكُمْ أَن تَبَرُّوهُمْ وَتُقْسِطُوا إِلَيْهِمْ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُقْسِطِينَ ﴾

{Allah havakurambidzei kushanda (zvakafanira uye zvakanaka) neavo vasingakurwisei maererano nechitendero kana kukudzingai kubva mudzimba dzenyu. Zvirokwazvo, Allah vanoda avo vanoshanda zvakafanira uye zvakanaka...} [Al-Mumtahinah:8].

Uye chitendero cheIslam chinorayira kuchengetwa kwevana, uye chikuru chinorayirwa mubereki nechitendero cheIslam kudzidzisa vana vake kodzero dzaTenzi wavo pavari, sezvakataurwa neMuporofita (rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive pavari) kumwana wababamunini vake Abdullah bin Abbas (Allah ngavafadzwe navo vose):

«يَا غُلَامُ أَوْ يَا غُلَيْمُ أَلَا أَعْلَمُكَ كَلِمَاتٍ يَنْفَعُكَ اللَّهُ بِهِنَّ؟ فَقُلْتُ: بَلَى. فَقَالَ: "اَحْفَظِ اللَّهَ يَحْفَظْكَ اللَّهُ تَجِدْهُ أَمَامَكَ تَعْرِفْ إِلَيْهِ فِي الرَّخَاءِ يَعْرِفُكَ فِي الشَّدَّةِ وَإِذَا سَأَلْتَ فَاسْأَلِ اللَّهَ وَإِذَا اسْتَعَنْتَ فَاسْتَعِنْ بِاللَّهِ»

«Iwe mukomana kana kuti iwe kakomana ndingakudzidzise here mashoko ayo ekuti Allah vachakubatsira nawo? Ndakati: Hongu. Akati: "Chengetedza Allah vachakuchengetedza, chengetedza Allah uchavawana pamberi pako, vazive munguva yekugadzikana vachakuziva munguva yenhamo, uye kana uchikumbira kumbira

kuna Allah, uye kana uchitsvaga rubatsiro tsvaga rubatsiro kuna Allah.» Yakarondedzerwa naAhmad 4/287.

Uye Allah vakarayira vabereki kuti vadzidzise vana vavo izvo zvinovabatsira munyaya dzechitendero chavo nehupenyu hwavo hwepasi pano. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا قُوا أَنْفُسَكُمْ وَأَهْلِيكُمْ نَارًا وَقُودُهَا النَّاسُ وَالْجِبَارَةُ عَلَيْهَا مَلَائِكَةٌ غِلَظٌ شِدَادٌ لَا يَعْصُونَ اللَّهَ مَا أَمَرَهُمْ وَيَفْعَلُونَ مَا يُؤْمَرُونَ﴾

{ Imi vatendi! Zvinunurei imi nemhuri dzenyu kubva kumoto uyo huni dzacho dzichava vanhu nematombo, pamusoro pawo pachange paine ngirozi dzinehasha, dzakasimba, hadzipikise Allah pane zvadzinorairwa, uye dzinoita zvadzinenge dzarairwa... [Sura At-Tahrim: 6] Uye kuna Ali, Allah ngavafare naye, kwakabva nhaurwa maererano nemashoko aAllah vekumusoro-soro anoti:

﴿قُوا أَنْفُسَكُمْ وَأَهْلِيكُمْ نَارًا﴾

{Zvidzivirirei imi, nemhuri yenyu kubva kumoto...} Akati: "Varayirei, vadzidzisei." Uye Muporofita, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakaraira mubereki kuti adzidzise mwana wake munamato (Swalaah); kuitira kuti vakure vakajaira uye vakasimbiswa pairo. Muporofita, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

(مُرُوا أَوْلَاكُمْ بِالصَّلَاةِ وَهُمْ أَبْنَاءُ سَبْعِ سِنِينَ)

(Rairai vana venyu kuti vanamate vaine makore manomwe) Yakarondedzerwa naAbu Dawud, Uye Muporofita, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«كُلُّكُمْ رَاعٍ وَكُلُّكُمْ مَسْئُولٌ عَنْ رَعِيَّتِهِ الْإِمَامُ رَاعٍ وَمَسْئُولٌ عَنْ رَعِيَّتِهِ وَالرَّجُلُ رَاعٍ فِي أَهْلِهِ وَهُوَ مَسْئُولٌ عَنْ رَعِيَّتِهِ وَالْمَرْأَةُ رَاعِيَّةٌ فِي بَيْتِ زَوْجِهَا وَمَسْئُولَةٌ عَنْ رَعِيَّتِهَا وَالْخَادِمُ رَاعٍ فِي مَالِ سَيِّدِهِ وَمَسْئُولٌ عَنْ رَعِيَّتِهِ وَكُلُّكُمْ رَاعٍ وَمَسْئُولٌ عَنْ رَعِيَّتِهِ»

«Mese imimi muri vafudzi uye mumwe nemumwe wenyu achazvidavirira paboka rake. Mutungamiri mufudzi uye achazvidavirira paboka rake. Uye murume mufudzi wemhuri yake uye achazvidavirira paboka rake. Uye mukadzi mufudzi mumba memurume wake uye achazvidavirira paboka rake. Uye muranda mufudzi wepfuma yatenzi wake uye achazvidavirira paboka rake. Uye mese muri vafudzi uye mumwe nemumwe wenyu achazvidavirira paboka rake.» Sahih Ibn Hibban 4490.

Uye Islam yakarayira baba kuriritira vana vavo neveimba yavo, uye zvimwe zveizvi zvakambotaurwa mundima nhamba (18). Uye Muporofita (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwaari) vakatsanangura kunaka kwekuriritira vana, vakataura kuti:

«أَفْضَلُ دِينَارٍ يُنْفَقُهُ الرَّجُلُ: دِينَارٌ يُنْفَقُهُ عَلَى عِيَالِهِ وَدِينَارٌ يُنْفَقُهُ الرَّجُلُ عَلَى ذَاتِهِ فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَدِينَارٌ يُنْفَقُهُ عَلَى أَصْحَابِهِ فِي سَبِيلِ اللَّهِ». قَالَ أَبُو قَلَابَةَ: " وَبَدَأَ بِالْعِيَالِ ثُمَّ قَالَ أَبُو قَلَابَةَ: وَأَيُّ رَجُلٍ أَعْظَمُ أَجْرًا مِنْ رَجُلٍ يُنْفِقُ عَلَى عِيَالٍ صِغَارٍ يُعْفَهُمْ أَوْ يُنْفَعُهُمُ اللَّهُ بِهِ وَيُعْنِيَهُمْ"

«Mari (Dhinari) yakanakisisa inoshandiswa nemurume: ndiyo mari yaanoshandisa kumhuri yake, nemari inoshandiswa nemurume pamhuka yake munzira yaAllah, nemari yaanoshandisa kushamwari dzake munzira yaAllah». Abu Qilabah akati: "Mutumwa akatanga kutaura nezvemhuri." Zvadaro Abu Qilabah akati: Ndeupi murume ane mubairo mukuru kudarika murume anoshandisa pfuma kuvana vadiki, achivachengetedza kana kuti uyo Allah anovabatsira kubudikidza naye uye ovaita kuti vawane zvinovakwanira. Sahih Muslim 994.

30- Chitendero cheIslam chinorayira ruenzaniso mumashoko nemabasa kunyange nevavengi.

Allah vanorumbidzwa uye vekumusoro-soro, vane maitiro eruenzaniso nekuita zvakarurama muzviito zvavo nehurongwa hwavo pakati pevaranda vavo, uye vari panzira yakatwasuka mune zvavakarayira nezvavakarambidza, nemune zvavakasika nezvavakatara. Allah, vari kumusoro-soro, vakati:

﴿شَهِدَ اللَّهُ أَنَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ وَالْمَلَائِكَةُ وَأُولُوا الْعِلْمِ قَانِمًا بِالْقِسْطِ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ﴾

{Allah vanopupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwavo, uye ngirozi, neavo vane ruzivo vanopupurawo. Allah vanochengeta zvisikwa zvavo mukururama. Hapana

chakakodzera kunamatwa kunze kwavo,
 samasimba, vazere nehungwaru } [Al Imran:18].
 Uye Allah vanorayira ruenzaniso. Allah
 vekumusoro-soro vakati:

{قُلْ أَمَرَ رَبِّي بِالْقِسْطِ}

{Iti (iwe Muhammad): "Tenzi vangu vakava
 vanoraira ruenzaniso...} [Al-A'raaf:29]. Uye
 vatumwa nemaporofita vose, rugare
 nemakomborero ngazvive kwavari, vakaunza
 ruenzaniso. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{لَقَدْ أَرْسَلْنَا رُسُلَنَا بِالْبَيِّنَاتِ وَأَنزَلْنَا مَعَهُمُ الْكِتَابَ وَالْمِيزَانَ لِيَقُومَ النَّاسُ بِالْقِسْطِ}

{Zvirokwazvo, takatuma vatumwa vedu
 nezviratidzo zviri pachena, uye takadzikisa bhuku
 nechikero navo kuti vayere zvakafanira...} [Al-
 Hadid:25]. Uye chiyero ndicho ruenzaniso
 mumashoko nemabasa.

Uye chitendero cheIslam chinorayira kuita
 ruenzaniso mumashoko nemabasa kunyangwe
 nevavengi. Allah vekumusoro-soro vakati:

{يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا كُونُوا قَوَّامِينَ بِالْقِسْطِ شُهَدَاءَ لِلّٰهِ وَلَوْ عَلَىٰ أَنْفُسِكُمْ أَوِ
 الْوَالِدِينَ وَالْأَقْرَبِينَ إِن يَكُنْ غَنِيًّا أَوْ فَقِيرًا فَاللّٰهُ أَوْلَىٰ بِهِمَا فَلَا تَتَّبِعُوا الْهَوَىَٰ أَن
 تَعْدِلُوا وَإِن تَلَوْا أَوْ تَعْرَضُوا فَإِنَّ اللَّهَ كَانَ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرًا}

{Imi vatendi! mirai makasimba mukururama,
 muchipupura nekuda kwaAllah, kunyangwe
 zvichipesana nemi pachenyu, kana vabereki,
 nehama dzepedyo. Kunyangwe ari mupfumi kana
 murombo, Allah ndivo vane kodzero huru pavari
 vari vaviri. Saka musatevere zvido zvenyu kuti

murege kuita zvakarurama. Uye kana mukachinja (uchapupu) kana kufuratira, zvirowazvo, Allah vanoziva zvizere zvamunoita.} [An-Nisaa:135]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَلَا يَجْرِمَنَّكُمْ شَنَاٰنُ قَوْمٍ اَنْ صَدُّوْكُمْ عَنِ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ اَنْ تَعْتَدُوْا وَتَعَاوَنُوْا عَلَى الْبِرِّ وَالتَّقْوٰى وَلَا تَعَاوَنُوْا عَلَى الْاِثْمِ وَالْعُدُوْنِ وَاتَّقُوا اللهَ اِنَّ اللهَ شَدِيْدُ الْعِقَابِ﴾

{Uye musarege ruvengo rwevamwe vanhu nekukudzivirirai kushanyira Masjid Inoera (Al-masjid Al-haram), ruchikuitai kuti muve munopfuudzira mwero, uye batsiranai mukuita zvakanaka, asi musave munobatsirana kuita mabasa akaipa nekupfuudzira mwero. Uyezve ityai Allah, zvirowazvo, Allah vanoranga zvakaoma.....} [Al-Ma'idah:2]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ ءَامَنُوْا كُوْنُوْا قَوٰمِيْنَ لِلّٰهِ شُهَدَآءَ بِالْقِسْطِ وَلَا يَجْرِمَنَّكُمْ شَنَاٰنُ قَوْمٍ عَلَى اَلَّا تَعْدِلُوْا اَعْدِلُوْا هُوَ اَقْرَبُ لِلتَّقْوٰى﴾

{Imi vatendi!, mirai zvakasimba pamberi paAllah (Mwari) sezvapupu mukururama, uye musarega ruvengo rwevanhu ruchikutadzisai kuita ruenzaniso. Itai ruenzaniso, ndizvo zviri pedyo nekutya Allah ...} [Al-Ma'idah:8]. Saka mungawana here mumitemo yemarudzi mazuva ano, kana muzvitendero zvevanhu, murairo wakadai wekupupurira zvakarurama nekutaura chokwadi, kunyange kana zvichipikisa munhu pachake,

vaberekwi, pamwe nehama dzepedyo, uye murairo weruenzaniso kumuvengi neshamwari?

Uye Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) vakarayira kuita ruenzaniso pakati pevana.

فَعَنْ عَامِرٍ قَالَ: سَمِعْتُ النَّعْمَانَ بْنَ بَشِيرٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا وَهُوَ عَلَى الْمِنْبَرِ يَقُولُ: أُعْطَانِي أَبِي عَطِيَّةً فَقَالَتْ عُمَرَةُ بِنْتُ رَوَاحَةَ: لَا أَرْضَى حَتَّى تُشْهَدَ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَأَتَى رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَقَالَ: إِنِّي أُعْطِيتُ ابْنِي مِنْ عُمَرَةَ بِنْتُ رَوَاحَةَ عَطِيَّةً فَأَمَرْتَنِي أَنْ أَشْهَدَكَ يَا رَسُولَ اللَّهِ قَالَ: «أُعْطِيتُ سَائِرَ وَلَدِكَ مِثْلَ هَذَا؟» قَالَ: لَا قَالَ: «فَاتَّقُوا اللَّهَ وَاعْدِلُوا بَيْنَ أَوْلَادِكُمْ» قَالَ: فَرَجَعَ فَرَدَّ عَطِيَّتَهُ

Amir akati: Ndakanzwa An-Nu'man bin Bashir (Allah ngaafadzwe navo vose) ari paparupiti achiti: Baba vangu vakandipa chipo, 'Amra bint Rawaha ndokuti: Handibvumi kusvikira waita Mutumwa waAllah (rugare ngaruve kwaari) chapupu. Saka vakaenda kuMutumwa waAllah (rugare ngaruve kwaari) ndokuti: Zvirokwazvo ndapa mwanakomana wangu wandakaita naye na'Amra bint Rawaha chipo, uye andirayira kuti ndikuitei chapupu, imi Mutumwa waAllah. Mutumwa vakati: "Wapa vana vako vose zvakafanana neizvi here?" Akati: Kwete. Vakati: "Saka ityai Allah uye ivai neruenzaniso pakati pevana venyu." Akati: Saka akadzoka ndokudzosa chipo chake. Sahih al-Bukhari 2587.

Izvi zvinodaro nekuti magariro evanhu nenyika haamiri zvakanaka kunze kwekunge paine ruenzaniso, uye vanhu havawane chengetedzo

pazvitendero zvavo, upenyu hwavo, zvizvarwa zvavo, chiremema chavo, hupfumi hwavo nenyika dzavo kunze kwekunge paine ruenzaniso. Ndokusaka tichiwana kuti pakashungurudza vaisatenda vekuMakkah maMuslim, Muporofita (Allah ngavavaropafadze nekuvapa rugare), vakavarayira kuti vatame kuenda kuAbyssinia; vachipa chikonzero chekuti ikoko kuna mambo akarurama, hapana munhu waanodzvinyirira.

31- Uye chitendero cheIslam chinoraira kuitira zvakanaka zvisikwa zvese, uye chinokurudzira hunhu hwakanaka kwazvo nemabasa akarurama.

Chitendero cheIslam chinoraira kuitira zvisikwa zvaAllah zvese zvakanaka. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَىٰ}

{Zvirokwazvo, Allah vanokurairai kuita zvakarurama nezvakanaka, uye nekubatsira hama dzepedyo ...} [An-Nahl:90]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

{الَّذِينَ يُنْفِقُونَ فِي السَّرَّاءِ وَالضَّرَّاءِ وَالْكُظُمِينَ الْغَيْظِ وَالْعَافِينَ عَنِ النَّاسِ وَاللَّهُ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ}

{Avo vanopa munguva dzekufara nedzekuomerwa, uye vanodzora hashu, uye avo vanoregerera vanhu. Uye Allah vanoda avo vanoita mabasa akanaka.} [Aal-Imraan:134]. Uye Mutumwa

Muhammad, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

« إِنَّ اللَّهَ كَتَبَ الْإِحْسَانَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ، فَإِذَا قَتَلْتُمْ فَأَحْسِنُوا الْقِتْلَةَ، وَإِذَا دَبَحْتُمْ فَأَحْسِنُوا الدَّبْحَ، وَلْيَجِدْ أَحَدُكُمْ شَفْرَتَهُ، فَلْيُرْخْ دَبِيحَتَهُ »

« Zvirokwazvo, Allah vakarayira kuita zvakanaka pazvinhu zvose, saka kana muchiuraya, urayai zvakanaka, uye kana muchibaya, bayai zvakanaka, uye mumwe nomumwe wenyu ngaarodze banga rake, uye ngaarerutsire mhuka yake inobayiwa. » Sahih Muslim 1955.

Uye chitendero cheIslam chinokurudzira hunhu hwakanaka nemabasa akarurama. Allah (vekumusoro-soro vakataura vachitsanangura pamusoro paMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) mumabhuku akapfuura vachiti:

﴿الَّذِينَ يَتَّبِعُونَ الرَّسُولَ النَّبِيَّ الْأُمِّيَّ الَّذِي يَجِدُونَهُ مَكْتُوبًا عِنْدَهُمْ فِي التَّوْرَةِ وَالْإِنْجِيلِ يَأْمُرُهُمْ بِالْمَعْرُوفِ وَيَنْهَاهُمْ عَنِ الْمُنْكَرِ وَيُحِلُّ لَهُمُ الطَّيِّبَاتِ وَيُحَرِّمُ عَلَيْهِمُ الْخَبَائِثَ وَيَضَعُ عَنْهُمْ إِصْرَهُمْ وَالْأَغْلَالَ الَّتِي كَانَتْ عَلَيْهِمْ فَالَّذِينَ ءَامَنُوا بِهِ وَعَزَّرُوهُ وَنَصَرُوهُ وَاتَّبَعُوا النُّورَ الَّذِي أُنْزِلَ مَعَهُ ۙ أُولَٰئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ﴾

{Avo vanotevera Mutumwa, Muporofita asina kudzidza (kuverenga nekunyora), wavanowana akanyorwa kwavari muTorah nemuInjil, anovarayira kuita zvakanaka uye anovarambidza kuita zvakaipa, anovabvumidza zvinhu zvakanaka uye anovarambidza zvinhu zvakaipa, uye anovabvisa mitoro yavo nengetani dzaive pavari. Naizvozvo, avo vakatenda maari, vakamutsigira,

vakamubatsira, uye vakatevera chiedza chaakatumba nacho; ivavo ndivo vakabudirira.}

[Al-A'raaf:157]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«يَا عَائِشَةُ إِنَّ اللَّهَ رَفِيقٌ يُحِبُّ الرِّفْقَ وَيُعْطِي عَلَى الرِّفْقِ مَا لَا يُعْطِي عَلَى الْعَنْفِ وَمَا لَا يُعْطِي عَلَى مَا سِوَاهُ»

«Iwe Aisha! Zvirokwazvo Allah vane hunyoro uye vanoda hunyoro. Vanopa nekuda kwehunyoro izvo zvavasingapi nekuda kwehasha kana kuomarara, uye zvavasingapi nekuda kwechimwe chinhu chisiri icho (hunyoro).» Sahih Muslim 2593. Uye Mutumwa waAllah (Mwari ngavavaropafadze nekuvapa rugare) vakati:

«إِنَّ اللَّهَ حَرَّمَ عَلَيْكُمْ: عُقُوقَ الْأُمَّهَاتِ وَوَادَ النَّبَاتِ وَمَنْعَ وَهَاتٍ وَكَرِهَ لَكُمْ قَيْلَ وَقَالَ وَكَثْرَةَ السُّؤَالِ وَإِضَاعَةَ الْمَالِ»

«Zvirokwazvo, Allah vakarambidza kwamuri: kusateerera vanaamai, nekuviga vana vasikana vari vapenyu, nekunyima uye nekukumbira (zvisina kufanira), uye vanovenga kwamuri: kutaura-taura (makuhwa), nekubvunza-bvunza kwakanyanya, nekutambisa pfuma.» Sahih al-Bukhari 2408. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«لَا تَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ حَتَّى تُؤْمِنُوا وَلَا تُؤْمِنُوا حَتَّى تَحَابُّوا أَوْ لَا أَدْلُكُمْ عَلَى شَيْءٍ إِذَا فَعَلْتُمُوهُ تَحَابَبْتُمْ؟ أَفَسُوا السَّلَامَ بَيْنَكُمْ»

“Hamungapindi muJannah kusvikira matenda, uye hamungatendi kusvikira madanana. Ko handikuratidzei here chinhu chokuti kana

mukachiita muchadanana? Itai kuti kukwasizana neAs-salaam kutekeshera pakati penyu.” Sahih Muslim 54.

**32- Uye chitendero cheIslam chinoraira
hunhu hwakanaka hwakadai sekutaura
chokwadi, kuvimbika, kuzvibata, kunyara,
hushingi, kupa, nerupo; pamwe
nekubatsira vanoshaya, kununura
vanotambudzika, kupa zvekudya kune
vane nzara, kugarisana zvakanaka
nevavakidzani, kuchengetedza hukama,
nekunzwira mhuka tsitsi.**

Uye chitendero cheIslam chinoraira hunhu hwakanaka, Mutumwa waAllah (Allah ngavavaropafadze nekuvapa rugare) vakati:

(إِنَّمَا بُعِثْتُ لِأَتَمِّمَ صَالِحَ الْأَخْلَاقِ)

(Zvirokwazvo, ndakatumwa kuzadzikisa hunhu hwakanaka.) Sahih Al-Adab Al-Mufrad 207. Uye Mutumwa waAllah (Mwari), rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

(رَنْ مِنْ أَحَبِّكُمْ إِلَيَّ ، وَأَقْرَبِكُمْ مِنِّي مَجْلِسًا يَوْمَ الْقِيَامَةِ أَحَاسِبُكُمْ أَخْلَاقًا ، وَإِنْ أَبْغَضَكُمْ إِلَيَّ وَأَبْعَدَكُمْ مِنِّي مَجْلِسًا يَوْمَ الْقِيَامَةِ الثَّرَثَارُونَ ، وَالْمُتَشَدِّقُونَ ، وَالْمُتَفِيهِقُونَ ، قَالُوا : قَدْ عَلِمْنَا الثَّرَثَارُونَ وَالْمُتَشَدِّقُونَ ، فَمَا الْمُتَفِيهِقُونَ ؟ قَالَ : الْمُتَكَبِّرُونَ)

(Zvirokwazvo vanonyanya kudiwa neni pakati penyu, nevachange vari pedyo neni pakugara pazuva rekutongwa, ndivo vane tsika

dzakanakisisa. Uye zvirokwazvo vanonyanya kuvengwa neni pakati penyu, nevachange vari kure neni pakugara pazuva rekutongwa, ndivo vataurisi, nevanotaura vachidada, neuye vanozvikudza vachizviratidza sevakuru (al-Mutafayhiqun). Vakati: Tinoziva vataurisi nevanotaura vachidada, ko al-Mutafayhiqun ndivanaani? Akati: Ndivo vanozvikudza.) As-Silsilah As-Sahihah 791.

وَعَنْ عَبْدِ اللَّهِ بْنِ عَمْرٍو رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا قَالَ: "لَمْ يَكُنِ النَّبِيُّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَاجِسًا وَلَا مُتَقَجِّسًا" وَكَانَ يَقُولُ: (إِنَّ مِنْ خِيَارِكُمْ أَحْسَنَكُمْ أَخْلَاقًا)

Abdullah bin Amr, Allah ngavafare naye iye nababa vake, akati: "Muporofita (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vaisave munhu anotaura zvinonyadzisa kana kuita zvinyadzi," uye vaiti: "(Zvirokwazvo, vakanakisisa pakati penyu ndevaya vane hunhu hwakanakisisa)." Sahih al-Bukhari 3559. Kune dzimwewo ndima nemahadith zvinoratidza kuti chitendero cheIslam chinokurudzira hunhu hwakanaka nemabasa akarurama zvakazara.

Uye pane izvo Islam inoraira pane: chokwadi. Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) vakati:

(عَلَيْكُمْ بِالصِّدْقِ فَإِنَّ الصِّدْقَ يَهْدِي إِلَى الْبِرِّ وَإِنَّ الْبِرَّ يَهْدِي إِلَى الْجَنَّةِ وَمَا يَزَالُ الرَّجُلُ يَصْدُقُ وَيَتَحَرَّى الصِّدْقَ حَتَّى يُكْتَبَ عِنْدَ اللَّهِ صِدِّيقًا)

(Munofanira kuva vanhu vechokwadi, nokuti chokwadi chinotungamirira kukururama, uye kururama kunotungamirira kuParadhisu, uye

munhu anoramba achitaura chokwadi nekutsvaga chokwadi kusvikira anyorwa naAllah semunhu wechokwadi.) Sahih Muslim 2607.

Uye pane zvinorairwa neIslam pane: kuchengetedza chivimbo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُكُمْ أَنْ تُؤَدُّوا الْأَمَانَتِ إِلَىٰ أَهْلِهَا﴾

{Zvirokwazvo, Allah (Mwari) vanokurairai kuti mudzorere zvinhu zvamakapiwa kuchengeta kune varidzi vazvo ...} [An-Nisaa:58].

Uye zvinorairwa neIslam zvinosanganisira: kuzvibata. Mutumwa waAllah (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) vakati:

«ثلاثة حق على الله عونهم: وذكر منهم: والناكح الذي يريد العفاف»

«Vanhu vatatu vane kodzero yekubatsirwa naAllah: uye akataura pakati pavo: munhu anoroora nekuda kuzvichengetedza» Sunan at-Tirmidhi 1655. Uye rimwe du'ā reMuporofita, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, nderekuti vaiti:

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْهُدَىٰ وَالتَّقَىٰ وَالْعَفَافَ وَالْغَنَىٰ»

«(Allahumma innii as'alukal-hudaa wat-tuqaa wal-afaafa wal-ghinaa) O Allah, zvirokwazvo ndinokumbira kwamuri kutungamirirwa (kugwara rakanaka), kutya Allahi, kuzvibata, uye kuzvikwanira.» Sahih Muslim 2721.

Uye zvakarairwa nechitendero cheIslam zvinosanganisira kunyara. Mutumwa waAllah (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwavari) vakati:

«الْحَيَاءُ لَا يَأْتِي إِلَّا بِخَيْرٍ»

«Kunyara hakuunzi chinhu kunze kwezvakanaka.» Sahih al-Bukhari 6117. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«لِكُلِّ دِينٍ خُلُقٌ وَخُلُقُ الْإِسْلَامِ الْحَيَاءُ»

«Chitendero chese chine hunhu, uye hunhu hweIslam kunyara.» Yakarondedzerwa naAl-Bayhaqi muShu'ab al-Imaan 6/2619.

Uye pakati pezvinorairwa neIslam pane hushingi. Anas, Allah ngavafare naye, akati:

«كَانَ النَّبِيُّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ أَحْسَنَ النَّاسِ وَأَشْجَعَ النَّاسِ وَأَجْوَدَ النَّاسِ وَلَقَدْ فَرَعَ أَهْلَ الْمَدِينَةِ فَكَانَ النَّبِيُّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ سَبَقَهُمْ عَلَى فَرَسٍ»

«Muporofita (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vaive munhu akanakisisa pavanhu vese, akashingisisa pavanhu vese, uye aive nerupo rwakanyanya pavanhu vese. Uye zvirokwazvo vanhu vemuMadinah vakavhunduka, saka Muporofita (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakavatangira kusvika vari pabhiza» Sahih al-Bukhari 2820. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vaitsvaga dziviro kuna Allah kubva kuhumbwende, saka vaiti:

«اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْجُبْنِ»

(Allahumma inni audhu bika minal hubn)«O Allah, ndinopotera kwamuri kubva kuhumbwende» Sahih al-Bukhari 6374.

Zvinorairwa neIslam zvinosanganisira kupa nekuva nerupo. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿مَثَلُ الَّذِينَ يُنْفِقُونَ أَمْوَالَهُمْ فِي سَبِيلِ اللَّهِ كَمَثَلِ حَبَّةٍ أَنْبَتَتْ سَبْعَ سَنَابِلَ فِي كُلِّ سُنبُلَةٍ مِائَةٌ حَبَّةٌ وَاللَّهُ يُضْعِفُ لِمَنْ يَشَاءُ وَاللَّهُ وَسِعَ عَلَيْهِ﴾

{Muenzaniso weavo vanoshandisa pfuma yavo munzira yaAllah, wakafanana nemuenzaniso wetsanga (yechibage) inobereka miguri minomwe, uye pamuguri wega wega pane tsanga zana. Uye Allah vanowedzera (mubairo) kune uyo wavanoda. Uye Allah vanogutsa zvisikwa zvavo, vanoziya zvese.} [Al-Baqarah:261]. Uye hunhu hweMutumwa waAllah (Allah ngavavaropafadze nekuvapae rugare) hwaivehwekuva nerupo. Ibn Abbas (Mwari ngavafadzwe navo vose) akati:

«كَانَ النَّبِيُّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ أَجْوَدَ النَّاسِ بِالْخَيْرِ وَكَانَ أَجْوَدَ مَا يَكُونُ فِي رَمَضَانَ حِينَ يَلْقَاهُ جَبْرِيلُ وَكَانَ جَبْرِيلُ عَلَيْهِ السَّلَامُ يَلْقَاهُ كُلَّ لَيْلَةٍ فِي رَمَضَانَ حَتَّى يَنْسَلَخَ يَغْرَضُ عَلَيْهِ النَّبِيُّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ الْقُرْآنَ فَإِذَا لَقِيَهُ جَبْرِيلُ عَلَيْهِ السَّلَامُ كَانَ أَجْوَدَ بِالْخَيْرِ مِنَ الرِّيحِ الْمُرْسَلَةِ»

«Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) vaive nerupo rwakanyanya kupfuura vanhu vese mukuita zvakanaka, uye vaiwedzera kuve nerupo rwakanyanya mumwedzi weRamadhan pavaisangana naJibril. Uye Jibril (rugare ngaruve kwaari) aisangana navo husiku hwega hwega muRamadhan kusvikira mwedzi

wapera, Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) vachimuverengera Qur'an. Saka kana Jibril (rugare ngaruve kwaari) asangana navo, vaiita rupo mukuita zvakanaka kupfuura mhepo inotumirwa.» Sahih al-Bukhari 1902.

Uye pakati pezvinorairwa neIslam pane kubatsira vanoshaya, kununura vanotambudzika, kupa chikafu kune vane nzara, kugarisana zvakanaka nevavakidzani, kuchengetedza hukama, uye kuitira mhuka tsitsi.

فَعَنْ عَبْدِ اللَّهِ بْنِ عَمْرٍو رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمَا أَنَّ رَجُلًا سَأَلَ النَّبِيَّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: أَيُّ الْإِسْلَامِ خَيْرٌ؟ قَالَ: «تُطْعِمُ الطَّعَامَ وَتَقْرَأُ السَّلَامَ عَلَى مَنْ عَرَفْتَ وَمَنْ لَمْ تَعْرِفْ»

Abdullah bin Amr (Allah ngaafadzwe navo vese) akati mumwe murume akabvunza Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) kuti: Ndezvipi zviito zveIslam zvakanakisa? Vakati: «Kupa chikafu, nekukwazisa kwerugare (Salaam) kune uyo waunoziva neuyo wausingazivi» Sahih al-Bukhari 12. Uye Mutumwa waAllah, Allah ngavavaropafadze nekuvapa rugare, vakati:

«بَيْنَمَا رَجُلٌ يَمْشِي بِطَرِيقٍ اسْتَدَّ عَلَيْهِ الْعَطَشُ فَوَجَدَ بِئْرًا فَنَزَلَ فِيهَا فَشَرِبَ ثُمَّ خَرَجَ فَإِذَا كَلْبٌ يَلْهَثٌ يَأْكُلُ التُّرَى مِنَ الْعَطَشِ فَقَالَ الرَّجُلُ: لَقَدْ بَلَغَ هَذَا الْكَلْبُ مِنَ الْعَطَشِ مِثْلَ الَّذِي كَانَ بَلَغَ بِي فَنَزَلَ الْبِئْرَ فَمَلَأَ خُفَّهُ ثُمَّ أَمْسَكَهُ بِيْهِ فَسَقَى الْكَلْبَ فَشَكَرَ اللَّهُ لَهُ فَغَفَرَ لَهُ» قَالُوا: يَا رَسُولَ اللَّهِ وَإِنْ لَنَا فِي الْبَهَائِمِ أَجْرًا؟ فَقَالَ: «نَعَمْ فِي كُلِّ ذَاتٍ كَبِدٍ رَطْبَةٍ أَجْرٌ»

«Mumwe murume paaifamba munzira, akanzwa nyota yakanyanya, akawana tsime, akadzika mariri,

akanwa (mvura), ndokubuda, akaona imbwa ichifemereka ichidya ivhu nyoro nemhaka yenyota. Murume akati: Imbwa iyi yabatwa nenyota yakaita seyanga yandibata. Saka akadzika mutsime, akazadza shangu yake yedehwe nemvura, ndokuibata nemuromo wake, akapa imbwa (iya) mvura. Saka Allah vakamutenda ndokumukanganwira.» (MaSwahabah) Vakati: Imi Mutumwa waAllah, kune mubairo here kwatiri pamhuka? Vakati: «Hongu, kuitira chisikwa chose chipenyu kune mubairo.» Sahih Ibn Hibban 544. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«السَّاعِي عَلَى الْأَرْمَلَةِ وَالْمُسْكِينِ كَالْمُجَاهِدِ فِي سَبِيلِ اللَّهِ أَوْ الْقَائِمِ اللَّيْلَ الصَّائِمِ النَّهَارَ»

"«Uyo anoshingairira kubatsira shirikadzi neanoshaya akafanana neuyo anorwa munzira yaAllah, kana uyo anomuka husiku achinamata uye achitsanya masikati.»" Sahih al-Bukhari 5353.

Uye chitendero cheslam chinosisimbisa kodzero dzhama uye chinosingira kuchengetedza hukama nehama. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿النَّبِيُّ أَوْلَىٰ بِالْمُؤْمِنِينَ مِنْ أَنفُسِهِمْ وَأَزْوَاجُهُ أُمَّهَاتُهُمْ وَأُولَوُا الْأَرْحَامَ بَعْضُهُمْ أَوْلَىٰ بِبَعْضٍ فِي كِتَابِ اللَّهِ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُهَاجِرِينَ إِلَّا أَنْ تَفْعَلُوا إِلَىٰ أَوْلِيَائِكُمْ مَعْرُوفًا كَانَ ذَلِكَ فِي الْكِتَابِ مَسْطُورًا﴾

{Muporofita ane kodzero dzakanyanya kuvatendi kupfuura ivo pachavo, uye vadzimai vake ndivo vanaamai vavo. Uye vehukama hweropa vane

kodzero dzakanyanya kudarika vamwe vavo muBhuku raAllah (maererano nenhaka) kupfuura vatendi nevakatama, kunze kwekunge maita zvakanaka kushamwari dzenyu. Izvozvo zvakanyorwa muBhuku.} [Al-Ahzaab:6]. Uye akayambira pamusoro pekudambura hukama uye akazvibatanidza nekuparadza panyika. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿فَهَلْ عَسَيْتُمْ إِنْ تَوَلَّيْتُمْ أَنْ تُفْسِدُوا فِي الْأَرْضِ وَتَقَطَّعُوا أَرْحَامَكُمْ﴾ (22) ﴿أُولَٰئِكَ الَّذِينَ لَعَنَهُمُ اللَّهُ فَأَصَمَّهُمْ وَأَعَمَّى أَبْصَرَهُمْ﴾ (23) {

{Ko zvino mungaita sei kana mukatendeuka (muchisiya kuteerera Mwari)? Hamungazoparadzi here panyika uye muchicheka hukama hwehukama (hwepedyo)?...}

{Avo ndivo avo vakatukwa naAllah, vakavaita matsi (kuti vasanzwe chokwadi) uye vakapofumadza maziso avo (kuti vasaone chokwadi) ...23} [Muhammad:22-23]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive pavari, vakati: «Haapindi muParadhisu munhu anodambura hukama» Sahih Muslim 2556. Uye hama dzepedyo dzinofanirwa kuchengetedzwa hukama nadzo dzinoti: vabereki, nevakoma nevanin'ina, nehanzvadzi, nevakoma nevanin'ina vababa (anababamukuru nanababamunini), nehanzvadzi dzababa (anatete), nehanzvadzi dzaamai (anasekuru), nevakoma nevanin'ina vaamai (anamaiguru nanamainini).

Uye Islam inosimbisa kodzero yemuvakidzani kunyange kana ari munhu asingatendi. Allah varikumusoro-soro vakati:

﴿وَأَعْبُدُوا اللَّهَ وَلَا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَبِذِي الْقُرْبَىٰ وَالْيَتَامَىٰ وَالْمَسْكِينِ وَالْجَارِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَالْجَارِ الْجُنُبِ وَالصَّاحِبِ بِالْجَنبِ وَابْنِ السَّبِيلِ وَمَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ مَنْ كَانَ مُخْتَالًا فَخُورًا﴾

{☉} Uye namatai Allah uye musavasanganise nechimwe chinhu, uye itirai zvakanaka vabereki, nehama dzepedyo, nenherera, nevarombo, nemuvakidzani ari hama yepedyo, nemuvakidzani asiri hama, neshamwari yepedyo, nemufambi, neavo vari pasi pesimba renyu. Zvirokwazvo, Allah havadi uyo anozvikudza uye anozvitutumadza.} [An-Nisaa:36]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

(مَا زَالَ جِبْرِيلُ يُوصِينِي بِالْجَارِ حَتَّى ظَنَنْتُ أَنَّهُ سَيُورَثُهُ)

"(Jibril akaramba achindirayira nezvemuvakidzani kusvika ndafunga kuti aizomuita mudyi wenhaka)" Sahih Abu Dawud 5152.

33- Chitendero cheIslam chakabvumidza zvinhu zvakanaka pazvekudya nekunwa, uye chakaraira kuchena kwemwoyo, muviri, nemba. Naizvozvo chakabvumidza kuroora, sekuraira kwakaita maporofita,

rugare ngaruve pavari, nekuti ivo vanoraira zvinhu zvese zvakanaka.

Uye chitendero cheIslam chakatendera zvinhu zvakanaka zvekudya nezvekunwa. Mutumwa waAllah, rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive pavari, vakati:

«يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنَّ اللَّهَ طَيِّبٌ لَا يَقْبَلُ إِلَّا الطَّيِّبَ وَإِنَّ اللَّهَ أَمَرَ الْمُؤْمِنِينَ بِمَا أَمَرَ بِهِ الْمُرْسَلِينَ قَالَ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا الرُّسُلُ كُلُوا مِنَ الطَّيِّبَاتِ وَاعْمَلُوا صَالِحًا إِنِّي بِمَا تَعْمَلُونَ عَلِيمٌ} وَقَالَ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُلُوا مِنْ طَيِّبَاتِ مَا رَزَقْنَاكُمْ وَاشْكُرُوا لِلَّهِ إِنْ كُنْتُمْ تَعْبُدُونَ{ الْآيَةُ قَالَ: ثُمَّ ذَكَرَ الرَّجُلُ يُطِيلُ السَّفَرَ أَشْعَثَ أَغْبَرَ يَمُدُّ يَدَيْهِ إِلَى السَّمَاءِ: يَا رَبِّ يَا رَبِّ وَمَطْعَمُهُ حَرَامٌ وَمَلْبَسُهُ حَرَامٌ وَمَشْرَبُهُ حَرَامٌ وَغَدْيٌ بِالْحَرَامِ فَأَنَّى يُسْتَجَابَ لِذَلِكَ؟!»

{ Imi vanhu! zvirokwazvo Allah (Mwari) vakanaka uye havagamuchiri kunze kwezvakanaka, uye zvirokwazvo Allah vakaraira vatendi izvo zvavakaraira vatumwa. (Allah) vekumusoro-soro vakati: [Imi vatumwa, idyai kubva muzvinhu zvakanaka uye multe mabasa akanaka. Zvirokwazvo, Ini ndinoziva zvamunoita...] Uye vakataura ivo vekumusoro-soro vachiti: [Imi vakatenda! idyai kubva muzvinhu zvakanaka zvatakakupai, uye mutende Allah kana muchinamata Ivo chete...] ndima . Munhu akataura nhaura akati: (Mutumwa) vakabva vataura nezvemurume anofamba rwendo rurefu, ane bvudzi rakabvanganyuka uye aine huruva, achitambanudza maoko ake kudenga achiti: "Ishe wangu! Ishe wangu!", asi chikafu chake chiri

chinorambidzwa, zvipfeko zvake zviri
 zvinorambidzwa, zvinwiwa zvake zviri
 zvinorambidzwa, uye muviri wake wakakuriswa
 nechikafu kana raramo yakawanikwa
 nezvinorambidzwa. Saka angapindurwa sei pane
 izvozvo?!...} Sahih Muslim 1015. Uye Allah
 vekumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ مَنْ حَرَّمَ زِينَةَ اللَّهِ الَّتِي أَخْرَجَ لِعِبَادِهِ وَالطَّيِّبَاتِ مِنَ الرِّزْقِ قُلْ هِيَ لِلَّذِينَ
 ءَامَنُوا فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا خَالِصَةٌ يَوْمَ الْقِيَمَةِ كَذَلِكَ نَفَصِّلُ الْآيَاتِ لِقَوْمٍ يَعْلَمُونَ﴾

{Iti: "Ndiani akarambidza zvishongo zvaAllah
 izvo zvavakaburitsira varanda vavo, uye zvinhu
 zvakanaka kubva mune zvavanopihwa?" Iti: "Izvi
 ndezveavo vanotenda muhupenyu hwenyika ino,
 uye zvichava zvavo chete pazuva rekutongwa."
 Saizvozvo tinotsanangura mavhesi zvizere kune
 vanhu vanoziwa...} [Al-A'raaf:32].

Uye chitendero cheIslam chinoraira kuchena
 kwemoyo, muviri, nemusha, uye nekuda
 kwaizvozvo yakatendera kuroora, sekuraira
 kwakaitwa maporofita nevatumwa, runyararo
 ngaruve pavari, nekuti vanoraira zvese zvakanaka.
 Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَاللَّهُ جَعَلَ لَكُمْ مِنْ أَنْفُسِكُمْ أَزْوَاجًا وَجَعَلَ لَكُمْ مِنْ أَرْوَاجِكُمْ بَنِينَ وَحَفَدَةً وَرَزَقَكُمْ
 مِنَ الطَّيِّبَاتِ أَفَبَالْبَاطِلِ يُؤْمِنُونَ وَبِنِعْمَتِ اللَّهِ هُمْ يَكْفُرُونَ﴾

{Uye Allah vakakusikirai madzimai kubva
 mamuri, uye vakakuitirai vana nevazukuru kubva
 kumadzimai enyu, uye vakakupai kudya kubva
 muzvinhu zvakanaka. Saka vanotenda kuzvinhu

zvenhema here, uye vachiramba nyasha dzaAllah {...} [An-Nahl:72]. Uye Allah Varikumusoro-soro vakati:

{ وَثِيَابَكَ فَطَهِّرْ (4) وَالرُّجْزَ فَاهْجُرْ (5) }

{Zvakare iva unochenesa nhumbi dzako ...{4} }

{Uye zvinonyangadza (zvidhori) zvisiye {5} }

[Al-Muddathir:4 5]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

لَا يَدْخُلُ الْجَنَّةَ مَنْ كَانَ فِي قَلْبِهِ مِثْقَالُ ذَرَّةٍ مِنْ كِبَرٍ. قَالَ رَجُلٌ: إِنَّ الرَّجُلَ يُحِبُّ أَنْ يَكُونَ ثَوْبُهُ حَسَنًا وَنَعْلُهُ حَسَنَةً قَالَ: إِنَّ اللَّهَ جَمِيلٌ يُحِبُّ الْجَمَالَ الْكِبَرُ بَطَرُ الْحَقِّ وَغَمَطُ النَّاسِ

(Haapindi kuParadhisu uyo ane huremu hwetsanga hwekuzvikudza mumoyo make. Mumwe murume akataura kuti: 'Zvirokwazvo murume anoda kuti nguwo yake ive yakanaka, uye shangu dzake dzive dzakanaka.' (Mutumwa) akati: 'Zvirokwazvo Allah vakanaka, uye vanoda runako. Kuzvikudza kuramba chokwadi, nekuzvidza vanhu.') Sahih Muslim 91.

34- Uye Islam yakarambidza hwaro hwezvinhu zvinorambidzwa zvakaita sekusanganisa Allah nezvimwe, nekusatenda, nekunamata zvidhori, nekutaura pamusoro paAllah pasina ruzivo, nekuuraya vana, nekuuraya munhu asina mhosva, nekuita huori panyika, nehuroyi, nemabasa anonyangadza

anoonekwa neakavanzika, nehupombwe,
 nehungochani. Uye yakarambidza
 chimbado (riba), uye yakarambidza kudya
 mhuka yakafa yega, neyakabayirwa
 zvidhori nezvifananidzo. Uye
 yakarambidza nyama yenguruve nezvimwe
 zvese zvetsvina nezvakaipa, uye
 yakarambidza kudya pfuma yenherera
 nekubiridzira pazviyero nepazvikero, uye
 yakarambidza kugura hukama. Uye
 maporofita vese (rugare ngaruve pavari)
 vakabvumirana pakurambidzwa
 kwezvinhu izvi zvinorambidzwa.

Islam yakarambidza nheyo dzezvinhu
 zvinorambidzwa sokusanganisa Allah nezvimwe,
 nekusatenda, nekunamata zvidhori, nekutaura
 pamusoro paAllah pasina ruzivo, nekuuraya vana.
 Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ تَعَالَوْا أَتْلُ مَا حَرَّمَ رَبِّيَ عَلَيْكُمْ أَلَّا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا
 وَلَا تَقْتُلُوا أَوْلَادَكُمْ مِنْ إِمْلَاقٍ نَحْنُ نَرْزُقُكُمْ وَإِيَّاهُمْ وَلَا تَقْرَبُوا الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ
 مِنْهَا وَمَا بَطَنَ وَلَا تَقْتُلُوا النَّفْسَ الَّتِي حَرَّمَ اللَّهُ إِلَّا بِالْحَقِّ ذَلِكَمْ وَصَّيْتُكُمْ بِهِ لَعَلَّكُمْ
 تَعْقِلُونَ وَلَا تَقْرَبُوا مَالَ الْيَتِيمِ إِلَّا بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ حَتَّىٰ يَبْلُغَ أَشُدَّهُ وَأَوْفُوا بِالْكَيْلِ
 وَالْمِيزَانِ بِالْقِسْطِ لَا تَكْفُفْ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا وَإِذَا قُلْتُمْ فَاعْدِلُوا وَلَوْ كَانَ ذَا قُرْبَىٰ
 وَبِعَهْدِ اللَّهِ أَوْفُوا ذَلِكَمْ وَصَّيْتُكُمْ بِهِ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ﴾

{ Iti: “Uyai ndikuverengerei izvo Tenzi venyu
 vakarambidza kwamuri: kuti musavasanganise

nechimwe chinhu, uye nekuita zvakanaka kuvabereki, uye musauraya vana venyu nekuda kwehurombo; Isu tinokupai raramo imi pamwechete navo; uye musaswedera kuhunhu hunonyadzisa, uhwo hwakabuda pachena pamwe nehvakavandika; uye musauraya mweya uyo wakarambidzwa naAllah, kunze kwekunge paine chokwadi (chakarurama). Izvi ndizvo zvavakakurairai, zvimwe mungave vanonzwisisa.”...}

{ Uye musave munoswedera pedyo nehupfumi wenherera, kunze kwekuti muchida kuhuwedzera mune zvakanaka, kusvikira abva zera, uye zadzikisai chikero mova munoyera mune zvakanaka. Hatipi munhu mutoro kunze kwewaanokwanisa kutakura. Uye kana muchitaura, muchiyananisa, taurai chokwadi, kunyangwe iri hama yepedyo, uye zadzisai chibvumirano chenyu naAllah. Izvozvo ndizvo zvavakakurairai kuti zvimwe mungarangerire ...} [Al-An'am:152]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ إِنَّمَا حَرَّمَ رَبِّيَ الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ ۖ وَالْإِثْمَ وَالْبَغْيَ بِغَيْرِ الْحَقِّ ۚ وَأَنْ تُشْرِكُوا بِاللَّهِ مَا لَمْ يُنَزِّلْ بِهِ سُلْطَانًا وَأَنْ تَقُولُوا عَلَى اللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ﴾

{Iti: “Zvirokwazvo, Tenzi vangu vakarambidza zvivi zvinonyadzisa, izvo zviri pachena pazviri neizvo zvakavanzika, nezvitadzo, nehudzvanyiriri husina kodzeo, uye kusanganisa Allah

(mukunamata) nezvimwe zvisikwa zvavasina kupa mvumo, uye kuti mutaure pamusoro paAllah izvo zvamusingazivi.”} [Al-A'raf:33].

Islam inorambidza kuuraya munhu asina mhosva ane hupenyu hunokudzwa. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَلَا تَقْتُلُوا النَّفْسَ الَّتِي حَرَّمَ اللَّهُ إِلَّا بِالْحَقِّ وَمَنْ قُتِلَ مَظْلُومًا فَقَدْ جَعَلْنَا لَوْلِيَةٍ سُلْطٰنًا فَلَا يُسْرِفُ فِي الْقَتْلِ إِنَّهُ كَانَ مَنْصُورًا﴾

{Uye musauraya munhu uyo Allah (Mwari) vakarambidza (kuurayiwa), kunze kwekuti pane chikonzero chechokwadi. Uye uyo anouraiwa zvisakarurama, zvirokwazvo takapa mugari wenhaka yake simba, saka ngaarege kupfuudza mwero mukuuraya. Zvirokwazvo iye anobatsirwa (nemutemo weIslam).} [Al-Israa:33]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَالَّذِينَ لَا يَدْعُونَ مَعَ اللَّهِ إِلَهًا آخَرَ وَلَا يَقْتُلُونَ النَّفْسَ الَّتِي حَرَّمَ اللَّهُ إِلَّا بِالْحَقِّ وَلَا يَزْنُونَ وَمَنْ يَفْعَلْ ذَلِكَ يَلْقَ أَثَامًا﴾

{Uye avo vasingadani vamwe vanamwari pamwechete naAllah, uye vasingaurayi munhu akarambidzwa naAllah kuurayiwa kunze kwekunge pane chikonzero chokwadi, uye havaite chehupombwe. Uye uyo anoita izvozvo achawana murango (unorwadza) ...} [Al-Furqaan:68].

Uye Islam yakarambidza huori nekuita zvakaipa panyika. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَلَا تُفْسِدُوا فِي الْأَرْضِ بَعْدَ إِصْلَاحِهَا﴾

{Musava munoita huori panyika, mushure mekunge pagadziridzwa} [Al-A'raaf:56].

وقال الله تعالى مخبراً عن النبي شعيب عليه السلام أن قال لقومه: {يَا قَوْمِ اعْبُدُوا اللَّهَ مَا لَكُمْ مِنْ إِلَهٍ غَيْرُهُ ۖ قَدْ جَاءَكُمْ بَيِّنَةٌ مِنْ رَبِّكُمْ ۖ فَأَوْفُوا الْكَيْلَ وَالْمِيزَانَ وَلَا تَبْخَسُوا النَّاسَ أَشْيَاءَهُمْ وَلَا تُفْسِدُوا فِي الْأَرْضِ بَعْدَ إِصْلَاحِهَا ۖ ذَلِكُمْ خَيْرٌ لَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ}

Uye Allah vekumusoro-soro vakataura vachizivisa maererano neMuporofita Shu'ayb (rugare ngaruve kwaari), kuti akataura kuvanhu vake achiti:

{Imi vanhu vangu! namatai Allah (Mwari mumwechete), hamuna mumwe Mwari kunze kwavo. Chokwadi hwasvika kwamuri humbowo hwakajeka kubva kuna Tenzi venyu. Nokudaro ipai chihero chakakwana uye nehuremu hwakakwana musabiridzire vanhu pazvinhu zvavo, uye musaite zvakaipa panyika ino mushure mekugadziriswa kwayo. Izvi ndizvo zvakanaka kwamuri kana muri vatendi.} [Al-A'raaf:85].

Uye chitendero cheIslam chakarambidza huroyi. Ivo Vechokwadi, Vanorumbidzwa, uye Vari kumusoro-soro vakati:

{وَأَلْقَى مَا فِي يَمِينِكَ تَلَقَّفَ مَا صَنَعُوا إِنَّمَا صَنَعُوا كَيْدُ سُجُرٍّ وَلَا يُفْلِحُ السَّاجِرُ حَيْثُ أَتَى}

{Uye kanda chiri muruoko rwako rwerudyi, chinomedza zvavakagadzira. Zvirokwazvo, zvavakagadzira hunyengeri hwemuroyi, uye muroyi haabudiriri kwose kwaanouya nako.}

[Twaahaa:69]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«اجْتَنِبُوا سَبْعَ الْمُوبِقَاتِ قَالُوا: يَا رَسُولَ اللَّهِ وَمَا هُنَّ؟ قَالَ: الشِّرْكُ بِاللَّهِ وَالسِّحْرُ وَقَتْلُ النَّفْسِ الَّتِي حَرَّمَ اللَّهُ إِلَّا بِالْحَقِّ وَأَكْلُ الرِّبَا وَأَكْلُ مَالِ الْيَتِيمِ وَالنَّوْلي يَوْمَ الرَّحْفِ وَقَذْفُ الْمُحْصَنَاتِ الْمُؤْمِنَاتِ الْغَافِلَاتِ»

"Nzvengai zvivi zvinomwe zvinoparadza." MaSwahaabah vakati: "Imi Mutumwa waAllah, ndezvipi izvozvo?" Vakati: "Kusanganisa Allah nezvimwe zvisikwa, huroyi, kuuraya munhu izvo Allah (Mwari) vakarambidza kunze kwekuti pane chikonzero chinobvumidza kudaro, kudya mari yechimbado, kudya pfuma yenherera, kutiza pazuva rehondo, uye kupomera vakadzi vakachena, vari vatendi, vasina chavanoziva, mhosva yehupombwe." Sahih al-Bukhari 6857.

Uye Islam yakarambidza zvinonyangadza zviri pachena nezvakavanzika, nehupombwe, nehungochani. Uye pakutanga kwendima ino pataurwa ndima dzinanoratidza izvozvo. Uye Islam yakarambidza chimbadzo. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَذَرُوا مَا بَقِيَ مِنَ الرِّبَا إِن كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ} (278)
فَإِن لَّمْ تَفْعَلُوا فَأْذَنُوا بِحَرْبٍ مِّنَ اللَّهِ وَرَسُولِهِ وَإِن تُبْتِغُوا فَلَكم رُءُوسُ أَمْوَالِكُمْ لَا تَظْلِمُونَ وَلَا تُظْلَمُونَ} (279)

{Imi avo vakatenda, ityai Allah uye siyai zvakasara zvechimbado, kana muri vatendi ...278}..

{Uye mukasava munozviita, chitorai mucherechedzo wehondo kubva kuna Allah neMutumwa wavo. Asi mukakumbira ruregerero, muchawana mari yenyu yamakakweretesa musingadzvanyiriri (nekutora inopfuura yamakakweretesa), kana kudzvanyirirwa (nekuwana mari iri pasi peiyo yamakakweretesa)... [Al-Baqarah:278 279]. Uye Allah havana kutyisidzira uyo anoita chitadzo nehondo sekutyisidzira kwavakaita uyo anoita chimbado; nokuti muchimbado mune kuparadzwa kwezvutendero, nyika, hupfumi, nehupenyu.

Uye Islam yakarambidza kudya mhuka yafa yoga nemhuka dzakabairwa zvidhori nezvifananidzo, uye yakarambidza nyama yenguruve. Allah varikumusoro-soro vakati:

﴿حُرِّمَتْ عَلَيْكُمُ الْمَيْتَةُ وَالْدَّمُ وَلَحْمُ الْخِنْزِيرِ وَمَا أُهِلَّ لِغَيْرِ اللَّهِ بِهِ وَالْمُنْخَنِقَةُ وَالْمَوْقُوذَةُ وَالْمُتَرَدِّيَةُ وَالنَّطِيحَةُ وَمَا أَكَلَ السَّبُعُ إِلَّا مَا ذَكَّيْتُمْ وَمَا ذُبِحَ عَلَى النُّصُبِ وَأَنْ تَسْتَقْسِمُوا بِالْأَزْلَمِ ذَلِكُمْ فِسْقٌ﴾

{Makarambidzwa mhuka yafa yoga, neropa, nenyama yenguruve, nedzakaurayirwa muzita rezvimwe zvisiri Allah, nemhuka yakafa nekudzipwa, neyakafa nekurohwa, neyakafa nekuwa, neyakafa nekutungwa, nedzakadyiwa nezvikara kunze kweidzo dzamunenge macheka dziri mhenyu, nedzakabayirwa pazviumbwa zvinonamatwa, uye kutsvaga rombo nekukanda hakata. Izvozvo kutadza} [Al-Ma'idah:3].

Uye Islam yakarambidza kunwa doro, nezvimwe zvinhu zvose zvetsvina, uye nezvinhu zvakaipa. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا إِنَّمَا الْخَمْرُ وَالْمَيْسِرُ وَالْأَنصَابُ وَالْأَزْلُمُ رَجَسٌ مِّنْ عَمَلِ الشَّيْطَانِ فَاجْتَنِبُوهُ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ﴾ (90) إِنَّمَا يُرِيدُ الشَّيْطَانُ أَنْ يُوقَعَ بَيْنَكُمْ الْعَدُوَّةَ وَالْبَغْضَاءَ فِي الْخَمْرِ وَالْمَيْسِرِ وَيَصُدَّكُمْ عَنْ ذِكْرِ اللَّهِ وَعَنِ الصَّلَاةِ فَهَلْ أَنْتُمْ مُنْتَهُونَ ﴿91﴾

{ Imi vanotenda! Zvirokwazvo zvinodhaka, nemitambo yekubheja, nezvidhori, nemiseve yekuuka, zvinonyangadza zvinobva mumabasa aSatani (Shaitwaan). Naizvozvo zvisiyei, kuti mugobudirira. 90}

{Zvirokwazvo, Shaitwani (Satani) anoda kukonzera ruvengo nehutsinye pakati penyu kuburikidza nezvinodhaka nekubheja, uye nekukudzivisa kurangarira Allah nekuita Swalaah. Saka hamusi kuzorega here? 91} [Al-Ma'idah:90-91]. Mundima nhamba (31) mambotaurwa nezvekuzivisa kwaAllah vekumusoro-soro kuti chimwe chehunhu hweMutumwa, Mwari ngavamuropafadze nekumupa rugare, muTorah ndechekuti anovarambidza zvinhu zvakaipa. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿الَّذِينَ يَتَّبِعُونَ الرَّسُولَ النَّبِيَّ الْأُمِّيَّ الَّذِي يَجِدُونَهُ مَكْنُوبًا عِنْدَهُمْ فِي التَّوْرَةِ وَالْإِنْجِيلِ يَأْمُرُهُمْ بِالْمَعْرُوفِ وَيَنْهَاهُمْ عَنِ الْمُنْكَرِ وَيُحِلُّ لَهُمُ الطَّيِّبَاتِ وَيُحَرِّمُ عَلَيْهِمُ الْخَبَائِثَ وَيَضَعُ عَنْهُمْ إِصْرَهُمْ وَالْأَغْلَالَ الَّتِي كَانَتْ عَلَيْهِمْ ۚ﴾

{"Avo vanotevedzera Mutumwa, Muporofita asingakwanise kuverenga kana kunyora

(Muhammad) uyo wavanoona akanyorwa nezvake muTorah uye neMuvhangeri (Injeel) mavo, anovakomekedza zvakanaka uye achivarambidza zvakaipa; uye anobvumidza zvinhu zvachena, uye anorambidza zvakaipa, anovabvisa mitoro yavo inorema, uye ngetani dzakanga dziri pavari..." } [Al-A'raaf:157].

Uye chitendero cheIslam chakarambidza kudya pfuma yenherera. Allah (vekumusoro-soro vakati:

﴿وَأَنۡتَ أَكُلُوا مِمَّا رَزَقَكُمۡهُ وَلَا تَبۡذُرُوا خَلۡقَهُۥ بِٱلۡطَّيۡبِ وَلَا تَأْكُلُوا أَمْوَالَهُمۡ إِلَىٰ أَمْوَالِكُمۡ ۚ إِنَّهُۥ كَانَ حُوبًا كَبِيرًا﴾

{Uye ipai nherera pfuma yadzo, uye musachinjanisa chakaipa nechakanaka, uye musadya pfuma yadzo pamwe chete nepfuma yenyu. Zvirokwazvo, ichocho chivi chikuru...} [An-Nisaa:2]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿إِنَّ ٱلَّذِينَ يَأْكُلُونَ أَمْوَالَ ٱلۡيَتِمٰٓةِ ظُلُمًا إِنَّمَا يَأْكُلُونَ فِي بُطُونِهِم نَارًا وَسَيَصۡلَوۡنَ سَعِيرًا﴾

{Zvirokwazvo, avo vanodya upfumi hwenherera zvisakarurama, zvirokwazvo, vari kudya moto vachiisa mumatumbu avo, uye vachapinda mumoto unopfuta (weGehena)....} "[An-Nisaa:10].

Uye Islam yakarambidza kubiridzira pazviyero nezvikero. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَيَلۡ لِّلۡمُطَفِّفِينَ﴾ (1) ﴿ٱلَّذِينَ إِذَا أَكۡتَالُوا۟ عَلَىٰ ٱلنَّٰسِ يَسْتَوۡفُونَ﴾ (2) ﴿وَإِذَا كَالُوهُمۡ أَوْ وَزَنُوهُمۡ يُخۡسِرُونَ﴾ (3) ﴿أَلَا يَظُنُّ أُولَٰئِكَ أَنَّهُم مَّبۡغُوثُونَ﴾ (4) {

{"Matambudziko kune avo vanobiridzira (vanopa zvishoma pakuera nepahuremu..." 1}

{Avo vanoti apo vanopimirwa kubva kuvanhu, vanotora zvakakwana ...2}

{Asi kana vachivayerera kana kuvapimira, vanoita kuti varasikirwe..." 3}

{ "Havafunge here kuti vachazomutswa ..." 4}
[Al-Mutaffifin:1-4].

Uye Islam yakarambidza kuparadzana nehama, uye ndima dzemuQur'an nemaHadith dzinoratidza izvi zvakambotaurwa muchikamu nhamba (31). Uye maporofita neVatumwa vese, runyararo ngaruve kwavari, vanobvumirana pakurambidzwa kwezvinhu izvi zvinorambidzwa.

**35- Chitendero cheIslam chinorambidza
hunhu hwakashata sekutaura nhema,
nekubiridzira, nekunyengedza,
nekusavimbika, nehunyengeri, negodo,
kuronga zvakaipa, nekuba, nekudarika
mwero, nekudzvinyirira, uye
chinorambidza hunhu hwese hwakaipa.**

Islam inorambidza hunhu hwakashata zvachose. Allah vekumusoro-soro vakati:

{وَلَا تُصَغِّرْ خَدَّكَ لِلنَّاسِ وَلَا تَمْشِ فِي الْأَرْضِ مَرَحًا إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ كُلَّ مُخْتَالٍ فَخُورٍ}

{Uye usafuratira vanhu nechiso chako (uchivazvidza), uye usafamba panyika uchidada. Zvirokwazvo, Allah havadi munhu wese anozvikudza achizvitutumadza.} [Luqman:18].

Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

« إِنَّ مِنْ أَحَبِّكُمْ إِلَيَّ وَأَقْرَبِكُمْ مِنِّي مَجْلِسًا يَوْمَ الْقِيَامَةِ أَحْسَنُكُمْ أَخْلَاقًا وَإِنْ أَبْغَضَكُمْ إِلَيَّ وَأَبْعَدَكُمْ مِنِّي مَجْلِسًا يَوْمَ الْقِيَامَةِ الثَّرَاوُونَ وَالْمُنْتَشِقُونَ وَالْمُنْفِيهِقُونَ قَالُوا يَا رَسُولَ اللَّهِ قَدْ عَلِمْنَا الثَّرَاوُونَ وَالْمُنْتَشِقُونَ فَمَا الْمُنْفِيهِقُونَ قَالَ الْمُنْكِبُونَ »

«Zvirokwazvo, pakati penyu vachanyanya kudiwa neni uye vachava pedyo neni pakugara pazuva rekutongwa ndevaya vane tsika dzakanakisisa. Uye zvirokwazvo, pakati penyu vachanyanya kuvengwa neni uye vachava kure neni pakugara pazuva rekutongwa ndevaya vanotaura zvakanakisisa, nevanotaura vachizvitutumadza, nevanonzi Al-Mutafaihiqun. Vakati: 'Imi Mutumwa waAllah, tinoziva vanotaura zvakanakisisa nevanotaura vachizvitutumadza, saka ndevapi vanonzi Al-Mutafaihiqun?' Vakati: 'Ndeavo vanozvikudza.'» As-Silsilah As-Sahihah 791.

Islam inorambidza nhema. Allah vekumusoro-soro vakati:

{ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي مَنْ هُوَ مُسْرِفٌ كَذَّابٌ }

{Zvirokwazvo, Allah havatungamiriri uyo anopfurikidza mwero, murevi wenhema.} [Ghafir:28]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«وَأَيَّاكُمْ وَالْكَذِبَ فَإِنَّ الْكَذِبَ يَهْدِي إِلَى الْفُجُورِ وَإِنَّ الْفُجُورَ يَهْدِي إِلَى النَّارِ وَمَا يَزَالُ الرَّجُلُ يَكْذِبُ وَيَتَحَرَّى الْكَذِبَ حَتَّى يُكْتَبَ عِنْدَ اللَّهِ كَذَّابًا»

"Uye chenjererai nhema, nekuti zvirokwazvo nhema dzinotungamira kune zvakaipa, uye

zvirokwazvo zvakaipa zvinotungamira kumoto. Uye munhu anoramba achitaura nhema uye achitsvaga kutaura nhema kusvikira anyorwa kuna Allah semurevi wenhema." Sahih Muslim 2607. Uye Mutumwa waAllah, Allah ngavamuropafadze nekumupa rugare, vakati:

«آيَةُ الْمُنَافِقِ ثَلَاثٌ: إِذَا حَدَّثَ كَذَبَ وَإِذَا وَعَدَ أَخْلَفَ وَإِذَا أُؤْتِمِنَ خَانَ»

«Zviratidzo zvemunyengedzi (Munaafiq) zvitatu: kana akataura anonyepa, uye kana akavimbisa haazadzisi, uye kana akambwa naye haavimbike.» Sahih al-Bukhari 6095.

Islam inorambidza kubiridzira.

وجاء في الحديث أن رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ مَرَّ عَلَى صُبْرَةٍ طَعَامٍ فَأَدْخَلَ يَدَهُ فِيهَا فَنَالَتْ أَصَابِعُهُ بَلَلًا فَقَالَ: «مَا هَذَا يَا صَاحِبَ الطَّعَامِ؟» قَالَ أَصَابَتْهُ السَّمَاءُ يَا رَسُولَ اللَّهِ قَالَ: أَفَلَا جَعَلْتَهُ فَوْقَ الطَّعَامِ كَي يَرَاهُ النَّاسُ مَنْ عَشَى فَلَيْسَ مِنِّي»

Uye zvataurwa muhadith kuti Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive paari) vakapfuura nepaive nemurwi wezvekudya, ndokupinza ruoko rwavo mauri, minwe yavo ndokubata hunyoro, ndokubva vati: «Chii ichi, nhai iwe muridzi wezvekudya?» Akati: Zvanayiwa nemvura, Mutumwa waAllah. Vakati: "Sei usina kuzviisa pamusoro pezvekudya kuitira kuti vanhu vazvione? Uyo anobiridzira haasi wekwangu» Sahih Muslim 102.

Islam inorambidza kunyengedza, kutengesa uye kubiridzira. Allah varikumusoro-soro vakati:

(يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا لَا تَخُونُوا اللَّهَ وَالرَّسُولَ وَتَخُونُوا أَمْثَلَكُمْ وَأَنْتُمْ تَعْلَمُونَ)

{Imi vanotenda, musanyengedze Allah neMutumwa, uye musanyengedze pane zvakavimbwa nemi, imi muchiziva ...} [Al-Anfaal:27]. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿الَّذِينَ يُوفُونَ بِعَهْدِ اللَّهِ وَلَا يَنْفُضُونَ الْمِيثَاقَ﴾

{Avo vanozadzisa chibvumirano chaAllah uye havatyori mhiko...} [Ar-Ra'd:20]. Uye Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) vaitaura kumauto avo pavaibuda (kuenda kuhondo) vachiti:

«اغْرُوا وَلَا تَغْلُوا وَلَا تَغِيرُوا وَلَا تَمُتُوا وَلَا تَقْتُلُوا وَلِيَدًا»

«Irwai, musaba pfuma yehondo, musatyora zvibvumirano, musacheka-cheka zvitunha, uye musauraya mwana mudiki» Sahih Muslim 1731. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«أَرْبَعٌ مَنْ كُنَّ فِيهِ كَانَ مُنَافِقًا خَالِصًا وَمَنْ كَانَتْ فِيهِ خَصْلَةٌ مِنْهُنَّ كَانَتْ فِيهِ خَصْلَةٌ مِنَ النِّفَاقِ حَتَّى يَدْعَهَا: إِذَا أُؤْتِمِنَ خَانَ وَإِذَا حَدَّثَ كَذَبَ وَإِذَا عَاهَدَ غَدَرَ وَإِذَا خَاصَمَ فَجَرَ»

«Zvinhu zvina, uyo anenge anazvo anenge ari munyengedzi (munaafiq) chaiye, uye uyo anenge aine chimwechete chazvo anenge aine hunhu hwehunyengeti kusvikira achisiya: kana avimbwa naye anoputsa chivimbo, uye kana achitaura anonyepa, uye kana aita chibvumirano anochiputsa, uye kana achipokana anoita zvakaipa kwazvo.» Sahih al-Bukhari 34.

Islam inorambidza godo. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿أَمْ يَحْسُدُونَ النَّاسَ عَلَى مَا آتَاهُمُ اللَّهُ مِنْ فَضْلِهِ فَقَدْ آتَيْنَا آلَ إِبْرَاهِيمَ الْكِتَابَ وَالْحِكْمَةَ وَءَاتَيْنَاهُمْ مُلْكًا عَظِيمًا﴾

{Kana kuti vanoitira vanhu godo pane izvo zvavakapiwa naAllah kubva munyasha dzavo? Zvirokwazvo, Isu takapa mhuri yaAbrahamu Bhuku nehuchenjeri, uye takavapa humambo hukuru.} [An-Nisaa:54]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَدَّ كَثِيرٌ مِّنْ أَهْلِ الْكِتَابِ لَوْ يَرُدُّوكُم مِّنْ بَعْدِ إِيمَانِكُمْ كُفَّارًا حَسَدًا مِّنْ عِندِ أَنفُسِهِمْ مِّنْ بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمُ الْحَقُّ فَاعْفُوا وَاصْفَحُوا حَتَّى يَأْتِيَ اللَّهُ بِأَمْرٍ إِنَّ اللَّهَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ﴾

{Vazhinji vevanhu vakapihwa magwaro vanoshuvira kuti dai vakudzoserai kuva vasingatendi mushure mekutenda kwenyu, negodo rinobva kwavari pachavo mushure mekunge chokwadi chabuda pachena kwavari. Saka varegererei, uye muvakanganwire, kudzamara Allah vauya nemurairo wavo. Zvirokwazvo, Allah vane simba pamusoro pezvinhu zvese...} [Al-Baqarah:109]. Uye Mutumwa waAllah, Allah ngavamuropafadze nekuvapa rugare, vakati:

﴿دَبَّ إِلَيْكُم دَاءُ الْأَمِّ قَبْلَكُمْ: الْحَسَدُ وَالْبَغْضَاءُ هِيَ الْخَالِقَةُ لَا أَقُولُ تَخْلُقُ الشَّعْرَ وَلَكِنْ تَخْلُقُ الدِّينَ وَالَّذِي نَفْسِي بِيَدِهِ لَا تَدْخُلُوا الْجَنَّةَ حَتَّى تُؤْمِنُوا وَلَا تُؤْمِنُوا حَتَّى تَحَابُّوا أَفَلَا أَنْتَبِهْتُمْ بِمَا يَنْبَغُ ذَلِكَ لَكُمْ؟ أَفَسُوا السَّلَامَ بَيْنَكُمْ﴾

«Chirwere chemarudzi akakutangirai chakapinda mamuri: godo neruvengo. Ndicho chinoveura,

handisi kuti chinoveura bvudzi, asi chinoveura chitendero. Nalye ane mweya wangu muruoko rwake, hamupindi kuParadhiso kudzamara matenda, uye hamutendi kudzamara madanana. Ko ndingakuzivisei here zvichakusimbisira izvi? Itai kuti kukwazisana kukwazisana (salaam) kutekeshere pakati penyuu.» Sunan At-Tirmidhi 2510.

Islam inorambidza manomano akaipa. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَكَذَلِكَ جَعَلْنَا فِي كُلِّ قَرْيَةٍ أَكْبَرَ مُجْرِمِيهَا لِيَمْكُرُوا فِيهَا وَمَا يَمْكُرُونَ إِلَّا بِأَنْفُسِهِمْ وَمَا يَشْعُرُونَ﴾

{Uye saizvozvo takaisa muguta rega rega vakuru vevatadzi varo kuti varonge manomano mariri. Uye havarongi manomano (aya) asi kuti vanenge vachizvirongera ivo pachavo, asi havazvicherechedze...} [Al-An'aam:123]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakazivisa kuti maJudha akaedza kuuraya Mesiya (rugare ngaruve kwaari) uye vakaruka mazano, asi Allah vakavarukirawo mazano. Uye Allah vakajekesa kuti mazano akaipa haawiri pane vamwe kunze kwevaridzi vawo. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿فَلَمَّا أَحَسَّ عِيسَى مِنْهُمُ الْكُفْرَ قَالَ مَنْ أَنْصَارِي إِلَى اللَّهِ قَالَ الْحَوَارِيُّونَ نَحْنُ أَنْصَارُ اللَّهِ ءَامَنَّا بِاللَّهِ وَآشْهَدُ بِأَنَّا مُسْلِمُونَ﴾ (52) رَبَّنَا ءَامَنَّا بِمَا أَنْزَلْتَ وَاتَّبَعْنَا الرَّسُولَ فَاكْتُبْنَا مَعَ الشَّاهِدِينَ﴾ (53) وَمَكُرُوا وَمَكَرَ اللَّهُ وَاللَّهُ خَيْرُ الْمَكْرِينَ﴾ (54) إِذْ قَالَ اللَّهُ لِيَعِيسَى ابْنِ مَرْيَمَ وَرَافِعْكَ إِلَىٰ مَوْطِئِكِ مِنَ الَّذِينَ كَفَرُوا وَجَاعِلِ الَّذِينَ اتَّبَعُوكَ فَوْقَ الَّذِينَ كَفَرُوا إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ ثُمَّ إِلَيَّ مَرْجِعُكُمْ فَأَحْكُمُ بَيْنَكُمْ فِيمَا كُنْتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ﴾ (55) {

{“Zvino apo Jesu paakaona kuramba kutenda kubva kwavari, akati: “Ndivanaani vabatsiri vangu kuna Allah?” Vadzidzi vakati: “Isu tiri vabatsiri vaAllah, tinotenda muna Allah, uye pupura kuti zvirokwazvo isu tiri maMuslim....” 52”}

{Tenzi vedu, takatenda mune izvo zvamakadzikisa, uye takatevera Mutumwa, saka tinyorei pamwe chete nezvapupu...53}

{Uye vakaronga, uye Allah vakarongawo. Uye Allah ndivo vakanakisisa pavarongi vose... 54}

{(Rangarirai) apo Allah (Mwari) vakati: “Iwe Jesu! Zvirokwazvo ndichakutora, ndokusimudzira (kuuya) kwandiri, ndokukuchenesa kubva kune avo vasingatendi, uye ndichaita kuti avo vanokutevera vave pamusoro peavo vasingatendi kusvikira zuva rekutongwa. Zvadaro kudzokera kwenyu kuchava kwandiri, saka ndichatonga pakati penyu mune izvo zvamaipikisana mazviri.” 55} [Aal-Imraan:52-55]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakazivisa kuti vanhu vaMuporofita Swaalih, rugare ngaruve paari, vaida kumuuraya nerangano, saka vakaronga zano, uye Allah vakarongawo zano pamusoro pavo ndokuvaparadza pamwe chete nevanhu vavo vose. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{قَالُوا تَقَاسَمُوا بِاللَّهِ لَلْبَيْتَةِ وَآهْلُهَا ثُمَّ لَنَقُولَنَّ لَوْلَئِيكَ مَا شَهِدْنَا مَهْلِكَ أَهْلِهَا وَإِنَّا لَصٰدِقُونَ ﴿49﴾ وَمَكْرُؤًا مَكَرًا وَمَكْرُؤًا مَكَرًا وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ﴿50﴾ فَأَنْظِرْ كَيْفَ كَانَ عَقِبَةُ مَكْرِهِمْ أَنَا دَمَرْنَاهُمْ وَقَوْمَهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿51﴾}

{Vakati: “Pikai naAllah kuti zvirokwazvo tichamurwisa husiku iye nemhuri yake, mushure mezvo tichati kumumiriri wake: ‘Hatina kuona kuparadzwa kwemhuri yake, uye zvirokwazvo tiri kutaura chokwadi ...” 49}

{Uye vakaronga hurongwa, uye nesu takaronga hurongwa, ivo vasingazivi... 50}

{Saka tarisa uone kuti mhedzisiro yemanomano avo yakava ipi, zvirokwazvo takavaparadza pamwechete nevanhu vavo vese 51} [An-Naml:49-51].

Islam inorambidza kuba. Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«لَا يَزْنِي الزَّانِي حِينَ يَزْنِي وَهُوَ مُؤْمِنٌ وَلَا يُسْرِقُ حِينَ يُسْرِقُ وَهُوَ مُؤْمِنٌ وَلَا يَشْرَبُ حِينَ يَشْرَبُهَا وَهُوَ مُؤْمِنٌ وَالتَّوْبَةُ مَعْرُوضَةٌ بَعْدَ»

«Mhombwe haiiti upombwe panguva yainoita upombwe iri mutendi, uye anoba haabi panguva yaanoba ari mutendi, uye anonwa hwahwa haanwi panguva yaanonwa ari mutendi. Asi musuwo wekutendeuka uchiri wakazaruka mushure mezvo.» Sahih al-Bukhari 6810.

Islam inorambidza hudzvanyiriri. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَايَ ذِي الْقُرْبَىٰ وَيَنْهَىٰ عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ﴾

{☪ Zvirokwazvo, Allah vanokurairai kuita zvakarurama nezvakanaka, uye nekubatsira hama

dzepedyo, uye vanorambidza hunhu hunonyadzisa, nezvakaipa, nehudzvanyiriri. Vanokurairai kuti mugorangerira uye mudzidze.} [An-Nahl:90]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«إِنَّ اللَّهَ أَوْحَىٰ إِلَيَّ أَن تَوَاضَعُوا حَتَّى لَا يَبْغِيَ أَحَدٌ عَلَى أَحَدٍ وَلَا يَفْخَرَ أَحَدٌ عَلَى أَحَدٍ»

«Zvirokwazvo Allah vakazarurira kwandiri kuti muzvinipise, kuitira kuti pasave nemunhu anodzvinyirira mumwe, uye pasave nemunhu anozvikudza pamusoro pemumwe.» Sahih Abi Dawuud 4895.

Islam inorambidza hudzvanyiriri. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{وَاللَّهُ لَا يُحِبُّ الظَّالِمِينَ}

{Uye Allah havadi avo vanoita mabasa akaipa...} [Aal-Imraan:57]. Uye ivo vari kumusoro-soro vakati:

{إِنَّهُ لَا يُفْلِحُ الظَّالِمُونَ}

{Zvirokwazvo, vanoita zvakaipa havazombobudiriri...} [Al-An'am:21]. Allah varikumusoro-soro vakati:

{وَالظَّالِمِينَ أَعَدَّ لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا}

{Asi avo vasina kururama, vakavagadzirira murango unorwadza...} [Al-Insaan:31]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«ثَلَاثَةٌ لَا تُرَدُّ دَعْوَتُهُمْ: الْإِمَامُ الْعَادِلُ وَالصَّائِمُ حَتَّى يُفْطِرَ وَدَعْوَةُ الْمَظْلُومِ تُحْمَلُ عَلَى الْعِمَامِ وَتُفْتَحُ لَهَا أَبْوَابُ السَّمَاوَاتِ وَيَقُولُ الرَّبُّ عَزَّ وَجَلَّ: وَعِزَّتِي لِأَنْصُرَنَّكَ وَلَوْ بَعْدَ حِينٍ»

“Vatatu vane madu'a asingarambwe: mutungamiri akarurama, munhu akatsanya kusvikira atyora kutsanya kwake, uye du'a reuyo ari kudzvanyirirwa. Rinotakurwa pamusoro pemakore uye rozarurirwa magonhi ematenga, uye Tenzi (vane simba nehukuru) vanoti: ‘Ndinopika nehukuru hwangu, zvirokwazvo ndichakubatsira kunyangwe mushure mechinguva.”

Yakarondedzerwa naMuslim (2749) muchidimbu nemusiyano mudiki, naAt-Tirmidhi (2526) nemusiyano mudiki, naAhmad (8043) uye mashoko acho ndeake. Uye apo Mutumwa Muhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari) vakatuma Mu'adh kuYemen, pakati pezvaakataura kwaari paiva neizvi:

«وَأَتَى دَعْوَةَ الْمَظْلُومِ فَإِنَّهُ لَيْسَ بَيْنَهُ وَبَيْنَ اللَّهِ حِجَابٌ»

«Uye ngwarira munamato weuyo akadzvanyirirwa, nekuti zvirokwazvo, hakuna dziviro pakati pavo naAllah.» Sahih al-Bukhari 1496. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«أَلَا مَنْ ظَلَمَ مُعَاوِدًا أَوْ انتَقَصَهُ أَوْ كَلَّفَهُ فَوْقَ طَاقَتِهِ أَوْ أَخَذَ مِنْهُ شَيْئًا بِغَيْرِ طِبِّ نَفْسٍ فَأَنَا حَاجِبُهُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ»

«Zvirokwazvo, ani naani anodzvinyirira munhu ari pasi pechibvumirano chekuchengetedzwa (asiri

muMuslim ane kodzero dzekuchengetedzwa muhurumende yechiIslam), kana kumutorera kodzero dzake, kana kumuremedza nebasa rinopfuura zvaanokwanisa, kana kutora chinhu chake pasina kubvuma kwake nemoyo wose, ini ndichava mupikisi wake pazuva rekutongwa.» Sunan Abu Dawud 3052. Naizvozvo, Islam, sezvawaona, inorambidza hunhu hwese hwakashata kana kudyidzana nevamwe kusina ruramisiro kana kwekudzvanyirira.

**36- Islam inorambidza kudyidzana
kwezvemari kune chimbadzo, kana
kukuvadza, kana kusajeka, kana
kudzvinyirira, kana kubiridzira, kana
kunounza njodzi nekukuvadza kweruzhinji
kunharaunda, kumarudzi, nekuvanhu
mumwe nemumwe.**

Islam inorambidza zvekudyidzana panyaya dzemari izvo zvine chimbadzo (riba), kana kukuvadza, kana kusajeka, kana kudzvinyirira, kana kubiridzira, kana zvinokonzera matambudziko nekukuvadza kweruzhinji kunharaunda, kumarudzi, nekuvanhu vamwe navamwe. Uye pakutanga pechikamu chino pambotaurwa ndima (dzeQur'an) nemaHadith zvinorambidza chimbadzo, kana kudzvinyirira,

kana kubiridzira, kana kuita zvakaipa panyika. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَالَّذِينَ يُؤْذُونَ الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ بَغْيٍ مَا أَكْتَسَبُوا فَقَدِ احْتَمَلُوا بُهْتَانًا وَإِثْمًا مُبِينًا﴾

{Uye avo vanotsamwisa varume nemadzimai anotenda pasina chikonzero, zvirokwazvo, vazvitakurira mhosva yekupomera vamwe (ivo vasina kuipara), uye chitadzo chiri pachena....} [Al-Ahzab:58]. Uye Allah varikumusoro-soro vakati:

﴿مَنْ عَمِلَ صَالِحًا فَلِنَفْسِهِ وَمَنْ أَسَاءَ فَعَلَيْهَا وَمَا رَبُّكَ بِظَلَمٍ لِلْعَبِيدِ﴾

{Uyo anoita basa rakanaka, anenge azviitira iye pachake; uye uyo anoita zvakaipa, zvinenge zvakanangana naye. Uye Tenzi vako havasi mudzvinyiriri kuvaranda vavo...} [Fussilat:46].

وجاء في السنة: «أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَضَى أَنْ لَا ضَرَرَ وَلَا ضِرَارَ»

Uye zvakataurwa muSunnah kuti: «Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakatonga kuti hakufanirwe kuva nekukuvadza kana kutsiva nekukuvadza» Sunan Abu Dawud, Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakatti:

«مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلَا يُؤْذِي جَارَهُ، وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيُكْرِمْ ضَيْقَهُ، وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيَقُلْ خَيْرًا، أَوْ لَيْسَ كُنْتَ. وَفِي رَوَايَةٍ: فَلْيُحْسِنْ إِلَى جَارِهِ.»

“Ani naani anotenda muna Allah, nezuva rekupedzisira, ngaarege kushungurudza muvakidzani wake, uye ani naani anotenda muna

Allah nezuya rekupedzisira, ngaaremekedze muenzi wake, uye ani naani anotenda muna Allah, nezuya rekupedzisira, ngaataure zvakanaka, kana kuti anyarare. Uye mune imwe nhoroondo: ngaaitire zvakanaka muvakidzani wake.” Sahih Muslim 47, Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngaave pavari, vakati:

«عُذِّبَتْ امْرَأَةٌ فِي هَرَّةٍ سَجَنَتْهَا حَتَّى مَاتَتْ فَدَخَلَتْ فِيهَا النَّارُ لَا هِيَ أَطْعَمَتْهَا وَسَقَتْهَا إِذْ هِيَ حَبَسَتْهَا وَلَا هِيَ تَرَكَتْهَا تَأْكُلُ مِنْ خَشَاشِ الْأَرْضِ»

“Mukadzi akarangwa nekuda kwekatsi yaakavharira kusvika yafa, ndokupinda muMoto nekuda kwayo. Haana kuipa chikafu kana mvura paakaivharira, uye haana kuiregedza kuti idye tupukanana twepanyika.” Sahih al-Bukhari 3482. Izvi ndezveuyo akakuvadza katsi, ko zvakadini kune uyo kukuvadza kwake kunosvika kuvanhu. Ibn Umar akati: Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) vakakwira paMinbar, ndokudanidzira nezwi rakakwirira vakati:

(يَا مَعْشَرَ مَنْ أَسْلَمَ بِلِسَانِهِ وَلَمْ يُفِضْ الْإِيمَانَ إِلَى قَلْبِهِ لَا تُؤْذُوا الْمُسْلِمِينَ وَلَا تُعَيِّرُوهُمْ وَلَا تَتَّبِعُوا عَوْرَاتِهِمْ فَإِنَّهُ مَنْ تَتَّبَعَ عَوْرَةَ أَخِيهِ الْمُسْلِمِ تَتَّبَعَ اللَّهُ عَوْرَتَهُ وَمَنْ تَتَّبَعَ اللَّهُ عَوْرَتَهُ يَفْضَحْهُ وَلَوْ فِي جُوفِ رَحْلِهِ قَالَ: وَنَظَرَ ابْنُ عُمَرَ يَوْمًا إِلَى الْبَيْتِ أَوْ إِلَى الْكَعْبَةِ فَقَالَ: مَا أَعْظَمَكَ وَأَعْظَمَ حُرْمَتَكَ وَالْمُؤْمِنُ أَعْظَمَ حُرْمَةً عِنْدَ اللَّهِ مِنْكَ)

{(Imi boka revaya vakagamuchira Islam nendimi dzavo asi kutenda kusati kwasvika mumwoyo mavo, musakuvadza maMuslim, uye musavazvidza,

uye musatsvaga zvikanganiso zvavo zvakavandika, nokuti zvirokwazvo uyo anotsvaga zvikanganiso zvehama yake yechiMuslim, Allah vanotsvagawo zvikanganiso zvake, uye uyo Allah wavanotsvagira zvikanganiso, vanomufumura kunyangwe ari mukati memba yake. Akati: Uye Ibn Umar akatarisa rimwe zuva kuImba tsvene kana kuti kuKaaba ndokuti: Uri mukuru kwazvo uye hutsvene hwako hwakakura kwazvo, asi mutendi ane hutsvene hwakakura zvikuru pamberi paAllah kukunda iwe.)"....} Yakarondedzerwa naAt-Tirmidhi (2032), uye Ibn Hibbaan (5763). Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

(مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلَا يُوْذِ جَارُهُ وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيُكْرِمْ ضَيْفَهُ وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيُكْرِمْ ضَيْفَهُ أَوْ لِيَصْمُتْ)

(Ani naani anotenda muna Allah nezuva rekupedzisira ngaasakuvadze muvakidzani wake, uye ani naani anotenda muna Allah nezuva rekupedzisira ngaaremekedze muenzi wake, uye ani naani anotenda muna Allah nezuva rekupedzisira ngaataure zvakana kana kuti ngaanyarare.) Sahih al-Bukhari 6018,

وَعَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ عَنِ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: " هَلْ تَدْرُونَ مِنَ الْمُفْلِسِ؟ " قَالُوا: الْمُفْلِسُ فِينَا يَا رَسُولَ اللَّهِ مَنْ لَا دِرْهَمَ لَهُ وَلَا مَتَاعَ. قَالَ: " إِنَّ الْمُفْلِسَ مِنْ أُمَّتِي مَنْ يَأْتِي يَوْمَ الْقِيَامَةِ بِصِيَامٍ وَصَلَاةٍ وَزَكَاةٍ وَيَأْتِي قَدْ سَتَمَ عِرْضَ هَذَا وَقَذَفَ هَذَا وَأَكَلَ مَالَ هَذَا فَيَفْقُصُ هَذَا مِنْ حَسَنَاتِهِ وَهَذَا مِنْ حَسَنَاتِهِ فَإِنْ فَنِيَتْ حَسَنَاتُهُ قَبْلَ أَنْ يَقْضَى مَا عَلَيْهِ مِنَ الْخَطَايَا أُخِذَ مِنْ خَطَايَاهُمْ فَطُرِحَتْ عَلَيْهِ ثُمَّ طُرِحَ فِي النَّارِ)

Nhaurwa yaAbu Huraira, kubva kuMuporofita (rugare nemakomborero zvaAllah ngazvive kwaari) vakati: "Munoziva here kuti munhu murombo (munhu akabhuroka) ndiani?" Vakati: "Munhu murombo pakati pedu, Mutumwa waAllah, ndiye uyo asina mari kana pfuma." Vakati: "Zvirokwazvo, munhu murombo werudzi rwangu ndiye uyo achauya pazuva rekutongwa aine kutsanya, minamoto, nezakaat, uye achauya akatuka chiremera cheuyu, akapomera uyu nhema, uye akadya pfuma yeuyu, saka achagadzwa pasi uye uyu achapihwa kubva pamabasa ake akanaka, uye uyu kubva pamabasa ake akanaka. Kana mabasa ake akanaka akapera asati abhadhara zvaane mhosva nazvo, zvimwe zvivi zvavo zvichatorwa zvokandwa paari, obva akandwa muMoto. Yakarondedzerwa naMuslim (2581), naAt-Tirmidhi (2418), naAhmad (8029) uye aya ndiwo mashoko ake.

Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

(كَانَ عَلَى الطَّرِيقِ غُصْنُ شَجَرَةٍ يُؤْذِي النَّاسَ فَأَمَاطَهَا رَجُلٌ فَأَدْخَلَ الْجَنَّةَ)

(Paive nebazi remuti munzira raikuvadza vanhu, saka mumwe murume akaribvisa, akabva apinzwa muParadhisu.) Yakarondedzerwa naAl-Bukhari (652) nezvarinoreva, uye naMuslim (1914) nenzira inenge yakafanana, naIbn Majah (3682), naAhmad (10432) uye mashoko ndeavo. Saka kana kubvisa

chinokuvadza munzira kuchipinza kuParadhisu (Jannah), ko uyo anokuvadza vanhu uye achikanganisa hupenyu hwavo anenge akamira sei?.

37- Islam yakauya nechinangwa chekuchengetedza njere nekurambidza zvese zvinodzikananisa sekunwa doro, uye yakasimudzira kukosha kwenjere, ikadziita hwaro hwekuti munhu apihwe mabasa nemitemo yechitendero. Uyezve yakanunura pfungwa kubva mungetani dzekutenda zvinhu zvisina hwaro nekunamata zvifananidzo. Uye muIslam hamuna zvakavanzika kana mitemo yakanangana neboka rimwe chete kusiya rimwe, uye mitemo yayo yese inowirirana nepfungwa dzakatwasuka, uyezve zvinoenderana nekururamisira nehungwaru.

Islam yakauya nechinangwa chekuchengetedza njere nekusimudzira kukosha kwadzo. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{إِنَّ السَّمْعَ وَالْبَصَرَ وَالْفُؤَادَ كُلُّ أُولَئِكَ كَانَ عَنْهُ مَسْئُولًا }

{Zvirokwazvo kunzwa, nekuona, nemoyo, zvese izvi zvichabvunzwa nezvazvo.} [Al-Israa:36]. Saka

zvinosungirwa kumunhu kuti achengetedze njere dzake, ndokusaka Islam yakarambidza doro nezvinodhaka - uye ndakataura nezvekurambidzwa kwedoro mundima nhamba (34) uye mavhesi mazhinji eQur'an inoera anopera nemashoko aAllah (vari kumusoro-soro) ekuti:

(لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ)

{Dzimwe dzenguva munganzwisise...} [Al-Baqarah:242]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

(وَمَا الْحَيَاةُ الدُّنْيَا إِلَّا لَعِبٌ وَلَهْوٌ وَلَلْآخِرَةُ خَيْرٌ لِلَّذِينَ يَتَّقُونَ أَفَلَا تَعْقِلُونَ)

{Uye hupenyu huno hwepasi pano hungori kutamba nekuvaraidzwa chete, uye zvirokwazvo musha wehupenyu hwemangwana wakanakira kune avo vanotya Allah. Saka hamushandisi njere here?....} [Al-An'aam:32]. Uye Allah vekumusoro-soro vakati:

(إِنَّا أَنْزَلْنَاهُ قُرْآنًا عَرَبِيًّا لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ)

{Zvirokwazvo, Isu takaridzikisa riri Quran rechiArabhu kuti dzimwe dzenguva munganzwisise...} [Yusuf:2]. Uye Allah vekumusoro-soro vakajekesa kuti nhungamiro nehuchenjeri hapana anobatsirikana nazvo kunze kwevanhu vane pfungwa, uye ndivo vane njere dzakadzama. Allah vekumusoro-soro vakati:

(يُؤْتِي الْحِكْمَةَ مَنْ يَشَاءُ وَمَنْ يُؤْتَ الْحِكْمَةَ فَقَدْ أُوتِيَ خَيْرًا كَثِيرًا وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّا أُولُو الْأَلْبَابِ)

{Vanopa huchenjeri kune uyo wavanonoda, uye uyo anopihwa huchenjeri zvirokwazvo akapihwa

zvakanaka zvakawanda. Uye hapana anorangarira kunze kweavo vane njere dzakadzama....} [Al-Baqarah:269].

Nekuda kweizvi, Islam yakaita njere hwaro hwekuti munhu akwanise kupihwa mabasa nemitemo yechitendero. Mutumwa waAllah, Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare, vakati:

«رُفِعَ الْقَلَمُ عَنْ ثَلَاثٍ: عَنِ النَّائِمِ حَتَّى يَسْتَيْقِظَ وَعَنِ الصَّبِيِّ حَتَّى يَخْتَلِمَ وَعَنِ الْمَجْنُونِ حَتَّى يَعْغِلَ»

«Chinyoreso chakasimudzwa kubva kune vatatu (mabasa avo haanyorwe nengirozi): kumunhu akarara kudzamara amuka, nekumwana mudiki kudzamara ayaruka, nekumunhu anopenga kudzamara ave nenjere» Yakashumwa naAl-Bukhari iri Mu'allaq (kureva kuti haana kutaura nhevedzano yakazara yevatauri vayo) achishandisa mashoko anoratidza kuti ndeyechokwadi (ṣiḡhat al-jazm) pamberi pehadith (5269) nezvakafanana nayo, uye yakarondedzerwa iri Mawsul (nhevedzano yakazara yevatauri isina kusiyiwa) naAbu Dawuud (4402) uye aya ndiwo mashoko ake, nat-Tirmidhi (1423), uye An-Nasaa'i mu (Sunan Al-Kubra) (7346), naAhmad (956) nekusiyana kudiki, uye Ibn Maajah (2042) muchidimbu. Uye (Islam) yakamusunungura kubva mungetani dzezvitendero zvenhema uye kunamata zvidhori. Allah vekumusoro-soro vanoti, vachitsanangura mamiriro evanhu vemarudzi

akasiyana avo vakaramba vakabaturira
pazvitendero zvavo zvenhema uye vakaramba
chokwadi chakauya kwavari kubva kuna Allah
vakati:

﴿وَكَذَلِكَ مَا أَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ فِي قَرْيَةٍ مِّنْ نَّذِيرٍ إِلَّا قَالَ مُتْرَفُوهَا إِنَّا وَجَدْنَا آبَاءَنَا
عَلَىٰ أَمَةٍ وَإِنَّا عَلَىٰ آثَرِهِمْ مُّقْتَدُونَ﴾

{Uye zvakadarowo, hatina kutuma pamberi
pako muyambiri mune ripi zvaro guta, kunze
kwekuti vapfumi varo vakati: "Zvirokwazvo
takawana madzibaba edu ari pane imwe nzira
(chitendero), uye zvirokwazvo isu tiri kuvatevera
mutsoka dzavo."...} [Az-Zukhruf:23]. Uye Allah
varikumusoro-soro vakataura vachizivisa
maererano naAbrahamu shamwari yavo (rugare
ngaruve kwaari), kuti akataura kuanhu vake
achiti:

{مَا هَذِهِ التَّمَاثِيلُ الَّتِي أَنْتُمْ لَهَا عَاكِفُونَ (52) قَالُوا وَجَدْنَا آبَاءَنَا لَهَا عِبْدِينَ
{(53)}

{"Zviumbwa izvi, zviyi izvo munoperera
pakuzvinamata ...52}

{Vakati: Takawana madzibaba edu
achizvinamata ...53} [Al-Anbiyaa:52 53]. Saka Islam
yakauya ikarayira vanhu kusiya kunamata zvidhori,
nekuramba zvitendero zvavakasiyirwa nanababa
nanasekuru vavo, uye nekutevera nzira yevatumwa
(rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari).

MuIslam hamuna zvakavanzika kana mitemo yakanangana nerimwe boka revanhu zvichisiya rimwe.

سئل علي بن أبي طالب رضي الله عنه وهو ابن عم رسول الله صلى الله عليه وسلم وزوج ابنته: أَخَصَّكُمْ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ بِشَيْءٍ؟ فَقَالَ: «مَا خَصَّنَا رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ بِشَيْءٍ لَمْ يَغْمَّ بِهِ النَّاسَ كَافَّةً إِلَّا مَا كَانَ فِي قِرَابِ سَيْفِي هَذَا قَالَ: فَأَخْرَجَ صَحِيفَةً مَكْتُوبٌ فِيهَا: لَعَنَ اللَّهُ مَنْ دَبَّحَ لِغَيْرِ اللَّهِ وَلَعَنَ اللَّهُ مَنْ سَرَقَ مَنَارَ الْأَرْضِ وَلَعَنَ اللَّهُ مَنْ لَعَنَ وَالِدَهُ وَلَعَنَ اللَّهُ مَنْ أَوَى مُحْدِثًا»

Ali bin Abi Talib, Allah ngavafare naye, iye ari mwana wababamunini vaMutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngaave pavari, uye murume wemwanasikana wavo, akabvunzwa kuti: "Pane chinhu here chamakapihwa imi mega naMutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngaave pavari?" Akati: "Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngaave pavari, havana kutipa chinhu isu tega chinhu chisina kupihwa kuvanhu vese zvavo, kunze kweizvi zviru muhomwe yebakatwa rangu iri." (Munhu akataura nhaurwa) akati: "Ndokubva aburitsa gwaro rakanga rakanyorwa mukati maro kuti: "Allah vakatuka munhu anobaira (chibayiro) kune asiri Allah; Allah vakatuka munhu anoba zviratidzo zvinotaridza miganhwa yenyika; Allah vakatuka munhu anotuka vabereki vake; uye Allah vakatuka munhu anopa pekuhwanda kana dziviro kumunhu anounza zvinhu zvitsva munyika (bid'ah)." Sahih Muslim 1978. Mitemo yose yeIslam nezviga zvayo zvinoenderana nenjere dzakanaka,

uye zvinowirirana nezvinodiwa nekururamisira nehungwaru.

38- Uye zvitendero zvenhema kana vateveri vazvo vasinganzwisisi kupokana kurimo nezvinhu zvinorambwa nepfungwa, vatungamiri vezvitendero vanonyengera vateveri kuti chitendero chiri pamusoro pepfungwa uye kuti pfungwa hadzina nzvimbo mukunzwisisa chitendero. Asi Islam iona chitendero sechiedza chinovhenekera nzira yepfungwa; saka vatungamiri vezvitendero zvenhema vanoda kuti munhu asiye pfungwa dzake avatevere uye iIslam chinoda kuti munhu amutse pfungwa dzake; kuti azive chokwadi chezvinhu sezvazviri.

Uye zvitendero zvenhema, kana vateveri vazvo vakatadza kunzwisisa kupesana nezvinhu zvinorambwa nepfungwa zvirimo, vatungamiri vezvitendero vanonyengedza vateveri kuti chitendero chiri pamusoro penjere, uye kuti njere hadzina nzvimbo mukunzwisisa chitendero nekuchiziva zvizere. Asi Islam yakaona chitendero sechiedza chinovhenekera nzira yenjere; saka vatsigiri vezvitendero zvenhema vanoda kuti munhu asiye njere dzake agovatevera, apo Islam

inoda kuti munhu amutse njere dzake; kuitira kuti afungisise nekuongorora, uye kuti azive chokwadi chezvinhu semamiriro azviri. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَكَذَلِكَ أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ رُوحًا مِّنْ أَمْرِنَا مَا كُنْتَ تَدْرِي مَا الْكِتَابُ وَلَا الْإِيمَانُ وَلَئِن جَعَلْنَاهُ نُورًا لَّنْهْدِيَ بِهِ مَن نَّشَاءُ مِّنْ عِبَادِنَا وَإِنَّكَ لَتَهْدِي إِلَى صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ﴾

{ Uye saizvozvo takazarura kwauri Ruh (shoko uye tsitsi) kubva pamurairo wedu. Wakanga usingazivi kuti Gwaro chii kana kutenda, asi takariita chiedza chatinotungamirira nacho watinoda kubva muvaranda vedu. Uye zvirokwasvo, iwe (Muhammad) unotungamirira kunzira yakatwasuka.... } [Ash-Shuura:52]. Naizvozvo zvakazarurwa zvinobva kuna Allah zvinosanganisira humbowo nehuchapupu zvinotungamira pfungwa dzakarurama kuzvokwadi zvadzinoshuvira kuziva nekutenda mazviri. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَاءَكُمْ بُرْهَانٌ مِّن رَّبِّكُمْ وَأَنزَلْنَا إِلَيْكُمْ نُورًا مُبِينًا﴾

{Imi vanhu! zvirokwasvo kwasvika kwamuri humbowo hunobva kuna Tenzi venyu, uye takadzikisa kwamuri chiedza chakajeka...} [An-Nisaa:174]. Saka Allah vanorumbidzwa uye vari kumusoro-soro, vanoda kuti munhu ararama muchiedza chenhungamiro, ruzivo nechokwadi, asi vana Shaitwani (Satani) nevanamwari venhema vanoda kuti munhu arambe ari murima

rekusatenda, kusaziva nekurasika. Allah (Mwari) vari kumusoro-soro vakati:

﴿اللَّهُ وَلِيُّ الَّذِينَ ءَامَنُوا يُخْرِجُهُم مِّنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ وَالَّذِينَ كَفَرُوا أَوْلِيَائُهُمُ
الطُّغُوتُ يُخْرِجُونَهُم مِّنَ النُّورِ إِلَى الظُّلُمَاتِ﴾

{Allah ndivo Mudziviriri weavo vakatenda, vanovaburitsa kubva murima kuenda kuchiedza. Uye avo vasingatendi, vadziviriri vavo ndiTaghut (zvimwari zvenhema), vanovaburitsa kubva kuchiedza kuenda murima....} [Al-Baqarah:257].

**39- Islam inokudza ruzivo rwechokwadi,
ichikurudzira tsvakurudzo yezivo
isingatungamirwe nezvido zvemunhu kana
pfungwa dzinotsaudzira. Uyezve
inodaidzira kunyaya yekucherechedza
nekufungisisa maererano nesu pachedu
pamwe nezviri panyika zvakatipoteredza.
Uye mhedzisiro dzezivo dzechokwadi
hadzipokane neIslam.**

Islam inokudza ruzivo rwechokwadi. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿يَرْفَعُ اللَّهُ الَّذِينَ ءَامَنُوا مِنكُمْ وَالَّذِينَ أُوتُوا الْعِلْمَ دَرَجَاتٍ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ﴾

{Allah vanokwidziridza avo vakatenda pakati penyu, neavo vakapihwa ruzivo kuzvidanho. Uye Allah vanoziya zvamunoita...} [Al-Mujadila:11]. Uye Allah vakabatanidza huchapupu hwenyanzvi nehuchapupu hwavo nehuchapupu hwengirozi

dzavo pachinhu chikuru chinopupurirwa. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿شَهِدَ اللَّهُ أَنَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ وَالْمَلَائِكَةُ وَأُولُوا الْعِلْمِ قَائِمًا بِالْقِسْطِ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ﴾

{Allah vanopa huchapupu kuti; hakuna ane kodzero yekunamatwa kunze kwavo, uye ngirozi, uye neavo vane ruzivo (vanopawo huchapupu). Vanochengetedza zvisikwa zvavo mune zvakanaka. Hakuna anakodzero yekunamatwa kunze kwavo, Samasimba, Muchenjeri mukuru....} [Aal 'Imraan: 18]. Uye izvi zvinoratidza chinzvimbo chevanhu veruzivo muIslam uye Allah havana kuraira Muporofita wavo Muhammad, rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwavari, kuti akumbire kuwedzerwa kwechero chinhu kunze kweruzivo. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{وَقُلْ رَبِّ زِدْنِي عِلْمًا}

{Ita: "Tenzi vangu (Allah)! Ndiwedzereiwo ruzivo..."} [Taha:114]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakataura kuti:

«مَنْ سَلَكَ طَرِيقًا يَلْتَمِسُ فِيهِ عِلْمًا سَهَّلَ اللَّهُ لَهُ طَرِيقًا إِلَى الْجَنَّةِ وَإِنَّ الْمَلَائِكَةَ لَتَضَعُ أَجْنَحَتَهَا رِضًا لِطَالِبِ الْعِلْمِ وَإِنَّ طَالِبَ الْعِلْمِ يَسْتَغْفِرُ لَهُ مَنْ فِي السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ حَتَّى الْحِيتَانِ فِي الْمَاءِ وَإِنَّ فَضْلَ الْعَالِمِ عَلَى الْعَابِدِ كَفَضْلِ الْقَمَرِ عَلَى سَائِرِ الْكَوَاكِبِ إِنَّ الْعُلَمَاءَ وَرَثَةُ الْأَنْبِيَاءِ إِنَّ الْأَنْبِيَاءَ لَمْ يُوَرِّثُوا دِينَارًا وَلَا دِرْهَمًا إِنَّمَا وَرَّثُوا الْعِلْمَ فَمَنْ أَخَذَهُ أَخَذَ بِحِطِّ وَافِرٍ»

“Uyo anofamba munzira achitsvaga ruzivo, Allah vanomurerutsira nzira inoenda kuParadhiso, uye

zvirokwazvo ngirozi dzinodzikisa mapapiro adzo nekufarira uyo anotsvaga ruzivo. Uye zvirokwazvo, uyo anotsvaga ruzivo anokumbirirwa ruregerero nevari kudenga nepanyika, kusanganisira hove dziri mumvura. Uye zvirokwazvo hukuru hwemudzidzi pamusoro pemunamati hwakafanana nehukuru hwemwedzi pamusoro pedzimwe nyeredzi dzese. Zvirokwazvo vadzidzi ndivo vagari venhaka yevaporofita. Zvirokwazvo vaporofita havana kusiya nhaka yedhinari kana dhirhamu, asi kuti vakasiya ruzivo senhaka. Saka uyo anorutora, anenge atora mugove wakakura kwazvo.” Yakarondedzerwa naAbu Dawud (3641), naat-Tirmidhi (2682), naIbn Maajah (223) uye aya ndiwo mashoko ake, naAhmad (21715).

Uye Islam inokurudzira tsvakurudzo yezivo isingatungamirwe nezvido zvevanhu kana pfungwa dzinotsaudzira, uye inodaidzira kunyaya yekucherechedza nekufungisisa maererano nesu pachedu pamwe nezviri panyika zvakatipoterredza. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿سُئِرِيهِمْ ءَايَتُنَا فِي الْآفَاقِ وَفِي أَنْفُسِهِمْ حَتَّىٰ يَتَبَيَّنَ لَهُمْ أَنَّهُ الْحَقُّ أَوَلَمْ يَكْفِ بِرَبِّكَ أَنَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ﴾

{Tichavaratidza zviratidzo zvedu kumativi ose uye mavari pachavo, kusvikira zvava pachena kwavari kuti ndicho chokwadi. Hazvina kukwana here kuti Tenzi vako Mupupuri pamusoro pechinhu

chose?.....} [Fussilat:53]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿أَوَلَمْ يَنْظُرُوا فِي مَلَكُوتِ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا خَلَقَ اللَّهُ مِنْ شَيْءٍ وَأَنْ عَسَى أَنْ يَكُونَ قَدِ اقْتَرَبَ أَجْلُهُمْ فَبِأَيِّ حَدِيثٍ بَعْدَهُ يُؤْمِنُونَ﴾

{Ko havana kutarisa muhumambo hwematenga nenyika, uye mune chinhu chose chakasikwana naAllah, uye kuti pamwe nguva yavo inogona kunge yaswedera pedyo here? Saka ishoko ripi ravachatenda mushure maro?} [Al-A'raaf:185]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿أَوَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنْظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ كَانُوا أَشَدَّ مِنْهُمْ قُوَّةً وَأَثَارُوا الْأَرْضَ وَعَمَرُوهَا أَكْثَرَ مِمَّا عَمَرُوهَا وَجَاءَتْهُمْ رُسُلُهُمْ بِالْبَيِّنَاتِ فَمَا كَانَ اللَّهُ لِيَظْلِمَهُمْ وَلَكِنْ كَانُوا أَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ﴾

{Ko havana kufamba panyika here kuti vaone kuti magumo eavo vaivapo mumashure mavo akava akaita sei? Vaive nesimba rakakura kuvapfuura, uye vakarima panyika nekuivaka zvakanyanya kupfuura zvavakaita, uye vatumwa vavo vakauya kwavari nehumbowo huri pachena. Saka Allah havana kuvadzvanyirira, asi ivo ndivo vega vakazvidzvanyirira ...} [Ar-Rum:9].

Zvakawanikwa nesainzi zvechokwadi hazvipesani neIslam. Tichapa muenzaniso mumwe chete wakatsanangurwa neQur'an nemashoko akanyatsojeka makore anopfuura chiuru nemazana mana apfuura, asi sainzi yemazuva ano yakazozviziva gare gare. Nokudaro, zvakanikwa nesainzi zvakanwirana nezviri muQur'an Tsvene.

Muenzaniso wacho kusikwa nekukura kwemwana ari mudumbu ramai vake. Allah vekumusoro-soro vakati:

﴿وَلَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنْسَانَ مِنْ سُلَالَةٍ مِنْ طِينٍ﴾ (12) ﴿ثُمَّ جَعَلْنَاهُ نُطْفَةً فِي قَرَارٍ مَكِينٍ﴾ (13) ﴿ثُمَّ خَلَقْنَا النَّطْفَةَ عَلَقَةً فَخَلَقْنَا الْعَلَقَةَ مُضْغَةً فَخَلَقْنَا الْمُضْغَةَ عِظْمًا فَكَسَوْنَا الْعِظْمَ لَحْمًا ثُمَّ أَنْشَأْنَاهُ خَلْقًا آخَرَ فَبَارَكَ اللَّهُ أَحْسَنُ الْخَالِقِينَ﴾ (14)

{Uye zvirokwarzvo, takava tinosika munhu (Adam) kubva muvhu remutapo (mvura nevhu)...12}

{Zvadaro takamuita donhwe munzvimbo yekugara yakachengetedzeka zvakasimba ...13}

{Zvadaro takasika donhwe reurume kuva bumbu reropa, ndokubva tasika bumbu reropa kuva chimedu chenyama, ndokubva tasika chimedu chenyama kuva mapfupa, ndokubva tapfekedza mapfupa nyama, zvadaro ndokubva tamusika kuva chimwe chisikwa. Naizvozvo makomborero neaAllah musiki akanakisisa.14} [Al-Mu‘minuun:12-14].

40- Uye Allah havagamuchiri mabasa kana kupa mubairo pamusoro pawo kuhupenyu hwemangwana kunze kwekune uyo anotenda muna Allah nekuvateerera, uye nekutenda muvatumwa vavo (rugare nemakomborero ngazvive kwavari). Uye Allah havagamuchiri minamoto kunze kweiyo yavakaraira. Saka seiko munhu

**asingatendi muna Allah otarisira kuti
vachamupa mubairo? Uye Allah
havagamuchiri kutenda (Imān) kwechero
munhu upi zvake, kunze kwekunge atenda
muvaporofita vese (rugare ngaruve
kwavari) uye nekutenda mukutumwa
kwaMuhammad (rugare nemakomborero
aAllah ngazvive kwavari).**

Uye Allah vari kumusoro-soro havagamuchiri basa, uye havapi mubairo pariri kuhupenyu hwemangwana, kunze kwekubva kune uyo akatenda muna Allah, akavateerera, uye akatenda muvatumwa vavo (rugare nemakomborero aAllah ngaave kwavari). Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿مَنْ كَانَ يُرِيدُ الْعَاجِلَةَ عَجَلْنَا لَهُ فِيهَا مَا نَشَاءُ لِمَنْ نُرِيدُ ثُمَّ جَعَلْنَا لَهُ جَهَنَّمَ يَصْأَلُهَا مَذْمُومًا مَدْحُورًا﴾ (18) وَمَنْ أَرَادَ الْآخِرَةَ وَسَعَىٰ لَهَا سَعْيَهَا وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَأُولَٰئِكَ كَانَ سَعْيُهُمْ مَشْكُورًا (19) {

{Uyo anoda hupenyu hunokurumidza (hwepano pasi), tinomukasiridzira mahuri izvo zvatinoda kune uyo watinoda. Uye takamugadzirira Gehena raachaenda, achadzikisirwa pamwe nekurambwa (ari kure netsitsi dzaAllah). 18}

{Uye ani naani anoda hupenyu hunotevera, uye achihushandira nekushanda kwahwo kwakakodzera, uye ari mutendi, ivavo ndivo vachava nekushanda kunotendwa 19} [Al-Isra:18-19]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

{فَمَنْ يَعْمَلْ مِنَ الصَّالِحَاتِ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَا كُفْرَانَ لِسَعْيِهِ وَإِنَّا لَهُ كَاتِبُونَ}

{Asi uyo anoita mabasa akanaka uye ari mutendi (muhumwechete hwaAllah), mabasa ake haamborambwi. Zvirokwazvo, takamanyora pasi (Mubhuku rake nemabasa...)} [Al-Anbiyaa:94].

Uye Allah vari kumusoro-soro havagamuchire minamoto kunze kweiyo yavakaraira. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{فَمَنْ كَانَ يَرْجُوا لِقَاءَ رَبِّهِ فَلْيَعْمَلْ عَمَلًا صَالِحًا وَلَا يُشْرِكْ بِعِبَادَةِ رَبِّهِ أَحَدًا}

{Saka ani naani anotarisa kusangana naTenzi vake, ngaaita mabasa akanaka, uye ngaasabatanidze ani zvake mukunamata Tenzi vake...} [Al-Kahf:110]. Saka vakaburitsa pachena kuti basa harive rakarurama kunze kwekunge riri kubva pane izvo zvakarairwa naAllah, uye munhu anoriita akazvipira kuna Allah mubasa rake, uye ari mutendi muna Allah, achitenda mumaporofita vavo nevatumwa vavo, rugare ngaruve pavari. Asi ani naani ane basa rakasiyana neizvi, Allah vari kumusoro-soro vakati:

{وَقَدِمْنَا إِلَىٰ مَا عَمِلُوا مِنْ عَمَلٍ فَجَعَلْنَاهُ هَبَاءً مَّنْثُورًا}

{Uye tichatendeukira kune chero basa ravakaita, toriita guruva rakapararira...} [Al-Furqaan:23]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

{وَجُودَ يَوْمَئِذٍ خُشْيَةٌ (2) عَامِلَةٌ نَّاصِبَةٌ (3) تَصَلَّىٰ نَارًا حَامِيَةً (4)}

{Zviso pazuva iro zvinenge zvakazvininipisa... 2}
{Vachishanda zvakaoma, vakaneta... 3}

{Vachapinda muMoto unopisa zvikuru... {4} }
 "[Al-Ghaashiyah:2-4]." Naizvozvo zviso izvi
 zvakaderedzwa uye zvakaneta kubva kumabasa,
 asi sezvo vaiita mabasa pasina gwara rinobva kuna
 Allah; Allah vakaita kuti magumo avo ave mumoto;
 nekuti havana kuita mabasa zvichienderana
 nezvakarairwa naAllah, asi vakaita manamatiro
 enhema uye vakatevedzera vatungamiri
 vekurasika avo vakavagadzirira zvitendero
 zvenhema. Naizvozvo, basa rakanaka rinotambirwa
 naAllah ndiro rinoenderana nezvakauyiwa nazvo
 neMutumwa (rugare nemakomborero aAllah
 ngazvive kwavari). Saka munhu angaramba sei
 kutenda muna Allah, obva atarisira kuti vamupe
 mubairo??

Uye Allah havatambiri kutenda kwechero
 munhu kunze kwekunge atenda mumaporofita
 vose (rugare ngaruve kwavari) uye atenda
 mushoko raMuhammad (rugare nemakomborero
 zvaAllah ngazvive kwaari) - ndambotaura humwe
 humbowo pane izvi mundima nhamba (20). Uye
 Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿ءَاَمَنَ الرَّسُولُ بِمَا اُنْزِلَ اِلَيْهِ مِنْ رَبِّهِ وَالْمُؤْمِنُونَ كُلٌّ ءَاَمَنَ بِاللّٰهِ وَمَلٰئِكَتِهِ وَكُتُبِهِ
 وَرُسُلِهِ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ اَحَدٍ مِّنْ رُّسُلِهِ وَقَالُوا سَمِعْنَا وَاَطَعْنَا غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَاِلَيْكَ
 الْمَصِيْرُ﴾

{Mutumwa akatenda mune izvo zvakadzikiswa
 kwaari kubva kuna Tenzi vake, uye
 nevatendi(vakatenda). Mumwe nemumwe wavo

akatenda muna Allah, nemungirozi dzavo, nemumabhuku avo, uye nemuvatumwa vavo. Hatisiyanisi pakati peumwe neumwe wevatumwa vavo. Uye vakati: “Tanzwa uye tateerera. Tinokumbira ruregerero rwenyu, Tenzi vedu, uye kwamuri ndiko kune magumo.” [Al-Baqarah:285].

Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا ءَامِنُوا بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ ءَالْكِتَابِ الَّذِي نَزَّلَ عَلَى رَسُولِهِ ءَالْكِتَابِ الَّذِي أَنزَلَ مِن قَبْلُ وَمَن يَكْفُرْ بِاللَّهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ ءَالْيَوْمِ ءَالْآخِرِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَالًا بَعِيدًا﴾

{Imi avo vakatenda! tendai muna Allah nemutumwa wavo, nemubhuku iro ravakadzikisa kumutumwa wavo, uye nebhuku iro ravakadzikisa kubva kare. Uye ani naani anoramba kutenda muna Allah, nemungirozi dzavo, nemumabhuku avo, nemuvatumwa vavo, uye nezuva rekupedzisira, zvirokwazvo anenge arasika kurasika zvakanyanya...} [An-Nisaa:136]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَإِذْ أَخَذَ اللَّهُ مِيثَاقَ النَّبِيِّينَ لَمَا ءَاتَيْنَاكُمْ مِّن كِتَابٍ وَحِكْمَةٍ ثُمَّ جَاءَكُمْ رَسُولٌ مُّصَدِّقٌ لِّمَا مَعَكُمْ لَتُؤْمِنُنَّ بِهِ وَلَتَنْصُرُنَّهُ قَالَ ءَأَقْرَرْتُمْ وَأَخَذْتُمْ عَلَىٰ ذَٰلِكُمْ ءِصْرِي قَالُوا ءَأَقْرَرْنَا قَالَ فَاشْهَدُوا ؕ وَأَنَا مَعَكُمْ مِنَ الشَّاهِدِينَ﴾

{Uye (rangarirai) panguva iyo Allah vakatora chitsidzo chemaporofita (vachiti): “Zvirokwazvo, izvo zvandakupai kubva muGwaro nehungwaru, kozoti kwozouya kwamuri Mutumwa anosimbisa izvo zvamuinazvo, chokwadi munofanira kutenda maari uye nekumutsigira.” Vakati (Allah):

“Mabvuma here, uye nekugamuchira chitsidzo changu pane izvi?” Vakati: “Tabvuma.” Vakati: “Saka ivai zvapupu, uye Ini ndiri pamwe chete nemi muzvapupu.”} [Aal-Imraan:81].

**41- Zvirokwazvo, chinangwa chemashoko
ese aAllah ndechekuti: chitendero
chechokwadi chisimudzire munhu kuti
agove muranda akazvipira kuna Allah,
Tenzi wezvisikwa zvese, uye kuti
chimusunungure kubva mukuitwa
muranda nemunhu, zvinhu zvenyika, kana
kutenda muzvinhu zvisina hwaro. Saka
Islam - sezvauri kuona - haiyeresi vanhu
nekuvasimudzira kupfuura chinzvimbo
chavo, uye hachivaiti madzitenzi kana
vanamwari.**

Zvirokwazvo, chinangwa chemashoko ese aAllah ndechekuti: chitendero chechokwadi chisimudzire munhu kuti agove muranda akazvipira kuna Allah, Tenzi wezvisikwa zvese, uye Islam inosunungura munhu kubva mukuitwa muranda nezvinhu zvenyika, kana kutenda muzvinhu zvisina hwaro. Mutumwa waAllah, tsitsi nerunyararo zvaAllah ngazvive kwaari, vakati:

«تَعِسَ عَبْدُ الدِّينَارِ وَالذِّرْهَمِ وَالْقَطِيفَةِ وَالْخَمِصَةِ إِنْ أُعْطِيَ رَضِيَ وَإِنْ لَمْ يُعْطَ لَمْ يَرْضَ»

«Nhamo kune muranda wedhinari nedhiramu (mari), neqatifah nekhamisah (nguvo dzakanaka), kana akapihwa anogutsikana, uye kana asina kupihwa haagutsikani» Sahih al-Bukhari 6435. Saka munhu akarurama haazviise pasi pechimwe chinhu kunze kwaAllah. Naizvozvo, haaitwe muranda nehupfumi, kana chiremera, kana chinzvimbo, kana dzinza. Uye munyaya iyi mune zvinoburitsa pachena kumuverengi mamiriro akanga akaita vanhu mharidzo isati yasvika, uye kuti vakazova nechimiro chipi mushure mayo?

Apo maMuslim ekutanga vakatamira kuAbyssinia uye mambo weAbyssinia panguva iyoyo – Najashi – akavabvunza, akati kwavari: "Ndechipi chitendero ichi chamakapatsanurana nevanhu venyu machiri, uye hamuna kupinda muchitendero changu kana muchitendero chemumwe kubva mundudzi idzi?" Ja'far bin Abi Talib akati kwaari: "Imi Mambo, taiva vanhu vari mukusaziva, tichinamata zvidhori, tichidya mhuka dzakafa dzega, tichiita zvinhu zvinonyadzisa, tichidimbura hukama, uye tichiitira zvakaipa vavakidzani vedu, ane simba pakati pedu aidzvanyirira asina simba. Saka takaramba tiri pane izvozvo kusvikira Allah vatumira kwatiri Mutumwa anobva pakati pedu, uyo watinoziva dzinza rake, kutaura chokwadi kwake, kuvimbika kwake, uye kuchena kwake. Saka akatikoka kuna Allah kuti tivanamate vari vamwe chete uye tivanamate ivo

voga, uye tisiye izvo zvainamatwa nesu nemadzitateguru edu kunze kwavo, sematombo nezvidhori. Uye akatiraira kutaura chokwadi, kuchengetedza zvakavimbiswa, kusimbisa hukama, kuva vakanaka kuvavakidzani, uye kurega zvinhu zvinorambidzwa nekudeura ropa. Uye akatirambidza zvinhu zvinonyadzisa, kutaura nhema, kudya pfuma yenherera, uye kupomera madzimai akachena (mhosva dzeupombwe). Akatiraira kuti tinamate Allah chete tisingavasanganisi nechimwe chinhu, uye akatiraira kuita munamoto, kubvisa Zakah, nekutsanya." (Mutauro wenhaurwa) akati: Ndokubva amurondedzerera nyaya (dzidziso) dzeIslam, "Naizvozvo takabvuma kuti ari kutaura chokwadi, uye takatenda maari, ndokumutevera pane izvo zvaakauya nazvo. Saka takanamata Allah voga uye hatina kuvasanganisa nechimwe chinhu, uye takaramba izvo zvavakarambidza kwatiri ndokutendera izvo zvavakatitendera..." Yakarondedzerwa naAhmad (1740) nemusiyano mudiki, naAbu Nu'aym muHilyat Al-Awliya' (1/115) muchidimbu. Naizvozvo, Islam, sezvauri kuona, haiyeresi vanhu nekuvasimudzira pamusoro pechinzvimbo chavo, uyezve haivaiti madzishe navanamwari. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ يَا أَهْلَ الْكِتَابِ تَعَالَوْا إِلَى كَلِمَةٍ سَوَاءٍ بَيْنَنَا وَبَيْنَكُمْ أَلَّا نَعْبُدَ إِلَّا اللَّهَ وَلَا نُشْرِكَ بِهِ شَيْئًا وَلَا يَتَّخِذَ بَعْضُنَا بَعْضًا أَرْبَابًا مِنْ دُونِ اللَّهِ فَإِنْ تَوَلَّوْا فَقُولُوا اشْهَدُوا بِأَنَّا مُسْلِمُونَ﴾

{Iti: “Imi vanhu vakapihwa magwaro! Uyai kushoko rakaenzana pakati pedu nemi, rekuti tisanamate ani zvake kunze kwaAllah, uye kuti tisavasanganise nechimwe chinhu, uye kuti vamwe vedu vasatore vamwe sevanatenzi kunze kwaAllah (Mwari).” Zvino kana vakafuratira, itiyi: “Pupurai kuti zvirokwazvo isu tiri maMuslim.”...} [Aal Imraan:64]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَلَا يَأْمُرُكُمْ أَنْ تَتَّخِذُوا الْمَلَائِكَةَ وَالنَّبِيِّينَ أَرْبَابًا أَيَأْمُرُكُمْ بِالْكُفْرِ بَعْدَ إِذْ أَنْتُمْ مُسْلِمُونَ﴾

{Uye haangakurayireyi kuti mutore ngirozi nemaporofita sevanatenzi. Angakurayireyi kusatenda here mushure mekunge mave maMuslim...?} [Aal-Imraan:80]. Uye Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«لَا تُظْرُونِي كَمَا أَطْرَثَ النَّصَارَى ابْنِ مَرْيَمَ فَإِنَّمَا أَنَا عَبْدُهُ فَقُولُوا عَبْدُ اللَّهِ وَرَسُولُهُ»

«Musandirumbidza zvakapfuura mwero sekurumbidza kwakaita maKristu mwanakomana waMariya, chokwadi ini ndingori muranda wavo, saka taurai kuti: Muranda waAllah neMutumwa wavo» Sahih al-Bukhari 3445.

42- Allah vakaisa kutendeuka (Tawbah) muIslam, kunova kudzokera kwemunhu

kuna Tenzi vake nekusiya chitadzo. Islam inodzima zvitadzo zvakaitwa nemunhu asati aigashira. Kutendeuka kunodzima zvitadzo zvakaitwa mumashure. Naizvozvo, hapana chikonzero chekureurura zvitadzo pamberi pemumwe munhu.

Allah vakaisa kutendeuka (Tawbah) muIslam, kunova kudzokera kwemunhu kuna Tenzi vake nekusiya chitadzo. Allah vari kumusoro-soro vakati:

{وَتُوبُوا إِلَى اللَّهِ جَمِيعًا أَيُّهَ الْمُؤْمِنُونَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ}

{Uye tendeukirai kuna Allah mose, imi vatendi, kuti mubudirire.} [An-Nur:31]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

{أَلَمْ يَعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ هُوَ يَقْبَلُ التَّوْبَةَ عَنْ عِبَادِهِ وَيَأْخُذُ الصَّدَقَاتِ وَأَنَّ اللَّهَ هُوَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ}

{Ko, havazivi here kuti Allah ndivo vanogamuchira kutendeuka kubva kuvaranda vavo, uye vanotambira zvipo zverudo, uye kuti Allah ndivo vanoregerera, vane tsitsi dzose?} [At-Tawbah:104]. Uye Allah vari kumusoro-soro vakati:

{وَهُوَ الَّذِي يَقْبَلُ التَّوْبَةَ عَنْ عِبَادِهِ وَيَعْفُو عَنِ السَّيِّئَاتِ وَيَعْلَمُ مَا تَفْعَلُونَ}

{Uye ndivo vanogamuchira kutendeuka kubva kuvaranda vavo, uye vanoregerera zvitadzo, uye vanoziya zvamunoita...} [Ash-Shuura:25] Uye

Mutumwa waAllah, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakati:

«لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ أَشَدُّ قَرَحًا بِتَوْبَةِ عَبْدِهِ الْمُؤْمِنِ مِنْ رَجُلٍ فِي أَرْضٍ دَوَّيَّةٍ مَهْلِكَةٍ مَعَهُ رَاحِلَتُهُ عَلَيْهِا طَعَامُهُ وَشَرَابُهُ فَنَامَ فَاسْتَيْقَظَ وَقَدْ ذَهَبَتْ قَطْلَبُهَا حَتَّى أَذْرَكَهُ الْعَطَشُ ثُمَّ قَالَ: أَرْجِعْ إِلَى مَكَانِي الَّذِي كُنْتُ فِيهِ فَأَنَامُ حَتَّى أَمُوتَ فَوْضَعَ رَأْسَهُ عَلَى سَاعِدِهِ لِيَمُوتَ فَاسْتَيْقَظَ وَعِنْدَهُ رَاحِلَتُهُ وَعَلَيْهَا زَادُهُ وَطَعَامُهُ وَشَرَابُهُ فَالَّهُ أَشَدُّ قَرَحًا بِتَوْبَةِ الْعَبْدِ الْمُؤْمِنِ مِنْ هَذَا بِرَاحِلَتِهِ وَزَادِهِ»

«Zvirokwazvo, Allah vanofara zvikuru nekutendeuka kwemuranda wavo mutendi kudarika murume ari mugwenga rine ngozi, aine mhuka yake yekufambisa yakatakura chikafu chake nezvekunwa zvake, ndokurara, zvino paakamuka akawana yaenda. Ndokuitsvaga kusvikira abatwa nenyota, ndokuzoti: 'Ndichadzokera panzvimbo yangu yandaiva ndorara kusvikira ndafa.' Ndokuisa musoro wake paruoko rwake kuti afe, zvino paakamuka akawana mhuka yake yekufambisa iri paari, yakatakura mbuva yake nechikafu chake nezvekunwa zvake. Naizvozvo, Allah vanofara zvikuru nekutendeuka kwemuranda mutendi kudarika (mufaro we)murume uyu nemhuka yake yekufambisa pamwe nembuva yake.» Sahih Muslim 2744.

Islam inodzima zvitadzo zvakaitwa nemunhu asati aigashira, uye kutendeuka kunodzima zvitadzo zvakaitwa mumashure. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿قُلْ لِلَّذِينَ كَفَرُوا إِنْ يَنْتَهُوا يُغْفَرْ لَهُمْ مَا قَدْ سَلَفَ وَإِنْ يَعُودُوا فَقَدْ مَضَتْ سُنَّتُ الْأَوَّلِينَ﴾

{Iti (iwe Muhammad) kune avo vasingatendi: Kana vakarega (kusatenda kwavo), vacharegererwa pane izvo zvapakfuura. Uye kana vakadzokerazve (mukusatenda), zvino muenzaniso weavo (vakarangwa) mushure mavo wakatodarika (seyambiro)...} [Al-Anfaal:38]. Uye Allah vakadaidza maKristu kuti vatendeuke, ndokubva (kukudzwa ngakuve kwavari) vati:

﴿ أَفَلَا يَتُوبُونَ إِلَى اللَّهِ وَيَسْتَغْفِرُونَ اللَّهَ غُفُورٌ رَحِيمٌ ﴾

{Saka havatendeuki here kuna Allah uye vokumbira ruregerero kwavari? Uye Allah vanoregerera, vane tsitsi...} [Al-Maaidah:74]. Uye Allah vakakurudzira vose vasingateereri nevatadzi kuti vatendeuke, nokudaro Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿ قُلْ لِّعِبَادِيَ الَّذِينَ أَسْرَفُوا عَلَىٰ أَنفُسِهِمْ لَا تَقْنَطُوا مِن رَّحْمَةِ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ يَغْفِرُ الذُّنُوبَ جَمِيعًا إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ﴾

{﴿ Iti: “Imi varanda vangu avo vakapfuuridza mwero pakuzvitadzira, musarasikirwe netariro mutsitsi dzaAllah. Zvirokwazvo, Allah vanoregerera zvitadzo zvese. Zvirokwazvo, ivo ndivo Muregereri, vane tsitsi...”} [Az-Zumar:53]. Uye apo 'Amr bin Al-Aas akatsunga kupinda muIslam, akatya kuti zvivi zvake zvaakaita asati apinda muIslam hazvingaregererwi. 'Amr akati achirondedzera chiitiko ichi:

﴿ لَمَّا ألقى الله عزَّ وجلَّ في قلبي الإسلامَ قال: أَتَيْتُ النَّبِيَّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ لِيُبَايِعَنِي فَبَسَطَ يَدَهُ إِلَيَّ فَقُلْتُ: لَا أَبَايُحَكَ يَا رَسُولَ اللهِ حَتَّى تَعْفِرَ لِي مَا تَقَدَّمَ مِنِّي ﴾

دَنَّبِي قَالَ: فَقَالَ لِي رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: يَا عَمْرُو أَمَا عَلِمْتَ أَنَّ الْهَجْرَةَ تَجِبُ مَا قَبْلَهَا مِنَ الذُّنُوبِ يَا عَمْرُو أَمَا عَلِمْتَ أَنَّ الْإِسْلَامَ يَجِبُ مَا كَانَ قَبْلَهُ مِنَ الذُّنُوبِ

"(Apo Allah Samasimba uye Mukurukuru pavakaisa Islam mumoyo mangu, akati: Ndakaenda kuna Muporofita (rugare nemakomborero aAllah ngaave paari) kuti aite mhiko yekuvimbika neni, akabva atambanudza ruoko rwake kwandiri, ndikati: 'Handikupi mhiko yekuvimbika, iwe Mutumwa waAllah, kusvikira wandiregerera zvitadzo zvangu zvakapfuura.' Akati: Zvino Mutumwa waAllah (rugare nemakomborero zvaAllah ngazvive paari) akabva ati kwandiri: 'Iwe 'Amr! Hauzivi here kuti Hijrah (kutama nekuda kwaAllah) inodzima zvitadzo zvakapfuura? Iwe 'Amr! Hauzivi here kuti Islam inodzima zvitadzo zvakapfuura?')" Yakarondedzerwa naMuslim (121) nenzira yakareba zvakafanana nazvo, naAhmad (17827) uye aya ndiwo mashoko ake.

43- MuIslam, hukama huri pakati pemunhu naAllah hauna anopindira. Saka haudi munhu anozoita murevereri pakati pako naAllah . Nokudaro, Islam inorambidza kuti titore vanhu savanamwari kana vabatsiri

vaAllah muhuTenzi hwavo kana mukunamatwa kwavo.

MuIslam, hapana chikonzero chekureurura zvitadzo pamberi pemumwe munhu, nekuti muIslam, hukama huri pakati pemunhu naAllah hauna anopindira. Saka haudi munhu anozoita murevereri pakati pako naAllah. Sekutaura kwandamboita mundima nhamba (36) kuti Allah varikumusoro-soro vakakoka vanhu vese kukutendeuka nekudzokera kwavari, saizvozvo vakarambidza vanhu kuti vatore maporofita kana ngirozi sevarevereri pakati pavo nevaranda vavo. Naizvozvo, Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَلَا يَأْمُرُكُمْ أَنْ تَتَّخِذُوا الْمَلَائِكَةَ وَالنَّبِيِّنَ أَرْبَابًا أَيَأْمُرُكُمْ بِالْكُفْرِ بَعْدَ إِذْ أَنْتُمْ مُسْلِمُونَ﴾

{Uye haangakurayirei kuti mutore ngirozi nemaporofita savanatenzi. Angakurayirai here kusatenda mushure mekunge mava maMuslim?...} [Aal-Imraan:80]. Saka Islam - sezvauri kuona - inorambidza kuti tiite vanhu vanamwari venhema kana kuvabatanidza naAllah muhutenzi hwavo kana mukunamatwa kwavo. Uye Allah vari kumusoro-soro vakataura nezvemaKirisitu kuti:

﴿اتَّخِذُوا أَحْبَابَهُمْ وَرُفَهَاءَهُمْ أَرْبَابًا مِنْ دُونِ اللَّهِ وَالْمَسِيحَ ابْنَ مَرْيَمَ وَمَا أُمِرُوا إِلَّا لِيَعْبُدُوا إِلَهًا وَاحِدًا لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ سُبْحَانَهُ عَمَّا يُشْرِكُونَ﴾

{Vakatora vadzidzisi vavo nemamongi avo sevatenzi vachisiya Allah, uye naMesiya mwanakomana waMaria. Uye havana kurairwa

kunze kwekunamata Mwari mumwechete, hapana chakakonzera kunamatwa kunze kwavo. Vakachena kubva kune izvo zvavanovasanganisa nazvo...} [At-Tawbah:31]. Uye Allah vakashora vasingatendi pakutora kwavo vanhu vavakaisa pakati pavo naAllah. Naizvozvo, Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿أَلَا لِلَّهِ الدِّينُ الْخَالِصُ وَالَّذِينَ اتَّخَذُوا مِنْ دُونِهِ أَوْلِيَاءَ مَا نَعْبُدُهُمْ إِلَّا لِيُقَرِّبُونَا إِلَى اللَّهِ زُلْفَىٰ إِنَّ اللَّهَ يَحْكُمُ بَيْنَهُمْ فِي مَا هُمْ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي مَنْ هُوَ كَاذِبٌ كَفَّارٌ﴾

{Zvirokwazvo, chitendero chakachena ndechaAllah. Uye avo vanotora vabatsiri kunze kwavo (vachiti): “Hativanamati kunze kwekuti vatiswededze pedyo zvikuru kuna Allah (Mwari).” Zvirokwazvo, Allah vachatonga pakati pavo pane izvo zvavanopesana mazviri. Zvirokwazvo, Allah (Mwari) havatungamiriri uyo anonyepa, uye asingatendi.} [Az-Zumar:3]. Uye Allah vakajekesa kuti avo vainamata zvifananidzo - vanhu venguva yekusaziva - vaitora vamiririri pakati pavo naAllah uye vaiti: zvinovaswededza pedyo naAllah .

Uye kana Allah vakarambidza vanhu kutora Maporofita kana ngirozi sevamiriri vavo nevaranda vavo; saka kune vamwe vasiri ivo zvinotonyanya kurambidzwa, zvikuru sei apo Maporofita nevatumwa, runyararo ngaruve kwavari, vanomhanyidzana mukuswedera pedyo naAllah. Allah vari kumusoro-soro vakati vachizivisa

nezvemamiriro emaporofita nevatumwa,
runyararo ngaruve kwavari:

﴿إِنَّهُمْ كَانُوا يُسْـَٔرُونَ فِي الْأَخْيَرَاتِ وَيَدْعُونَنَا رَغَبًا وَرَهَبًا وَكَانُوا لَنَا خِشَعِينَ﴾

{Zvirokwazvo, vaikurumidza mumabasa
akanaka uye waitidana netariro, nekutya; uye vaive
vanozvininipisa kwatiri...} [Al-Ambiyaa:90]. Uye
Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿أُولَٰئِكَ الَّذِينَ يَدْعُونَ يَبْتَغُونَ إِلَىٰ رَبِّهِمُ الْوَسِيلَةَ أَيُّهُمْ أَقْرَبُ وَيَرْجُونَ رَحْمَتَهُ
وَيَخَافُونَ عَذَابَهُ إِنَّ عَذَابَ رَبِّكَ كَانَ مَحْذُورًا﴾

{Avo vavanodana vanotsvaga nzira
yekuswederwa kuna Tenzi vavo, kuti ndiani wavo ari
pedyo zvikuru, uye vanotarisa tsitsi dzavo uye
vanotya murango wavo. Zvirokwazvo, murango
waTenzi vako unofanira kutyiwa...} [Al-Isra: 57].
Kureva kuti avo vamunodana kunze kwaAllah -
semaporofita nevanhu vakarurama - ivo pachavo
vanotsvaga kuswederwa pedyo naAllah,
vachishuvira tsitsi dzavo, uye vachitya chirango
chavo; saka vangadanwa sei kunze kwaAllah.

44- Pakupedzisira kwegwaro iri,
tinorangira kuti vanhu mukusiyana
kwenguva dzavo, marudzi avo, nenyika
dzavo, kutoti nharaunda yese yevanhu
vakasiyana mupfungwa dzayo
nezvinangwa zvayo, uye vakasiyana
munzvimbo dzavo nemabasa avo.
Naizvozvo, vanoda kwazvo mutungamiri

anovatungamirira, hurongwa
hunovabatanidza, nemutongi
anovachengetedza. Uye vatumwa
vanoremekedzwa - makomborero
nerugare ngazvive kwavari - ndivo vaiita
izvi kuburikidza neshoko (Wahyi) kubva
kuna Allah - kukudzwa ngakuve kwavari -
vachitungamirira vanhu kugwara
rezvakanaka nerechokwadi,
vachivabatanidza pamutemo waAllah, uye
vachitonga pakati pavo nechokwadi. Saka
zvinhu zvavo zvaitwasuka zvichienderana
nekugamuchira kwavo vatumwa ava, uye
nekuva pedyo kwenguva yavo kumharidzo
dzehuMwari. Uye Allah vakapedzisa
mharidzo dzose nemharidzo yaMutumwa
Muhammad (rugare netsitsi dzaAllah
ngazvive kwaari), uye vakavimbisa kuti
icharamba iripo nekusingaperi, vachiiita
nhungamiro kuvanhu, tsitsi, chiedza,
nenongedzo kugwara rinosvitsa kwavari,
kukudzwa ngakuve kwavari.

Pakupera kwegwaro iri, tinorangerira kuti
vanhu pakuve kwavo vakasiyana munguva dzavo,

marudzi avo, nenyika dzavo, asi kuti nharaunda yese yevanhu vanosiyana mupfungwa dzavo nezvinangwa zvavo, uyewo vakasiyana munzvimbo dzavo nezviito zvavo. Saka vanoda zvikuru mutungamiriri anovatumirira, hurongwa hunovabatanidza, nemutongi anovadzivirira. Uye vatumwa vanokudzwa - maropafadzo nerugare ngazvive pavari - vaiita basa iri kuburikidza nezvakazarurwa kubva kuna Allah, vane rumbidzo, vachitungamirira vanhu kugwara rezvakanaka nekukurama, nekuvabatanidza pamutemo waAllah, pamwe nekutonga pakati pavo nechokwadi. Saka zvinhu zvavo zvaitwasuka zvichienderana nekudavira kwavo kuvatumwa ivavo, uye nekuva pedyo kwenguva yavo kuhutumwa hwehuMwari. Uye pakanyanya kurasika vanhu, kusaziva kukatekeshera, uye zvifananidzo zvikanamatawa; Allah vakatumira Muporofita wavo Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) nenhunganamiro pamwe nechitendero chechokwadi kuti vaburitse vanhu kubva murima rekusatenda, kusaziva, nekunamata zvifananidzo vachienda kukutenda nenhunganamiro.

**45- Naizvozvo ndinokukoka iwe munhu
kuti umire pamberi paAllah kumira
kwechokwadi, wakasununguka kubva
mukutevedzera maonero evamwe pasina
kuongorora, netsika. Uye kuti uzive kuti**

**mushure mekufa kwako uchadzokera kuna
Tenzi wako, uye kuti uzvitarise iwe
pachako nemunzvimbo dzakakupoterredza.**

**Saka pinda muIslam uwane mufaro
paupenyu hwako hwepanyika
nehunotevera. Uye kana uchida kupinda
muIslam, hapana chaunofanirwa kuita
kunze kwekuti upupure kuti hapana
chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah
uye kuti Muhammad Mutumwa waAllah.**

**Uye nekuramba nekuva kure nezvose
zvinonamatwa kunze kwaAllah, uye
nekutenda kuti Allah vachamutsa avo vari
mumakuva, uye kuti kuvhunzwa pamusoro
pemabasa, nemubairo nekurangwa
ichokwadi. Saka kana wapa huchapupu uhu
unobva wava muMuslim. Zvadaro
unofanirwa kunamata Allah nezvavakatara
seSwalaah, nekupa Zakaah, nekutsanya,
nekuita Hajj kana uine zvikwanisiro.**

Saka ndinokudana iwe munhu kuti umire
pamberi paAllah kumira kwechokwadi,
wakazvichenesa kubva mukutevedzera vanhu
netsika, sekudanwa kwawakaitwa naAllah vari
pamusoro-soro mukutaura kwavo vachiti:

﴿قُلْ إِنَّمَا أَعْظُمُ بِوَجْهِ أَنْ تَقُومُوا لِلَّهِ مِثْلِي وَفُرْدَى ثُمَّ تَتَفَكَّرُوا مَا بِصَاحِبِكُمْ
مِنْ جِنَّةٍ إِنْ هُوَ إِلَّا نَذِيرٌ لَّكُمْ بَيْنَ يَدَيْ عَذَابٍ شَدِيدٍ﴾

{Iti: Ndinokukurudzirai chinhu chimwechete: chekuti mumire nekuda kwaAllah muri vaviri-vaviri nemumwe-mumwe, mugofungisisa. Shamwari yenyu (Muhammad) haapenge. Anongova muyambiri chete kwamuri pamberi pemurango wakaomarara...} [Saba:46]. Uye unoziva kuti mushure mekufa kwako uchadzokera kuna Tenzi vako. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَأَنْ لَّيْسَ لِلْإِنْسَانِ إِلَّا مَا سَعَى﴾ (39) وَأَنَّ سَعْيَهُ سَوْفَ يُرَى﴾ (40) ثُمَّ يُجْزَاهُ
الْجَزَاءَ الْآوْفَى﴾ (41) وَأَنْ إِلَى رَبِّكَ أَلْمُنْتَهَى﴾ (42) {

{Uye kuti munhu hapana chaanowana kunze kweizvo zvaakashandira... 39}

{Uye kuti mabasa ake achazoonekwa ...40}

{Zvadaro achazopihwa mubairo wake wakakwana ...41}

{Uye kuti kuna Tenzi vako ndiko kumagumo ...42 } [An-Najm:39-42]. Uye kuti utarise mauri iwe pachako nekumativi ese akakukomberedza.Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿أَوَلَمْ يَنْظُرُوا فِي مَلَكُوتِ السَّمُوتِ وَالْأَرْضِ وَمَا خَلَقَ اللَّهُ مِنْ شَيْءٍ وَأَنْ عَسَى
أَنْ يَكُونُ قَدْ أَقْتَرَبَ أَجْلُهُمْ فَبِأَيِّ حَدِيثٍ بَعْدَهُ يُؤْمِنُونَ﴾

{Ko havana kutarisa here muhumambo hwematenga nenyika nezvinhu zvose zvakasikwa naAllah, uye kuti zvimwe nguva yavo yaswedera padyo? Saka ishoko ripi mushure maizvi ravachatenda?} [Al-A'raaf:185].

Saka pinda muIslam kuti uwane mufaro muhupenyu hwako hwepanyika nehunotevera. Uye kana uchida kupinda muIslam hapana chimwe chaunofanirwa kuita kunze kwekupupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah, uye kuti Muhammad Mutumwa waAllah. Uye apo Mutumwa (Allah ngavavaropafadze nekuvapa rugare) pavakatuma Mu'adh kuYemen achidaidza kuIslam, vakataura kwaari vachiti:

«إِنَّكَ تَأْتِي قَوْمًا مِنْ أَهْلِ الْكِتَابِ فَادْعُهُمْ إِلَى شَهَادَةِ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَنِّي رَسُولُ اللَّهِ فَإِنْ هُمْ أَطَاعُوا لِذَلِكَ فَأَعْلِمُهُمْ أَنَّ اللَّهَ افْتَرَضَ عَلَيْهِمْ خَمْسَ صَلَوَاتٍ فِي كُلِّ يَوْمٍ وَلَيْلَةٍ فَإِنْ هُمْ أَطَاعُوا لِذَلِكَ فَأَعْلِمُهُمْ أَنَّ اللَّهَ افْتَرَضَ عَلَيْهِمْ صَدَقَةً تُؤْخَذُ مِنْ أَعْيَانِهِمْ فَتُرَدُّ فِي فَقْرَانِهِمْ فَإِنْ هُمْ أَطَاعُوا لِذَلِكَ فَإِنَّكَ وَكْرَانِمُ أَمْوَالِهِمْ»

«Zvirokwazvo, uri kuenda kune vanhu vakapihwa magwaro, saka vakokere mukupupura kwekuti hapana chinofanirwa kunamatwa kunze kwaAllah, uye kuti ini ndiri Mutumwa waAllah. Zvino kana vakakuteerera pane izvozvo, vazivise kuti zvirokwazvo Allah vakatara kwavari munamato (Swalaah) kashanu pazuva rega rega nehusiku. Zvino kana vakakuteerera pane izvozvo, vazivise kuti zvirokwazvo Allah vakatara kwavari Swadaqah (Zakaah) inotorwa kubva kuvapfumi vavo yopihwa kuvarombo vavo. Zvino kana vakakuteerera pane izvozvo, chenjerera kutora hupfumi hwavo hwepamusoro-soro.» Sahih Muslim 19. Uye kuti uzvibvise pachose chinonamatwa kunze kwaAllah. Uye kuzvibvisa pachose chinonamatwa kunze kwaAllah ndicho

chitendero chechokwadi - inzira yaAbraham, rugare ngaruve paari. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿قَدْ كَانَتْ لَكُمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ فِي إِبْرَاهِيمَ وَالَّذِينَ مَعَهُ إِذْ قَالُوا لِقَوْمِهِمْ إِنَّا بُرَءُؤُا مِنْكُمْ وَمِمَّا تَعْبُدُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ كَفَرْنَا بِكُمْ وَبَدَا بَيْنَنَا وَبَيْنَكُمُ الْعَدَاوَةُ وَالْبَغْضَاءُ أَبَدًا حَتَّىٰ تُؤْمِنُوا بِاللَّهِ وَحَدَهُ﴾

{Zvirokwazvo mune muenzaniso wakanaka muna Abraham neavo vaive naye, apo vakati kuvanhu vavo: “Zvirokwazvo, isu hatipo pamuri nepane zvamunonamata kunze kwaAllah (Mwari). Takurambai, uye ruvengo nekuvengana zvakubuda pachena pakati pedu nemi zvachose, kusvikira matenda muna Allah chete....”} [Al-Mumtahanah:4]. Uye unotenda kuti Allah vachamutsa avo vari mumakuva. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿ذَٰلِكَ بِأَنَّ اللَّهَ هُوَ الْحَقُّ وَأَنَّهُ يُحْيِي الْمَوْتَىٰ وَأَنَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ﴾ (6) وَأَنَّ السَّاعَةَ آتِيَةٌ لَا رَيْبَ فِيهَا وَأَنَّ اللَّهَ يَبْعَثُ مَنْ فِي الْقُبُورِ﴾ (7) {

{Nokuti Allah ndivo chokwadi, uye vanomutsa vakafa, uye zvirokwazvo, vanokwanisa kuita zvinhu zvese... 6}

{Uye kuti Nguva iri kuuya, hapana kupokana pairi, uye kuti Allah vachamutsa avo vari mumakuva ...7 } [Al-Hajj:6-7]. Uye kuti kubvunzwa pamusoro pemabasa uye kupihwa mubairo kana murango ichokwadi. Allah vari kumusoro-soro vakati:

﴿وَخَلَقَ اللَّهُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ بِالْحَقِّ وَلِيُخْرِجَ كُلَّ نَفْسٍ بِمَا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ﴾

{Uye Allah vakasika matenga nenyika muchokwadi, kuti munhu wese awane mubairo pane izvo zvaakaita, uye havasi kuzodzvinirirwa ...} [Al-Jathiyah:22].

Saka kana ukapupura huchapupu uhwu, unobva wava muMuslim; zvadaro unofanirwa kunamata Allah maererano nezvavakatara, zvakaita seSwalah (munamoto), Zakaah (chipo kuvarombo), Swawm (kutsanya), neHaji (kushanyira Imba yaAllah) kana uine zvikwanisiro, nezvimwewo.

Kopi yemusi wa 19-11-1441

Rakanyorwa naMudzidzisi Doctor Muhammad ibn Abdullah as-Suhaim

Aimbova mudzidzisi wezvidzidzo zvekutenda (Aqidah) mubazi rezvidzidzo zveIslam (kare)

Koreji yezvedzidzo, Yunivhesiti yaMambo Saud (King Saud University).

Riyadh, Humambo hweSaudi Arabia

الفهرس

Islam.....	2
Tsanangudzo pfupi pamusoro peIslam sekuuya kwayakaita muQur'an rinoera neSunnah yehuporofita.	2
1- Islam ndiro shoko raAllah kuanhu vose, uye ndiro shoko rinobva kuna Allah risingaperi, rekupedzisira pamashoko anobva kuna Allah:	2
2- Uye Islam hachisi chitendero cherudzi kana dzinza rakati bedzi, asi ndicho chitendero chaAllah kuanhu vose:	3
3- Islam ndiro shoko rehuMwari rakauya richizadzisa mashoko emaporofita nevatumwa vakapfuura, (rugare nemakomborero ngazvive kwavari), kumarudzi avo.	5
4- Maporofita, rugare ngarwuve pavari, chitendero chavo chimwe chete asi mitemo yavo yakasiyana:	7
5- Islam inokoka - sekukoka kwakaita vaporofita vose: Nuh (Nowa), Ibrāhīm (Abrahamu), Mūsa (Mozisi), Sulaymān (Soromoni), Dawūd (Dhavhidha), na'Īsa (Jesu), maropafadzo nerugare ngazvive pavari- kukutenda kuti Tenzi ndivo Allah Musiki, Mupi weraramo, vanopa hupenyu nerufu, Muridzi wehumambo hwose, uye ndivo vanoronga nekugadzirisa nyaya dzose, uye ndivo vane tsitsi nengoni.	8
6- Allah vanorumbidzwa vekumusoro-soro ndivo Musiki uye ndivo vakakodzera kunamatwa vari vega, uye hapana mumwe anofanirwa kunamatwa pamwechete navo.	15
7- Allah ndivo Musiki wezvinhu zvese zviri pasi pose zvatinooona nezvatisingaoni, uye zvose zvisiri ivo zvimwe zvezvisikwa zvavo, uye Allah vakasika matenga nenyika mumazuva matanhatu.	23
8- Uye Allah vanorumbidzwa vekumusoro-soro havana mubatsiri muhumambo hwavo, kana mukusika kwavo, kana	

mukufambisa kwavo kwezvinhu, kana mukunamatwa kwavo.	25
9- Uye Allah (Mwari) vanorumbidzwa havana kubereka uye havana kuberekwa, uye havana akaenzana navo kana akafanana navo.	29
10- Uye Allah, vanorumbidzwa vari kumusoro-soro, havapindi muchinhu chero chipi zvacho kana kutora muviri wechinhu chero chipi zvacho chezvisikwa zvavo:	30
11- Allah (Mwari) vanorumbidzwa vekumusoro-soro vane tsitsi nengoni kuvaranda vavo, ndokusaka vakatuma vatumwa uye vakaburutsa magwaro.	34
12- Allah ndivo Ishe vane ngoni, ndivo voga vachatonga zvisikwa pazuva rekutongwa pavachavamutsa vese kubva mumakuva avo, vachapa mubairo kumunhu wese pane zvaakaita zvingava zvakanaka kana zvakaipa. Saka uyo anoita mabasa akanaka ari mutendi achawana mufaro usingaperi, uye uyo asingatendi achiita zvakaipa achawana murango mukuru muhupenyu hunotevera.	36
13- Allah vanorumbidzwa vekumusoro-soro vakasika Adhamu kubva muvhu ndokuita kuti vana vake vawande shure kwake, saka vanhu vese pamavambo avo vakaenzana, uye hapana rudzi rwuri nani pane rumwe rudzi, kana dzinza riri nani pane rimwe dzinza, kunze kwepakutya Mwari.	40
14- Uye mwana wese anozvarwa ari mumamiriro echisikirwo.	42
15- Uye hapana munhu anozvarwa aine chivi kana kugara nhaka yechivi chomumwe:	44
16- Uye chinangwa chekusikwa kwevanhu ndeichi: kunamata Allah voga:	47
17- Islam yakakudza munhu—murumenemukadzi—uye yakamupa kodzero dzake dzose. Inoitawo kuti munhu wese ave nemutoro wezvisarudzo zvake, mabasa ake, nezviito	

zvake, uye inomuita kuti azvidavirire pane chero chinhu chaanoita chinokuvadza iye pachake kana kukuvadza.....	47
vamwe.....	48
18- Islam yakaita kuti murume nemukadzi vave vakaenzana panyaya dzemabasa, dzekuve nemutoro, kupiwa mubairo nekurangwa.....	54
19- Chitendero cheIslam chakapa ruremekedzo kumukadzi uye chakaona vakadzi sevakaenzana nevarume, uye chakasungira murume kuriritira kana achikwanisa. Naizvozvo zvinosungirwa kuna baba kuriritira mwanasikana wavo, kumwana kuriritira amai vake kana abva zera uye achikwanisa, uye kumurume kuriritira mudzimai wake.	56
20- Uye rufu harusi kuparara kwekusingaperi asi ndiko kutama kubva panzvimbo yemabasa kuenda kunzvimbo yemubairo. Uye rufu runobata muviri nemweya. Uye rufu rwemweya ndiko kupatsanurana kwawo nemuviri, wozodzoka kwauri mushure mekumutswa pazuva rekumutswa. Uye mweya hautamiswi mushure merufu kuenda kune mumwe muviri, uye hauumbwi patsva mune mumwe muviri.....	60
21- Chitendero cheIslam chinokurudzira kutenda munheyo huru dzekutenda, idzo dzinoti kutenda muna Allah, mungirozi dzavo, nekutenda mumabhuku ehuMwari akafanana neTorah, Vhangeri uye neZabur – asati ashandurwa – pamwe neQur'an, nekutenda muvaporofita vose nevatumwa vose, rugare ngaruve kwavari, uye kuti utende kune wekupedzisira wavo anova Muhammad mutumwa waAllah, ndiye wekupedzisira wemaporofita nevatumwa, nekutenda muzuva rekupedzisira. Uye tinoziva kuti kana hupenyu hwepanyika pano ndihwo hwaiva hwekupedzisira; hupenyu nekuvapo zvingadai zviri zvisina maturo zvachose, uye nekutenda mune zvakatarwa naAllah (Qadar).....	62

22- Uye maporofita - rugare ngarwuve kwavari - vakachengetedzwa mune izvo zvavanosvitsa kubva kuna Allah, uye vakachengetedzwa kubva kune zvese zvinopesana nepfungwa dzakanaka kana zvinorambwa nehunhu hwakanaka. Uye maporofita ndivo vakapihwa basa rekusvitsa mirairo yaAllah kuvaranda vavo, uye vaporofita havana chero chinhu chemaitiro ehuTenzi kana huMwari pavari; asi ivo vanhuwo zvavo sevamwe vanhu vese, avo Allah Varikumusoro-soro vanotumira shoko ravo kwavari. 82

23- Uye Islam inokurudzira kunamata Allah (Mwari) vari voga, kuburikidza nenheyo huru dzekunamata dzinoti: munamato (Swalaah), unova kumira, kukotama, kupfugama, kurangarira Allah, kuvarumbidza, uye kunyengetera. Unonamatwa nemunhu kashanu pazuva. Mauri kusiyana kwevanhu kunopera. Naizvozvo, mupfumi nemurombo, mutungamiri neanotongwa vanova mumutsara mumwe chete pamunamato. NeZakah, inova chidimbu chidiki chemari - zvichienderana nemitemo nezviyero zvakatemerwa naAllah - inosungirwa papfuma yevapfumi ichipihwa kuvarombo nevamwe, kamwechete pagore. Nekutsanya, kunova: kuzvidzora pane zvinotyora kutsanya masikati emwedzi weRamadhan. Kunokudziridza kusimba kwechido nemoyo murefu. NeHajj, inova: kushanyira imba yaAllah iri kuMakkah inoera kamwe chete muhupenyu kune uyo anokwanisa. Uye paHajj iyi vese vanova vakaenzana mukutendeukira kuMusiki, vanorumbidzwa, uye misiyano nekuzvibatanidza nemapoka zvinopera mairi..... 91

24- Uye chimwe chezvinhu zvikuru zvinosiyana zviito zvekunamata muchitendero cheIslam ndechekuti maitirwo azvo, nguva dzazvo, nezvisungo zvazvo zvakaiswa pamutemo naAllah, vanorumbidzwa vekumusoro-soro. Uye zvakasvitswa neMutumwa wavo, rugare nemaropafadzo aAllah zviwe paari, uye vanhu havana kupindira mazviri nekuwedzera kana kuderedza kusvika nanhasi. Uye zviito

zvekunamata zvikuru izvi zvese zvakadaidzirwa kwazviri nemaporofita vese, rugare ngaruve pavari. 99

25- Mutumwa weIslam ndiMuhammad mwanakomana waAbdullah wemudzinza aIshumairi mwanakomana waAbraham, rugare ngaruve kwavari. Akaberekerwa kuMakkah mugore ra571 CE uye akatumwa (seMuporofita) imomo muMakkah, uye akazotamira kuMadinah. Haana kubatana nevanhu vake muzvinhu zvekunamata zvidhori, asi aibatana navo mumabasa akanaka. Aive nehunhu hwepamusoro asati atumwa, uye vanhu vake vaimuti Al-Amin (Akatendeka). Allah vakamutuma paakasvitsa makore makumi mana, uye Allah (vakamutsigira nezviratidzo (zvishamiso) zvikuru, chikuru chazvo iQur'an inoera, chinova chiratidzo chikuru pane zviratidzo zvemaaporofita ese, uye ndicho chiratidzo chakasara pazviratidzo zvemaporofita nanhasi. Uye Allah pavakazadzisa chitendero kwaari, Mutumwa, rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwaari, akachisvitsa zvizere, akashaya aine makore makumi matanhatu nematatu, ndokuvigwa muGuta raMuporofita (Madinah), rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwaari. Uye Mutumwa Muhammad, rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwaari, ndiye wekupedzisira wemaporofita nevatumwa. Allah vakamutuma negwara rechokwadi nechitendero chechokwadi kuti aburitse vanhu murima rekunamata zvidhori, kusatenda, nekusaziva, kuenda kuchiedza chekutenda muna Allah mumwechete nekutenda, uye Allah vakapupura kwaari kuti vakamutuma semudani kwavari nemvumo yavo. 102

26- Uye mutemo weIslam wakaunzwa naMutumwa Muhammad, rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwaari, ndiwo wekupedzisira pamharidzo dzaAllah nemitemo yaAllah. Uye ndiwo mutemo wakakwana, uye mauri mune kunaka kwechitendero chevanhu nehupenyu hwavo hwepanyika. Uye unochengetedza zvikuru: zvitendero

zvevanhu, ropa ravo, hupfumi hwavo, njere dzavo, nevana vavo. Uye unotsiva mutemo wese wakapfuura sekutsiva kwaiita mitemo yekare ichitsiva mimwe mitemo. 109

27- Uye Allah vanorumbidzwa uye varikumusoro-soro, havagamuchire chimwe chitendero kunze kwechitendero cheIslam, icho chakauya neMutumwa Muhammad (rugare nemaropafadzo aAllah ngazvive kwaari). Uye ani naani anotora chimwe chitendero kunze kweIslam, hachizombogamuchirwi kubva kwaari. 112

28- Qur'an rinoera, ibhuku rakazarurwa naAllah kuna Mutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare), uye ishoko raTenzi wezvisikwa zvese. Allah vakaudza vanhu nemajinn kuti vauye nerimwe Qur'an rakangofanana neravo, kana chitsauko (Surah) chimwechete chakafanana nechitsauko chemuQur'an uye zvavakataura izvi zvichiriko nanhasi (asi hapana akakwanisa kuunza bhuku rakafanana neQur'an). Qur'an rinoera rinopindura mibvunzo yakawanda yakakosha inovhiringidza mamiriyoni evanhu. Uyezve Qur'an rinoera rakachengetedzwa kusvika nanhasi mururimi rwechiArabhu rwarakadzikiswa narwo. Hapana kana vara rimwechete rakabviswa mariri, uye rakadhindwa rikatekeshera. Ibhuku guru rinoshamisa, rakakodzera kuverengwa kana kuverenga dudziro yezvarinoreva. Zvakare, Sunnah yaMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) nedzidziso dzavo, nenhoroo yehupenyu hwake, zvachengetedzwa uye zvinopfudzwa mberi zvichipihwa vanhu vanotevera kuburikidza nevarondedzeri vakavimbika vanopana ruzivo nguva dzakasiyana siyana. Izvi zvakadhindwa nemutauro wechiArabhu waitaurwa naMutumwa (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare), uyezve zvakashandurwa mumitauro mizhinji. MuQur'an rinoera neSunnah yaMutumwa (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) ndimo mega munotorwa mitemo nemirairo yeIslam.

Saka Islam haitorwi kubva pane zviito zvevanhu vanozviti vanoitevera; asi inotorwa kubva muchizarurirwo chitsvene (Wahyi): Qur'an rinoera neSunnah yeHuporofita.....	115
29- Uye Islam inorayira kuitira vabereki zvakanaka kunyangwe kana vasiri maMuslim, uye nekuchengeta vana zvakanaka.....	122
30- Chitendero cheIslam chinorayira ruenzaniso mumashoko nemabasa kunyange nevavengi.....	129
31- Uye chitendero cheIslam chinoraira kuitira zvakanaka zvisikwa zvese, uye chinokurudzira hunhu hwakanaka kwazvo nemabasa akarurama.....	133
32- Uye chitendero cheIslam chinoraira hunhu hwakanaka hwakadai sekutaura chokwadi, kuvimbika, kuzvibata, kunyara, hushingi, kupa, nerupo; pamwe nekubatsira vanoshaya, kununura vanotambudzika, kupa zvekudya kune vane nzara, kugarisana zvakanaka nevavakidzani, kuchengetedza hukama, nekunzwira mhuka tsitsi.....	136
33- Chitendero cheIslam chakabvumidza zvinhu zvakanaka pazvekudya nekunwa, uye chakaraira kuchena kwemwoyo, muviri, nemba. Naizvozvo chakabvumidza kuroora, sekuraira kwakaita maporofita, rugare ngaruve pavari, nekuti ivo vanoraira zvinhu zvese zvakanaka.....	144
34- Uye Islam yakarambidza hwaro hwezvinhu zvinorambidzwa vakaita sekusanganisa Allah nezvimwe, nekusatenda, nekunamata zvidhori, nekutaura pamusoro paAllah pasina ruzivo, nekuuraya vana, nekuuraya munhu asina mhosva, nekuita huori panyika, nehuroyi, nemabasa anonyangadza anoonekwa neakavanzika, nehupombwe, nehungochani. Uye yakarambidza chimbadzo (riba), uye yakarambidza kudya mhuka yakafa yega, neyakabayirwa zvidhori nezvifananidzo. Uye yakarambidza nyama yenguruve nezvimwe zvese zvetsvina nezvakaipa, uye yakarambidza kudya pfuma yenherera nekubiridzira	

- pazviyero nepazvikero, uye yakarambidza kugura hukama. Uye maporofita vese (rugare ngaruve pavari) vakabvumirana pakurambidzwa kwezvinhu izvi zvinorambidzwa. 147
- 35- Chitendero cheIslam chinorambidza hunhu hwakashata sekutaura nhema, nekubiridzira, nekunyengedza, nekusavimbika, nehunyengeri, negodo, kuronga zvakaipa, nekuba, nekudarika mwero, nekudzvinyirira, uye chinorambidza hunhu hwese hwakaipa. 156
- 36- Islam inorambidza kudyidzana kwezvemari kune chimbadzo, kana kukuvadza, kana kusajeka, kana kudzvinyirira, kana kubiridzira, kana kunounza njodzi nekukuvadza kweruzhinji kunharaunda, kumarudzi, nekuvanhu mumwe nemumwe. 166
- 37- Islam yakauya nechinangwa chekuchengetedza njere nekurambidza zvese zvinodzikanaganisa sekunwa doro, uye yakasimudzira kukosha kwenjere, ikadziita hwaro hwekuti munhu apihwe mabasa nemitemo yechitendero. Uyezve yakanunura pfungwa kubva mungetani dzekutenda zvinhu zvisina hwaro nekunamata zvifananidzo. Uye muIslam hamuna zvakavanzika kana mitemo yakanangana neboka rimwe chete kusiya rimwe, uye mitemo yayo yese inowirirana nepfungwa dzakatwasuka, uyezve zvinoenderana nekururamisira nehungwaru. 171
- 38- Uye zvitendero zvenhema kana vateveri vazvo vasinganzwisisi kupokana kurimo nezvinhu zvinorambwa nepfungwa, vatungamiri vezvitendero vanonyengera vateveri kuti chitendero chiri pamusoro pepfungwa uye kuti pfungwa hadzina nzvimbo mukunzwisisa chitendero. Asi Islam iona chitendero sechiedza chinovhenekera nzira yepfungwa; saka vatungamiri vezvitendero zvenhema vanoda kuti munhu asiye pfungwa dzake avatevere uye iIslam chinoda kuti munhu amutse pfungwa dzake; kuti azive chokwadi chezvinhu sezvazviri. 176

- 39- Islam inokudza ruzivo rwechokwadi, ichikurudzira tsvakurudzo yezivo isingatungamirwe nezvido zvemunhu kana pfungwa dzinotsaudzira. Uyezve inodaidzira kunyaya yekucherechedza nekufungisisa maererano nesu pachedu pamwe nezviri panyika zvakatipoteredza. Uye mhedzisiro dzezivo dzechokwadi hadzipokane neIslam..... 178
- 40- Uye Allah havagamuchiri mabasa kana kupa mubairo pamusoro pawo kuhupenyu hwemangwana kunze kwekune uyo anotenda muna Allah nekuvateerera, uye nekutenda muvatumwa vavo (rugare nemakomborero ngazvive kwavari). Uye Allah havagamuchiri minamoto kunze kweiyo yavakaraira. Saka seiko munhu asingatendi muna Allah otarisira kuti vachamupa mubairo? Uye Allah havagamuchiri kutenda (Imān) kwechero munhu upi zvake, kunze kwekunge atenda muvaporofita vese (rugare ngaruve kwavari) uye nekutenda mukutumwa kwaMuhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwavari)...... 182
- 41- Zvirokwasvo, chinangwa chemashoko ese aAllah ndechekuti: chitendero chechokwadi chisimudzire munhu kuti agove muranda akazvipira kuna Allah, Tenzi wezvisikwa zvese, uye kuti chimusunungure kubva mukuitwa muranda nemunhu, zvinhu zvenyika, kana kutenda muzvinhu zvisina hwaro. Saka Islam - sezvauri kuona - haiyeresi vanhu nekuvasimudzira kupfuura chinzvimo chavo, uye hachivaiti madzitenzi kana vanamwari..... 187
- 42- Allah vakaisa kutendeuka (Tawbah) muIslam, kunova kudzokera kwemunhu kuna Tenzi vake nekusiya chitadzo. Islam inodzima zvitadzo zvakaitwa nemunhu asati aigashira. Kutendeuka kunodzima zvitadzo zvakaitwa mumashure. Naizvozvo, hapana chikonzero chekureurura zvitadzo pamberi pemunhu..... 190
- 43- MuIslam, hukama huri pakati pemunhu naAllah hauna anopindira. Saka haudi munhu anozoita murevereri pakati pako naAllah . Nokudaro, Islam inorambidza kuti titore vanhu

savanamwari kana vabatsiri vaAllah muhuTenzi hwavo kana mukunamatwa kwavo..... 194

44- Pakupedzisira kwegwaro iri, tinorangarira kuti vanhu mukusiyana kwenguva dzavo, marudzi avo, nenyika dzavo, kutoti nharaunda yese yevanhu vakasiyana mupfungwa dzayo nezvinangwa zvayo, uye vakasiyana munzvimbo dzavo nemabasa avo. Naizvozvo, vanoda kwazvo mutungamiri anovatangamirira, hurongwa hunovabatanidza, nemutongi anovachengetedza. Uye vatumwa vanoremekedzwa - makomborero nerugare ngazvive kwavari - ndivo vaiita izvi kuburikidza neshoko (Wahyi) kubva kuna Allah - kukudzwa ngakuve kwavari - vachitungamirira vanhu kugwara rezvakanaka nerechokwadi, vachivabatanidza pamutemo waAllah, uye vachitonga pakati pavo nechokwadi. Saka zvinhu zvavo zvaitwasuka zvichienderana nekugamuchira kwavo vatumwa ava, uye nekuva pedyo kwenguva yavo kumharidzo dzehuMwari. Uye Allah vakapedzisa mharidzo dzose nemharidzo yaMutumwa Muhammad (rugare netsitsi dzaAllah ngazvive kwaari), uye vakavimbisa kuti icharamba iripo nekusingaperi, vachiiita nhungamiro kuvanhu, tsitsi, chiedza, nenongedzo kugwara rinosvitsa kwavari, kukudzwa ngakuve kwavari. 197

45- Naizvozvo ndinokukoka iwe munhu kuti umire pamberi paAllah kumira kwechokwadi, wakasununguka kubva mukutevedzera maonero evamwe pasina kuongorora, netsika. Uye kuti uzive kuti mushure mekufa kwako uchadzokera kuna Tenzi wako, uye kuti uzvitarise iwe pachako nemunzvimbo dzakakupoterredza. Saka pinda muIslam uwane mufaro paupenyu hwako hwepanyika nehunotevera. Uye kana uchida kupinda muIslam, hapana chaunofanirwa kuita kunze kwekuti upupure kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah uye kuti Muhammad Mutumwa waAllah. Uye nekuramba nekuva kure nezvose zvinonamatwa kunze kwaAllah, uye nekutenda kuti

Allah vachamutsa avo vari mumakuva, uye kuti kuvhunzwa pamusoro pemabasa, nemubairo nekurangwa ichokwadi. Saka kana wapa huchapupu uhu unobva wava muMuslim. Zvadarwo unofanirwa kunamata Allah nezvavakatara seSwalaah, nekupa Zakaah, nekutsanya, nekuita Hajj kana uine zvikwanisiro..... 199